А 44

Шыңғыс АЙТМАТОВ

# ТАЎЛАР ҚУЛАҒАН МӘҲӘЛ

*(Мәңги қалыңлық)*

НӨКИС
«БИЛИМ»
2017

www.ziyouz.com kutubxonasi

УОК 821.512.122.1
КБК 5 Қар
А—44

**Шыңғыс Айтматов. «Таўлар қулаған мәҳәл»** *(Мәңги қалыңлық)*. Нөкис, «Билим» баспасы, 2017-жыл, 200 бет.

**УОК 821.512.122.1**
**КВК 5 Қар**
**А—44**

Аты пүткил дүньяға белгили қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтың қолыңыздағы романы туңғыш мәртебе рус тилинде 2006-жылы «Дружба народов» журналында жәрияланып, 2007-жылы Санкт-Петербург қаласының «Азбука-классика» баспасынан өз алдына китап болып жарық көрди. Бүгинги күнде роман инглис, немис, түрк, француз және басқа да көплеген тиллерге аўдарылып басылды.

«Таўлар қулаған мәҳәл» (Мәңги қалыңлық) атлы бул роман қарақалпақ тилинде «Әмиўдәрья» журналының 2015-жылғы санларында жәрияланған еди.

Ески тоталитар дүзим қулап, оның орнын базар экономикасына тийкарланған қатнасықлар ийелей баслаған бир дәўирде жүз берген социал-мәдений-психологиялық өзгерислер көркем сәўлеленген әдебий-философиялық роман китап оқыўшыларында үлкен қызығыўшылық пайда ететуғынына гүман келтирмеймиз.

**Руссшадан АЛП СУЛТАН аўдармасы**

Пикир билдириўшилер:

**К. Алламбергенов** — *жазыўшы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, профессор, филология илимлериниң докторы;*
**К. Қурамбаев** — *профессор, филология илимлериниң докторы.*

INVEN 126571

**© Ш. Айтматов, 2017**
**© «Билим» баспасы, 2017**

**ISBN 978-9943-4436-5-5**

## I

Һәммеге, барлық ўақыт ушын бирдей берилген, ҳасла өзгермес бир ҳақыйқат бар, — ҳеш ким алдын ала тәғдирдиң бар екенлигин, туўылғаннан пешанасына не нәрсе жазылғанын күн бурын биле алмайды, — кимге не берилгенин тек те өмирдиң өзи көрсетеди, олай болмағанда тәғдирге тәғдир болыўдың не кереги бар... Дүнья дүнья болып жаратылғалы, жәннеттен қуўылған Адам Ата ҳәм Ҳаўа Ене заманынан берли ҳәмийше солай болған, — ақыры бул да тәғдир дә — мине соннан берли тәғдирдиң сыры ҳәммеге ҳәм ҳәр бир адамға, әсирлерден-әсирге, күнлерден-күнге, ҳәр бир саат — ҳәр бир мәўритте мәңгилик жумбақ болып қалып киятыр...

Мине усы рет те тап сондай болды. Аўа, усы рет те тап сонындай — адам ақылы жетпейтуғын, ырасынан келгенде, тап Қудай Тааланың ойлағанынан да бетер, ҳәдийсе жүз берди, бул ўақыяны ким қыялына келтире алар еди.

Ақыл арқалы, мәнисин аңлап болмас бир нәрсени билиўге урынып, тек те соны болжай алыў мүмкин — ол да болса, биз билмекши болған еки жаратылыстың бир-бири менен әлле қандай космослық байланыслылығы, олардың бир тутаслығы, қайсы бир мәнисте, булардың тәғдир тақазасы менен тәңирдиң бир белгисиндеги жулдызлардың астында жақты дүньяға келгенлиги. Не дейсиз, усындай болыўы итимал...

Бәлким, олар жер жүзинде бири-бириниң барлығынан хабардар емес те шығар. Өйткени олардың биреўи адамлар үмба-дүм болып жасайтуғын, халқының көпшилиги себепли гарса жарылып кетейин деп турған, көшелери базарға айланған, қабаблардың ийислери көкке көтерилген, майханаларын тынымсыз қарыйдарлары шарлаған ҳәзирги заман қаласында турар, екиншиси болса, шоққыларына көз жетпес бәлент таўларда, қорқынышлы қырларында жабайы аршазарлар өскен, ярым жыллап муз-қары еримейтуғын мәканларда жасайтуғын еди. Соның ушын да оны қарлы таўлар жолбарысы деп атайтуғын еди. Илимде болса-бәлент шоққылы таўлар ҳаққында бир уғым бар — онда оны жолбарыслар топарына, пышықтеклилер зүрядына тийисли, қарлы Тянь-Шань жолбарысы деп атайды. Ол жасайтуғын жерлердеги халық бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

хайўанды «жаабарс» (окжай оғындай барс) деп атайды, бул оның тәбиятына да жүдә жақын — ол секирген ўақтында ырастан да окжай оғындай ушып барады. Тағы да оны «қар кешкен жолбарыс» деп те атайды, өйткени ол көкиреги менен қарларды ирел жүреди... Бул да шынлыққа дурыс келеди... Басқа мақлуқлар үргин қарлардың астында қалып кетиўден қорқып, жайнаўыт жер қыдырғанда, ол болса қорықпастан алға тасланады...

Жолбарыс аўы көбинесе күн ортасына туўры келер еди. Бул ўақытта отлаўшы хайўанлардың суў ишетуғын ўақты болады — жабайы ешкилер, кийиклер, архарлар шөлин қандырыў ушын хәр жақтан аққан суўлар, жылғалар, сайларға түседи, сойтип келеси күнге шекем тойып суў ишеди. Суў ишиўге олар топа-топа болып келеди. Кишкене топаларға бөлинип, соқпақлардан избе-из туяқлары жерге тиймей, секирип-секирип, дөгерек-әтирапқа сергек қарап, қулақларын тикирейтип, гейде кәўип-қәтер туўылса, сол заматта аспанға секирип, оқтай атылып, қашыўға таярланып турады.

Бирақ Жаабарс өзиниң жаўызлық ислерин жақсы биледи. Ол панада жасырынып, олжасын күтеди, кейин жоқарыдан, таў қырлары артынан (ең қолайлысы сол), яки қапталлан, қойыў путалар арасынан күтилмегенде жәниўарға тасланады, оны пәт пенен урып жығады, дәрҳал алқымына жабысып, гегирдегин үзип таслайды, ыссы қан ҳарылдап атылады, кейин белгили, хәммеси тамам болады...

Ал, енди олжаны тойып суў ишкеннен соң қуўған жақсы, ол тезирек қолға түседи. Буның ушын жасырынатуғын жерди жақынырақтан таңлап, сабыр-тақат пенен дем алмай, қозғалмай, жатыў керек, жәниўарға бир секиргенде жетиў мүмкин болыўы шәрт. Ешкилер жиңишке мойынларын, шырайлы геллесин силкип, қулақларын дыңғыр-дыңғыр ойнатып, қорқақ, сезгир көзлерин жылтыратып, алдыңғы аяқларын тобығына шекем суўға батырып, даўысын шығармай суўды симирип атырғанда, көзди үзбей, сергек қарап турыў, пүткил күшти жәмлеп шыдаў, күтиў керек. Ешкилер сарқырап аққан суўдан қанша көп тойып ишсе, жолбарыстың аўы соншелли оңнан келеди. Егер туўрыдан-тикке қуўылатуғын болса, онда көпшилик жағдайда буған урынбаған да мақул — бул ушқыр ешки-арқарларға жетиў қыйын. Олар сестен де тез ушады, жанлары туяқларының ықтыярында, сес шығармайды, айырым мақлуқларға қусап, мысалы тоғайзарлықларға қурғақлық пайытында набада келип қалған жабайы шошқаларға қусап, тырракайлап қашып баратырғанда бөтекесн жарылып, хасла тезек тасламайды. Бул ешкилер менен арқарлар болса, қашып суў



ишкенлеринен соң олар жасындай тез жуўыра алмай қалады, әне сонда бир мәўрит те босқа жиберилмей, олар суўлақтан бас көтерип артқа қайта баслаған мәҳәли хәрекет етиў керек...

Усы рет те, күн ортасына жақын ўақытта Жаабарстың суў бойларында аўға шыққысы келди. Ол шөплиқлер арасынан сай бойлап, тоғайзарлықлар менен әтирапқа жалт-жалт қарап, асықпай келе берди — арқада жолбарыслардың қаналас бирадарлары — қарлы таў жолбарысларының бирли-ярымы пайда болып қалыў итималы жоқ емес еди. Сондай жағдай гейде болып турады, ал енди олар бүгин аўға жәмлесип шыққан болса, қудай сақласын, бундайдан аўлақ жүргени жақсы. Артықмаш сүрен-шаўқым, қорқынышлы ырылдаспақлардың не кереги бар! Жалғыз басы аўға шыққаны мақул. Ол из қуўып бара берди...

Жаздың ақырғы күнлери еди, бийик Тянь-Шан таўларында ең бир пайызлы шағлар, боранлы қарлар еле алыста, таў асырымларында болса жоллар ашық, жәниўарлар тоқлықта жаз бойы масайрап, тула-денени семирип, ет байлаған; тоғайлар, шеңгелзарлар ишинде қус базарлары хәўиж алып, көлегениңше жуғырласып сайрап, шадлы ушып жүрер еди, палапанлар да темир қанат болып, хәўес пенен ушып-қонып атыр. Қыстың келиўи менен бул жерде қус қалмайды, келеси жазға шекем ыссы үлкелерге ушып кетеди. Бул жерлердиң суўығына шыдай алмайды...

Дизилисип суўатқа баратырған кийиклер көринип қалмасбеккен деп, көз таслап киятырған Жаабарс жол-жөнекей әтирап-жайға қарап бейимлесип, путалықлар хәм қыйыршық таслар арасынан өтип, денесиниң көринип қалмаслығының иләжын шегер еди. Оның бәлент, шеннен тыс хәрекетшең кәдди-кәўмети, домалақ күдиретли омыраўы, ири салмақлы геўдеси, пышыққа мегзес қулақлары хәм қараңғыда лазер нурлары сыяқлы жылтырап турған көзлери менен бирге Жаабарстың денеси де қайысқақ, узын хәм күдиретли еди, терисиниң аламышқ, жипек-мақпал жүнлери рәңбәрең түрге енип таўланып, қосықларда айтылған сыяқлы, бундай постынды тек те шаманлар хәм де ханлар кийетуғын еди. Жер жүзинде хеш нәрсени писент етпей, қәдем атып баратырған барс Африкадағы бирәдары леопардқа жүдә уқсап кететуғынын, хәттеки қуйрықлары да бир-бирине уқсас узын хәм айбатлы екенлигин билермекен. Ырас, леопардлар олжаларына шеберлик пенен тасланыўы ушын пышықлар сыяқлы теректерге тырмасып шығып, жуўан шақаларда отырып, қолайлы пайытты карастырады, қарлы таў барслары болса, тек те бийик қырлар, ор хәм жарларда олжаларын тосып, бекинип салмақлы кәдем аталы, ол жерлерде төрт-бес мың қулаш келетуғын бәлентликке бой созған тереклер



www.ziyouz.com kutubxonasi

де жоқ, ол жерде тоғайлар пәсте, жазықлықта жайылып жатады, шақа хәм шатларда сыртланлар ғана сүйретилип жүреди... Гейде жолбарыслар сол тоғайлықларға да күтпегенде барып қалады, сонда сыртланлар оларға қарап ырылдасып тәшўишке түседи, өзиниң өтмиштеги қаналасларын танымағанға салады. Қарлы таўлар жолбарыслары ушын басқа — бәлент шыңқылы мәкан бар, ол жерде көп-көмбек музлы шыңқылар аспан менен өписеди, қуўып жетип болмас ешки менен арқарларды аўлаў, жан талўаслары, алысыўлар басқаша, нәшели хәм көтеринки болады...

Жаабарс көп узамай бир қарарға келди, орын таңлады, кишилек сай бойындағы қайрақ таслар хәм қалың путазарлар арасына барып жатты. Бекинип, үлкен тасларға тырнақларын қайрады. Бул жерге суў ишиў ушын ешки-кийиклер келди, олар жетеў болып, мәртлерше басларын бәлент көтерип, соның менен бирге қорқынышта таў жанбаўырларынан дизилисип түспекте еди. Жаабарс дәслепten-ақ оларды узақтан, шыңқылар арасындағы жарықтан көзиниң қыры менен көрген еди. Мине енди қымырламастан күтип тур.

Қуяш тас төбеге келип, сақыйы нурларын шашып, сийрек ақша булытлар Тянь-Шань таў дизбеклериниң көк муз шыңқыларына жол-жөнекей тийип өтер еди. Көпти көрген хайўан барлығын сезип тур. Аўдың ең қызық пайыты жақынламақта еди. Үлкен таслар арасында бекинип жатырған Жаабарсты сергеклендирген хәм тәшўишке салған бирден-бир нәрсе ол да болса, өзиниң жүрегиниң қайтип урып атырғанын анық-тынық еситип атырғаны еди — таң бир демин еркин-еркин ала алмай атырғанға уқсар еди. Бундай жағдайлар, әлбетте, жан-тәни менен жуўырғанында хәм бирден шаққан секиргенинде, яки урғашы ушын аяўсыз алысқан пайытларында болып турар еди, онда таланасап, денеңнен жыртылған етлер, жүнлер хәр жаққа атылады, онда әтирапта дус келген хәмме нәрселерди баўызлап таслағың келеди. Бирақ усы қозғалмай турған халатта жандалбас ырылдайсаң, өкиренесең, қырылдайсаң, буўлыққан дем алысыңнан бул ериксиз шығады. Лекин жатқан орныңды пүткиллей өзиңдики етип, хәр бир қыймылыңды жәмлеп қозғалмай күтип жатқаныңда, барлық дыққатыңды қойып әтирапты гүзетип атырғаныңда, жүрегиң бүйтип халласлап урмаўы керек. Соған қарамастан ол хәзир жүрегиниң хәр бир урысы, хәр бир дем алысын еситер еди. Биринши мәртебе усындай болыўы. Бурынлары хеш қашан жүрегиниң бүйтип урыўын сезбес еди, енди қулағы да гүўилдеп атыр сес шығарып. Улыўма, соңғы гезлерде Жаабарстың өмиринде



бирқанша өзгерислер жүз берди. Себеби өткен қыстан берли ол тодасынан ажыралып, жалғыз өзи тәнха, дийўаналарша жасаўға мәжбүр болды. Ғаррылық әсте-ақырынлық пенен жетип келгенде, хәмме усындай халға түседи екен. Көптен бери жағдай усыған дөнип баратырған еди. Оның урғашысына жас, ғайратлы барс жабыса баслағаннан берли, хеш кимниң буның менен иси болмай қалды, буған зәрүрлик жоқ еди. Жекпе-жек қатты хәм қорқынышлы болды, лекин ол қарсыласын жеңе алмайды. Буның менен тоқтамай жәңе төбелеске шықты, өлгейлиден бир-биреўи менен таласты, бәри-бир қарсыласын қуўып жибере алмады. Усы бир қыйсық қулақ (оның бир қулағы, шамасы, алдыңғы урысларда жулып алынған болса керек) кемнен-кем табылатуғын кәхәрли, шаршамас, қайсар-қайтпас мақлуқ болып шықты, урғашыға жабысады-турады, хеш қасынан кетпейди, сүйкеледи, ойнайды, қорқытып та қояды. Буның барлығын жәңе Жаабарстың көз алдында ислейди. Жаабарс таўлардағы жер силкиниў пайытында биринши урғашысы набыт болғаннан соң мине усы барсқа қаўысқан, узақ ўақыт бирге жасаған, ол еки мәртебе күшик туўған еди, енди мине соңында бул жас қыйсық қулақ барс пенен табысып кетти. Кеткенде де, алды-артына қарамай, көз-көзге түседи демей кетти, бөксеси менен қуйрығын оңға-солға қыймылдатады, гә жоқары көтерип, гә төменге түсиреди, сөйтип қуйрығын былғап, путына қысып, оған сүйкенеди, қыйсық қулаққа жарамсақланады. Ол сол қылығы менен кетти, хәттеки көз қыйығын да салмады...

Жаабарс сонда олардың кейнинен қуўмақшы болды, изине ерип кетти, қуўыў қыйын емес еди, олар жортып кетип баратырған еди, лекин буннан дурыслы нәтийже шықпады, барлығы бурынғыдай кешти. Тағы да жаўызларша айқасыў басланды. Бирақ усы рет урғашы барстың өзи де Жаабарсқа айбат шекти, тырнады, тиследи, бул Жаабарстың тодадағы өз орнын сақлаў жолындағы, барслар қәўими ишинде өзиниң хасыл нәсил қалдырыўшы еркеклик тәбияты хәм қудиретин даўам еттириў жолындағы урынысларына соңғы соққы болып түсти хәм Жаабарстың үзил-кесил жеңилиси менен тамамланды. Лекин сонда да Жаабарс бираз өзине келип, қаны қызған пайытта басқа тодаға бас урып, жаңа жетилискен урғашы жас барслардың биреўин баўырына тартпақшы болды. Сонда да урыс аяўсыз кешти, себеби бирден үш еркек таласты — нәтийжеде хештеңе болмады. Урғашы хәм жас талабанлардан ибарат тода өз мүнәсибетлерин анықлаў, машқалаларын шешиў ушын жақын жердеги үңгир ишине кирип кетти, ал ол болса



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзиниң тийкарғы ўазыйпасынан шетлетилип, хәмме жүз бурған халда жалғыз калды, — нәсил калдырыў ушын гүресте тәбият хәмийше жаңа келген күшлердиң тәрепин алар еди.

Жаабарс бир мәртебе басын алып кетиўден бурын усы әтирапларды бираз гезип, каңғырып жүрди — ол жүрип баратырып бирден токтап калар, гейде патырлап шабар, гейде созылып жатар, гейде орнынан турып таўларды ләрзеге салғанша үмитсиз өкирер еди. Егер тәбият оған күдирет инәм етсе еди, ол сол заматта бөридей улыған болар еди. Лал болып, такатын жойыткан ол өзиниң жанын кайда коярын билмей, хәтте аўға шығыўды да көлемей, ыкласы сөнип, шегине жетип картайып калмаса да, утылыс дегенниң не екенин билмесе де, әбигер аңшыға айланып калған еди — сонлыктан ешкилер менен аркарлар топасы кәхәрли, катал Жаабарстың күши енди оларға жетпейтуғынын сезгендей, әсте-акырын от шымшып, жакын жерден бийкәтер өтип барар еди...

Хаслында да өзи сондай болып калды. Ол ўакыттың не екенлигин билмей калған, оны түсинбей калған бир пайытта күтилмегенде ол өзин жүдә кыйнаған, ең аўыр азапка айланған нәрсени көрди. Ол таў шоккыларының үстинде турып, шириген арша ағашын дастанып жатып, әтирапка нәзер таслап, күтпегенде төменде бир жуп барстың каўысыўға бейимлескен ада болмас ойынларын көрди, енди ғана бир-биреўин тапкан еркек хәм урғашы барслар бар күши хәм ыкласы менен гә шапкыласып, гә ойынға берилип, денедеги канларын кыздырыў хәм йоштырыў ушын бир-бирине хәзил етип тислесер, жер шеңбериннен шығып кетип, космослык пәрўазға таярлык көрип атырғанға мегзер еди, шамасы... Узак болыўына карамай усы жерден де олардың көзлеринен шыккан шакмак отлары көринип турар еди.

Сонла Жаабарс ерксиз жаткан жеринен кулады, карны менен таска сүрилди, өзин пүткиллей умытыў нийетин әмелге асырмакшы болған сыяклы ыңыранды, лекин колынан не келер еди? Бир мәхәллери бундай ләззеттиң салтанатын ол да тартып көрген, сол пайытлары тап бир аяк астында калған жыландай буратылып ширматылған хәм ләззет тәсиринен ыңыранған жипектей жумсак урғашы барс пенен усындай ойынларды ойнаған. Ол баска тодадан өзине каратып алған анаў жас өспирим барс пенен де сөйтип мийри канғанша ойнаған. Сол пайытларда олар тап ийттей илинисип, кәўимдеги барсларға көрсетпеў ушын олардың



көзлеринен өзлерин тасаға алып кашып, узак жакларда бир-бирине тиркесип, жубын жаздырмай кеткен, өйткени тәбият бул сыйкырлы нәрсени тек те жуптылардың өзине инам еткен — еркекке де, урғашыға да купыя бөлекленбести буйырған дейди... Тап мине сонындай, олар каўысыў ышкында, жалын жактысында шакмак киби ушып, кәлби мехирден жанып, олардың баслары аспанға талпынған отка уласып, жанарлары алдында таў шоккылары шайкалар еди. О, пүткил әтирап дүнья жаранлап, шуғла шашар, ал олар болса, жаңа жубайлар, тап мине усындай, бөксесин-бөксесине тиреп, бир-бирине от болып сүйкенип, бир-бирин жандырып-күйдирип, бир-биринен күш-куўат алып, куўанышлы шапкылар еди, бәхәрге мегзес, тап усындай, жаздың акырлары еди, енди келеси бәхәрде таўларда жаңа нәсил пайда болажак, карлы таў барсларының өмири жаңа нәсиллерде даўам етежак...

Олар солай бир-бирине беккем жабысып, тап бир тезлик пенен жүзип баратырған үлкен балыклар киби жуўырғанда денелери узайып, самалда куйрыкларын кылыштай тикке тутып зымырар еди. Урғашы сәл-пәл алдында, геллеси де еркекке карағанда илгериректе баратыр, урғашының абзаллығы да өзи сонда. Еркеги жүдә көп емес, аз да емес, ярым гелле аркаракта-урғашы денесинен таралған ийистен мәс болып, оның отлы демин хаплығып ишине жутып, урғашы жүрегиниң дүбирлисин өзиниң кәлбине сиңдирип зымырап барар еди. Бурынлары хеш тоймаған әллеңеме пүткил жан-тәнин аўдар-төңкер етип баратыр. Сол демлерде ол кандай да бир өзгеше-созылыңкы, самалда жаңғырык берип таралған гүўилдеген хәм шуўылдаған даўысларды еситер еди. Олар жактылыктың нурларында төбеде, әлле кайларда пайда болып, хаўаның тынымсыз хәрекетине илесип баратырған әптаб жарығында, әтираптағы таўлар хәм тоғайлардың шайкалыўына косылып, күшейер еди. О, бийшара карлы таўлар барсы билсе еди, аңласа еди, бул өмирдиң космослык музыкасы, бул оларға жеткен әлемниң күдиретли намасы екенлигин... Лекин бунын кериси болатуғыны сыяклы ләззетли сағым еди, кейин ала ол жаўыз өмирге енисти. Күнлер дәрьядай ағып өтер, жыл мәўсимлери бири кетер, бири келер, сол сыяклы сағым да таркалар еди...

Тәғдир ойынларын билип болмайды — сондай болған әзел-әзелден, оның үстинен казы да шара көре алмайды...

Жаабарс жалғызлыкка дуўшар болған сол күн, жуптысы урғашы барс хәмменин көз алдында кыйсык кулак барс пенен саўашлар салтанатының жемисин байрамлаў ушын зымырап ушканда, ол әтирап жайларда каңғып жүрди. Хеш кандай максетсиз басы аўған жакка тентиреди, хеш бир жерге сыйдырып болмайтуғын кайғы хәсиретин басына жәмледи, хәттеки аўға шығыўды да умытты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне сонда — өмирдиң зулымлықларына қарап — таўлар арасындағы аўлақ бир жерде ол күтилмегенде урғашы барс пенен жеңимпаз қыйсық қулақ еркек барсқа дусласып қалды, ол жуптылардың әйне қаўысқан пайытының үстинен шықты. Бул ўақыяның ең шыңы еди: бөксеси-бөксесинде, тап бир желимленип қалған сыяқлы олар қозғалмастан, бир-бирине қарап әстен қаңсылап турар еди. Жаабарсты көрип олар ләң болған сыяқлы қатып қалды. Буның барлығы санаўлы мәўритлерде жүз берди. Ғәзеби келип, үнсиз ырыллап, Жаабарс басын төмен түсирип, шайнап тасламақшы ниийетте, сиам егизеклери сыяқлы жабысып қалған оларды шил-пәрше етпекши болып кәўстерли пишинде оларға жақынлады. Өшин алыўға тағы да бир адым қалып еди. Лекин ақырғы мәўритте ол бирден тоқтады. Қан қуйылтар қорқынышлы көзлерин бир-бирине қатты жабысып қалған жуптылардан үзбей, қатты да қалды, әлле қандай күш, әлле қандай даўыс, әлле қандай ерк оны тоқтатты. Тап биреў ишкериде турып, нәсил қалдырыў ушын қаўысқанларға тийме, зиян келтирме дегендей болды. Ол артына қайрылып, аяқлары тасларда шалысып, әсте-ақырын алыслап кетти, кетип баратырған оның ишинен ыңранған, гүңренип өкирген даўыслар шығар еди...

Жаабарс барслар кәўиминиң тодаларынан кем-кем узақласып барар екен, ол пүткиллей жалғызланып қалды, кишигирим арзымас себеп пенен қан төгисип урыса беретуғын рехимсиз, кәхәрли, қуўғынды мақлуққа айланды. Ол таў үңгирлеринде жасар, жанын қутқарыў ушын тыррақайлап қашқан жәниўарлар арасынан өтип, ең бәлент қарлы таўларға өрмелеп барар еди, көбинесе жәниўарларды керегинен артық баўызлар, себеби жән-жақтан тегинхор мақлуқлар — сағаллар, түлкилер, порсықлар жапырылып келип таласып, өликсехор қуслар жуғырласып, қышқырысып даўыс шығарып қанат қағып, шаўқым-сүрен көтерип жәнжел шығарсын, тумсықлары қанға батсын, дегендей болар еди. Мине усы бәрше тасландыларға Жаабарс бир шетте жеккөриўшилик пенен қарап турар, гейде олар бир нәрсеге гүнәкарлай ырыллап үстилерине тасланар, өкирип, қуўыўға урынар еди. Сөйтип ол ашыўын тарқатпақшы, денесиндеги аўырыў хәм қайғыдан қутылмақшы болар еди...

Күнлер изли-изинен өтер, бәлент шоққылы қар хәм көк муз бенен қапланған таўлар хәр қашанғыдай өз орнында қымырламай турар, хаўа өзгерер, қыслар өтип, жазлар келер, бәлент шоққылардың жолбарысқа меңзес аламыш хүкимдары Жаабарс болса, хасла өзгерместен өмир кеширер, сырттан қарағанда хеш нәрсе болмаған сыяқлы жасар еди. Лекин әсте-ақырын басқа



күнлер келди, Жаабарс дем жетиспесликти сезе баслады... Бул гейде-гейде тәкирарланар, әсиресе, шаққанлық пенен хәрекет еткен пайытларында жүзине шығар, лекин тыныш, жай-парахат турғанда деми қысып, көкиреги сырқырап аўырған жағдайлары болған емес.

Суўатқа жақын жерде кийиклерди жасырынып бақлар екен, Жаабарс түңғыш мәртебе еле аў басланбастан бурын дем алысы талықсығанын сезе баслады.

Хәр қашанғыдай хәрекет етиў керек — ешкилер менен арқарлар қанып суў ишкенинен соң пурсатты жибермей, жасырынып турған орнынан шығып, оларды тутыў керек. Лекин бул еле ниийеттен басқа нәрсе емес. Хәммеси ўақтында болғаны жақсы, болмаса, ешкилер менен арқарлар кәўипти алдын-ала сезип, көзди ашып жумғанша араны қашықлатып, тым-тырақай ғайып болған ўақытларды да ядына түсирди. Буннан кейин және қайтадан изге түсиў, тоданың кейнинен қуўыўға туўра келеди, ол жағы не менен питеди, бул тек те бир қудайға мәлим...

Бул сапары Жаабарс тәғдирге налымаса да болар еди. Булар арқарлардың дәл өзи еди, бул жабайы шақылы қой-қошқарлар жүдә жүйрик болып келеди, бәлент шоққылар үстинде биймәлел жүреди, бийик таўлардың басқаларға несип етпеген әжайып от-шөплери менен тиришилик етеди, мине олар сайдың буратылып аққан жерине аласпай киятыр, Жаабарс оларды бүк астында жасырынып күтип жатыр. Арқарлар оны узақтан байқамайды, жақынлап киятырғанын да сезбейди, сай жағалаўлары бойлап қатар дизилип, биймәлел суў ише баслайды.

Қымырламай, пана артынан Жаабарс оларды бақлар еди. Барлығы ойлағанындай кешип атыр — жәниўарлар суўатта рәхәтленип, тойып-тойып суў ишпекте, дем алмақта, енди қолай пайытты күтиў керек, болғаны. Тек те әдеттен тысқары болып атырған бир нәрсе — бул Жаабарстың дем алысының қысылыўы еди. Көкиреги буўлығып қырылдар, гейде бул кесент бермей атырған болса да, хәр халда дем алыстың аўырласыўы тынышсызландырар еди.

Лекин пайыты келди, енди барс еки адым атып, жасындай ушып, шетте турған тоданың жолбасшысы ири шақлы арқардың белин соққы менен сындырыўы керек еди, лекин дем алысы буўылып, ис рәсиўа болды... Ол бар күши менен секирип атырғанда-ақ тода сол заматта кескин сескенип кетти хәм басларын шаққан көтерип қашты, енди ол пәнжесин урса болды, олжа оның қатты соққысына шыдам бере алмайды, қулайды, демек ол ниийетине жеткен есабы, бирақ ол олжаға жетпей жығылды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

арқар өзин шетке атты. Дем жетпей қалды барсқа. Жаабарс кәхәр-ғәзеп пенен және арқардың үстине тасланды. Лекин ол қаймығып қалды, оның артынан паданың барлығы тым-тырақай қашты, қорқынышлы мәўритлер арқада қалды.

Еле арқарларды қуўып жетсе болар еди, биринши қолай келгенин урып қулатыў мүмкин еди, соның ушын Жаабарс пүткил күшин сарплап, олардың изинен қуўып кетти, лекин тағы да әўмети келмеди, изинен жете алмады, қулатыў қолынан келмеди, жеңиске ерисиў мүмкин болмады, пада болса кем-кем узақласып барар еди... Ол демин терең алып, пүткиллей бууўылғанша өзин хәрекет етиўге зорлады, лекин енди кеш еди. Бундай келиспеген талапты Жаабарс биринши мәртебе көриўи. Бирақ ең ашыўды кернеп, хорлығынды келтиретуғын жери — қашып кетип баратырған паданың жол басшысы, ири шақлары қайрылған, бул қулатпақшы болған нар жуўырып кетип баратырып бирден артына бурылды, буған дoқ етпекши болған сыяқлы шахларын силкти де, күшли туяқларын жерге тарс-тарс урып, соң көзден ғайып болды. Бул болса Жаабарстан әўметтиң шетлегенин билдирер еди, ендиликте ол аянышлы бийшара хал кеширип күн көриўге, өзгелер аўының сарқытларын жеўге дуўшакер болып қалғанының сыпаты еди.

Аўа, шынында, бурынлары да аўда талаптың оншамалық келиспеген халлары болар еди, бирақ бундай сәтсизликке Жаабарстың биринши дус келиўи еди...

Ол хә дегеннен өзине келе алмай, қысылған дем алысын оңлаўға урынды, әтирапқа жалтақ-жалтақ қарап, басы аўған жаққа кетип барар еди...

Әлем бөп-бос болып босап қалды. Сонда Жаабарс ақырғы мәрте бир гезлери қаўысыў алдындағы қуўыспақ ойынларында басынан кеширгени сыяқлы әлемди шарлап, өкирип сүрен салмақшы болды, таўлар, сарқырамалар хәм тоғайлардың кәраматлы сеслерин, ондағы космослық музыка ырғақларын тыңламақшы болды, бирақ әлем суў сепкенлей жым-жырт еди...

Бәлент таўлардың кешеги хүкимдары таўларда басы аўған тәрепке жалғыз жүрип барар еди. Өмир мәңги емес, түбинде бир сөнеди, өткен күнлерди артына қайтарып болмайды. Жаабарс өмирдиң соңғы демлерин жалғызлық хәм бийшаралықта өткериў ушын баспана үңгир табайын деп бир жерден екинши жерге өтер еди. Жаўыз мақлуқ еле кийинирек оның ашшы тәғдирине бир инсанның шерик болажақ екенлигин хасла қыялына келтирмес еди. Бәлким бундай тәғдирдиң бар екенлиги оның қулағына шалынған да шығар, себеби ол таўларда ўақты-ўақты мылтық сеслерин еситкен, сонда қорқыныштан қалтырап кеткен, биразға



шекем турған орнында қатып қалған, соң тағы да узақларға басып алып кеткен, лекин сондай болса да, адам баласын жақыннан сирә көрмеген, бундай ўақыя оның өмиринде хасла болмаған.

Бирақ бундай ушырасыў оның пешанасына жазылған еди. Тағы да сол-сол-тәғдир...

## II

Түсиндирип бериў қыйын-дә, лекин гейде ўақыялар бир-бирине туўры келип қалады, ўақыя жүз берген орын да, ўақыт та хәм ең әхмийетлиси, биреўлердиң ис-хәрекетлери де дусласып-булардың бәри тәғдирди хеш күтилмеген бурылысларға ийтермелеп жибереди. Усы рет те тап соған жақынырақ бир нәрсе жүз берди. Шынында ол ақыр-ақыбетте буның болыўына исенген еди. Себеби ҳақыйқатлықтың жеңиске ерисетуғыны турған гәп. Ол пышқырт болып кетпейди. Демек, жаса хәм хәр сапары ҳақыйқатлықты дәлиллеп бар, биз соның ушын жасаймыз. Алла-тааланың хәмири де солай. Тек те айтың-шы, ҳақыйқат дегенниң өзи не?...

Жумадан шембиге қарағанда, хәр қашанғыдай, өмир басқаша, әдеттеги күнлерге қарағанда бурынырақ басланар еди. Ақшам жақынлаўы менен Арсен Саманчин өз орнын ийеледи. Өзине керек нәрселерди буйырып столының қасында отырар, темеки тутандырыўдан өзин тутар еди. Шегиўди қояман, деп тырысар еди. Интизар болып күтип отырыўдың азабы хәдден тыс артып, жүрек бийзар болғанда, әдетте шегиўдиң қумары тутады. Көп өтпей қараңғылық түсти, терезе сыртындағы көше шыраклары жанды, үлкен көшеден өтип атырған автомашиналардың түнги шыраклары лыпыллап шуғла шашты.

Ресторанның ярымы хәзирше бос, лекин және бираз ўақыттан соң бул жерде алма түскендей орын табылмайды. Таңланатуғын жери жоқ: өз ўақтын кеўилли өткериўге қурбы жететуғын адамлар мине усы жерге келеди, қала шетиндеги бул жерди Емензар бағ деп атайды, хәзирги тилде элита деп жүргизилетуғын, демек ең абыройлы, ең қымбат ресторан бул жерге офицерлер үйине жайласқан болып, европаша усылда безелген хәм географиялық-сиясий мәнис берип «Евроазия» деген бәлентпәрўаз, заманға сай ат берилген еди.

Мине усы «Евроазия»да ол өзиниң ўақтын күтер еди. Сырттан бирсеў неге оның бул жерге жалғыз өзи келетуғынына таңланыўы да мүмкин еди. Егер ол барлық затын қумарға уттырып, дымсыз қалған бизнесмен болғанында түсиникли еди: ашыў менен ишип отыр деўге болады. Лекин ол исбилерменлерден емес еди, оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Евроазия» да бир шийше шарап үстинде тап бир дос-яранларын күтип атырғандай болып отырыўының себеплери былай қарағанда, оның өзине де оншамалық түсиникли емес еди. Ол шарапты майдалап ишип, өзиниң ўақтын босқа өткермей атырған адам сыяқлы көрсетер екен, мудамы қасына алып жүретуғын кейсинен қандайда бир қағазларды шығарып көрип отырар, оларды дыққат пенен оқып, мәнисин шағар, ишинен өртенип, хаслында тек бир тәўекел қылап атырғанын аңлар, лекин басқа иләжы жоқлығын да көрип турар еди. Аўхал, шәрт-шараятты есапқа алғанда, оның үмит-арзыўлары, мақсет-нийетлери пүткиллей питкенлиги, деген менен ол бул рет — ең соңғы рет бул иске қол урып атырғаны билинип турар еди. Демек, қуры қалғаннан көре, қыздың қасына жетип барып, оның менен сөйлесип қалыўға үлгериў керек. Қыз өзин қәйтип тутар екен? Әлле кимлер оны енди примадонна деп атамақта, лекин ол да, қыздың өзи де буны жақсы биледи ғо... Әхмийетлиси, қолай пайытты қолдан бермеў керек. Хақыйқатлықты қутқарыў жолындағы және бир урыныў. Тағы өзиниң хақыйқатлығын айтып киятыр, қашанға шекем айтады! Лекин айланып келгенде буның ақыбети не болады өзи, ол не деп жуўап береди, айтыў қыйын. Оның суўсыз сахрада қалып ашлықтан өлсе де, ўаз кешпейтуғын арзыў-әрманлары бар, кеширмелери, туйғылары бар хәм қыз сол туйғылар менен мақсет-нийетлерди қалайынша қабыл етеди, қәйтип түсинеди, буны билип болмайды. Буның неге лөңгенин көриң енди. Бәлентпәрўаз қыяллар, әрманлар, бәрин өмир бийкар етеди! Ол болса, тәнинде жаны турса, оларды тутып қалмақшы, олардан хасла айрылмақшы емес, олар менен бир дузаққа түседи, лекин ўаз кешкиси келмейди. Мысалы, хәмме заманның үлкен гүзар жолынан ушып баратырған сыяқлы, ал бул болса, қол көтерип оны жол шетинде тоқтатпақшы, лекин хеш кимниң буның менен иси жоқ, хеш ким тоқтамайды. Мине, және бир тәўекелшилик. Соның ушын да ертерек келди, эстрада сахнасы ашық көринип туратуғын, хеш ким тоса алмайтуғын орынды таңлады. Оған усындай бир орын оғада зәрүр еди...

Соның арасында сахнада оркестр ағзалары пайда болып, өз орынларына барып отыра баслады. Булар кәдимгидей «туўры эфирге» шығатуғын еди, мине бунлай жоқары дәрежедеги ресторанларда сырт еллик хәм жергиликли жулдызлардың көбирек «тири шығыўы»н, тири рок-музыканы жақтырады адамлар.

Бурынлары опера театрының оркестрында ойнаған сазенделердиң базы биреўлерин ол бурыннан таныр, базы биреўлери менен болса сәлем-әлиги бар еди. Дурыс, көп ўақытлардан бери сөйлескен емес. Арадан қанша ўақытлар өтти. Оларға бурынғыдай буның



кереги бар ма екен? Енди гәп тек усында ма? Мине, музыка шертиледи де, көзге көринбес перде сыйырылып, хәр бир адам ушын өзге гөззал әлем ашылады хәм бул әлемге инсан тек те музыка арқалы кириўи мүмкин, сонда бәрше өткинши, бийкар нәрселер кейин шегинеди де, жалғыз жырланып атырған руўх қалады.

Музыкаға келгенде, ол туўма ашық еди, туйғыларын хеш бир жерге сыйдырып та болмас, аңлап та болмас еди. Бул хәўес ғана емес, оннан да күшлирек, бәлентирек, түсиндирип болмас бир нәрсе еди. Бул жөнинде бир ўақыя да жүз берген, есине түсип қалса, күлкиси келеди, өзин масқара етип жилли музыка ықласбенти дейди. Қайта қурыў жылларының басында өзиниң журналистлик жумыслары менен Лондонға барып қалып, әнжуман өтип атырған салтанатлы мийманханалардың биринде, хәмме қолайлықлар иселтилген хожетханада, күтилмегенде әлле қайлардан музыка ырғақлары еситилип турғанына дус келди. Адамлар зәрүрлик ушын кирип шығар еди, шийшедей бөлмелерде хожетлерин питкерер еди, тәбийий нәрсе, артынан, сүртинер, қақырынар, түпиринер, кейин ыдыслардағы суўларды сылдыратып, шурылдатып ағызар, булардың хәммесиниң хүрметине Шопен, яки басқа бир музыка көсеминиң гөззал шығармасы жаңлап еситилип турар еди. О, қандай бийикликлерден әжайып ырғақлар канализацияға қарай ағар еди. Оның халқы қала мәдениятының буншамалық қолайлықларын хасла түсингиси келмес еди. Ақыры бул музыка Кудайға жетпек, руўхтың космосы ғой. Ойлап тапқан қылықларын қараң! Сонда эх, алдынғы өтмиш пайытларын аңсады, кәне енди мийманханада «усыныс хәм шағымлар» дәптери болса еди, бес жулдызлы мийманхана басшыларына не айтыўды, не ислеўди көрсетип қояр еди! Ол жоқарыға шығып, бул жөнинде аўыз ашпақшы болған еди, сол заматы-ақ иллә деп аўзын аштырмай, ерниң қақпақлады, айтажақ кәлбиндеги сөзлер де айтылмай қалды. Москвада оқып жүрген жыллары үйренген, биймәлел түсинсе болатуғын инглис тилинде, хәжетханада музыка айттырыў шәрт емес, деп түсиндирмекши болып еди, сол заматы-сизге бул хәжетхана жақпаса, басқасына барың, деп жуўап берди...

Музыканың ышқыпазы болған бул адам гейде хәзил етип, әлбетте, егер балалығымда таўда аўыл атларын айдап жүрмей, музыка мектебине кирип оқығанымда, композитор болып шығар едим, лекин мен кәлейин-кәлемейин, кәлбимнен музыка шығараман, бирақ тилекке қарсы, оны өзимнен басқа хеш ким еситпейди, дейтуғын еди.

Сондай болғаннан кейин оның баспасөзде музыка ышқыпазы хәм театр сыншысы сыпатында жазып турыўдан басқа шарасы



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ еди, бул жумысты ол жақсы көрер еди. Бирақ бул жерде де, айырым жағдайларда мурнынан қармаққа илинип турар еди...

Бәлки бираз ишип отырғаны ушын ба («Евроазия»да хасыл француз шараплары болар еди) Саманчинниң денеси қызды, тағы ыдысына шарап қуяйын деп атырған еди, сол ўақытта ресторан хызметшилеринин бири оның столының қасына келди. Бул официант емес, көриниси салдамалы, жуўан мойнында күлрең таўардан тигилген гүбелеги бар, европаша хызмет көрсетиў соны талап ететуғын болса керек, мурнының үстине үлкен көзәйнек қойған бир кимсе еди. Бул директордың өзи екен.

— Кеширерсиз, сиз — Арсен Саманчинбисиз? — Ол Саманчинниң алдына «Евроазия» тамғасы түсирилген қағазды қойды.

— Хе-е! — деп әдеттегише хөктем жуўап берди Арсен. — Дурыс айтып атырсыз, мен Арсен Саманчинман. Сиз, демек, «Евроазия»ның баслығы, директор екенсиз-дә? — Ол орнынан қозғалып, сәлемлесиў ушын қол узатты, кейин мысқыллап күлди: — демек пүткил Евроазия континентиниң шефи?

— Ошондой! — деп жуўап берди директор бираз қыйсаңлап, қырғызша менен гәпин тастыйықлап. Арсен Саманчин сол жердиң өзинде оған «Мырза Ошондай» деген лақаб берди.

Қол алып көрискеннен соң мырза Ошондай күрсини өзине тартып отырды, шамасы, бир нәрсе ҳаққында шынтлап сөйлесип алмақшы болды, соның ушын жийеги аўыр көз әйнегин ықтыят пенен сыпыра баслады.

Шеф-директорлың күтилмеген келисинен бираз хайран болған Арсен Саманчин гәпин асықпастан даўам етти:

— Ҳүрметли шеф-директор, руқсат етиң, кейсти алып қояйын, сизге кесент етпесин. «Евроазия» оғада әжайып, қайылман, тамаша етип тоймайды адам, мен гейде-гейде бул жерге келип тураман, лекин...

— Билемен, билемен, — деди директор, бирақ гәпин даўам ете алмады.

— Танланбаўға иләж жоқ, — деп әтирапқа назер таслап тәкирарлады Саманчин. — Келиўшилердиң көплигине қараң, не деген шырайлы хаяллар! — Оның тили бираз тутлығайын деди, не деген менен азырақ ишкенлиги сезилди. — Өзиңиз билесиз, хаялларсыз ресторан ресторан емес, — деп французларға мегзеп тилин төсеп сөйледи Саманчин, лекин қарсыласы бул сөзлердиң терең мәнисине жетпеди. — Аўа, ресторан-ресторан емес, театр-театр емес, базар-базар емес. Әне енди келисип атыр. Олар да өзинше шырайлы! Жоқарыда отырыўды қәлеўшилерге балконда еле бос орынлар бар. Әне оркестр де таярланып атыр! Бармысаң-ой,



музыка, музыка болсын! Күтип отырыппан, соның ушын келдим. Ал люстралар қандай! Италиядан әкелинген, дейди, солай ма?

Ошондай басын ийзеди.

— Аўа, солай, Италияники, — деди де, бираз асықпай турып, мениң де айтажақ гәпим бар дегендей, бармағын шошайтты. — Мен алдыңызға бийкарға келгеним жоқ, не десем екен... — Ол гәпин шала қалдырып ишине жутты.

— Ой несин айтасыз, жүдә саз болыпты! — деп сөзин даўам етти Арсен Саманчин, бизди де көпшилик таныйды, еле умытқан жоқ. Хоттеки мине усындай менеджерлер де сәлем береди деген қыялда өз-өзинен руўхланып. — Келиң онда бирге ишейик, — деп өтиниш етти ол сәўбетлесиниң быжықтай бетине досларша мүнәсибет пенен тигилип. — Бул шарап жүдә жақсы, жүдә өткир. Қайылман, мен сизге қуяйын, және алып келеди, айтаман.

— Яқ, яқ! — Ошондай оның шийше услаған қолын тоқтатты. — Мен буған емес. Бизики хызметшилик. Аўа, сизди көпшилик биледи, сиз белгили-атақлы адамсыз, лекин буны басқа бир пайытта айтысамыз. Мен сизге басқа нәрсени айтпақшыман. Жағдай сондай болып қалды, билесиз бе... Бүгин үлкен онжуманымыз бар, сырт еллик спонсорлар ушын зияпат беремиз. Ақсуў алтыны бойынша Канада қоспа кәрханасы, халық аралық ислер менен шуғылланыўшы хәм де алтын бойынша жумыс апаратуғын өзлеримиздиң адамларымыз бар, олар мирәт етилген. Үлкен адамлар, өз қорықшылары, қараўыллары және зайыплары менен келеди. Концерт бериледи... Бирақ гәп бунда емес. Сизге гәптиң посгеллесин айтып қоя қояйын, хәзир ғана қоңыраў етип айтты, бүгин Арсен Саманчин залда отырмасын, деген көрсетпе берилди. «Сондай етиў керек», деди.

— Тоқтаң! Тоқтаң! Ким ол маған буйрық беретуғын? — деп қызығып сорады Арсен Саманчин. — Кимге «керек» екен бул? Не ҳақы бар...

— Маған солай буйрық берди! — деди бет әлпети қызарған Ошондай, анаў-мынаў деп отырмай, оның гәпин шарта бөлип: — Неге бундайлығы менен мениң исим жоқ. Жоқарыдан айтты! — деп нур шашқан люстраларға қарай басын көтерди ол. — Мен айтылған исти бежеремен. Соның ушын жақсылық пенен рестораннан шығың, артықмаш гәп-сөзлерге кәжет жоқ. Қанша тез шықсаңыз, сонша жақсы. Хәзир-ақ орныңыздан турағойың. Гәпти созып отырмайық, сондай болсын.

— Неге енди сондай болар екен? Бул не дегениңиз? — Саманчинниң гәпи аўзында қалды, ол енди қаны қашқан ләблерин қатты қысты. Әлбетте, ол былшымбет Ошондайдың таўар гүбелегин ушырып, столды аўдар-төңкер етип, оның әпти-башарасына қол



Ajiniyaz atındağı NMPI
Málimleme-resurs orayı
INVENTAR № 126571

www.ziyouz.com kutubxonasi

жумсап, өз намысын пәскешлер алдында қорғап, өз ҳуқықларын жерге урып атырғанына жуўап берип, қатты-жәнжел көтерсе болар еди, лекин бул ҳәзир оның көўлине сыймады. Геллесине жасын жаңғырығындай болып бир пикир келди, ол топылып келген өкпе-гийнелерин басты, лекин бул өзин ерки менен қолға алғаны емес еди, гәп сонда, ол бир урып сулайтып таслағандай сезди өзин, тап бир балта урылған терек пашырлап көз алдында қулағандай ҳәм пүткил — жер менен аспан гүңиренип аяғының астында ләрзеге түскендей, лекин көўлине түйген, санасының түпкиринде орнап қалған йошлы музыкалы қыял жаранлар еди, оны ҳеш қашан тәрк етпеген қанатлы әрманлары-ҳәммеси бирден, бир ўақытта сол бир түп терек сыяқлы бир заматта жығылды, бирден жоқ болды, кәжети жоқ нәрсеге айланды. Тек те бир жалғыз пикир оның пүткил барлығын аяўсыз аўдар-төңкер қылып жиберди: «Бул сол қыздың иси ме? Неге дур ол усыны рәўа көрди?». Қыялына келген бул пикирге исенбестен, ол сахнаға қарады — қыз еле сынаға шықпаған еди, лекин оркестр оның шығыўын күтип, гүбелектей жеңил ырғақларды ойнап турар еди. Саманчин қалтасынан қол телефонын тезлик пенен алды да, қыздың номерин тере баслады. Бармақлары қалтырады. Даўысым да титиреп шықса керек, деп қорықты. Ошондай буны көриўли кәлемеди, лекин найиләж еди. Қыздың телефоны жаўып қойылған еди, бир неше рет шырлап сес бергеннен кейин, қыздың илажсиз даўысы еситилди: «Мен Айдана Самароваман. Телефон ўақтынша ислемейди, байланысқа шықпайды». Тығы да сол жуўапсыз шақырықлар.

— Жуўап бермейди ме? — деп қасын керип, қызықсынып сорады Ошондай.

— Саманчин үндемеди. Ошондай нени нәзерде тутты? Ким жуўап бермей атыр? Өзинше болжап атыр ма? Сезбей атыр ма? Я болмаса анық биледи ме? Сорастырып отырмады. Өзин пәске урыўды кәлемеди. Улыўма гәп басқа жақта: бул жағы енди не болады, шешиў керек. Ҳәммесине ноқта қойып, орнынан турып кете берсин бе, яки түсиндирип бериўди талап етсин бе: буйрық кимнен шықты, не ушын ресторанның шеф-директоры бүйтип ҳүкимранлық қылып атыр, кәпелимде желкесине урып, зорлап шығарып жибериўден де қайтпайды бәтшағар?

— Қәне, не қылдық? — деп сорады Ошондай. — Турамыз ба? Есикке шекем узатып саламан...

— Яқ, яқ, керек емес, — деди Арсен Саманчин. — Жолды өзим билемен. — Ол кейсти ғәзеп пенен жапты.

— Бопты онда! Дурыс ислейсиз. Айтпақшы, аўқатқа пул төлемесеңиз де болады. Буны өз жуўапкершилигимизге аламыз, — деп қосымша қылып қойды былшымбет Ошондай.



Буннан Арсен Саманчинниң кейпи бузылды, тап соны күтип турғандай, пүткил ашыўын сыртқа шығарды.

— Не деп атырсаң өзи?! — деп наразылық пенен қышқырды ол Ошондайдың бетине тигилип қарап. — Сен мени ким деп ойлап атырсаң? Бул жерге көшеден садақа сорап келиппе едим? Ҳей, бар-ә! Сениң өзиңе де, ресторанына да түңилдим. Қәне, тез бол официантыңды шақыр, тийин-тийинына шекем төлеп, бул жерден шығып кетемен. Қәне, бар! Тез бола ғой!

— Бопты, өзиң билесең! Мен айттым да қойдым. Официант ҳәзир келеди. Ол жағын келистик, солай! — деп ескертти Ошондай ҳәм әсте орнынан қозғалып, өгиздей мойны қызарыўы менен артына қарамастан кетти...

Сонда Арсен Саманчин артықша кәтеге жол қойып, майдалық етти, жәнжел көтерди.

— Ҳей, маған қара! — деп шақырды ол Ошондайды ҳәм артына бурылып қараў менен, оған қарай қышқырды: — Ҳей, желкесинен түйип шығарып жибердим, бапладым, деп ойлама тағы! Мен буны бүйтип қоймайман! Қәйерге барыўды өзим билемен. Мен журналистпен. Бийғәрез журналист! Билип қой!

Буған Ошондайдың жини атланды:

— Билгенде не бопты? Ўәй, сени қарай ғо. Түңилдим саған ким болсаң да! Хаяллар сеннен жүз бурады, басқа жаққа қарайды.

— Бунда сениң не жумысың бар?

— Сен өзиңниң тасландыңды бил. Ҳәзир журналисттиң қорадағы шошқадан парқы жоқ. Қарнын тойғызып қойсаң болды, газетада ма, телевизорда ма, былшылдай береди. Гәпиңе қараң буның! Бес минут ўақтың бар, тез қараңды өширмесең, өзиңнен көр, иниләс... Сендейлерге күшимиз жетеди. Тамам! Илләә, деп енди аўзыңды аша көрме!

Усыларды айтып, Ошондай ғәзептен қыйсайған бәшарасынан көзәйнегин тезлик пенен алып, «бийғәрез журналисттиң» бақыр-шақырына итибар бермей, арман кетти.

Арсен Саманчин бул ўақыяның ақыбети не болатуғынын билсе еди! Официант келди:

— Кеширерсиз, мине есабыңыз!

Бирақ еле ашыўы тарқамаған Арсен Саманчин есап қағазы қойылған ыдысты арман ысырды:

— Алды бурын маған водка әкел!

— Водка?

— Аўа, водка! Егер орысшаны түсинбесең — арақ!

— Ҳәзир алып келемен. Қанша?

— Көтере алғаныңды алып кел! Тез!

— Ҳәзир!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Официант жуўырыўы менен буфет тәрепке кетти. Ашыўланған Арсен Саманчин әтирапқа қарады. Хеш кимниң бунын менен иси жоқ. Ресторан өзиниң ақшамғы ислери менен бәнт: адамлар лыққа толған, балконларға да жайласқан еди. Ғаўыр-ғаўыр, күлки, қадақлар сыңғырлайды, көпшилик мәс. Музыка да дийўалларда ойнаған жақтылардың қыймылына қосылып, адамлардың кейпин анлар, кеўиллерин көтерер еди. Мине усындай кеўилли жағдайда ол қуўып жиберилмекте. Оның басы айланып, жүреги қапасына сыймай, булкиллеп урар, бүгинге жобаластырған ислери енди питпейтуғынын ойлап қапаланар еди. Бул бәлениң кимнен шығып атырғанын билсе еди: қыздың, Айдананың өзинен болып атыр ма, яки оның спонсорларының қылып турғаны ма? Егер қыздың өзинен болып атырған болса, ол бундай сатқынлыққа қалай қол ура қойды, неге оны душпанның қолына тапсырып жиберди, жеке ислерине араласыўға жол қойып атыр, сондай ислерге барған екен, енди оны ким деп атаў мүмкин? Адам да сондай болады ма? Не ушын? Оны зорлап қуўып жибериўдиң себеби бар ма?

Аўа, қандай да бир жағдай болып, арадан от өткенге уқсар еди. Жақында ғана, орталарында мүнәсибетлер бираз узақласып қалғанда, негедур қыз оннан өзин алып қаша баслағанда, бул ўақыя жүз берген еди. Сонда да ол мине усы жерге келип, қолындағы кейсти тасламай, эстрада жанына жақынлап, қақайып, тик аяқта тура берди, тап тамаша питкенше қыздан көзин алмады. Ол қызға қарап, хей, жалтыр-жултырға оранған периште, сениңди жый, неге енди сен мәңги қалынлықтың, еле ол сахнада, сениң образыңда туўылмасынан бурын өлиўине жол қоясаң? Неге енди сен оны аламандағы ойын-тамашаға саттың? Яки ақыл-хуш сени тәрк етти ме?

Тағы қыялында ашшы ҳақыйқатлыққа толы бир нәрселер айланар еди, лекин ол ләм-мим деп аўыз ашпады... Солайынша қатып, үнсиз тура берди, кейс ишинде болса, оның гүнлигине гуўа уллы бир шығарма, ол буған әмин еди — қолжазба, өз ўақты-сәтин күтип жатар еди. Лекин ол мәўрит қашан келеди? Бунын менен кимниң жумысы бар? Тек қызға ғана тийисли... Соның арасында эстрадада музыка гүмбирлеп, барабанның даўысы дүмбирлеп, қосықшы қыз ырғақ шалып, адамлардың ышқы-сезимлерин ҳәрекетке келтирип, шырмаўықтай буралар, денесиниң барлық мүшелерин дириллетип ойнатар, аламан болса, бастан-аяқ нәзеринен өткерип, ышқынып, қосықшы қызды ҳасла жибермес, көзлери менен оны жеп қойғысы келип, қол шаппатлап қыйғырар еди. Арсен болса, сахна қасында турып, қыздың хош ҳаўаз таратып, арзан, жеңил музыка ырғақларына жанын аямай бағышлап, сол музыканың бендеси-тутқынына айланып атырғанынан көзин үзбес еди. Мине усы телбелик ышқы-заўықтың пайытларында олардың нәзерлери бир неше мәртебе шақмақтай дүгискен еди. Қыз ақыр-ақыбет булардың не екенлигине түсинер еди.

Мине және айланып соған келди. Тағы сол бир көринис, бирақ бул рет оны және сол кейси, сол кейс ишинде жатырған уллы шығарма менен қосып, залдан қуўып шығарып жиберип атырған еди... Ол болса, бойсыныўға мәжбүр еди.

Полноста бир шийше арақ көтерип официант келди.

— Мархамат, қуйып берейин бе? Рюмкиге ме, стаканға ма?

— Стаканға.

— Қанша?

— Толтырып.

Ол жалын шығып турған аўзына арақ толы стаканды бир қуйды да, босатты. Дем жетпей, көзлери тас төбесине шықты. Ол тап өзин жағып жибермекшидей еди.

— Қанша болады? — деп сорады ол есап қағызына қарап, соң официантты ҳайран қалдырып, тийин-тийинына шекем төледи де, өзин толық бир стакан арақ ишпеген адамдай көрсетип, тула-бедениң тик тутып, узын мойнын бәлент созып, нық адым атып шығып кетти.

Гардеробтан қалпағын алып, дүп-дүзиў етип басына кийди. Ол қысы-жазы қалпақта жүриўди жақтырар еди. Айдананың оны Қалпақлы деп шақыратуғыны тосыннан емес еди. Сыртқа шығып турып ол эстрададан жетип келип атырған Айдана Самарованың даўысын еситти. Пүткил ресторан гүрилдеп шаппат урды — ҳәмме итизар болып күткен ўақыя жүз берди: көшшилик алдына жулдыз қыз шықты! Тағы да бурынғыша шадыя-қоррам қыйғырықлар жаңлады: «Ай-да-на! Ай-да-на!» Лекин Арсен Саманчин артына қарамады, тек те адымлары сийрексип, бастырып киятырған мәслик азабын жеңиўге урынып, қыялынан өткериўге үлгерди: көрип қой, қайылмысаң енди — реклама менен моданың күши мине сондай болады. Пүткил инфраструктура соны деп ислейди, жасап қалыў бәйгиси даўам етпекте. Абырай-атақ, даңқ таратыў — булар ҳәммеси ақыр-ақыбетинде пулдың жапырақлардай жағылыўына хызмет етеди. Ол ҳәттеки күлки қыстап, мыңғырлап сөйлегиси келди: «Досларым, ақшасыз болса өмир, пүткиллей биймәни екен, ой-бой!» Ол аяқлары менен гүрсиллетип жерди тепкиси, шақалақлап күлгиси келди, секирип-секирип ойнағысы келди... Лекин өзин тутты. Сол заматта қыңқырып жылағысы келди. Ыңырсыўын пүткил аспанға еситтирмекши болды, лекин аспан буны еситпермеди, ол буўлыға баслады. Қандай да бир нәрсе





www.ziyouz.com kutubxonasi

қылыў керек еди, қандайда бир аянышлы бийшара жағдай жүз берместен бурын қайларғадур басын алып кетиўи зәрүр еди. Күн батпай турып, дәрҳал кетип қалыўы, көзден ғайып болыўы керек.

«Сүйиў ҳәм өлтириў! Қалайынша булай етиў мүмкин? Сен мәс болып қалыпсаң! Яқ, мәс емеспен,— деп жуўап берди өзине өзи қыялына келген пикирден музлап... — Сүйиў ҳәм өлтириў...»

Ол кетип барар, лекин қыялында: гөримде де умытпайман, кеширмеймен!— деген пикир шарқ урар еди.

## III

Дүньяда кимниң пешанасына не жазылған. Кимге қандай тәғдир. Бәрха сондай болып келген. Ҳеш ким буннан қашып қутыла алмайды... Тәғдирли күтип, тиришиликтиң күнлери келеди-кетеди. Ақырғы күнге шекем күтесең, ақырғы саатқа шекем... Ҳәмме ўақыт сондай болады.

Мине тағы қайлардандур самал ести, бул өз ўақтын күтип, гезде жатқан тәғдир, ол дәрҳал сергек тартып, барлық әлемде, адамлардың қәлблеринде, ой-қыялларында, ис-ҳәрекетлеринде, қаерде, нени көриў керек болса, ҳәммесин көриўге асығып жолға түсти. Тәғдир және өзиниң кешиктирип болмас зәрүрли жумысларын питкериўге киристи ҳәм ҳәр қашанғыдай, жүдә узақларды гөзлеп, сол заматта ҳәдийселердиң күтилмеген соқлығысыўларын таярлады, булар болса, өз нәўбетинде ҳеш бир жерге сыйдырып болмас сол бир тәғдир ҳүким-қарарларын басынан кешириў, ҳәмир етилгенлердиң күтилмеген пешанасы ҳәм күн көрисин алдыннан белгилеп, келешек күнлерин де желкелерине жүклеп, ўақты-ўақты тағы сол баяғы сораўларды тәкирарлап, көкке мүрәжәт етер еди: Не болады? Не ушын? Енди не ислеў керек?...

Лекин аспан я сыбырлыны, я қышқырықты еситпейди...

Ҳәттеки таўлардағы қорқынышлы мақлуқ та, нала шегип, өкирип, қышқырығы жер жарып, аспанға мүрәжәт етер, айдан сорар, бирақ ай да, оннан қашып гә булытлар, гә қарлы шоққылар артына жасырынып кетеди, себеби сол бир мақлуқ та, тәғдир ҳүкиминен шетте қалмаған, оған, таў жолбарысына да көрсетуғын күни таярлап қойылған...

Еркеклердиң алысыўларында жеңилген, нәсил қалдырыў ҳақ-ҳуқықынан айрылған қуўғынды Жаабарс сол пайытларда аянышлы күн кеширер, соған қарамастан, ол еле бул аўҳалды тән алмай, ҳәмийше тәбийий ҳалатта қарсылық көрсетер, бурынғы күш-қуўатын қайтарыўды қәлер, тилекке қарсы қанқызбалық, озбырлық қылар еди. Илгери жылларғыдай қандай да бир урғашы барсты



баўырына тарткысы келер, бирақ олардың барлығы ийели, үйли-жайлы болып кеткенликтен, бунын арзыў-әрманлары ҳеш бир жанда рехим-аяныш оятпас еди. Сондай пайытлар болар еди, ол бирден қарсыласына тасланар, оны буўып-мыжмырлап таслаўға умтылар, ең болмаса күшин көрсетип қойыўға талапланар еди, лекин алысыўлар көбинесе нәтийжесиз тамамланар еди. Оның барлық ойлары қәлбеки еди: қәўиминде енди ол жарық дүньяда жоқтай, оған итибар да берилмес еди. Сонлықтан да, ири олжа қолға түскенде, жолбарыслар жән-жақтан жыйылып келетуғын соқпақлардан қашығырақ, шетиректе жүриўине туўры келер еди. Бирақ өзин басып турыў, сабыр-тақат етиў аңсат емес еди, басқалардың олжаларды кемирип болыўын күтип турыў, сарқытқа ерисиў ушын бәрин ақылға жеңдиретуғын шыдам керек еди. Енди оның пешанасына жазылғаны сол еди, лекин ол сырттан қарағанда, ҳәмийше айбатлы болып көринер, геллеси ири, қүдиретли, жылтыраған, ҳарыған көзлери жабық қабақлары астынан ушқын атар, мойны ҳәм денесин мәртлерше керип, жумсақ қуйрығы былғаңлап турар еди, бул Жаабарстың кәжет болғанда қандай етип өзин тута алатуғынынан дерек берер еди.

Ал қәўиминиң болса, булар менен ҳеш бир иси жоқ еди. Текте бала-шағаларын изине ерткен мәўсимлик жуптылар ғана оған кәҳәрленип нәзер таслар, тап ол бир нәрсеге айыплардай, өзлерин шетке алар, оның бурынғы жуптысы урғашы барс болса, өзин танымаған-билмегенге салып, қанды қайнатып жиберетуғын номсызлық пенен бөксесин былғаңлатып, бети былш етпей, жаңа ышқыпазы менен жабысып, сүйкелисип, Жаабарстың қасынан өтип кетер, оған өлдиң бе, қалдың ба, демес еди.

Тянь-Шанның мәңги қарлықларында, таўлардың үңгирлери ҳәм жанбаўырларында жасаўшы қәўимлеслерине күни кешеге шекем жолбасшылық еткен Жаабарстай қүдиретли жыртқыштың бул хорлықларға шыдаўдан өзге шарасы жоқ еди. Ол тоданың өмиринен шетлетилгеннен соң борсық, тышқан дус келип қалса, қоянға қусаған майда жәниўарларды аўлап, иләжлап күн көрип жүрди. Бурынлары күнде, күн ара кийик, ешки, арқар киби жуптуяқлы хайўанларды баўызлап, тойғанша мазалы гөш жеп жүрген Жаабарс ендиликте әўелгидей қарны қампаймаса да, аш қалып атырған жоқ еди. Лекин әўметтиң оннан жүз бурғаны ҳәр бир қәдемде билинер еди. Ол тодаға жат-өгей болып қалғанына қарамастан, дизе бүгип күн кеширетуғын қуўғынды халына түскенине ҳеш бир көнлиге алмас, оны мойнына алыўды қәлемес, қарсылық көрсетиўге ерки еле пай бермес еди. Оның көксинде жүз берген жағдайға қарсы тәбийий наразылық пайда болып, жаўыз тониның түпкиринде тынымсыз қарсылық оты лаўлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

хәммесине избе-излик пенен әлле қандай ишки жеңип болмас күш бас көтерер, оны жарылқамай қойған бул таўлар менен далаларды тезирек таслап, бөлар кеткиси, пүткиллей ғайып болғысы келер еди, басқа бир дүньяға қайтып келмес болып кетиўли келер еди, бул басқа жай жол-жөнекей кирип өтетуғын жақын арада емес, бәлки аспанға қарай көз илмес дәрежеде бой созған мәңги муз шоққыларының артында, уллы асырымның арғы жағында еди. Ол жанлы мақлуқлар жасамайтуғын, жетип барыўы қыйын, тек те жазда санаўлы күнлерде ғана өтиў мүмкин болған, туяқ тиймеген мәканларға жөнеп кетиўи керек еди; сол бир бәлент мәкан Узеңгилеш дизбе таў шоққыларының арасында болыўды нийет етти, ол жерге хәтте қүдиретли, пәрўазы бәлент қуслар да, ушып бара алмас еди. Жаабарсты қәлбиниң түпкиринен атылып шығып атырған күдиретли бир күш, дүньяға сыймайтуғын шексиз ғәзеп-хәсирет мине усы мәканларға тынбай тартпақта еди. Бир пайытлары жаз күнлеринде ол сол тәрепларға шығып көрген еди, лекин оның ендиги қыйын тәшўиши сонда еди, буған бурынлары күши жетер еди, енди жетер ме екен...

Асырымға шығатуғын тик хәм шоққылар менен қоршалған жол көз илмес бәлентликтеги хеш қашан еримейтуғын қарлардан өтер, самаллар шоққылардан шоққыларға пәдадай айдап жүриўши, олардың артында ғайып болыўшы, бәлент жанбаўырларға жетип барыўшы, асырымлар асып жүзип жүриўши булытлар олардың ишинде көринбей кетер еди... Булардың барлығы бул жерден узақ емес... Оның қасында ғана еди...

Жаабарс және қанша үйиншиклерден өтер екенмен деп, тоқтап, әтирапындағы қарларды аяқлары менен пығызлап, демин терең алыўға урынып, булардың бәрин көзден кеширди. Ол қалың қарларды басар, алқымына шекем қар үргиншлерине батар, төрт аяғының пәнжелерине зор берип, және тырмасып жоқарыға шығар, қыйыршық таслы муз қатқан жанбаўырларға баўырын берип, созылып сүйретилер, алға умтылып барар еди. Лекин тап мына, усы жерде ол олжасын қутырып қуўып баратырғандай деми аўзына тығылып, жүрегиниң дүрсилдеп соғыўынан қулақлары тас болып питер хәм ең қорқыныштысы — дем жетпей буўлығар, аяқларында дәрман қалмай, үсти-үстине жығылар, арқасына сырғанап қулар, көзлери қамасып, нәзеринде дүнья астын-үстин болар еди. Ол жағына қарай жоқары көтерилиўге енди күши жетпес еди — тамағы қырылдап, буўлығып ырылдар, бирақ бир адым да алдыға қарай ата алмас еди. Бурынғыдай қүдиретли болғанда еди, Узеңгилеш асырымынан бир-еки саатта-ақ асырылып өткен хәм ақыр-ақыбетинде сол өзгеше дүньяға әлле қашан жетип алған болар еди. Космослық жәннетте жасар еди кейин...



Лекин нәбада қолынан келсе еди, бул жағдай енди хеш қашан қайталанбайтуғын болып, мәңгиге, тап ақырғы нәпесине шекем сонда қалар еди, тап өмириниң ақырына шекем...

Шығып болмас таў шоққыларының дизбеклери менен оралған жоқарыдағы мәканға жетер-жетпестен Жаабарс жанынан тойып, хә деп геллесин бар күши менен силкер, музлаған шоққылардың тас жанбаўырларын тырмалар, әбигер тартып, кәне енди тәбияттан буған жылаў қәбилети берилген болса, таўлар дизбегин ләрзеге салып, өкирип-өксип жылаўға да таяр еди. Жаабарс бир емес, бир неше мәртебе асырымды басып өтиўге тырысар, бирақ буны еплей алмас еди... Бир мәртебе нәпеси алқымына тығылып, қыйналып жатырғанда, тап қасынан ғана онлаған шақылы таў арқарлары секирип-секирип өтти, тап еки адым аррағырағында жаўыз таў жолбарысы жатпағандай. Лекин олар буны байқаған еди, ал бул болса, тәбият өзине олжа етип берген таў арқарларын көрмегенге салды... О, таўлар, айтың, дүньяда бундайда нәйиләжлық бола ма?! Лекин таўлар үн шығармас еди. О, аспан айт, дүньяда усындай жағдай да бола ма?! Жоқары аспан да жуўап бермес еди. Жаабарс хәсиреттен сулап жатар еди...

Ақыры бунын бәрше ислерди кеўилдегидей бежерген пайытлары болған, бәлентликтен атылып тасланған сарқырамалардан бир демде секирип өткен, егер аяғы сәл-пәл тайып кетсе, ол хәр қандай мақлуқты түпсиз тұңғыйыққа ылақтырып таслар, тастың қырларына урып, бир заманда мыжғам-мыжға етер еди. Бирақ Жаабарс ол гезлери соңындай күшли хәм шаққан еди, тосқынлық не екенлигин билмес еди, хеш бир түпсиз туңғыйықлар, тик шоққылар, яки жар-асырымлардан қорықпас еди, боран-қар қуйынлары оны өз перзентиндей қушар еди, таў периштеси оған мирәт етер еди: «Жаныма кел, Жаабарс, жаныма кел!». Ол даўыс шыққан жаққа қуйындай тасланар, периште болса, сол заматта ғайып болар, енди оның сеслери узақтан еситилер еди: «Жаныма кел, Жаабарс, жаныма кел!». Ол және алға қарай оқжай оғындай атлығар еди... Усы ўақытлары дүнья оның қол астында еди, жетип барып, қуўып өтип, секирип тасланып, мудамы жеңип шығыў оған хеш бир қыйын емес еди сол ўақытлары! Ол дүньяның бирден бир тиреги еди.

Мине енди ол хәр жерге бас урып, тырсып-тырмасып, өтип болмас асырымға қарай жылжып, бар күши-дәрманынан айрылып, әбигер болып, сол бир өтмиш күнлерин әңсап, ашыў-ғәзеп пенен ядына түсирели.

Түс ўақты еди. Хәр күни күн ортасы болады, бирақ бул умытылмас күн ортасы еди...

Сол жазды хеш умытып болмайды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәлент асырымларда хаўа тынык, бултсыз болса, күн пәстеги сыяклы сая-салкынла дем алып жатыўға каратпайды, күйдирмейди, жандырмайды, бир тегис жактылы, шуғлалы нурлар шашады, таўлар әлеми жакты нурларға шомылады, тиришилик бир күдирет дерегине айланып, мәканда нәпес алып жасасан бәрин пайызлы етеди, әпиўайы ғана көк майсадан баслап, жаз шағында бул жерлерге тодасы менен келген, таў шоккылары үстинде шарк урған кусларды да шад етеди. Бундай шақларда барлык әлем жанзатлары әптап нуры кушағында жасаў ләззетине бөленеди...

Сол күн ортасы да сондай болды. Сонда олар жупты болып, урғашы барс пенен екеўи Үзеңгилеш бәлент шоккыларында еркин жуўырып-жортып барар, әптап хәм уллы таўлар олардың мейиллерин оятып кыздырар, олар бир-бирине жакын үйкелесип жүрер екен, бир жан-бир тән болып кетип, жуўырған сайын денелерин кыздырар еди, бир-бирине сирә тоймас еди.

Бул мәканға олар күни кеше жетип келген еди. Асырымнан күн бойы иркилместен өтти, түнде болса, жолда калып кетпеў, куйын менен косылып набыт болмаслығы ушын бир мәўрит те кәдемлерин пәсейткен жок. Солай етип, Жаабарс пенен оның зайыбы урғашы барс гөзлеген мәнзилине еле күн батпастан бурын жетип келди. Бийкарға урынбаған екен! Тәбияттың өзи оларды бул мәканға жетелеп алып келди хәм хәр демде оларға әўмет яр болды. Жырткышлар бираз дем алып, өзлерине түнги мәкан излеп атырғанында, онша узак болмаған аралыктан таў ешкилериниң тодасы көринди, олар онлаған болып, жакында асырым асып бәлент жердеги отлакларға шыккан, аспан менен өпискен таў шоккыларынан ерип аккан суўларды ишер еди. Лекин машакатлы асырымларды басып өткен оларға кәўип аяк астынан шыкты. Жырткышларға жем болыў кәўпи туўылды. Еки жаўыз хайўан сол заматта хүжим кылды. Олжаны колға түсириў онша кыйын кешпеди. Асырым кийиклерди бираз халдан тайдырып таслаған еди. Жолбарыслар кийиклердиң бирсыўин көзди ашып жумғанша пәнжесине алды, калғанлары кашып кетти. Түн алдында ләззетли етке барынша тойды, кийик гөшиниң дәми аўызларында калды, олар маза кылып рәхәтленип алды. Көктеги жулдызлар тап буны сезгендей жылтырасты, олар төбеден жакты нурларын аямастан шашар, таўларды улығлар еди.

Таң менен тынык нурлар шапағында үлкен куяш көринди, сонда мәңги таўлыклар және де уллырак көринип, жанланып, өмир ләззетине енди, өзиниң айбатлы өткир кырларын және де күшлирек көрсетип, әтираптағыларды ынтык етти.

Жаабарс жуптысы менен уйкыдан ерте оянды, аў аўлаў баханасында ғана емес, зайыбы менен маза кылып, маклуклардың



туяғы жетпеген әжайып жазыклыкларда, хош ийис тараткан жасыл отлакларда, бәлент таўлардың тынык хаўасынан мәлхам болып сейилге шыкты. Күн тас төбеге шыкканда жолбарыслар дәслеп шаппып-секирип, домалап ойнап, кейин шар тәрепке жуўырысты. Куяштың өзи таў капланларын тап усыған шарлап аткандай олардың денелерин кыздырар, оларға акыл жетпес гөззаллық хәм күдирет бағышлар еди, бунын менен бул жуптылыкка, бул таптырмас мәўритлердиң кәдир-кымбатына, сән-салтанатына жетиңлер, мийириңиз канғанша тойыңлар, дегендей болар еди. Бул жупты хайўан затының каўысыўының тени-тайы жок салтанаты еди.

Олар тамырлары буркасынлап, бир-бирине сүйкенип жуўырып барар, бул мәканда олар ушын таўлар менен куяштан өзге хеш нәрсе көзлерине көринбес еди. Набада туўры алдыларынан шығып калғанда да, оларға хәзир хеш кандай олжаның кәжети жок еди. Олар куяш нурларын симирер, жуўырғанда куяш нурынан күш алар, оның ыссылығын денесине сиңирер, күшлерине күш косылар, шаршағанның не екенлигин билмей, өмир ләззетлериниң шоккысына көтерилер еди. Солай болған еди дә.

Енди жер шары космос арғымағының әткеншегинде шайкалар хәм жер жүзинде бар болған хәмме маклуклар мәңгиликтиң көзге көринбес айланысында ушар, олардың ишинде Жаабарс пенен оның жуптысы урғашы барс та әптап нуры ериткен таў дизилмелери хәм жазыклыкларында канат байлап ушар, куяш болса тас төбеде нурларын шашып, оларды еркелетер, өзине каратар, көклерде ушкан куслардай болың деп, мәсләхәт берер, лекин сол бир пайытларда еки жырткыштың жубайы — хайўанлар заты кәўиминиң шаўып баратырған мысалы еки перииштесине мегзер еди... Гейде-гейде хайўанлар да периште бола алады... Шынында сондай болған еди дә...

Хә демей жазийрама жаз күнлери өтти де кетти, таўлардың бәлент мәканларында куўнаклык мүддети акырына жетип киятыр еди, бул мәканларда хаўа тез арада кескин өзгереди, бирден тик таўлар баўрында көзди ашып жумғанша куйынлы кар боранлары көтерилип, нәпес алыўға мүмкиншилик бермей кутырғаны-кутырған, аспаны-зәминди зым-зия караңғы басады. Әне сонда жолбарыслар асыға-үсиге кейнине кайтады, тезлик пенен шабысып жанларын саклап калады. Үлгермеген базы жанзатлар сол мәканның өзинде, кар кошкилериниң астында набыт болып калып кетеди, аспанда ушып баратырған куслар да, хеш нәрсени көре алмай көзинен айрылып, жерге томп-томп муз кесеклериндей болып түседи. Шынында сондай болған дә...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне усы бәлент таў мәканына асырым асып өтиўге Жаабарс жан-халына карамай урынар, онда сырлы куяш пенен сидиликте бир өзи бетпе-бет болыўды кәлер, ол жерлерде өмириниң акырғы күнлерин өткизип, соң бир өмирге көзден ғайып болып кеткиси келер еди. Бул жалғыз баслы хайўан өз өмир жолын баскаша тәризде емес, әйне тап усындай тамамлаўын кәлер, соған умтылар еди...

Асырымнан асып өтип болмас еди. Жолы тосыклар менен бәнт, оларды ашып өтиўге әззи еди. Жаабарс катты кырылдап, улып, ырылдап, жокарыға көтерилмекши болар, лекин алдындағы тоскынлыклардан өте алмай, нәске кулап түсер хәм және калтыраған пәнжелерин таска басар еди...

Бирак не ушын тәғдир усы бир таў жолбарысына күрттай рехим-аяныш билдирмеди? Акыры оның ниййети тек таўдан асып өтиў, соң сол жакларда мәңгиликке калыў еди ғой... Тәғдирдиң буны болдырмаўға кандай айрыкша себеби бар екен? Неге енди бул маклук бийпаян Үзеңгилеш таўлыкларында калыўы керек екен? Тәғдирдиң сырлы китабына не жазылған еди, өзи?

## IV

Буннан еки күн бурын ол: «Руўх деген не өзи? Хәмме нәрсени оған биймәлел аўдарыў мүмкин. Ерк хәм сана — мине булар инсан ушын ең әхмийетли нәрселер!» — деп аўыздан шыкканды асығыслык пенен жазған бир газета окыўшысы менен бәсекиге кирисип макала таярлаған еди. Әлбетте, бул сөзлерде жан бар-дә, лекин биз кәлбимизде жүз берип атырған хәдийселерди де дыккаттан калдырмаўымыз керек, олардың бахалы тәреплерин ялтан шығармаўымыз лазым, биз болсак көбинесе бул нәрселерге итибар бермеймиз. Руўхый дүньямызда жүз берип атырған жағдайлар гейде тарийхый ўакыя-хәдийселерде шешиўши әхмийетке ийе болады. Жаксылык хәм жаманлык хаслы шығысы жағынан көўил булағы есапланады. Руўх аң асты хәдийселерди күшейттиреди хәм коллап-куўатлайды!..» Ол гейде пайытын таўып, усындай философиялык шешимлер табыўды жаксы көрер еди.

Бирак хәзир философиялык ой-кыялларға батып отырыўдың пайыты емес. Бул кешеси Арсен Саманчин компьютериниң касына да жакынламады. Усы кызык машкалалар көтерилген макаланы жазып питкерди ме, жок па, буны да билмес еди. Әдетте, кешки пайытларда музыка еситип турыўды жактырар еди, бүгин оны да иследеди. Енди бос ўакытларында музыка койып еситеди ме, жок па, буны да билмес еди.



Нәлетий «Евроазия» шоу-ресторанында жүз берген ўакыядан кейин жүреги тап бир жалын түскен тоғай сыяклы гүриллеп жанар еди. Оның руўхый дүньясы астын-үстин болып кеткен, өзин калай етип колға алыўды билмей, түпсиз туңғыйык ишине түсип кеткендей болып, боран сыяклы дөнген кайғылы кеширмелер азабынан және өзин атылып шығып, кутылғандай сезер еди. Ол өзиниң бойдак өмир сүрген әжиресиниң жалғыз ғана терезесине токтаўсыз барып-келип, сол жерде хеш нәрсеге түсинбей-билмей хайран болып турар еди. Кызык, ол өзи хаккында тап баска бир адамдай ойлар, өзин-өзи танымай калғанға уксар еди.

Ол ресторannan кайтып келип, хәтте галстугин де шешпеди, терезе алдында какайыўы менен турып, гейде-гейде аўыр-аўыр гүрсинер, басын кайта-кайта шайкар, галстугин колы менен тутымлап, караңғы хәўлиге тигилер-карсысындағы тап солардикиндей күлрең ири панелли, көп кабатлы адамлар жасайтуғын бәлент имараттың бәрше шыраклары әлле кашан өшкен еди. Егер олар жанып турғанда да не пайда? Үшинши корпустың жетинши кабатында жасаўшы хәм хәзир терезе алдында турып, ғәзепли үмитсизлик пенен азапланып атырған әлле кандай кимсе менен коңсы-кобалардың кандай жумысы болыўы мүмкин.

Канша ыңыранба, өртенбе, хеш кандай пайдасы жок. Ол кимди айыпласын, кимге өкпелесин, кимди коркытып койсын? Хәмме нәрселер айдай раўшан болған. Такси оны жети кабатлы, шырайсыз үйлердиң көриксиз имаратына әкелип таслады, сол жерде оларды артынан калмай гүзетип келген сырт еллик жылтырак машина кескин куўып өтти, өткир шыраклары менен ол көзди камастырып, сокыр ете жаздады. Арсен Саманчин жарыктан көзи хеш нәрсени көрмей, машинаның есигин ашып түсер екен, сырт еллик машинадан бәлент бойлы, айбатлы еки киси шығып, оның алдын тосты. Олар екеўиниң минези хәм ис-хәрекетине карағанда, олар буны коркытыў, корлаў, хәттеки сабаў ушын жиберилген еди. Лекин алды бурын такси айдаўшыны: «кәне, тез жөне бул жерден!» — деп куўып жиберди.

Арсен Саманчинди болса, дийўалға тиреди:

— Хош, жокары хүрметли мырза, ылашығыңызға аман-есен жетип келдиңиз бе? Өзи сасык хәжетханада жасайсаң, сөйтип жүрип басыңа калпак кийиўдиң не кереги бар саған! — Арсен Саманчин аўзын ашып үлгерместен олардың бирсеўи оның калпағын төменге тартып, көзине бастырып койды. — Хей, абайлап жүр, бала! Биреўдиң исине тумсығыңды тыкпа! Акылың кетип, үсти-үстине макала жазып атырсаң, буның ушын еле жаза аласаң. Саған усаған адамларға бир ғана корғасын ок мудамы табылады! Билдиң бе, ахмак? Кәне, және бирнеме деп жазып



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрпи, шыққан жерине кирип кетесең! Сықылыңа қара, ипләс, иттей ишипсең. Тур, кет, жоғал! Есиңнен шықпасын, артыңды қысып жүр, соң кеш болады.

Оны сол жерде қалдырып, олар үлкен тезликте көзден ғайып болды. Кейнинен тас атса болар еди... Лекин қайда! Оның кеўли бузылды. Ғырра кейнине айланды да, қараңғыда үйи тәрепке кетти. Күши тек басындағы қалпағын туўрылап қойыўға ғана жетти.

Енди болса хеш нәрсе көрмеген сала жас өспиримдей арсар болды: не қылсын, буяғына қалай жасасын, басын алып қаяқларға кетсин? Оған не болып атыр өзи? Ақыры нелерди көрмеди бул жеке басы?...

Үйленди. Тойлары болды. Хәммеси умытылып кетти. Кәуимқарындаслары болса қулағын қағып қолына береди: биринshiси келиспеген болса, екиншисине үйлениўди созыўдың не кереги бар? Хәрекетинди қыл! Аўа, алдынғы некеси көзди ашып жумғанша жан берди. Аяныўлы, басқа адамға айлана алмайсаң. Байланыс үзилди, еки тәрепке бас бурып кетти, бир-биринен қутылды. Адамлар бийкарға айтпайды екен: мухаббат бир мәртебе шуғла шашады, мәңгиге емес. Лекин адам буны тән алғысы келмейди, мухаббат өшпес, мәңги шуғлалар шашыўын қәлейди. Мейли дә. Қудай қоллап-қуўатласын. Шуғла шығар, шуғла емес шығар, тәғдир қылмады, тап бир бир-биреўин танымаған-билмегендей болып айрылысты. Соннан бери мине үш жыл өтти, усы көриксиз, ғәрип микрорайонда жасап атыр. Әлбетте, дурыслы хаялға бундай адам менен шығысып жасаў аңсат емес. Туўған да жоқ. Үлгермеди. Туўысқанлары өкпе етеди. Ким буған айыпдар? Хаялының көрген-билген тәшўиши — банк иси еди. Пул-пул! Бәри-бир бул сыяқлы адам менен тил таўысып, бир дастыққа бас қойып, арзыў-әрман етип жасап болмайды. Егер сөй деп айтыў мүмкин болса, бул есинен айрылған, идеяның қулына айланған инсан. Идея буның ушын дүньяда хәмме нәрседен артық. Соры қайнаған қыялпараз. Оның үтине «минбер адамы». Орайлық Азия туўралы аналитик мақала жазыў ушын келген инглис журналист хаял оны усындай деп атаған еди. Ояқ, буяқлардан бираз сәўбетлести. Әне сонда лондонлық газеташы былай деди:

— Мырза Саманчин, сиз бир нәрсеңиз бенен бизиң минбер ийелерине усап кетесиз, олар өз идеяларының өмирбахыйлығына, қымбатлығына қатты исенеди. Қараң, сиз де өз идеяңызды қәдирлеп қорықлайсыз, оны қолыңыздан түсирмей, алақаныңызда бекkem услап жүресиз.

— Рахмет, жасырмайман, бундай гәплерди еситиў адамға жағады. Лекин мен таўлардан шыққанман. Таўларда өскенмен.



Таўлар мудамы өзинди қолға алып, сергек жүриўинди талап етеди, бийик шоққылардан түпсиз тұңғыйыққа қуламаслық ушын хәр кәлемде хеш нәрсени көзден қашырмаўға туўры келеди.

— Олай болса, сизиң минбериңиз бул — таўлар. Шынында да, — деп мыйығынан күлип қойды инглис ханым,— бул жердиң барлық тәрепи таўлар екен. Қарайгөйың, қаншама бәлент таў дизилмелери!

— Ырас, бул таўлар мәмлекети. Бирақ мен туўылып өскен таўлар бул жерден жүдә узақта хәм көз жетпес бәлентликте, соның ушын ол таўларды Үзеңгилеш дизилмелери — көк аспан зәңгилери деп атайды.

— Жүдә шырайлы. Маған бул тымсал айрықша жағады, инглисшесине — stirrup болады. Демек сизиң таўларыңызды-Стирапп таўлары деп атаў мүмкин.

— Қайылман. Қырғызшасына Стирапп-тоо дегени! Үзеңгилеш таўлары! Мениң журтласларым буны мақтаныш етеди. Мен болса, таўлық болыўым менен бирге минберлик болыўдан да қашпайман. Ақыры университетлердиң кафедралары өз минберлеринен универсал, пүткил жер жүзине туўры келетуғын идеяларды жайыў менен шуғылланады.

— Көрдиңиз бе, мен жаңлыспаппан. Рахмет. Сени дәрҳал түсинетуғын кәсиплесиң менен сәўбетлесиў не деген жақсы.

Хәзир терезе алдында турып, қараңғы өжирəге биймәни бақырайып қарап, Арсен Саманчин усы сәўбетлесиўди еследи хәм: «Әне сизге хүрметли минберлик таўлы жигит» деп қойды. Сен бүгин өмирдиң және бир «шийрин» сабағын алдың. Оның дәмин таттың! Пал қосымтасы менен! Қайылман! Болады екен-ғо! Базар қатнасығы қүдирети алдында хеш қандай минбер, хеш қандай кафедра даш бере алмайды. Әне базардың қамшысы менен мойнына урып, айдап шығарды, және геллеңе түсиремиз, деп дoқ урды. Хәттеки мухаббатты да сатылатуғын таўардай етип базар тахтасына шығарды. Сен болсаң буны енди ғана түсинип атырсаң. Буннан келип шығады, сен бул бизнестиң дәўирине туўры келмейди екенсең. Әне усы соцреализм деп аталған нәрсе ушын тағы бир ылайықлы жаза. Әне саған «стирапплық азамат!» Аўылласларың айрықша, қайта қурыў деген пайытларда сени оғада мақтаныш етер еди, қарай-ғой, енди! Енди олар сеннен кәуетерленеди. Ал, кәне енди, не қылдық, қаерге бас тығып барамыз? Сол бир «Мәңги қалыңлық»ты умыт, пүткиллей умыт! Кимге керек ол? Ол қанша талпынса да попсаға (авангард көркем өнер усылы) теңлесе алмайды. Попса салтанаты хүким сүрмекте. Бизге попсаның дәўири келди! Сен мойныңды индемей



www.ziyouz.com kutubxonasi

кыс та, буны тон ал, болмаса хошласпастан кете бер. Баска не кыласаң енди? Москваға кетсең, ол жерде исенимли, сүйенее болатуғын өз адамларың бар, лекин ол жерде де попса хәўиж алмакта! Кулласы, бара-барғанша караңғы жер асты жолы, акыры көринбейди... Ал буннан еки жыл бурын хәммеси усындай жер менен жексен болып кетеди, деп сирә кыялына келген бе еди? Оған хәм әжағама хошласыў хатын жазаман...

Терезе алдында узак ўакыт турып, ол тағы да усындай кеўилсиз кыялларға берилди. Кейин өзи де билмеген халда уйкылап калды, әтирапка тыньшлык енди. Кызык, сол кеште я колындағы, я үйиндеги калалык телефонға бир мәртебе де коңыраў келмеди. Баска ўакытларда ярым түнге шекем телефон соға берип, кулағына тыным бермес еди. Бийғәрез, өз атына жараса егемен журналист болған соң Арсен Саманчинге бундай машкала-мүнәсибетлер тәбийий, сөз еркинлиги де соны талап етер еди. Бир басынды суктың ба, болды, енди аўыр деме. Шағымлар толып кеткен! Олардың бир бөлеги ғалаба хабар кураллары аркалы шешилер, баскалары шешилмей үйилип жатар, акыры ол адвокат емес ғой, бар-жоғы баспасөздиң хызметкери. Бирак түрли тайпадағы адамлар баспасөз аркалы өз мәплерин шешиў, пүткил жәмийетшиликтиң алдында шаўкым-сүрен шығарып, женип шығыў, пүткил ел-журтка даңк таркатыў ушын пебир иплэс мәккарлыкларын иске салып, оннан ийт сыяклы өзлериниң тартысларына косылыўды талап етер еди... Бүгин болса ләм-мим, даўыс жок. Исенип болмас жағдай. Бәлким, оның кандай дәрежеде корланғанынан хабардар болдымекен?

Мүмкин енди кандай да бир тәбийий сезим менен енди буған мүрәжат етиўден пайда жок, әўмет оннан пүткиллей жүзин бурды, деп ойлайтуғын шығар, бирак негедур ол, «вокал косыкшымыз», бир гезлердеги опера көркем өнеримиздиң периштеси — хәзирде кәерге караман, шийрин мийык тартып күлип турған сүўрети илдириўли, эстрадамыздың жулдызына, жакын-жакынларға шекем бирликте ойласып, бирликте жаксылыкты нийет етип жүрген, бирликте опера жаратыўды максет еткен нийетиң тек те еслетип коймакшы еди. Мине енди мәлим болды, бул опера емес, кам кыял екен. Акыры Айдана бирден бәрше байланысларды үзил-кесил үзди, тап бир оны әлleким дуўалап таслағандай болып калды, корыкшылары касына жакынлатпайтуғын дәрежеге жетти. Мейли, ыктыяры. Кудай яр болсын, лекин композиторға не дейди? Токтатың, деп айтады ма? Лекин Айдана ушын классикалык опера музыкасын жаратаман, деп ант ишкен бундай устаз маэстролар хәзир биреў-екеў ғана... Музыка әлеминде тени-тайы жок шығарма



«Мәңги калыңлык» идеясына әптен кызығып калған хәм опера жаратыўдай машакатлы исти коллап-куўатлап, буған көнген, әлле кашан спонсор менен бул хаккында шәртнама дүзип койған композитор Аблаевка буны не деп түсиндириў мүмкин, оларға ресторанда жүз берген, бурынлары көз көрип, кулак еситпеген ўакыяны калай айтады? Не деген шермендешилик! Корыкшылар оны арткы көшеге алып шығып, күш көрсетип, муш көтерип, зорлап таксиге тығып жиберди. Такси айдаўшыға былай деди: «Хей достым, мына маклук ийттей ишкен, үйине алып барып тасла. Хеш бир жерде токтап турма. Туўры Ортасай микрорайонына алып бар!» — деди. Айдаўшының колына пул да услатты.

Арсен Саманчинди мине усылай «узатып салды». Ең жаманы фойеден шығып атырғанда, ол бирден жаркыраған үлкен тас айнада өзин бастан-аяк көрип, ашыў менен кышкырып жибериўге сәл калды. Не деген пәс, бийшара хәм аянышлы көринер еди ол. Оның үстине мына модадан калған калпакты айтпайсыз ба. Көз ашып жумғанша ол куўғынды, ғәрип бир кимсеге айланды да калды, енди оны жәмийетлик орынларда сәлем-әликсиз биймәлел айдап жибере берсе болады екен дә. Ол болса өзиниң намыс-арын корғаў орнына мойнын кысып кетип баратыр, және буйыртпа бойынша исленген салтанатлы айнада өзин сол аянышлы халда тамаша да етпекте. Оның бурынғы саўлаты, келискен келбети, кәдди-кәўмети кайда калды. Акыры оны бостан-боска егемен, бийғәрез, деп атамаған ғой, ол шынында да бахытсыз, әўмет кашкан адам ба енди. Азия баспасөзинде белгили — аякта беккем туратуғын, бийғәрез журналистлердиң бири еди. Оның Айданасы, еркелетип, сүйип, Айа, деп атайтуғын сүйиклиси де, «Мениң өзимниң егеменим! Мен де егемен болғым келеди, сизиң менен бирге бир пүтин егемен жупты боламыз!» — деп сыбырлар еди. Кайда енди! Хәммеси керисинше болып шыкты. Бизнес хүкимранлары оны айнытты, өзлерине каратты. Айдана болса, жаланаш ийинлерин силкип, бизнестиң жәннетине карай ушып кетти. Ким жәннетти жаксы көрмейди? Хәммеге ол жерде жай табылыўы кыйын, лекин кыздың әўмети алға шапкан екен. Арсенниң жәннет дәрўазасын ашатуғын гилти болғанда, әлбетте, оған ашып барар еди, лекин ондай гилт жок еди онда...

Ал енди «Мәңги калыңлык»ты көргиси келетуғын тынымсыз нийети не болады, дәслептен бул нәрсе Айданаға бағышланып, оның аламды бийхуш етип койыўшы меццо-сопрано даўысына үмит байлап жаратылған еди ғой? Көз алдымызда кәдири кетип, туңғыйыкка түсип баратырған хәзирги заман опера театрының машкалаларын кайсы жарға ылактырып таслаў керек, оннан кашып кетип баратырған көркем өнер ийелерин



www.ziyouz.com kutubxonasi

калайынша токтатып, услап калса болады? Дэстүрий репертуар театры жасап кала алама, яки күни питип тамам бола ма? Усының өзи де миллий хэм дүньялык мэселе. Аўа, массалык мэдениияттың шайкаўшылары Арсен Саманчинге мегзес хэўескер театр ышкыбазларын ҳақыйкаттан жазалады, оны көпшиликтиң көз алдында сындырды, корлады, жокары идеялар үстинде бас катырып жүрмейтуғын етип койды. Аўа, бул да аздай, олар егемен-кыялпараз үстинен күлип, маскаралағанын коймады, оны моральлик жактан жениўге урынды, болмаса жанына тийгеннен соң өзи жолды босатсын, аяк астында араласып жүрмесин, демекши болды. Буны уятсызларша, бетсизликке салып иске асырғанлар, сол шоу-бизнестиң сиясекешлери, сол поп-модернизмнен шыккан поп ийелери — шаккан кимселер еди. Бундай нэрселерге олар оғада шебер. Бунын ушын барлык кураллары — интернеттен баслап космоска шекемги үскенелер колларында бар. Күнделикли жэрдемшилер де олардың ыктыярында — эстрада дейсиз бе, газеталар ма. Ох, сорлы ғана баспасөз! Жекке хэкимлик доўиринде сөздеги кулшылыкка карсы гүресип, кейин өзи базардың кулына айланды. Хаўа толкынлары да соған хызмет етеди, акыры хэр бир автомашинада радио бар. Хэттеки космостағы жер жолдаслары да бүгин жер жүзиниң шаркы-пэлегинде шоу-бизнестиң кулына айланып кетти. Булардың хэммеси классикалык кәдириятларды шетке шығарып, футбол стадионларындағы күннен-күнге көбейип баратырған шаўкым-сүрен киби пайда табыўға талпынады. Барлығы акыры, солардың колларында.

Ал сен алланып жүрген хэўескер-кыялпараз, ойшыл, жекке баслы бенде, хэммесин көре-биле турып неге олардың аякларының астында араласып жүресең? Не ушын өзиңди курбанлыкка ылайык көресен хэм өзиңди калтыраған колларың менен шоуменлер орласына олжа етип берип атырсаң? Хэттеки мухаббатыңды да подноска салып, мэ, тек те бизлерге карсылык көрсетпей, деп усынып турыпсаң. Мине бул сениң өмириңниң мазмуны хэм гөззаллығы. Кудай тааланың өзи инэм еткен, мэңгилик нышаны деп саналатуғын жаксылыклардан ўаз кешиўдиң әйне өзи емес пе, өйткени мухаббат бизге жаратканның сауғасы, әзел-әзелден берилген илэхий күш. Әне усының ушын да мурадка жетиў куўанышларын мэңгилик пенен өткинши өмир ортасындағы хэрекеттиң ен шыңы, деп түсиндириў мүмкин, сонлыктан да ышкы талпынылары хэм мухаббат сезимлеринде трагедия хэм драмалардың сырлары жасырынып жатады хэм олар аспаны-зэмин мүнэсебетлери канщама мүшкил екенлигинен дерек береди. Хэр кандай мухаббат өлим менен тамамланады, лекин кудадан мухаббатка инэм етилген мэңгиликтиң сакланған курбы келешек нэсиллерге өтеди хэм олар да өзлерин мухаббатка бағышлап, мухаббат куралы да мэңгилик ағымына кирип барады. Бирак бузғыншы күшлер хэр сапары мухаббат әлемине мэккарлык пенен хүжим етеди, себеби инсан тегиниң караңғы тэреплеринде олар көбинесе жасырынып жатады хэм хэр сапары мэккарырак, үстемлирек бола береди, себеби адамларда ишки гүрес хеш кашан кемеймейди.

Мине бахтыңды уттырдың, гэпиң поселлесине келгенде, исти рэсиўэ еттиң, жениўдиң, кемситилдиң, мухаббатыңды жар тастан кулатып таслап атырсаң, ал шынында, ересек адам саған хэм ол нашарға тэңри тэрепинен жиберилген еди. Маскара, шоумен алдында өзиңди жерге урып, шерменде болдың, ол нэкастың атын тилге алыў да гүнэ, адам оннан пүткиллей жийиркенеди. Лекин оның бутан нэрўайы пэлек. Ол жеңимпаз болып шыкты, олжаны такымына басты. Ол хэммениң көз алдында жаныңнан артык сүйетуғын ашығыңды тартып алды, өз тэрепине каратты, ашығың айтканда, оны бастан-аяк сатып алды, енди баплап сатады, көмине келтирип базарға салады. Сен тағы баска бир нэрседен де айрылдың, жүрегиңде кайнаўытлап турған, мухаббатыңа хэмлэрт болған кеўлиңниң музыкасы сеннен алыслап, тыным тапты. Мейли хэўескерлик дэрежесинде болса да, гейде-гейде барлығын билдирип, баскаларға еситилмесе де, бэри-бир ол кеўилдиң умытылмас мүлки еди, сонлыктан сен оннан хеш кашан айрылысыўды кэлемедиң, оны таслап кете алмас едиң. Мине енди сана-сезимиңниң түбиндеги көзге көринбес симфония әсте-акырын сени тэрк етип атыр, себеби әтирапта ол жасайтуғын мэкан калмады.

Арсен Саманчин сол заматта өзин басып, есин жыйыўға хэрекет етти: булардың барлығы, тек те сезимлер, дыккатыңды баска нэрселерге бөл, пикириңди дуўры жолға сал. Егерде «Мэңги калыңлык» ўакыясы тийкарында опера жазылған, партитурасы да таяр болса, онда бас рольди аткарыўшыға мүнэсип артистти баска калалар, хэттеки баска мэмлекетлерден излеп табыў мүмкин еди. Кымбатыраkка түсер еди лэ, лекин шөлкемлестириў тэреплерин шешиў ғана керек. Логикалык жактан карағанда, солай...

Бирак хеш нэрсеге карамастан, оның жүреги толып таскан жеккөриўшилик хэм өш алыў нийети менен өртенер еди. Хэзир олигарх деп аталыўшы бир кимсе сени аякларының астына салып, тепкилеп атканына шыдаў кыйын еди. Мейли, егер иштейиң ашылған болса, ийтиңниң түбегине шекем алтын кыл, лекин не ушын хэмме сениң алдыңда куллык етиўи, малайға айланыўы, адам жаллап өлтириўден баслап, хүжданын сатыўға барғанға



www.ziyouz.com kutubxonasi

лейинги жынаятларына шерик болыўы керек? Ол булардың соққысына көзлеринен от шығарып жиберетуғын соққы менен жуўап қайтарыўды қәлер еди!

Сонда Арсен Саманчинниң геллесине жаман қыяллар бастырып келе баслады, сол бир нәлетий кимсени өлтирип, өзи де сол заматта дүньядан өткиси келди! Бирге-бир, болады! Сен де-жоқ, мен де-жоқ, боламан! Тамам! Кейин баспасөз хәм басқа ғалаба хабар қуралларында бул ҳаққында не десе сол десин, ҳақыйқатты да, өтирикти де қосып айта берсин-барлығына түпирип қойыпты!

Бурынлары ол теле хәм кинодетективлердеги бир-биреўин өлтирип атырған көринислерге аянышлы күлки менен қарайтуғын еди, жек көрип, олардың үстинен күлип жүрер еди, мине енди өзи де тап кинодағыларға усап адам өлтирмекши: бул жынаятты қылт етпей, суўыққанлық пенен иске асырмақшы: үш мәртебе денесине тақап турып, кейин қалпал болмаслығы ушын геллесине атпақшы, атыўдан бурын душпанына қарап турып ең соңғы ҳүкимин айтады, оның пүткил мийи электр тоғы урғандай, бүрсип-тырсып кеткенин өз көзи менен көреди. Әне оннан кейин тапаншаны өз шекесине тиреп, шүрппесин басады. Болды, жетип келдик шегимизге! Несип етсе енди о дүньяда көрисермиз... Сөйлесермиз...

Арсен Саманчин ол жаққа тек те бир ғана үмит, бир ғана исеним менен кетиўди қәлер еди, ол да болса, иләҳий күшлер Айаны да қайтарып болмас ҳүждан азабына салар, муҳаббатқа қылған бийопалығы, «Мәңги қалыңлықты» қорлағаны оның жүрегин тынымсыз өртер, дозақ жалынында жандырар, деген түйғы еди.

Екеўинен басқа хеш кимге мәлим болмаған Хайдельбергтеги ышқы-муҳаббат тарийхы нашардың есинен шықпай, соңғы мәўритлерине шекем тынышлық бермеслигин қәлер еди. Ол о дүньяда қыздың пушайман болып, өкирип жылағанларын өз қулағы менен еситкиси келер еди. Себеби «Мәңги қалыңлық»тың идеясы булар екеўинде Хейдельбергтеги таў сарайында туўылмағанбеди, айдын кешелер сонда олардың екеўине ғана тийисли болған, орта әсирлерде салынған немис қалашасының романтикаға толы тоғайзар бағында олар сейил еткен: қыз сол жердиң мэриясының мирәти менен концерт берген, ал ол журналист сыпатында оның қасында жүрген.

Ол өзин басыўға қаншама урынбасын — хей, тоқта, сен ойлап атырған нәрсе оғыры ерси, пәс, қала берсе, барып турған жынаят, деп өзин-өзи иркиўге талпынбасын, булар оның кәлбине кәр етпес, өш алыў нийети пәсеймес, жаманлыққа жаманлық пенен жуўап қайтарыў ықласы сирә сөнбес, керисинше, қанын қайнатып, бетерирек күшейер еди. Кәпелимде ядына балалығында кирген бир нақыл түсти. Қырғызлар оны бийшара аўҳалға түсип қалған пайытларда ғана айтар еди: «Эх, болары болар, басыңды тасқа ур, өзиңди аямай қамшыла, душпан саған тасланса, оған хасла бағынба, пайытты қолдан бермe, қанжар ур, ерден қулат, көксине найзаңды шаншып. Ол қолыңнан келмесе, өзиңди өлтир, демек, саған басқа жол жоқ...»

Бул сөзлерди қашан, ким, не ушын, қандай ашыў менен айтқан, ким билсин...

Лекин мине, оның өзи де енди еки жол ортасында қалды: таңлаўы керек — душпанды өлтиреме, яки болмаса өзин өлтиреме! Басқа жол жоқ қусайды. Мине сол ўақытта ол өзин-өзи гүналай баслады — не деген турпайылық!

Бийшара сондай ашыўлы ойлар менен езилип турғанда, кәпелимде қыялына бир пикир келди, өзин дәрҳал терезеден шетке алып, тамағы қырылдап, тутлықты: «Өле ғой, теке! Бағанадан бери не ҳаққында ойлап отырсаң? Атаман, дейсең, не менен атасаң? Бармағыңды қурал етип атпасаң керек, ақыры?

Ол дийўалға орнатылған айна алдына барып, өз келбетине қарап түпириўден сәл сақланып қалды. —Сениң ойыншық тапаншаң да жоқ ғой! Қум гелле!»

Ол адам өлтириўши киллерлер, жынаяттың усыллары хәм жоллары ҳаққында көп оқыған еди — телевидение, кино тоқтамастан усыны көрсетеди, лекин турмыста бул аңсат ис емес. Әлбетте, оны табыў да мүмкин, сатып алыўға да болар, ис сондай болғаннан кейин. Бирақ атыўды да билиў керек... Мине сонысы бар...

Түнде, тап атыўға шамаласқанда, түс көрди, онда ол қолына өзиниң мобил телефонын услап тур, оннан қоңыраў етиў орнына қандайда бир жақты нышанаға алады, ал атылатуғын оқ жоқ... Соның арасында қоңыраў даўысы еситилди.

Арсен Саманчин телефонға келди, бирақ трубканы көтермеди. Силкинип, қолын былғады, хәзир сөйлесетуғын пайыт па? Телефон тағы бир мәртебе шыңғырлады, тағы да жуўап болмады.

Аўа, қурал табыў керек еди — тапанша хәм оқ. Тәшўиши шәрее екен ғой, бул, сирә да ойламапты... Кимнен сораса екен?...

Жақты түсе баслады. Сырттан даўыслар еситилди. Ол болса пүткиллей басы қатқан, не қылыўды билмес еди. Гә жатты, гә турды. Әне машқала! Хәзирги күнде тис шөткасы да зәрүрли болып кеткен, лекин ҳақлында табыў жүдә мүшкил болған бул затты қайерден қыдырсын? Базарды айланып көрсен, тапса болады, дейди. Қанша қымбат болмасын сатып алыўы дәркар, себеби кейин оған пулдың кереги болмайды. Өмир тамамланып атыр — басқа хеш бир тәшўиш жоқ...





www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер тапанша тапса, оны мудамы киседе алып жүриўге туўра келеди, буның ушын қойын қалта қолайырақ — қалған бәрше исленийўи керек болған жумыслар Арсен Саманчинли екилендирмес еди. Қолы қалтырамайды, хәммесин анық-тынық бөжерели, оқлар избе-из атылады, ақырғысын өз пешанасына туўрылап жибереди. Ол бундай жағдайдың туўылыўына исеними камил еди, себеби ол өзи кас еткен кимсе менен хәрдайым ушырасыў имканиятына ийе, өйткени олар бир дәўирдиң аламлары, бир-бирин көптен таныр еди. Дурыс, кейинги пайытларда кемирек көриский болар. Енди ол барлық нәрсеге араласып жүретуғын эстрада продюсери, абыройлы кеўилашар орынларының ийеси, бул да жетпегендей, атың ким — олигарх, хожайын, шеф — тағы да не деп атайды оны, неле болса бурынлары хеш ким таныйтуғын майда, мәдениат хызметкери еди, болғаны. Көрдиңизбе, қайерден бас көтерип шыққанын-базар тайғасынан бас көтерди. Оннан кейин ол кетти, кете берди, пүткил шоу-тамаша, ойын бизнесин қолына алды! Биз хәммемиз жалпыламай базарда ояқ, буяққа жуўырып жүрмиз. Талабы келискенлер бармақ пенен санарлық. Хәмме бәле сонда, ол байлығының көплигинен өзин бульдозер деп биледи. Егерде бир идеяны өлтирмекши, бирсўдиң өмирин аяқ асты етпекши, хаялды өзине бойсындырмақшы болса, әлбетте, буған ериседи. Болды, жетер! Қурал қолға тийсе, қалғаны хеш гәп емес, ерк хәм мәртлик керек, болғаны.

Ол өзин соныңдай исендирер хәм өзи де хайран қалған халда, тек те мен хақпан, деп билер еди. Гейле, рас, қыялынан басқа бир пикир лып етип өтип турар еди: өш алыў нийети аламды қандай күйлерге салыўы мүмкин? Не, жақсылық жолындағы жаманлық па бул? Сондай да болыўы мүмкин бе? Лекин сол заматта бул пикирди ол кеўлинен қуўар еди: және басты қатырыўды баслады, жаңа ғана ойлап турған един-ләрхал пушайман болып атырсан... Жүрегиң дүрсилдеп атырыпты ма? Жақсысы оның жанына қалай баратуғыныңды ойлап кел, бир сөйлесип алайық. Оннан кейин...

Айтпақшы, олар жақында көриский еди, әлле нелер үстинде сөйлесип қалды... Расы, Ерташ буған айрықша дыққат аўдармады, ол тез-тез саатына қарар еди. Ишинен, бул идеяның ышқыпазын көрип, деп күлген шығар бунша да хаўайы боларма, бул ахмақ адам, деген шығар! Дурыс, қайта қурыў деген жылларда олар бираз жас еди, Арсен Саманчиниң өзи сол ўақытларда түрли темаларда мақалалар жазып, жәриялап жүрер, театр хаққында шығып сөйлер еди. Лекин сол ўақытларда Ерташ Курчалов артист сыпатында хеш кимниң нәзерине түспеген еди. Енди ше, оны көриң!... Ол дәўирлер қашшан өтип кетти! Қайта қурыў пайытларында театр жүдә абыройлы еди. Дүньяға жаңа пикир келди. Дәўир театр сахналарында өз көринисин табар еди. Ол ўақытта театр адамлардың көзиниң алдында жаңаланды, кеўиллер толып-тасты, инсан тоталитаризм иллетлеринен азат бола баслады. Қала драмтеатрының әпиўайы артисти Ерташ Курчалов хештенеси менен ажыралып турмады, хеш кимниң оның менен иси де жоқ еди. Сол пайытларда усы орта дәрмиян артистте (рас, оның бой-сыны басқаларға қарағанда бәлент, даўысы да күшлирек, басқа кәсийетлерине келсек, көбирек массалық сахналарда көринер еди) тамаша — шоу-бизнесиниң уллы бир күш-қүдирети жасырынып жатқанын ким билипти, ол бәрше эстрадалар, хәтте стадионлардың хүкимраны болады, деп ким ойлапты дейсиз?

Бирақ сол дәўирдиң атмосферасында «Ерташ Курчал» деген ат пайда болды, кейин бул ат хәммениң тилине түсти, айрықша, жаслар ортасында оғада белгили болып кетти, өзиниң бәрше жалтыр-жултырлары, рекламалары, шаў-шуўлары менен бирге хәмме массалық эстрада тамашаларының хақыйқый тамғасы, белгисине айланды — шоу көркем өнери бундай нәрселерге үлкен пул таслап, тағы тез арада оны артығы менен өндирип алар еди. Ерташ Курчалдың есте қаларлық жарқыраған клип-концертлери жүдә көп жерлерде, Қытайда, Москвада болған сапарларда көзге көринди. Ерташ Курчал соншамалық уста исбилермен болып шықты, эстрада майданларын ийелеўде оған енди стадион ғана қалып еди. Айдана Самарованы мине сол Ерташ Курчалдың сыйқыры қүдиретли күш пенен өз тәрепине тартып кетти.

Енди Айа, Айдана Самароваға не болғанлығын болжап отырыўдың ўақты өткен еди, қалайынша, қай тәризде опера театрының жетекши солисти ол Ерташтың бизнесиниң қулына айланды, бәрше телеканаллардан қайта-қайта шығатуғын болды, адамлардың көз алдында күннен-күнге абырой арттырып, жарқып, шарықлаған эстрада жулдызының атын алды, попса көркем өнерине жаныўрылып келген тамашагөйлер алдында даўысын да, көринисин де өзгертти, «голливудша» сахнаға шығыўларды үйренди, гәптиң қысқасы, пүткил тәғдирин қайта қурды. «Поезд жүрип кетти» деген көп қолланылатуғын гәп бул орында хақыйқый өз мәнисин тапты. Сондай болып еди, олар Айдана менен бирге Хейдельбергке бир поездта келди, тәғдир оларды Хейдельберг сарайында бир бөлмеде турыўға миясар етти, сол жерде көллерине мухаббат ушқыны түсти, хәм де мине сол жерде бир-бирине «Мәңги қалыңлық»ты жаратыўға ант ишип, үәде берди, енди қараң, хәммеси сондай бола турып, пүткиллей басқа тәрепке кетип баратырған поездға отыра салып, қыз кетти де қалды. Арсен болса, таң бир көзден ғайып болып баратырған вагонлар артынан шпаллардан-шпалларға секирип, адам жоқ


www.ziyouz.com kutubxonasi

сахрада жалғыз жуўырып баратыр, делбелерине дад салып бақырып киятыр, лекин даўысы шықпай сыбырланады: «Ай-а-а-а! Ай-а-а-а! Бизиң «Мәңги қалынлығымыз» не болады? Қайт, қайт! Ай-а-а-а! Ай-а-а-а!» Бирақ ол нашар қайрылып та қарамайды... Ким оны жолдан урды, ким үлкен пулларды шашып бийхуш етти, бунысы енди мәлим. Бул локомотивти айдап баратырған кимсе, илгери хеш ким танымайтуғын, ендиликте болса, даўрығы дәстан Ерташ Курчалов еди.

Ал енди Арсен сыяқлы дәрўиш жигитке, көзге көринбес поездтың артынан қышқырып жуўырыўдың не кереги бар десең-ши, бунын үстине бәрше жалбарыныўларына көк аспаннан мысқыллап күлген даўыслар келеди: «Жилли! Тентек! Есерсоқ!». Оннан көре бәрине бир қол силтеп, бар-э, деп кеткен хәм умытқан мақул емес пе?

Бирақ Арсен Саманчин заманагөй шоу-тамаша бизнестиң қайсар, дейдинен қайтпайтуғын кәсийстин канша терең түсинбесин, бәри-бир өзиниң бийиқтыяр, қуйылып келе берстуғын қыялларынан хасла қутыла алмас еди. Ол өзиниң пикир-ойларына байланып, бенде-тутқын болған, өмири сол бир идеяға гиреўге қойылған сыяқлы, басы жабық көшеге кирип қалған еди. Бәрше алдыңғы қызығыўшылықлары енди әсте-ақырын сөнди, жаратылыстың арқа тәрепине сүрилди, тек те Айдана хәм «Мәңги қалынлық» қыялы умытылмай қалды.

Соған қарамастан ол муламы тәбийий тәризде ықтыятлық пенен қарайтуғын массалық мәдениятт жәхән бойлап табысларға ерисип, қәдем таслар, онын үстине саўда-сатлықтың океан дәрежесиндеги толқынларына ерисип, кем-кем күш-қүдирети күшейип атырғаны сезилер еди.

Сонда ол жер жүзиндеги пүткил масс-медианың тилинен түсинбейтуғын массалық мәдениятты сыпатлаў ушын жаңа бир сөз тапты, оны көтере товар, оған ылайық болған көтере саўда мәдениятты, деп атады. (Қәне, мархамат! Массалық мәдений бунпан шыбын шаққан шелли зәрер көрмейди!).

Жақында қаланың 250 жыллығы нышанланды, соған бағышланып қала байрамында шөлкемлестирилген шоу-тамаша концертте ол бул атаманың соншелли анықлығына және бир мәртебе исеним арттырды.

Қараңғы кеш еди, мыңлаған тамашагөйлер менен толған стадион тоғайдай тербелип, шырақлар нур шашып парлар, рәңбәрән афишалар жанар, электрон афишалар жылтырар еди. Байрамға келген тамашагөйлердиң көпшилиги жаслар еди, олар кеўиллери шад болып отырар, таўлардан ескен салқын самалдан рәхәтленип, көтеринки кейпиятлар билдирер еди.



Хәмменин ойнағысы, күлкиси келер, тамашалардың тоқтаўсыз даўам етиўин тилер еди.

Тамаша солайынша өте берди. Қулақты жарып кете жазлаған музыка стадион бойлап тарала баслады, үлкен сахнада бәрше хореография усылынлағы аяқ ойынлар ойналар еди, балет керек болса да, усы жерде, аяқ ойын десеңиз де, усында, оларға сай рәўиште кийимлер, безеў көринислери де тез өзгереди, лекин бул күлиретли сахналық тамашалардың көрки, шыны, тийкарғы периштеси болып Айдана Самарова турар еди! Бул шаўқым-сүренли рок-концерт, тек те оны, Айдана Самарованы халыққа жулдыз етип көрсетиў ушын шөлкемлестирилген еди!

Шынында да, онын ашық стадионды көклерге көтерип атырған мөлдир, терең даўысы, сәрўидей келискен, қыпша белли, бийик кәдди-кәўмети, өзине жарасқан, денени жүдә ашып тасламаған кийимлери хәм безеклери, онын әтирапында музыка ырғақларына сай аяқ ойынға түсип атырған жас жигит-қызлардың гөззал көринислери, сулыў хәрекетлер менен майысып-қайысып ойнаўлары — булардың бәри тамашаға келгенлерди бийхуш етип, йошлы байрам кейпиятларын пайда етер еди. Хәмме сахнада Айдананың қасында, онын менен бирге болыўды кәлер еди. Пүткил стадион бир оқсанға айланып, қолларын бәлент көтерип, толқындай шайқалар еди. Тек те Арсен ғана: «Опера периштеси шлягер малийкасына айланды!» деп ойлар еди. Бирақ онын бул пикирлери менен хеш кимниң иси жоқ. Керисинше, Айдана сахнада шериги менен көриниўден хәммеге мәлим «Лимузин» деген қосықты атқара баслағанда, тамашагөйлердин қуўанышлары хаўаға вулкандай атылып, өзиниң ең жоқары шоққысына шықты. Бул қонсы өзбеклердиң жеңил қосықларынан болып, ол олардың тилинде айтылмақта еди, өзбек тили бул жерде хәммеге түсиникли еди. Тағы шығыс музыкасы хәммеге таныс хәм жағымлы ырғақлары менен айтылар, электрон даўыслардың шаўқымларына сай рәўиште стадион үстинде қысқа хәм ықшам сөзлер жаңлап еситилер еди: «Сен мени сүйесең бе? Сен мени сүйесең бе? Лимузин бересең бе? Лимузин бересең бе?» Буған қосықшының шериги қосылып, аяқ ойынын күшейтип: «Мен сени сүйемен, мен сени сүйемен, лимузин беремен, лимузин беремен» — деп шоқ жуўап қайтарар еди.

Енди мине қызығын көриң! Мыңлаған адамлар бир кейпиятқа берилип, емиренер, толқынланар, нақыратқа күш берип, қолларын аспанға созып бир хаўаз бенен: «Ли-му-зин! Ли-му-зин! Ли-му-зин!» деп қыйғырар еди.

Әйне усы ўақыттың өзинде стадионның төрт тәрепине орнатылған үлкен панорама экранларында көринис көзге тасланады:



www.ziyouz.com kutubxonasi

үсти ашық, салтанатлы узын лимузинде ашық-машық Айдана хәм оның шырайлы шериги ушып барар еди. Машина рулине гә бунысы, гә онысы отырып, гөззал тәбият қушағында: гейде қарлы таў дизилмелери, гейде көгиллдир айдын жағалаўларында, гейде шырайлы көпирлер, гейде шексиз сахралар үстинен зымырап өтер еди, қуслар толасы лимузин изинен дизилисип ушып жүр. Мине, қала шетиндеги үлкен бағқа жетип, лимузин тоқтады, бахтияр жигит-қыз машинадан түсти де, қушақласыўы менен жарқыраған рекламасы көз тартқан ресторанға қарап жүрди, кейин тағы лимузинде ушып кетти.

Музыка ырғағын көтерер, стадион бир аўыздан жар салар еди: «Ли-му-зин! Ли-му-зин! Ай-да-на! Ай-да-на!».

Арсен Саманчин уялғанынан өзин қоярға жер таба алмас еди. Лекин ол толқынланып турған аламан алдында ким болыпты? Ол да тамашагөйлерге қосылып бийықтыяр хәмме қатары қышқырды: «Ли-му-зин! Ли-му-зин! Ай-да-на! Ай-да-на!»...

Ең соңында күтилмеген байрам тамашасы басланды — түн аспанға атылған фейерверклер нурынан жақтыланды, алыс-алыс көк жийеклерге рәңбәрең ушқынлар шашылып, жулдызлар киби жарқырады. (Ох, мына кеңисликке қараң! Жасасын азамат қала хәкими! Бундай нәрселер тек те оның қолынан келеди! Оның артында ким турыпты? Тағы да сол-сол — Ерташ!). Бунын бир қызық жери сонда, байрам фейерверклери, әлеттегидей, салтанатлы әнжуман өтип атырған жақын жерде емес, узақ, қала шетинен шығып атыр. Қалаға тутас таўлық үстинен күшли ракеталар аспанға ушып шығар, олар жоқарылаған сайын фейерверклер хәр тәрепке парлап шашылар еди. Олардың хәр бир атылысы хәдден тысқары шырайлы шықты. Мине усындай әжайып көрикли тамашаны ким шөлкемлестирди? — деген сораў келди оның қыялына. Ким болар еди, әлбетте, Ерташ Курчалдың өзи. Лекин булардың барлығы қала байрамы хүрметине өткизилип атырған болса да, хаслында сахна жулдызы Айдана улығланып атырғандай еди! Себеби музыка ырғақлары тынбай шарықлар, гөззал лимузинде еки бахтыяр ашық-машық телеэкран панорамаларында қанат қағып ушып барар, сол заматта рәңбәрең фейерверклер түнги аспанға әжайып шуғлалар шашып, көкке қарай бәлент урылар еди. Тап бир пүткил жер жүзине жулдыз руўхы шашылғанға мегзер еди...

Сол ўақытларда және бир ўақыя жүз берди, буны хеш ким билмеди, оннан хәмме бийхабар қалды...

Ушқынлары шар тәрепке шашырап атырған жалын соңындай бәлент көтерилер хәм жер жүзинен, тап узақ-узақларға шекем, таў дизилмелерине дейин соншамалық нур таратар еди, буннан



үркип оянған қуслар шағыр-шуғыр шаўқымласып, асырымдағы таў етеклеринде мүлгип жатырған Жаабарс та сескенип, көзлерин ашты. Ол аяғына минип, тап бир таўлар баўырынан атылып шығып атырғандай, узақтағы оттың жақтыларына қарады. Яқ, аспанда ушатуғын жулдызлар емес, бәлки илгери көрилмеген басқаша бир нәрсе еди. Жабайы хайўан жасырынбақшы болып урынды, лекин хәрекетлери босқа кетти. Тап бир усы жерге келгели мурад-мақсети зая кетип атырғандай, асырымнан асып өтемен, деген әрманлары босқа кеткендей, бәлент шоққылы таўлар қойнында ғайып болып кетиў арзыўы орынланбай қалғанға мегзер еди. Тәғдир негедур оны усы жерде услап, хасла қоллап-қуўатламас еди. Шынында тәғдир бәрин ислей алады ғо, сонда неге қаңғымай Жаабарс оған бул жерде керек болып қалды. Ким билсин оны? Тәғдир мудамы үнсиз... Лекин сол бир кеште байрам фейерверклериниң ушқынлары Жаабарс нәзерине жетип келгени, бәлки, көк аспанның кәлеўи шығар...

Ал стадион болса, қайнап-тасар, рок-концерт ырғақларында бир қыйлы лаўыс пенен қыйғырар еди: «Ли-му-зин! Ли-му-зин! Ай-да-на! Ай-да-на!»...

«Әне ол көтере саўда мәденияты лимузининде кетип баратыр!» — деп қыялынан өткерди Арсен Саманчин. Кейин тағы сол сораў келди: «Мәңги қалыплық»тың тәғдири енди не болады? Кейин еки квартал арманыракта машинасын бәндиргиде қалдырып келген, рәңбәрең сырт ел машиналары арасында турған өзиниң «Нива»сына баратыр екен, бул өмир қаншамадан-қаншама үйлеспеўшиликлер, нур хәм саялар ойынларынан ибарат, көтере саўда мәдениятының изинен қуўыў соңлай ма екен, деп ойлап-ойлап ой түбине жете алмады. Мәмлекетте не деген жалпыламай жарлылық, көтере жумыссызлық жүз берип атыр! Жас жигитлер көшелердиң бойында қатарласып отырып, «бизге жумыс бериң!» — деп жазылған плакатларды көтерип алған, олардың көпшилиги қаңырап қалған аўыллардан келген. Бул инсан хәмжәмийетине шақырық, демек, ол жаңа әўладтың ықтыяжларын қанаатландырыўға әззи, хәзирги заман дүньясы оларға: «жәмийетке сен керек емессең, көзиме көринбей жоғал», деп атырған сыяқлы. Бизлер — иси оңынан келгенлер ғана лимузинлерге минип, алға барамыз» деп атырғандай.

Ол сондай қыял сүрип, өзиниң совет дәўиринен қалған «Нива»сында түнги көшелерден кетип барар, буннан артық машинаны кеўли де қалемес еди, соған үйренип қалған, басқасына қалтасы да тарлық етер еди! Хәмме лимузинде жүре алмайды ғой. Айа «лимузинлескен» болса, Алласы оған яр болсын. Енди



www.ziyouz.com kutubxonasi

ол зор жулдыз, қасына жақынлап болмайды, хәмме жағында қорықшы, қоныраў етсең жуўап бермейди... Бурынғы ери менен жараса алмаса керек, адамлардың айтыўларына қарағанда ол көп жыллардан бери ишкиликке берилип кеткен қусайды...

Оны айыплаўдың кереги жоқ. Өмирде нелер болмайды. Хәр баста бир саўда... Лекин кеўилди кең ашып ойлап қарағанда, жағдайды қалыс бахалап көргенде, айрықша хаўазға ийе болған опера артисти Айдана Самарованың кескин шешимге келген себебин түсинип жетиўге, аңлаўға урынып көрсең билесең, шынында да, оның тийкарғы жумыс орны — Милан сахнасы, лекин оның бундай поп-мәдений аспанында шарқ урып, даңқ көтериў, абырой изинен делбелерше қуўып кетип баратырғанын мақуллаў қыйын, әлбетте! Бирақ булардың үстинде пуллардың жапырақтай ушып жүргенин айтпайсызба!

Тоқта! Бул оның иси, оның хақы! Сен болса аттан қулаҳың, соның ушын жаның күйесең, ғәзебиң келеди, жаманлайсаң... Шынтлап мойынла, деп өзине тәселле берер еди Арсен Саманчин, қарсыласларың сеннен күшлирек екен! Сен ким, журналистсең, яқшы, бийғәрезсең, сен танымалы адамсаң. Оның да кимлиги мәлим. Олар басқа-басқа дүнья. Биреўиңиз-массмедия аспанында жулдыз, екиншиңиз-тағы усы массмедия қумырсқасы. Сонысы белгили, мухаббат хәмийше имтиханнан өтеди, кери жағдайда небир азап-ақыретлер, не бир қуўаныш-шадлықлар, небир қайғы-хәсиретлер, пәлекетлер болады... Не иләж, таўлардан қар көшкилери түседи, хеш ким оны тоқтата алмайды. Хәр бир мухаббаттың өз дәптери бар, азап-ақыретлердиң өз бахасы болады. Сен болса, өз дәрт-хәсиретиңди массалық мәдений, глобализациядан көрмекши боласаң. Саған ерк берсе қулайға шекем жетип барасаң, оның сақалына асылып, сүйрей баслайсаң. Көрдиң бе, қандай адвокат, ҳуқық қорғаўшы екениңди. Өзиңе кел!

Сен базы бир сораўларға жуўап бериў хәм басқаларды да исендириўге урынып көр. Массалық мәдений «Мәңги қалыңлық»қа қандай усыллар менен қарсы турады, оны қалайынша инкар етеди? «Мәңги қалыңлық» бул жерде қалай пайда болып қалды, қаерден келди? — соны айтып бер: Айа екеўиңиз бир-бириңиз бенен әўере едиңиз, сиз мухаббат толқынларына шомылдыңыз, екеўиңиз теңлей, бурынғы өмириңизде тек те усы ап ғана келиўин күткендей едиңиз. Соның менен мухаббат не екенлигин билиў имканиятына ийе болдыңыз, ол сизге тәғдир инәм еткен жаңалық болып келди. Бир жағынан күлкили болып түйиледи: ақыры екеўиңиз де жас өспирим емес, басыңыздан турмыс тәжирийбесин өткизген едиңиз, бирақ тәғдир сизди өмир сынақларынан азат еткен екен. Буның ушын сизге Европада айрықша орын таярлады — таў жанбаўырындағы ески сарай, салқын саяманлы бағ инәм етилди, көктеги толық ай сизлерди булытлар арасынан сығалап, бақлап турды. Екеўиңиз бул жағдайды хәзил-дәлкек етип: мухаббатымыздың туңғыш сахнасы, деп атадыңыз, тәғдир екеўиңизге сол күн хәм сол саатларды рәўа көрген екен, болмаса сен қырыққа келип қалған, Айа болса отыздан асыпқыраған жуптылар едиңиз. Лекин гәп бунда емес, сизиң хаўайы ышқы-сезимлериңиз өтеди-кетеди, гәп сонда, сол күни еки сүйискен бенделер қасында Мәңги қалыңлықтың өзи пайда болды, дизе бүгип, өзин қутқарыўды өтиниш етти, жарық дүньядағы хәмме адамлар сағынып еситетуғын гөззал хаўаз инәм етиңлер, деп жалбарынды, мен де қосық айтып қәлбимди ашайын, мени мәңги қалыңлыққа айландырған айралықтан әңгиме етейин, мен де өз сүйиклимди табайын, деди. Оның пайда болыўы менен ашық-машықларда дөретиўшилик қыял-опера жаратыў пикири оянды, нийетлери беккемленди. Сен енди Мәңги қалыңлық пенен ушырасыў қәпелимде көз алдыңызда жүз бергенлигин адамларға айтып бер, оларды исендириўге хәрекет ет, екеўиңиз оны қутқарыў, сахна арқалы, операда дүньяға көрсетиўге ант ишкениңизден хабардар ет, Айа Мәңги қалыңлықтың қосықларын айтады, Айдананың өзи толқынланыў менен сөз берди, егер тири болсам, соңғы демиме шекем «Мәңги қалыңлық»ты жырлайман, деди.

Тоқта, тоқта, гәпти узаққа алып қашпа! Ким бундай инсан ақылы жетпес әжайып ўақыя жүз бергенине исенеди? Ақыл-хушы өзинде хәр қандай адам да былай дейди: хәммеси биймәни, ялған ойлап табылған гәплер, ертек, әпсана, халық арасында жүрген, аңыздан парқы жоқ, мәзи қыял. Әлбетте, бундай гәп-сөздиң болыўы тәбийий. Соған қарамастан Мәңги қалыңлықтың космослық бир тәризде пайда болыўы, оны Арсен Саманчинниң жүрегинде өлмес образға айландырды. (Шынында, сол ўақытта Айдана да оны сөйтип, қыялына келтирер еди, бул мәселеде олардың екеўиниң ишки кеширмелери бир-биреўине сәйкес келер еди. тилекке қарсы, буннан кейин Айдананың пикири өзгерди хәм артқа шегинди — «лимузинге минип ойнаўға кетти», дурысырағы оны жолдан шығарды, бизнеске қул етип тутқынға алды, лекин хәзир гәп бул хаққында емес). Оның жетимсиреген жүрегине қалыңлық образы терең орнады, оны Қудайдың инәмы деп қабыл етти, өлмес исеним-ықрары, таўсылмас дәрти, азабына айланды. Ақыры хеш ким Қудайды көрмеген, лекин адамлар оған исенеди, Қудай бар, деп биледи. Ийман-исеним мине усылай пайда болған болса әжеп емес, сүйикли образды руўхый көз алдыңа келтириў арқалы оған мухаббат туўылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап усыған мегзес ўақыяны сонда олар Хейдельбергте басынан кеширди. Айдана Самарова жалғыз өзи бир концерт бериўи керек еди. Концерт үлкен жетискенликлерге еристи. Әлбетте, Айдана Самарова өзинин Хейдельбергке мирәт етилиўинде Арсен Саманчиннин хызметиниң де барлығын билер еди. Буған Арсеннин жақын яр-дослары, журналистлер, музыка усталары жәрдем берген еди.

Сырт еллик музыка ықласбентлери ушын классикалық қосықлар атқарыўшысы Айдана күтилмеген ўақыя болды. Европада бундай жеке концертлерди өткизгенде, хәмме жаққа афишалар жабыстырылады, қосықшы хаққында жаңалықлар да хабар етиледи, телевидениеден оның қосықлары бериледи, газеталарда пикирлер, мақалалар шығады. Айдана Самарованың концерти ески Хейдельберг ширкеўинде өтти.

Ибадатхананың көркем өнер мәресимлери ушын ажыратылған немис диндарлары бөлмесиниң бериліўи айрықша хүрметтиң белгиси есапланар еди. Ширкеўдиң бәлент бинасы ишинде жанлы хаўаз оғада әжайып саза берип, еситиледи, ол әсирлер бойы классикалық ырғақларды тыңлаўға сайкеслестирилген. Айдана орган хәм фортепьяно әсбапларының жәрдеминде италиянша, русша хәм немис қосықларын атқарды.

Бир қанша қосықларды ол ана — қырғыз тилинде орынлады. Узақ даўам еткен қол шаппатлаўлар болды, ибадатхана ишин толтырған тыңлаўшылардың көзлери руўхый қуўаныш пенен парлап, жылтырар еди.

Табыстың қуўанышлары хәм илхамлары олардың мухаббат туйғыларын және де өткирлестирди, олар бурынғыдан да бетер жақынырақ болып қалды, бир-биринен хеш те ажырасқысы келмеди.

Сол қуўанышлы мәўритлерде олардың қасына Мәңги қалыңлық келди. Концерттен кейин олардың хүрметине ширкеў қасындағы ресторанда киширек болса да, қабыл мәресими хәм зияпат берилди, кейин булар екеўи Хейдельберг сарайы әтирапындағы бағда сейил етип жүрди: оларды ең хүрметли қонақ есаплап, сол күнлери Хейделъберг сарайына жайластырған, әжайып бир шараят жаратып берген еди. Сарайдың төменги қабатындағы барда бираз отырып, азы-кем виски ишкен соң олар тағы да гөззал қыябанларды сейил етиўге шықты, бәлентликте турып ярым кеште ертеклердегидей көринистеги ески қаланы тамаша етти. Қолай орынлықта отырып, музыка хаққында әңгимелести. Күтилмегенде Айдана оннан сорады:

— Арсен, сен қандай қосық айтып бериўимди қәлейсен?

— Хәзир ме?



— Яғ-аў. Симфониялық оркестр менен болған бир концертте. Сен залда отырасаң, мен сахнада турып әйне саған бағышлап қосық айтаман. Нени айтқанымды қәлер един? Италянша қосық жағады ма?

— Сениң көп қосықларың маған жағады, Айа. Италянша, испанша — жақсы. Лекин ең жағымлысы не, билесең бе? Мен-ше, телбе боламан, Айа, көптен бери әрман етемен, тап хаял хаққында жасырын арзыў-әрманлар еткен дәрўишке усайман. Сениң атқарыўыңда Мәңги қалыңлықтың қосықларын еситким келеди.

— Мәңги қалыңлықтың қосықлары? — деп хайран болды ол. — Билесең бе, усы әпсана қулағыма шалынған, лекин опера ушын музыка, либретто, тағы оғада көп бир нәрселер керек... Сен хақыйқаттан да хаялды әрман еткен гүнәкар монахтың тап өзисең!

— Аўа, әрманлардың қорқатуғын жери жоқ, лекин жол әрманға қарай бурылыўы керек...

Бул «Мәңги қалыңлық»ты қойыў жолында (мәйли, хәзирше қыялларда-ақ болсын) дәслепки қәдем екенлигин олар сол бир демлерде аңлаған ба еди, яқ па, бунысы нәмәлим. Арсен Саманчин өзинин узақ әрман еткен нийетин Айданаға туңғыш мәртебе айтпақшы болып, тап мине усы мәўритлерди күткендей еди. Тәғдир оларды сол заматта, сол жерде усының ушын ушырастырмағанбеди?

* * *

Егер сөз тәғдир хаққында кетсе, онда Арсен Саманчинге сол тәғдир инәм еткен мәўритлерде, көп узамай, сол бир тарийхтың әтирапында, қыялына бурын хасла ойламаған, адам өлтириў хаққындағы қорқынышлы пикир келетуғынын билер ме еди. Ол түпсиз тұңғыйық үстинде дирилдеп тураман да, лекин хасла шегинбеймен, деп ойлағанба еди. Оның хәзир, итимал, басқа биреўлер ушын аңсат, лекин бунын ушын оғыры қыйын, бир гәшўиш, түнде де, күндиз де мийин теседи: ойлаған исин жүзеге шығарыўға қураллы қаерден табады?

* * *

Тағы да тәғдир хаққында. Жаабарс бул пайытларда еле Үзеңгилеш асырымында еди, хәмийше тәғдирден мийрим-шәпәәт күтер-асырымнан арман өтиў ушын мәдат тилер хәм тәрки дүньяға өтип кетермен, деп үмит етер еди.

Бирақ хеш ким — инсан да, мақлук та алдында не боларын билмейди. Бир қарағанда олардың тәғдирлери ортасында хеш



www.ziyouz.com kutubxonasi

кандай бир-бирин байланыстырыўшы, хеш кандай уксас нәрселер жок еди, лекин бир-бирин танымайтуғын, билмейтуғын еки жанзат — инсан хәм маклук, мәлим бир шәрт-шараятлар, ҳал-аўҳалдын тәсири менен бир түрли тәғдирдиң нәзери астында калғанлыклары тосаттан болмай, олардын өмир жолларында әлле қашан көрсетилген еди. Дүньяда нелер болмайды өзи.

Сол түнде Хейдельберг бағында, өзлери жекс калып, сүйискен жуптылық бир-бирине жакынласып, кем-кем түсинисип әңгимелескенде, айтайық, әпсанәўий Мәңги калыңлықтын кайта туўылыўы, ашыклардын көз алдында пайда болыўы мүмкин бе еди? Мухаббат сезимлери қайнаўытлап турған мәхәлде әпсанәўий шахстын кайта тирилиўи шынлыкка жакын келе ме? Акыры, онын ушын мухаббат трагедиясы жаратылыстын ен соңғы халатына айланбағанбеди? Арсен Саманчин, аныгына келгенде бундай жағдайдын жүз бериў мүмкиншилигин инкар етпес еди. Акыры, дүньядағы коп нәрселер акыр акыбетте сүйискенлердиң өз бахыт-ыгбалларын теберик әлемге саўға етиўге таярлыкларына байланыслы.

Мине усы нәрсе Арсенди өз Айасына Мәңги калыңлык әпсанасын гүррин етип бериўге илхамландырды.

— Мен балалығымнан бери, бизиң Узенгилеш таў дизилмелеримизде хәзирге шекем Мәңги қалыңлық сергизлан-себил болып гезип жүреди, деп еситкенмен, мен буған исенемен, билдиң бе?

— Билемен, билемен! — деп шын кеўли менен тастыйыклады Айдана, сүйкимли мыйык тартып, алаканы менен оның мойнын сыйпап. — Сениң гәплериңди жан-тәним менен еситемен, тап бир мени еркелетип атырғандай етип сөйлейсең. Қара, Арсен, әтирап кандай гөззал. Түн, ай жакты, шыраклар ертектеги сыяклы. Ексүйимизден баска хеш ким жок. Хәттеки бағдағы куслар да үнсиз, жым болып калыпты. Айта бер, айта бер.

— Мәйли. Куслар жым болса болсын, лекин мен Мәңги қалыңлықтың тарийхын айтып шаршамайман. Буны әпсана, яки хакыйкатлык деў мүмкин, және ким биледи, буны кәлегенше талкылаў мүмкин шығар, лекин мен ушын бул сирә әпсана емес, Айа. Узак таўлар ишинде оның лып етип ушып өткенин көрип калыў мүмкин, кейин дәрхал көзден ғайып болады. Оның рәўиятын бизиң тәреплерде узак ўакытлардан бери әңгиме етип жүреди, хәмме оның таўларда гезип жүргенине исенеди, жоғалған күйеўин кыдырады, дейди. Оның артынан урлап кеткенлер жүретуғын кусайды. Оның сүйиклиси нәўкыран, мерген аңшы изсиз жоғалған. Душпанлары оны үңгирге жасырғанба, яки тилин суўырып алған ба, ким билсин? Адамлардын бир-бирин көре



алмаслығы, мәккарлык, бийлик ушын талас — хәммеси де бар бул жерде. Кайсы дәўирди алып карама, бәри де сондай.

Билесенбе, бизиң таўларымызда сондай әдет бар — хәр жаз келгенде, ай туўылған түнде Мәңги калыңлыкты сағынғанлар бәлент таў шоккысында от жағады, калыңлык жалынды алыслардан көрсин, дейди. Шаманлар болса, барабанларын кағып, аяк ойынға түседи, калыңлык хәм күйеўдиң атын айтып шакырады, оттың касына жыйналыўға мирәт етеди. Хаяллар оттың касына топланып, жоклаў айтып жылайды. Айтыўларға қарағанда, калыңлык караңғы, саялағы бир жерге келип, адамларға ийилип сәлем берер екен, сон дәрхал көзден ғайып болатуғын кусайды. Кәлесең жүр, барға барайык. Азырақ виски ишсекпе екен, калай көресең?

— Бизлер бардык ғой ол жерге. Сен азырак тарттың. Керек пе тағы, Арсен? Мен Мәңги калыңлыкка катты ашынаман, нәзеримде биз оны деп усы жерге келгендеймиз.

— Солай да болыўы итимал. Соның ушын мен саған бул ўакыяны айтып бермекшимен. Мәңги калыңлык ушын отты Кытай тәреплерде де жағады. Шегара хәм Узенгилеш таўының арка тәрепине өтсең, ол бете узак заманлардан берли бизге әғәйин кырғыз кәўимлери тиришилик етеди, лекин биз олар менен көп көрисе алмаймыз, асырымнан армаған өтиў кыйын, оған жаз айларында барыўға болады. Бир жыл бурын мен ол жерлерде өзимниң журналистлик ислерим менен болғанман. Узенгилеш аркалы самолётта, кейин машинала бардым. Жүдә әжайып адамларды ушыраттым, газетаға кызыклы макалалар таярладым, лекин хәзир гәп бунда емес, сол жакта, Кытай тәрепте, таўлардын ишинде жергиликли кырғызлар Мәңги калыңлык рәўиятын билер екен, жаз келгенде, ай толысканда, бәлент таўда от жағып, Мәңги калыңлыкка мәдат болсын, деп әрўакларды шакырар екен, оларды өз көзим менен көрип, хайран болып калдым. Лекин Кытай кырғызларының бир кызык әдети бар екен. Дәстүр бойынша от жағар алдында еки шырайлы кыз набада Мәңги калыңлыкка зәрүр болса, минип кетер, деп ертленген, таяр атты тутып турар екен!

Айдана буған хәзил айтты:

— Хейдельберг төбешигинде де Мәңги калыңлык ушын от жаксак калай болады? Буған не дейсең, Арсен?

— Неге жакпас екенбиз? — деп күлди Арсен Саманчин. — Ертеректен ойласак болар екен. Курғак шөп керек. Шаманды каяктан табамыз? Калейсең бе, өзим шаман боламан?

— Бул хәзирги заман кийимлеринде шаман кандай болып көринер екен? — деп шакалаклап күлди Айдана. — Әжайып! Сеннен



www.ziyouz.com kutubxonasi

зор шаман шығады. Бирақ келеси сапар, бола ма? Өйтпесек, қала төбешигинде от жағып, хәммени тәшўишке салыўымыз мүмкин, тағы халық аралық жәнжел шығып кетпесин.

— Бул тәпиңде де жан бар! Пүткил Европаға даңқымыз таралып жүрмесин, тағы, — деп басын шайқап, күлкисин тоқтата алмас еди Арсен Саманчин, нашардың ийнинен қушақлап. — Не деген әжайып, бул бағ! Сени шаршатып қоймадым ба, Айа?

— Қаяқтағыны айтасаң, мен дем алып атырыппан, мен бахытлы екенмен, Мәңги қалыңлық та биз бенен бирге!

— Рахмет. Олай болса есит. Бизиң таўларымызда зор күш хәм ғайратқа ийе болған нәўқыран аңшы жасар еди. Ол қуўса, таў ешкисинен озар еди. Жолбарыс хәм барсларды тута алар еди. Қолға түсирген олжалары менен қәўимдеги көп шаңарақларды бағар еди. Адамлар оны хүрмет етер, елге жол басшы, бий болады, деп үмит етер еди. Бир күни қәўим-қарындаслары менен арғы алапқа зияпатқа барып, ол жерде айдай сулыў бир қызды ушыратып қалыпты. Бир-бирине мехирлери түсип, ол күнде, гейде күн ара атта таўлардан асырылып өтип, қызды көриўге баратуғын болыпты. Бир күни бир көреген хаял қызға пал ашыпты, аспанда айрықша жулдызыңыз бар, депти. Бул мухаббат жулдызы, ол тойларыңыз болатуғын күни көкте жарқырап, жанып турады, таўлар үстиндеги хәмме жулдызлардан жақтырақ парлайды, таң атқанша орнынан қозғалмайды, тек те булт басса ғана көринбей қалады, депти. Сулыў қыз буны аңшы жигитке айтып берген екен, ол маған да бир көзиашық пал ашты хәм сырлы нәрсени айтты, деп жуўап берипти: «Мен саған үйлениў ушын туўылған екенмен». Сонда сулыў қыз аңшы жигит пенен ант-суў ишисип, тап өле-өлгенше сениң менен бирге боламан, депти.

Айлар-күнлер өтип, сәти түскен бир мәхәлде аңшы жигит пүткил қәўим-қарындасларын алып, сулыў қыздың аўылына сүйиклисин айттырып барыпты. Үлкен тамаша-байрам болыпты. Қонақлар таў ортасындағы сай бойындағы отлаққа тигилген жүзлеген отаўларға жайласыпты. Қалыңлықтың ата-анасы, жақын қәўим-қарындасларының саўғылыққа алып келген саўғаларын айтпайсыз ба! Жылқы үйирлери менен, пада-пада қой-ешкилер, алтын қуйылмалар, күйеў болған аңшы жигиттиң өнериниң жемиси — рәңбәрәң түстеги хайўанлар — қундыз-сусарлардың қымбат баха терилери. Хәммесинен де зоры-күйеў еки ийнине таслап, алып келген барс терилеринен өтпес екен. Бундайларды қолға түсириўге тек те уллы аңшылар ғана миясар болады. Бул саўғаларды аңшы үлкен хүрмет-иззет пенен қалыңлығының ата-анасына инәм етипти. Барлығы шаттыққа-қуррам болып, күйеў менен



қалыңлығын дәрья бойына ертип барыпты хәм сол жерде оларды унастырыў мересимин өткерипти. Бул мересимнен хабардар дәрья олардың пәк мухаббатына гуўа екен. Енди той, жети күннен соң таўлардың арғы тәрепиндеги күйеўдиң аўылында, өтетуғын болыпты.

Унастырыў қуўаныш шадлықлары, зияпатлар таң атқанша даўам етипти. Лекин бул жерде де көпшилик ишинен буны көреалмаслар, душпанлар шығып қалыпты. Күйеўдиң даңқ-абыройы, ел-журт ишиндеги хүрмети, белгили аңшы екенлиги олардың ғәзебин келтирипти. Лекин хәммеси де, көркем, мәрт, ақыл-парасатлы, ерки беккем, ғайратлы бул жигит тез арада, қула-жек-жат, туўысқан-қарындас болып кеткен еки елге бас болады, ол бул үлкеге бий болса, қуба-қуп жарасады, десе, халық ишинде жүрген бул гәплер екинши бирсўлердиң қәхәр-ғәзебин келтирер, оннан өш алыў нийетин қоздырар еди. Душпанлар оның бий болып кетиўин көре алмас еди. Соның ушын да сумлық ойлап, питне уйымластырып тыңды.

Өлимди мойнына алып, жеккеме-жекке, хақыйқый саўашқа шықса да мейли еди, жерге таласып емес, мәмлекет ушын емес, хәкимликке таласып емес, тек те жан таласып майданға түсе еди. Бирақ инсанның мәккарлығының шек-шегарасы бар ма, хасла?

Питне қупыя иске асырылады, соның ушын да оның атын питне дейди.

Дәрья бойында бәзим-зияпат қызып турғанда сүйискен еки жастың бахтын көре алмай, қызғаныш отына өртенип, қәхәр ғәзебиниң хәўиринен жер-көк алысып, хәмменин артынан жасырынып, қандайда бир жаўыз күшлер жинаят таярлап атырғанын ким билсин, ақыры. Ең жаман питне мине усы дә. Кейиншелик ақынлар буны жырға салып былай, деп айтты:

*«Егер қуяш бул питнени билгенде,*
*Уяттан жүзин жасырып, аспанда қамасар еди,*
*Егер булытлар бул питнени билгенде,*
*Жаўын менен жүзин жаўып, кең дала бәзимине қарай тарасар еди».*

— Ох, Арсен, қандай әжайып!

— Кейиншелик ақынлар және мынандай деп жырлады:

*«Билгенде бундай питнени дәрья,*
*Арқасына қарай ағар еди ол,*
*Садықлықты ашықлар еткенде жәрия,*
*Сүйискен жүректи бағар еди ол».*

Билесеңбе, хәттеки тәбият та нәкаслар ойлап тапқан питнеге қарсы бас көтерген болар еди. Лекин бундай жаўызлықты ким қыялына келтирипти дейсиз? Ақыры әлем соңындай азада,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыныш, ашық еди, таўлардың үстинен сақый қуяш нурлары шашылып, тез-тезден шелеклеп қуятуғын таў жамғырлары бул жерлерден шетлеп өтти, узақлардан оның жағымлы салқын хәўири келди, жап-жасыл отлақлар аяқ астында көрпешелей төселип, от жағылған ошақлардан хоширей тағамлардың ийислери таралар еди, төбеде қуслардың жағымлы хаўазлары жаңлап еситилер еди. Булардың барлығын ақынлар жырлап, айтты! Саўшыларға аталған бөзим дәрья бойында кем-кем хәўижге минди, шаўқым-сүренли хаўазлар тамашаны толықтырып турды. Жас жигитлер ат ойынларында өзлерин сынады, шаманлар барабанларын гүмбирлетип урып, жән-жақтан әрўақларды шақырып, руўхлар менен тиллесип ойынларға түсти, көпшиликти шаллаңдырып, жырлар, қосықлар айтылды, лекин тойдан бурын тамашаның ең қызығы—сүйискенлерге сақланып қояр еди, дәстүрге бола олар атқа минип, «қыз қуўыў» жарысына шығар еди.

Күйеў менен қалыңлық ең шапқыр атларға минип алып, олар жарысқа түсер еди. Күйеў бираз алдырақта кетип баратырған қалыңлықты қуўып жетип, оннан поса алыўы керек еди. Егер буны орынлай алса, әне бахыт-ығбал зәңгиле болғаны, тәғдириңниң тулпардай шапқаны...

Қалыңлықтың ат үстинде отырыўы бир өз алдына тамаша еди, ол тап анадан усы ушын туўылғанға мегзер еди, әне, келискен кәлли-кәўмет, әне, толған айды сегбир тарттыратуғын жүз, әне, қыпша бел, әне қуйып қойған сыяқлы жарасқан келиншек кийимлери. Күйеў де тап соған минәсип. Жарыс пайытындағы олардың тәшўишли көринислери, от шашқан көзлери, уялғанға мегзеп шырайлы жылмыйып турыўлары жарыс тамашасына жыйылып, оны сабырсызлық пенен күтип атырғанларды бахтиярлық халатына шерик етер еди. Курдаслары қалыңлыққа қарап: «Атты дойнағында барынша шаптыр, қуўып өтиўге жол қойма! Жигитлер бизлердиң қандай екенимизди бир көрип қойсын!» деп хошәмет сөзлерди айтып қышқырысар еди. Күйеў баланың тәрепи де олардан қалыспас еди: «Хәй, көзине қара! Қуўып жетпесең масқара боласаң!». Ал шаманлар болса, барабанларын қарсыллатып урып, йошланып ойынға түсер хәм адамлар менен атларды қыздырар еди.

Әне ақсақаллар белги берди. Жарыс басланды. Қалыңлық алдыда ушып барар, күйеў артынан оған жетип алмақшы болар еди. Олар өзлери унастырылған дәрья тәрепке қарай шаўып баратыр. Тек те кениўге жеткенше күйеўге қуўыў рухсат етиледи. Егер күйеў қалыңлығын қуўып жетиўге үлгермесе, онда аламанның мысқыллы күлкиси астында қалыңлықтың өзи аттың басын күйеў тәрепке бурып келип, жеңимпаз қыз болып оны сүйер еди.



Бирақ хәмме ўақытта күйеўлер қалыңлықларына жетип алысар еди.

Қалыңлық бул әпсанаўий жарысты кейин өмириниң ақырына шекем умытпайды, жақсы көрген, айрылмай, мудамы бирге болыўды әрман еткен жигитинен қашқанын бәрқулла еслеп жүреди. Күйеў уў-шуў, қыйғырық, қәўимлеслериниң ысқырықлары астында қалыңлығын қуўып жеткенин мудамы ядында сақлайды.

Бул сапары да, әйне сондай болды: қалыңлық қустай ушып қашты, күйеў артынан қуўып кетти. Қарсы алдыларынан ескен самал оларды қушты, сүйди, өмирде хеш қашан бул жарыстан артығырақ бахыт болмайды, деп сыбырлады.

Ох, не деген қуўаныш, есте қалар ўақыялар! Алдында дәрья жағысы көринди, олар болса, ушып барар, атлар қара суў қара терге түсер еди. Қалыңлық күйеўдиң оның кейнинен жетип алыўын асығыслық пенен күтер еди, себеби ол өз өмирин сол жигит пенен мәңгиликке байланыстырмақшы, оны сүймекши хәм оның сүйиклигине айланбақшы! Қыз бийықтыяр атын әсте жүўенледи, оның лизгинин тартты, аяқларын бийықтыяр зәңгиге тиреди. Тезирек, тезирек ол қуўып жетсин, алдында дәрья жақын қалды... Әне қуўып киятырған аттың дүбири, пысқырығы еситилди, жақын келди, келип қалды... Мине атлар бир-бирине жақынлап, қосақласып шапақта, зәңгилер бир-бирине тийип шыңғырлады, көз алдында бурын көрилмеген жақтылық. Неге мәңги даўам ете бермейди бунлай мәўритлер. Әне жигит шаўып барыўы менен қыздың белинен қушты, қыз оған қарай бейимлести. Әне ол қалыңлықты беккем қысып, сүйди, кейин олар тағы, тағы сүйисти. Атлар жел киби ушты, жарысқа түскенлер енди бир тән-бир жан болып, мәңгиге бирлескенин сезе баслады. «Мен сени сүйемен! Сен меникисең!»—деп қышқырды жигит. «Мен мудамы сениң менен биргемен!»—деп жуўап берди қыз.

Халайық шады-хуррам еди, хәмме бир хаўаздан жигитти улылар еди: «Берекет тапсын! Хақыйқый ер жигит! Жол бериңлер! Жол бериңлер! Шетке өт! Киятыр олар! Енди ол өзимизден, өзимизлики, мудамы биргемиз!». Унасыў той байрамы усындай сүреңлер менен өз жуўмағына жетти.

Бирақ питнениң күши бунын менен пәсеймеди, жаман нийетти ойлағанлар тислерин әбден қышырлатты. Питне мудамы өзиниң жолын табар екен...

Соның арасында саўшылар өз ара хошласып, өз журтларына қайтты, енди тойға таярлық ислери басланып кетти. Хәр бир жумыс өз нәўбети менен баратыр еди. Үрип-әдет, дәстүрлерге бола хәмме нәреслер есапқа алынар еди. Жас келин-күйеўдиң биринши неке кешеси өтетуғын көркем отаў пәзерден сәл арманырақта,



www.ziyouz.com kutubxonasi

хаўалы, бәлент жерге орнатылады, кейин мийманлар, кәўим-карындаслар, саўшылар катар-катар отаўларға жайластырылады, түрли-түрли сауға-сәлемлер, рәнбәрән аўкатлар, баўырсак-шийринлыклар таярланады. Акынлар айрыкшы жыр жырлап, дәстан айтады, жас-өспиримлер ойын күлки курады. Той ушын булардың барлығы таяр еди. Ол заманларда тойларды пүткил кәўим бас-кас болып өткерер еди.

Той басланатуғын, хәр жактан мийманлар жыйылып келетуғын күн жетти. Аңшы жигит тан сәхәрден еки ағайинин алып аўға атланды, мийманларды жаңадан аўланған кус гөши менен сыйлаў, сый-сауғалар ушын кымбат баха терилер койыў мересими әдет болып калған еди. Аў жемисли болды. Лекин күн батарға жакынлағанда бирден алыстан бакырык-шакырыкларға толы даўыслар шыкты, жакын-карындас бирадарлары аңшы жигитти излеп атырған еди. Бир талай адамлар кара терге батып, ат шаптырып келген, барлығы катты кәўетерде еди: «Бахытсыз хәдийсе! Бахытсыз хәдийсе! Токта! Артыңа кайт!» — деп кышкырысар еди олардың барлығы көкирсеклерине тынымсыз урып. Олар коркынышлы, кеўилсиз хабар алып келген еди. Кеше кеште оның калыңлығы өзиниң бурынғы ашығы менен кашып кетипти. Адамлар оларды үлкен базары бар калаға кашкан десип атыр.

Ох, енди не болғанын айтпайсыз ба! Аспанды сол заматта каранғы каплады, катты боран турды, жаз болса да, тап кыс кирип келгендей, кар үсти-үстине куйды. «Шерменделик! — деп кышкырып, өзлерин жерге урды жигиттиң жакынлары көкке сүрен салып. — Шерменде болдык! Енди калай бас көтерип жүремиз?! Каншыкты табамыз, өлтиремиз! Жанын суўырып аламыз! Бир күн де жасатпаймыз! Уят! Уят!» Олар дәрхал кыдырыўға атланды. Лекин жигит иллә, деп аўзын ашпады. Ренки әптен кашып, тик турыўы менен тастай катты да калды.

— Ой, не деген маскарашылык! Маскара! — деп сыбырлады сонда Айдана ўакыяны жүрегине жакын алып.

— Мен де соны айтаман-дә! — деп илип кетти гәпин Арсен Саманчин. — Буны опера сахнасында бир көз алдына келтирип көр. Музыканы айт, бул хәсиретлер, мұңлы хаўазлар, кандай мизансцена! Кейин не болғанын есит Айа, ең кызығы еле бул жакта.

Туўысканлары кашкан кыздың кейнинен куўып барыў ушын аңшы жигитти кыстай баслады, атка мин, тезирек бол, деди. Сонда аңшы жигит кәпелимде тилге кирди: «Токтаңлар, жым болыңлар! Мен хеш жакка бармайман! Бул мениң басыма түскен нәлет болса, сол пәскеш кыздың басына да нәлет болып жаўсын! Пүткил адамийзатты нәлетлеймен! Адам болғаннан көре маклук болған жаксырак! Енди жөнеңлер бул жерден! Енди адам дегенниң бетине карасам, тилге келмей өлип кеткеймен! Бүгиннен баслап мени Адам баласы хеш кашан көрмейди. Еситтиңиз бе? Жоғалың көзимнен! Мени излемең!» Ол сол сөзлерди айтып, атган секирип түсти де, таў шоккыларының ишинде көзден ғайып болды. Ўакыяның бунлай бурылысынан хайран-хәсиретте калған кәўим-карындаслар дәслеп не кыларын билмей катып тура берди, кейин еслерине енип, жигиттиң артынан жуўырысты, оны хеш бир жерден излеп таба алмады. Соннан соң хеш ким оны көрмеди.

Енди театр ушын айрыкша кескин ўакыялы көринис: аңшы жигиттиң туўысканлары менен каналаслары басын ийип, кейин кайтар екен, бирден кайдандур пайда болған калыңлык кыздың датлаған даўысын еситип калды. Ол өзин шар тәрепке урып, аңшы жигитти излер еди. Хаслында кыз кашпаған екен, бунын барлығы мәккарлар таркаткан кара дөхмет екен, лекин буны еле хеш ким билмес еди. Шынында кызды усы күни түнде жасырын урлап, аяк-колын байлап, атка мингизип алып кашкан. Кыз хәм аңшы жигит ушласпылған дәрья бойында, оның кол-аяғын шешип, еки жактан колынан тутып, дәрьяны кешип өтпекши болады. Кызды кудай куткарып калады. Ол баскыншылардың колынан жулкынып шығып, өзин дәрьяға атады. Баскыншылар оны токтатпакшы болады. Лекин кыз көзди ашып жумғанша асаў дәрья ағымында ғайып болады. Буркасынлаған дәрья кызды куткарады, баскыншыларды болса күшли толкынларында ағызып кетеди хәм таcларға урып, бәрин ныпкырт етеди. Кудаяның кәраматы менен аман калған калыңлык кыз тап куслар киби ушатуғын болды, көп узамай аңшы жигит бәдәр кеткен жерлерге жетип барды. Адамлар оны токтатып, не болып, не койғанын сорамакшы еди, лекин кызды сирә иркип болмас еди. Кейин ала ол пүткиллей көринбей кетти. Соннан бери Мәңги калыңлык жумбаклы сыр болып калды. Адамлар гейде таўларда оның егил-тегил жылағанларын еситеди, жылаған даўыслары узак-узакларға таралады. Мен саған оның муңлы косыкларын билгенимше айтып берейин, Айа. Тыңла, оның наласы мынандай:

*-Кайдасаң, кайдасаң, излеймен сени!*
*Алып кашты мени, кутылып калдым.*
*Суттей пәкпен озим, саған садыкпан.*
*Кайдасаң, кайдасаң, жаным жигитим?*
*Пәк кызбан, тыңлағыл сүйемен сени,*
*Куткарып калды дәрья, муҳаббат мени,*
*Кайдасаң, кайдасаң, еситкил мени?*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Кейнимде қуўғыншы, тутыў нийети...*
*Сен таўларда жойтылдың аңшы жигитим,*
*Дәрья бойы унасыдан соңғы үмитим,*
*Қайдасаң, қайдасаң, қайсы таўдасаң?*
*Излеймен сени, қайдасаң, қайдасаң?*
*Қалыңлығыңнан сениң, излериң қайда?*
*Көриспек жоқ па енди, бинәй-өмирде?*
*Дәрьядан суў иштик, сыйынып ҳаққа,*
*Хәмде үәде бердик садық болмаққа.*
*Көриспек жоқ па енди бинәй-өмирде?*
*Дәрья ағып барар, қайдасаң, қусым?*
*Еслеп мени даўыс бер, жигитиңмен де,*
*Ай алдында ант ишкен муҳаббат ушын.*
*Қайдан сени табайын, жаным, арзыўлым?*
*Таўлар ҳасла жарылмас па?*
*Булытлар көкте тарқалмас па,*
*Күн үңгирди жақтыртпас па?*
*Кишик жолды көрсетпес пе?*
*Қайдасаң, қайдасаң, қайсы таўдасаң?*
*Қайдасаң, қайдасаң, излеймен сени...*
*Жарысқа түспедик пе, минип атларға?*
*Поса алмадық па, сүйип бетлерден?*
*Қушып қанбадық па, қыпша беллерден?*
*Көкте Қуда көрди бизлерди,*
*Жерде адам көрди бизлерди...*
*Қайдасаң, қайдасаң, қайсы таўдасаң?*
*Қайдасаң, қайдасаң, излеймен сени...*
*Ай сөнер аспанда-жасасам сенсиз,*
*Өмир тоқтап қалар-жасасам сенсиз.*
*Аспан бахытлы болар ма бизсиз әлемде?*
*Ким бизди ғарғады, неге ғарғайды?*
*Таўлар бахытлы болар ма бизсиз әлемде?*
*Ким бизди ғарғады, неге ғарғайды?*
*Қурбанлық қылмаппедиң таўлар аўынан?*
*Барслар терисин-бердиңғой бәрин,*
*Не гүнә қылыпсаң тәғдир алдында?*
*Ақ көкирек арзыўлым, саҳаўатлы ярым.*
*Гүрлеген отлар жанында ойынға түспедик,*
*Қайдасаң, ох, жаным, қайсы таўдасаң?*
*Излеймен сени, қайда, қайдасаң...*
*Артымнан қуўысар услайжақ мени,*
*Көрмес түңғыйыққа таслайжақ мени,*
*Қайдасаң, қайдасаң, излеймен сени...*



—Ох, демим түўсилип қалды!—деди үзил-кесил нәпес алып Арсен Саманчин.-Сәл өзиме келип алайын. Бул жуўырып баратырған қыздың сөзлерин узақ даўам еттириў, қайта-қайта айтыў мүмкин. Айтқан сайын ол күшейип бара береди,—сезип атырсаң ба? Қыздың бул қайғы-ҳәсиретти, оның жүрек өртенислери бәрше заманлар ҳәм бәрше мәканларға шақырық киби еситиледи. Онда сүйискенлердиң әзелий трагедиясы—айралық ҳәсиретлери сәўлеленеди, тап олар бир-бирине жетиспегенше бул трагедия даўам ете береди, оның ақыры жоқ. Өзиң бир көз алдыңа келтирип көр, бутан хеш ким бийпарқ қарай алмайды, бул дәрт ҳәммеге жуғады ҳәм ҳәмдәртлик оятады, адамлардың қәлблери мине усылай жаратылған. Театрда буны қандай етип зор көрсетиў мүмкин! Операда, ҳәтте дәрья да, сахнаны жағалап ағып өтип, өз қосығын айтады. Опера көркем өнеринде бундайы хеш қашан болмаған. Унастырылған қалыңлық қызды өз жағалаўларында өлимнен қутқарған дәрья былай жыр айтады:

*—Шоққылардан ағып түскен дәрьяман,*
*Қутқараман, келши мениң баўрым кең,*
*Жаўыз душпан жете алмас биз таман,*
*Қутқараман сени, мениң периштем,*
*Тезирек бойыңды тереңге тасла,*
*Бәлент толқынлардан қорықпа ҳасла,*
*Ағысларым сени сақлайды аман...*

Хор сахна артында дәрьяның сылдырлысына қосылып, усы қосықты айтады, солай етип барлық тәбияттың өзи әдалатқа ынтық екенлигин сыпатлайды. Қудиретли оркестр музыкасы тынбай еситилип турады, жағымлы ҳаўаз көкке тарқалады, бул сениң, тек те сениң ҳаўазың болады, аспан да тап бир Мәңги қалыңлыққа қулақ түргендей, ай да оған үн қосқандай болады... Сен буны көз алдыңа келтире аласаң ба?!

—Аўа, жүдә зор болар екен, әлемди өзине қаратып алған бундай нала-жоклаўды биринши мәртебе еситиўим,—деп жуўап берди Айдана. —Дәрья да үн қосып атыр! Кәрамат! Қосық айтып атырған дәрья! Сен булардың барлығын ядыңда сақлағанбысаң, Арсен? Бир сөзин де қалдырмай, я?

—Мен балалығымнан Мәңги қалыңлық ҳүрметине жағылған отларды көргенмен ҳәм булардың ҳәммесин ақынлардың аўзынан еситкенмен! О-о, бундай кешелерде олар бүлбил киби сайрайды, намаға салып дәстанларды оқыйды! Хәр ақын өзинше Мәңги қалыңлық дәртин шегеди, таўларға жүректеги әрманларын шашады, Мәңги қалыңлықты шақырады! Сен сахнада өзиңди қандай



www.ziyouz.com kutubxonasi

сезесең, олар да сондай. Оларды бийкарға суўырып-салмай ақын, деп атамайды. Бир күни меннен «суўырып-салмай ақын» рус тилине қалай аўдарылады, деп сорап қалды. Дәртлерин дәрьядай төге алатуғын ақын, дедим. Ақынлар илхәмды жырға қосылып, тыңлаўшылардан алады. Тыңлаўшыға қарап ақын пикир океанына киреди, гейде самал болып сахра-далаларды гезип кетеди...

—Түсиндим, түсиндим,—деп оны қуўатлады Айдана. —Лекин аңшы жигиттиң тәғдири не болды? Адамлар не деп атыр? Тирмекен, яки өлимекен, хеш ким билмейди ме?

—Бул сораўға хеш бир жуўап таўып болмады. Хеш ким билмейди оған не болғанын. Лекин хәмме ненидур күтеди. Адамның аяғы жетпеген жерлерде жасырынып жүреди, деген гәплер бар. Дүньяның ислеринен түңилип, өз пешанасына жазылған тәғдирден ўаз кешкен болса керек. Тағы бирсүлер ол тәрки дүнья қылып, дәрўиш болып кеткен, Тибетте ме, әлле қайларда, монахлар менен бирге жасайды. Ертели-кеш ибадат қылып, дуўа оқыйды, деп айтады. Булардың хәммеси ел арасындағы гәплер, лекин хаслы қаерде екенлиги нәмәлим. Ол адамлардың топаслығына қарсы бас көтерди, адамларға қусап жаманлыққа шыдап отырмады. Бул таўсылмас үмитсизлик. Егер тарийхқа қарасаң, хәттеки салтанатынан айрылған императорлар да, буншамалық түскинликке түспеген, өмирден пүткиллей жүз бурмаған, лекин аңшы жигит ушын мухаббат өмирдиң ең жоқарғы мазмуны болып көринген еди. Узын гәптиң қысқасы, әпсананың хасыл мәниси сонда, әпсанаўий мазмуны соған жәмленген. Лекин бул дәстанның бас қахарманы, әлбетте, сол Мәңги қалыңлық, аңшы жигиттиң оны мудамы қыдырыўы, хақыйқатқа жетиўге тынбай урыныўы... Неге енди мухаббаттың ақыбети мудамы сондай болып тамамланыўы керек екен? Ақыры, аңшы жигит сол себепли дүньядан пүткиллей жүз бурды, жексурын хәм гүнә ислерге қарсы бас көтерип, өмир ләззетлеринен ўаз кешти, қалыңлық қыз болса, адамлардан безип, тәўбеге келди, мухаббаттың қүдирети, қайғы-хәсиретлериниң шексизлиги сонда. Буннан да асырынқырап айтсам, бул улыўма жәхән дәрт-хәсиретлериниң таўсылмас налалары. Не ушын мухаббаттың жайнап-жаснаған бахыт-ығбалынан көре өмирди қул етип көкке суўырыўшы трагедиялары көп?

Мәңги қалыңлықтың ушқыр келбетине итибар бер, бул рәўият-дәстанда, адамзат барлығында, мудамы жасап келген зорабаңлықлардың ақыбети хәм айралықлардың әзелий азабы жәмленген. Жақсылық шәртли түрде жаманлықтың азабына дуўшакер болады. Мәңги қалыңлық жек көриўшилик хәм көре алмаслыққа көңлиге алмайды, жаўызлық пенен хеш қашан келиспейди, ол аңшы жигитти—өз нызамлы қалыңлығын



тәрки дүньядан өмирге қайтарыўды, оны қутқарыўды қәлейди, мине усы тынымсыз умтылыста, мине усы хақыйқатлықты қарар таптырыў нийетинде дәўир, яки мәканда инсан руўхына тәтенки бергендей шек-шегара жоқ. Адамзат әўләдлары сондай болып келген хәм сондай болып қала береди. Соның ушын да дәрья өлимнен қутқарып қалған Мәңги қалыңлық бәрше заманлар ушын символ болып қала береди. Хәзир мине тап усы мәўритлерде де ол биз бенен бирге, усы бағда бизге тилеклес, ол хаққында гәп етип атырғанымыз, оны ойлап атырғанымызды биледи. Сол әжайып дәстанның ишине киргенимиздиң өзинде мухаббаттың дүньялық бир сағыныш-әрманы бар, сен буны сезесең бе?

—Енди не деп едиң? Ақыры сениң дүньялық баянатыңды бийкарға тыңлағаным жоқ,—деп қойды Айдана қайыл қалғанын билдирип, соның менен бирге мысқыл сөзге орын қалдырмай. —Пикирлериңниң қуйылып келетуғынына хайран қаламан!—деп йошланып сөйледи ол жалаңаш ийинлерин қысып.—Бир журналисттиң сени «пүткил жәхәнлик глобалист» дегени есиңде ме? Адамның күлкиси келеди: глобалист, тағы буның үстине пүткил жәхәнлик!

—Мәйли, бәлким мен бир телбе сыяқлы адам шығарман, бирақ сениң басыңдағы ўазыйпа пүткиллей басқаша. Сен опера сахнасында Мәңги қалыңлыққа айланыўың керек, адамларды таң қалдырыўшы сыйқырлы даўысың менен космосқа пәрўаз етиўиң керек.

—Ўай, болды! Усы отырған жеримизден туўры космосқа ушамыз ба? Онда мен космос қосықшысы екенмен-ләǃ Космонавт-қосықшы? Пай. Адамды күлдирип-өлтиресең!

—Бопты, кешир мени! Лекин мен хақыйқатын айтып атырман. Ақыры сен, Мәңги қалыңлық биз бенен бирге екенлигин сезип атырсаң ба, хә анаў үлкен терек арасында, фонар алдында турғанын көрмей атырсаң ба! Оның не деп атырғанын билесең бе?

—Не деп атыр екен?

—Қулағыңды тут! Сиз ашық-машықларға ийилип сәлем бериў ушын, бул күнлерди көзим төрт болып, қанша күттим. Сизлер мени еслеп атырсыз. Жыллар өтти, әсирлер. Мен, хәмийше, сол бир унастырылған қалыңлық қызбан. Халық мени Мәңги қалыңлық, дейди. Адамлар бәлент таўларда мени еслеп от жағады, хәсирет-қайғыда сергиздан болған қыз от алдына келсин, шаманлар әрўақларын шақырсын, олардан сорасын, дейди. Мәңги қалыңлық және қанша сергизден-себил болып, таўларды гезеди, тағы қашанға шекем аңшы жигитти қасына шақырады хәм және қаша-қаштан зарланып, нала шегеди?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрўақлар болса, мудамы бир жуўап айтады, еспт-еспт, Айа, бул сениң менен бизге тийисли,—дүнья Мәңги калыңлықтың муңлы косықларын тыңлап, оны таныйды, сол косықлардан көп адамлар оның басына түскен қайғылы ўақыялардан хабардар болады, жер жүзиндеги бәрше калыңлық, келинлерге шақырық етип, мениң косықларымды өз калыңлықларыңызға садық муҳаббат ҳәм ўапалардлықтың үлгиси сыпатында айтып бериңлер, дейди. Мине усы мәўритлерде рууҳлар сениң менен мени де еситсин, иләйым, Айа! Олар Мәңги калыңлықтың сен атқарған ырғақларын көпшилик болып еситкиси келеди. Рууҳлар айтады, сениң пешанаңа көктен Мәңги калыңлық болыў жазылған, тағы да дурысырағы, сен оның елшиси болмағын ләркар! Мәңгилик көк аспанда Кудай ҳәм оның руўхлары сеннен ыразы болады, адамлар да сени хүрметлеп, косықларыңды жүреклерине жақын алып, сениң хаўазын космостан еситиледи...

—Ой, ой, ой! Тапкан гәплерине кара сениң!—деп күлкиси кыстап, оның сөзин бөлди Айдана. —Космос әлеминде гезгенимиз жетер, сәл пәске түссейик, есимизди жыйыстырайық!

—Сен бунша көп асықпа,—деп гәпинен қайтпады Арсен Саманчин. —Есиңди жыйыстырып ала бересең. Әне өзиң көр. Маған исенбесең, хо ана жерге кара, тереклер арасында, фонар алдында. Көрип турсаң ба, Мәңги калыңлықтың көлеңкесин? Ол миннетдар болып, үмитленип, куллық етип атыр. Мәңги жас ҳәм кандай шырайлы, үстине жипектен көйлек кийген, узын жағалары тап куслардың канатындай желбирейди.

Айдана макуллағандай болып, басын ийзеди де, былай деди:

—Арсен, ҳақыйқаттап да тепи-тайы жоқ кыялпараз екенсең. Лекин кыялдың турмыслық тийкары болғаны жақсы. Мәңги калыңлықты сахнаға алып шығыў ушын музыка, нота ҳәм партитура керек, оркестр, сценография, кийимлер, жүзлеген хаўазға ийе хор керек... Сен ана дәрья да косық айтады дейсең, лекин буны сахнаға калай алып шығасаң? Оннан кейин композитор кәне, сахналастырыўшы режиссёр кәне? Әсиресе, ҳәммесинен көре еп әхмийетлиси—булардың ҳәммесине қаржы қаяқтан алынады? Опера театры тек те бизде емес, ҳәмме жерде де пүткиллей тамам болды. Мәмлекеттиң операға карайтуғын имканияты жоқ.

Арсен Саманчин бул гәпке косылғандай болды да, лекин өз айтканынан қайтпады:

—Аўа, билемен, ҳәзир опера театры ийесиз ибадатханаға уқсайды. Опера сахналарында эстрада шаўқым-сүреңлери, масқарабазлық ҳәм баска кеўил ашар тамашалар қойылып атырыпты. Ең жақсы косықшылар базар катнасықларына хызмет етиў ушын төрт тәрепке тарқап кеткенин де билемен. Бар гәп сол. Ҳәзирги дәўирдиң композиторлары да операға музыка жазыў нийетинде жүрген жоқ. Соған карамай бул жоқары көркем өнер жоғалып кетпеслиги керек. Кандай кылып буған итибарсыз карап турыў мүмкин?

—Ал сонда сен не кылмақшысаң?

—Айа, егер сен Мәңги калыңлықты алып шығыўға ыразылык билдирсең, мен бульдозерге уксап буған жол ашаман, колымнан келеди. Композитор Аблаев пенен сөйлесип койғанман. Ол күтип отыр. Либреттосын өзим жазаман. Аблаев ҳәммемиз жыйналып бир ушырасайық, деп атыр. Қайтып барыўдан оған коңыраў етемен.

—Мәйли, якшы. Бир көрейик-ши... Барлығынан бурын либреттоны жаз, әзизим либреттошы!

Ески Хейдельберг бағында түн ярымынан өтти. Қыябанлар фонарларынан түскен сая көлеңкелер енди таңға карай катып калды. Арсен Саманчин Айдана Самарованы колтықлап алыўы менен сарайға карай жол алды.

Удайы сол бир тема үстинде сөйлесиўлерин даўам етти. Төсекте де соны сыбырласып сөйлесип жатты. Ертеңине ертелеп азанда Москваға ушыўлары, соң өз үлкесине кетиўи керек еди.

Буннан кейин булар бүйтип ушыраспады. Лекин олардың ушырасыўларына баслы себеп болып, тап бир көктен түскен сыяклы, олардың өмирине кирип келген «Мәңги калыңлык» идеясы соншама өзине бағындырып, бийкарар етип койды, пүткил барлықтан жоқары, бәлентирек турыў ушын оның машқалаларына толығы менен енисип кетти, сонлықтан дүньяның бир мүйешине, немис романтизминиң ҳақыйқый орайына барып қалғанлары да сол пайытта ешейин еместей көринер еди. Сонып ушын да сол қыялый көтеринки руўхтағы бир шараятта күнделикли қыйлы-қыйлы тәшўишлер пүткиллей умыт болды ҳәм гелледен ылақтырып тасланды, бурынғы машақатлы өмир өзиниң қыйыншылықлары, карама-карсылықлары, урыс-жәнжеллери, суд-казыхана тартысыўлары, жек көриўшилик, ғәзеплери менен кейин шегинди... Булардың барлығы олардың ексўиниң де басынан кешкен еди, ақыры Айдана да бир мәртебе ерге тийип, турмыс қурған, лекин көркем өнер адамларының өмиринде тез-тез ушырасып туратуғыны сыяқлы, көп узамай ажырасқан еди. Қыска бир ўақыт ишинде буның барлығы умытылды. Тәғдир колларынан услап, жетеклеп әкелген Хейдельбергтиң ески жүз жыллық бағында олар пүткиллей пәк жанлар, ол—пери, кыз перизатқа айланған, ҳәмде сол жерде, олардың коз алдында, өзиниң питпес-таўсылмас қайғы-хәсиретлери менен Мәңги калыңлык пайда болған еди...

Кейин бәри керисине карай өзгерип кетти...


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунын бәри тәғдир екен-дә. Дәслеп ара-тура көрисип, ушырасып турысты, қыялый болып көринсе де, бәри-бир «Мәңги қалыңлық»ты естен шығармады, ара-тура телефонда сөйлести, кейин бирден хәммеси тамам болды. Айдана пүткил мәмлекеттиң көз алдында «Лимузин»ге минип кетип қалды, телевидение буны туўрыдан-туўры, бастан-аяқ көрсетип турды. «Лимузин»ниң арткы жүк қоятуғын орнында қанша пул тақланып жатқанын бир қудай билсин! Лекин буның ушын оған өкпе-гийне етип болар ма еди? Көбирек нәрсеге ийе болыў, көбирек пул табыў, данк-абыройға ерисиўди ким қәлемейди?

Бундай әўметли шоу, тамаша хәр күни, хәр кимге келе бермейди ғой! Ақыры енди ол Ерташ Курчал менен питимге қол қойысқан болыўы керек. Әсирге жарасықлы контракт! Оны дүзиўге хақы бар. Аўа, аўа, хақы бар. Эй, ал сен ше, сен енди не дейсең, олигархлар менен жағаласып жүресең бе? Күниң қурсын! Жазыў-сызыўларыңнан басқа нең бар өзи, сен сорлының? Олай дейин десек, енди пүткил баспасөз де сол олигархлардың қолында ғой!

Арсен Саманчин мине усындай нәскешликке баратырғанын, кек етип, қыр көрсетип атырғаны ушын өзин-өзи жаман көрип кетти, иштен сөгинер, өзин жабайы мақлуқсаң, деп атар еди... Ол басы берик көшеге түсип қалған еди. Хәммесине биротала анықлық биллирер  ўақыт енди келип жетти. Кимдур айтқан екен: зор-зордың алдында жым болады, зордан-зор шығады. Массалық мәдeнийат буған усаған қыялпараз кимселерди женшип таслады, бас көтериўге хал жоқ енди... Ерташ Курчалға болса, хәмме тән берди, оның алдында қул болып ийилди. Қаншадан-қанша ресторанлары, эстрада жәмәәтлери, стадионлары, реклама агентликлери, телеканаллары бар оның! Булардың бәрине адамлардың көз алдында, нызамлы түрде ийелик етеди, ол емес пе, ақыры, массалық мәдениияттың нешше-нешше толқынларын хәрекетке келтирген хәм Арсен Саманчинди де, оның «Мәңги қалыңлық»ында бир шетке ылақтырып таслап, жүзеге шықпайтуғын қылып қойған...

Сәл кейинирек және бир аўырманлық желкесине түсип, тула-беденин тоқтаўсыз езип, азап бере баслады: ол сол бир нәлетий Ерташ Курчалды өлтириўди қас етти. Енди бул тоқтаўды билмес өш алыў туйғысы жан алқымға келип, оны бир мәўрит те тынышына қоймас, жүрегиниң төринде өртенип атырған бул шок тынышлық бермес-тек те олтир, дер еди. Бүгин оның пикир-қыялы сонда еди. Ишки бир әзизликтен өртенип атырған жок па екен бундай кәхәр-ғәзеп? Оны бул ашыў пүткиллей буўып алған, дем алдырмайды, қысқасы ол өзин тап бир қақпанға түсип қалғандай сезер еди. Тәғдир ме екен? Мухаббат сезимлери ишинде



жүзеге келген мине усы көтеринки қыялый пикирдиң нәтийжеси қорқынышлы тәризде тамамланады, деп ким ойланты? Лекин үсти-үстине бастырып кирип киятырған қара күнлер арасынан да жақтылық шығып, бирден кеўиллер жарасып кетер, инсаный парасат пенен Айдана Самарованы исендирсе, пикиринен қайтарса, болады ғой, деп ойлар еди. Оны Мәңги қалыңлық алдында биргеликте жалынып-жалбарыныўға, таўларға шығып, от жағыўға, Хейдельберг әрманлары мәзи қыял болып қалғанлығы ушын кеширим сораўға, көз жаслар төгип, кеўиллерди босастырыўға көндириў мүмкин ғой, дер еди.

Лекин оның менен, хәттеки, қоңыраў етип те, сөйлесе алмады. Бәлки бир есаптан усы да дурыс болған шығар, оның бул пикир үстинен қалайынша мысқыллап күлетуғынын көз алдына келтириў мүмкин. Бул жигит мийин әптен жеп қойыпты, деп айтыўы да хеш гәп емес! Лекин бәри бир қыялы узақларға алып қашар еди: егер де таўларға барып биргеликте Мәңги қалыңлық рухы алдында тәўбе етип, ийилиў имканияты туўылса еди, аспанды гүўалыққа шақырып айтар едим, мәңгилик инәмынан ўаз кешиў ушын мухаббаттың хеш қандай себеби жоқ хәм болыўы да мүмкин емес (және қыялпазлыққа берилип кетти, космослық кеңисликлерди шарлай баслады). — Себеби, мухаббат бул сүйискенлерди мәңгиликке қарай ийтермелейтуғын бирден-бир жол хәм мухаббат туйғылары мәканларын қастан бузыў, қарабаханаға айландырыў-мәңгиликти қорлап, кәўип астына қойыў менен барарбар нәрсе. Өйткени мухаббат өлмесликке қарай талпыныў, хәр ким қудайдың өзи тәрепинен пешанасына жазылған бул соқпақтан өтип барады... (Тек те ким қандай адым атып өтеди-мәселе сонда). Бирақ және басына қаншадан-қанша  гүналар тағылар еди! Кимге керек булардың хәммеси? Ақыры, голливудша жасаўды кәлейтуғын (ана бир Ерташ Курчал Айдана хаққында фильм шығарыўды ойлап жүрген екен) жулдыз қосықшы  толығы менен шоу-тамаша бизнеске тийисли болған ўақтын таўлардағы, әлле қайлардағы әрўақларды күтиў, Мәңги қалыңлық ушын бийкардан-бийкар исирап етсе, сол жараса ма? Күлкили!

Қулласы, алдында қурттай да жақтылық көринбеди.

Тәғдир «Евроазия» ресторанында оған анық усыныс қылды, екиленип отырыўға хасла орын қалмаған еди. Буны жуўмақлаўшы хәрекет десе болар еди. Қурал табыўдан басқа хеш бир шара жоққа усады... Лекин қаерден, қалай етип тапсын? Ахмақтың машқаласы! Неге өмир хеш ойланып отырмастан адамды усындай алды-арты берк көшеге киргизип қоя береди? Егер сондай болса, не ушын турмысты аяўсыз аўдар-төңкер қылып таслаў, оңға-солға

www.ziyouz.com kutubxonasi

карамай ҳәмме нәрсениң маскарасын шығарып, өртеп-жандырыў керек? Пайдасы бар ма? Жанын алкымына тығылып, ақырғы сөзинди айтыўын калды, болғаны!

Арсен Саманчин бул кешени сондай, өзи менен өзи нәтийжесиз алысып, ой-пикир таласып өткерди. Бес кабатлы жайлар жаппыламай уйкыға кеткен, онын хәўлиге караған жалғыз терезесиниң шырағы ғана жанар, бир өзи терезе алдында турып, жүреги сығылғанынан капаланып, кайғы-хәсиретли ойларға берилип, өзин әлле кимнин ықтыярына таслап, акыр-акыбет өз жанына қыянет етиўге көндирмекши болып атырған ойлардан қайтарып, қатты тергер, жер жүзиндеги ең аўыр жынаят—адам өлтириўге жол коймаслықтың шарасын кыдырар еди. Лекин өзинде кайнаўытлап турған өш алыў нийетин сирә жене алмас еди. Сонлыктан тынымсыз өртенер еди...

Жаабарс та сол кеште бәлент таўларда, асырым етегинде өртенип күйер еди. Жалғыз жәниўардың көзине үйкы келмес еди. Дүнья оннан пүткиллей жүз бурған, дәрти-дүньясы караңғы, хәсирет-кайғыға баткан еди. Ол жулдызларға карап қәхәрли улыр еди. Жулдызлар көп, бәри жаркырап нур шашады. Сол жулдызларға бас алып кетсен, олар бир-бирин күнлемейди, кысыжазы аўызбиршиликте, мудамы бирге...

Сол заматта Арсен Саманчин де жулдызларға тигилип қалған еди. Оның да жулдызларға ушып кеткиси, басы-аяғы жоқ ойлардан кутылғысы келген еди...

Бирак ойларға берилмесликтин хеш бир иләжы жок, көўлиниң түбинен бир пикир жылт етип өтти: әжағам Ардақ Саманчинге айтсам ба екен? Саўла адамларының арасында Ардак Саманчинниң таныслары көп. Бурынғы терапевт-врач, енди ийт бағыў менен шуғылланады, Орта Азия овчаркилерин жетистирип, оларды Европаға, көбирек Германияға сатар еди. Бул овчаркилерге ышкыпаз, карийдарлар көп еди. Кейни көринбес еди. Ийтлерди сырт елге шығарып сатыў хүжжетлерин Ардақ өз ўақтында нызамлы таманларын орнына койып таярлады. Қулласы, мине усындай шыпығыўлар менен тиришилик етер, үш — мектепке қатнайтуғын перзенти—бир кыз хәм еки улы бар еди. Қатыны Гүлнара—бурынғы медсестра. Олар базар катнасыкларына сай болып кеткен. Гә хәзил етип, гә шыны менен Ардақ: «Ийтлерге сәйкесленип атырман!»—деп кояды.

Олардың каланың шетинде хәўлилери болып, жер-суў, ийтханалар... шаңарақтың мүтәжине жарайтуғын «Жигули» машинасы бар.



Ардақтың өзи туўры, тәрбия көрген, жумыстан кашпайтуғын окымыслы адам. Тек те туўылған журты — Туйық-Жардағы туўысканлары оннан капа, ийт бизнесин сирә жактырмайды. Уят нәрсе, дейди. Намысы келеди. Окып, окып дипломлы врач болды, енди болса ийт туўдырып, ийт сатып жүрипти. Жәхән базарында усы жаксы ма? Үлкен апасы Катийша аўылда турады, Ардақтың ийтбилермеплиги хаккында гәп кетсе, оның жини атланады. Ийтбилермен деген гәптен Қатийшаның жүзи төмен, руўхы пәс болып жүреди. Аўылларда ийтти базарға шығарып сатыўды хеш бир қыялына келтире алмайды: каерге карама, ийт, хәўли де ме, көшеде ме, атызда ма, хәмме жерде ийт, саған керек пе, көлегениңше ал, оны базарға шығарып сатып бәле бар ма? Бүйтип кете берсе, еле пышыклар да базарға шығады, өлип кеткир тышқанларды да сатады. Лекин Ардақ бул гәплерге итибар бермейди, өз билгенинен қалмайды, дурыс, аўылға да бармайды, артыкмаш гәп-сөзге такаты жок.

Лекин көрисип калған пайытларында әжаға болып, Арсенге пәндиў-нәсият айтыўдан тартынбайды: кашанға шекем жалғыз баслы болып жүресең, бала? Ўакыяны созып не кыласаң? Мүнәсип хаял-кызлар калада да, аўылларда да көп, кудаға шүкир. Болар ис болды, баяўы енди, биринши рет әўметиң келмепти, хеш гәп, бир өмир хаялсыз какайып жүре алмайсаң ғой. Пикир-ойың да баскаша, шет тиллерди билесең, танымалы журналистсең, өз-өзиңе егеменсең, хәзир бул нәрсе модаға айланып калды. Қаерге карама, сени конференцияларға мирәт етип шакырады... өз-өзиңди баплап жүресең. Лекин бойдаклык, жеккебаслык жаман, акыры сен монах, яки дәрўиш емессең ғой.

Жок, курал мәселесинде Ардакка аўыз ашпаған макул, неге кереклигин сорастыра берип, жанынды алкымыңа әкеледи. Ол оғыры ырасгөй адам, врачлардың бәри сондай ырасгөй болады. Дурыс, Ардак гейде арактан таслап та турады. Дурыс, бундай нәзик иске ағаңды араластырмағаның макул. Нийетиңниң не екенлигин билип калса, өле-өлгенше бул иске жол койдырмайды...

Сол кеште, ярым түнде жалғыз, терезеден жулдызларға бағып, ол мине усыларды ойлады. Жаз күнлери аспанда олар оғада көп болып көринеди. Кәне енди сондай жасасаң: «шуғланды шаш та, гәп-сөзиңди кой»...

## V

Ертелен оны телефон коңыраўы оятып жиберди. Орнынан хош көриңкиремей козғалды, зорға телефонға жетип барды, бараман дегенше тынып калар деп еди, уйкыдан көзин ашар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашпастан телефонды тыңлағысы келмеп еди. Лекин кимдур тоқтаўсыз қоңыраў ете берди. Бир жағынан соңысы да дурыс болды, қыяллардың жоқары пәрўазлары хәм алақ-жулақ түслерден соң күнделикли жаратылыс тәшўишлерине де енисиў керек еди, мине басламасы болып, тынымсыз қоңыраўлар еситилмекте. Қоңыраў етип атырған әмекиси Бектур аға болып шықты. Жақын туўысқаны болған ол тез-тезден қоңыраў етип, хабар алып турар еди, ең әхмийетлиси, ол ҳақыйқый искер (кәнекей бундай адамлар көп болса) адам еди, бийкарға Туйық-Жардағы колхозға, тап ол тарқағанша көп жыллар даўамында баслық болмаған. Кейин де искерлигин жоғалтып қоймады. Аңшылықты жолға қойса, үлкен табыс табыў мүмкиншилигин түсинди. Үзеңгилеш таўларында танымалы аңшы исбилерменге айланды. «Мерген» деген фирма ашты. Жумыслар бир қанша жүрисип кетти, кейинги пайытларда шет еллик қарыйдарлар көбейип, «Мерген» фирмасының жолламасы менен шет еллик аңшылар келетуғын болып қалды, шет еллик аңшыларды мирәт етиў хәм басқа түрли хүжжетлерди рәсмийлестириўде әмекисине Арсен Саманчин де көмеклесип турар еди.

Егер ертеректен сол телефон қоңыраўы шырылдамаған болса еди, ерк хәм ақыл-хуштың бул шексиз, жеңип болмас азаплары, өз-өзин үзликсиз қыйнаўлары оның ушын қандай болып тамамланарын ким билсин. Соңындай бир қыйын аўҳалда Арсен хеш ким менен сөйлесиўди қәлемеди, трубкадан Бектурған Саманчинниң кәдирдан даўысы келгенде, ол көрискенде гәп не хаққында баратуғынын билип, дәслеп оны кейинирекке, песинге қарай созбақшы да болды. Алдын бираз есине келсин, бираз ақыл-хушын жыйнап алсын, қәлбинде жүз берип атырған ләрзелер бираз пәсейсин. Лекин еле тийкарғы гәпке өтпестен тек бир ғана сәлемлесип, ҳал-аўҳал сорастырғанында-ақ Арсенниң қыялына жарқ етип бир пикир келди, ақыры қуралды хеш бир жанға айтпай, ап-ансат қолға киргизсе болар еди ғой, бул нәлетий машқала усының менен шешилер еди ғой. Ол бирден өзин қустай жеңил сезди. Әмекиси менен көпке созбай ушырасыўға ыразы болды, өзим дәслептен қоңыраў етпегеним ушын, кеширим сорайман, деп ойлап қойды.

Тәбийий нәрсе, орталарындағы гәп Арсен жүрегине түйип қойған өш алыў пийлине байланыслы емес еди. Олар ески туўысқанлардай, бурынғы жай-парахат гәплерден, Бектурған Саманчинниң аңшылық пенен байланыслы жумыслары хаққында сөйлесип отырды.

—Хе, бармысаң, Арсен, сени кешеден бери излеп таба алмай-ман,—деди Бектур аға өкпелеп, ақсақал Бектурған Саманчинди



адамлар хүрмет пенен усылай шақырар еди. —Қай жақларда жүрипсең өзи? Қолыңдағы телефоның да ислемейди.

—Бектур аға, хәзир қаладамысыз?

—Қалада болмай қаерде болайын, сениң менен сөйлесейин, деп келдим. Не, араб қонақлар бизге барс аўына келетуғынын умыттың ба? Хәмме хүжжетлерди өзиң туўрылап едиң. Оларға саған усаған алым, дилмаш керек, исенимли кәниге. Сен болсаң исти созғаның созған, не нәрсе кесент берип атыр. Ең бийғәрез, ең еркин, егемен өзиң емеспесең, ақыры. Ал енди не? Барлығын умытып кеткенбисең?

—Ондай емес, Бектур аға, есимде турыпты.

—Онда неге созып отырсаң? Мениң исенгеним сенсең. Ўақыт та аз қалды. Жети күннен кейин араб қонақлар келеди, сен болсаң мыңқ етпейсең.

—Тәшўишленбең, Бектур аға. Мен телевидениеге үлкен көрсетиў таярлап атырған едим. Шет ел журналистлери келген еди. Қәўетер алмаң, араб қонақларға өзим дилмашлық етемен, хәзирги тил менен айтқанда, өзим менеджер боламан. Мудамы қасында бирге жүремен.

—Ондай болса қудайға шүкир! Әмекиңди хүрмет қылсаң атаңды хүрмет қылғандай боласаң. Бәрекелла! Басқа аңшылар келеди-кетеди. Лекин бундай араб қонақлары таўларымызға енди келип атыр. Өзиң билесең, олар қуданың жердеги саялары сыяқлы. Бар-жоғы жети күн қалды. Таўлар, асырымларда көп нәрселерди таярлаўымыз керек! Ең әхмийетли, аў мәўсими қыятырыпты, жолбарыслар асырым артындағы жазғы жайлардан бизиң Үзеңгилешке қайтады, хәрекетиңди ислеп қал!

—Көрисейик, Бектур аға! Хәзир саат тоғыз. Онбирде ушырасайық. Қаер қолай болады?

—Сениң үйиң қалай болар екен?

—Болпты, оған шекем шай қайнатып қояман...

—Мейли, Арсен, шайға әўесре болып жүрме. Неўе, мен әлле қандай мийманба едим? Өзиң бир бойдақ жигит болсаң. Туўысқанлар сени деп көп тәшўишленип атыр. Сен болсаң... Болпты, мейли. Он бирге жетип бараман.

—Келиң. Бектур аға, күтемен.

Трубканы орнына қойып, Арсен Саманчин жеңил гүрсинди. Әтирапына аңлап қарады. Бир нәрсе есине түсип, Бектур Саманчинниң шофёрының қолындағы телефонын терди. Өзи жақсы жигит, жип машинаның қыяметин минип, әмекисин алып жүреди. Аты да өзине жарасқан, Ийтбай. Гейде Арсен оған ҳәзиллесип қояды: «Ийтбай дегени—ийтке бай адам» солай ма. Ийти бай болса, ийеси де қуры қалмайды, оған да бир нәрселер тийисип



www.ziyouz.com kutubxonasi

турады. Ох, бай болыў әрманы хеш қашан умытылмайды, адамлар не деп тәрийиплемейди буны... Жолға шығып атырғаныңызда, маған билдирип қойың, деп Ийтбай менен келисти.

Соның менен Арсен Саманчиннин көўли бираз орнына түссе де, ядына тағы бир ой келди. Аўа, туўысқаны Бектур Саманчин айтқан иске ырազы болыў, жоқары дәрежели қонақларды күтип алыў ушын оған көмеклесиўи керек. Араб нефть магнатларынын биреўи—Хасан, Саўдиядан, ал Мысыр — Кувейттен, олар бир-бири менен туўысқан екен. Қус тутыў, ат шабыў, жыртқыш хайўанларды аўлаўға олар ышқыпаз екен. Қар қапланларын аўлаў ушын атланып атырған бай дәўлетли аңшы қонақлар, әлбетте, жалғыз өзи аўға бармайды, олардың әтирапында көп адамлар —хызметкерлер, қорықшылар, жол баслаўшылар болады. (Соңысы да бар, қар қапланындай зор хайўанлар дүньяда басқа хеш жерде қалмаған. Жақын Шығысты ғой айтып отырмаса да болады, олар бул жерлердиң жазийра ыссысында жасай алмайды, олардың Ўатаны бәлент, аспан сүйер таўлар, бул жерлердиң жазы мудамы салқын, қысы болса қаҳаман суўық, соның ушын да қар қапланлары-жолбарыслардың терилери теңи-тайы жоқ шырайлы, хәр бири алтын баҳасына тең келеди...) Олардың хәммеси өз аў қураллары менен келеди. Буннан шықты, олардың бирдейги дилмашы хәм жолдасы Арсен Саманчин де қуралланған болады, оған да, итимал, мылтық, яки тапанша беретуғын болса керек. Тапаншаны кейин өзине алып қалады, бир баҳанасы мине усы. Аўлары оңынан келсе, қонақлар оған тапанша сыйлық қылса, әжеп емес. Аў таўсылыўы менен-ақ ол таўлардан үлкен қалаға түсип келеди де, ойлап қойған нийетин иске асырады.

Әмекисиниң қоңыраў еткени әйне көўилдегидей болды, бул оны бираз сергеклендирип қойды, түнги жүректи ләрзеге салыўшы ой-қыяллардан кейин, әдеттегидей, халатқа қайтарды. Арсен Саманчин пикирлерин жәмлеп, өзин қолына алып, соның менен мазасын алған кәўетерли ойларға шек қойды, ядына алған жексурын режесин арқаға сүрип, өзи менен өзи келисимге келгендей болды. Хақыйқый ис пенен шуғылланыў керек еди. «Болды, болды, Арс, есиңди жыйна!»—деп жекли өзин-өзи. —Ҳәзир буны ойлайтуғын ўақыт емес, пүткиллей мийиңди жеп қоймаған шығарсаң, ақыры, Арс!» Айдана оның аныўы келген пайытларда еркелетип, оны усылай атар еди—Арс, деп айтар еди, бул болса оны, Айа, деп сүйер еди. Усы бахтияр демлерди еслеп, ол хәсирет пенен аўыр гүрсинди. Сонда Арсен өзин самаллар қойыў жапырақларын ушырып кетип, сыйдамланып қалған теректей сезди. Жетимсиреп қалған жүрек пенен қалайынша жасайды...



Енди, дәрхал иске кириспесе болмайды, қашанға шекем өртенип, күйиў мүмкин, қашанға шекем өзин тирилей гөрге тығыўы керек? Жумыс деген шексиз, үйилип жатырыпты. Редакциялардың тапсырмалары менен баслап қойылған, лекин асығыслықта ақырына шекем жеткизилмеген қаншадан-қанша ислер компьютердиң ишинде турыпты. Булардың топланып қалыўына өзи айыплы: хәр түрли темаларды жаратыўға урына береди, нәўбеттеги массалық мақалалардан баслап, суў-энергетика машқалаларын да көлемге ала береди, тағы басқа бир қатар темаларды да нәзерине алып қойыпты. Нәтийже ше? Оның жумыс столында хеш қашан шала жазылған материаллар үйилип жатпас еди. Бул хәр халда егемен журналистпен, деп керилип жүристиң ақыбети болса керек. Ол еркин! Хеш кимге есап бермейди, хеш бир адам оны тергеп, тексере алмайды. Жасайды, көўли қәлегендей етип... Соннан да жумыс болды ма?

Өлген муҳаббат, өлген идея өртеген жүрегин азаплар отына жағып жибермеслик ушын, Арсен Саманчин өзине-өзи тәтепки берип, өз кейпияты руўхын жоқары көтерер еди. Қурып кеткир капитализм өз күшин көрсетип атыр! Хеш нәрсе оның жолына тосық бола алмайды, бели жиңишкелик етеди. Улыўма алғанда бул жерде капитализм не қылып жүрипти? Гәп сонда, идеяны тап бир товар сыяқлы сатып алып, оны товар сыяқлы сатыў мүмкин екен, идеяның жолын пүткиллей тосып қойса да, болар екен, пул менен хәмме нәрсени иске асырыўға болады. Сен болсаң, бул шараятқа өзгеше — сатылмайсаң, сатып алмайсаң, сен еркин-ықтыярлы көшпендиликтен қаңғып жүрип, келип қалғансаң, әне енди қапшығыңды толтырып ала бер. Қошқарлардай маңлайыңды қарсылдатып ур, хәммеге бир өзиң қарсы тур. Басың кетпесе, көпе бер, басқалар тек те пул менен барлығынан қутылып кетеди. Хей, бәри-бир, урыс па, урыс, оннан қашып, қутылып болмайды. Лекин ҳәзир емес. Ҳәмме нәрсениң, үлкен бе, киши ме, өз жол-жорығы, усылы бар. Лекин ҳәзир ўақтынша буның барлығын умытыў керек! — Ол солай, деп өз-өзин исендириўге урынар, хәзир Бектур аға жетип келеди, хәммеси және басқаша болып кетеди, деп үмит етер еди. Онда күн тәртибине пүткиллей өзге бир мәселе шығажақ, алдыңғы өмирдиң басқа бир машқаласы биринши дәрежеге өтежақ. Ортаға исбилерменлик хаққында әхмийетли гәплер түсежақ, оларды талқылаў талап етиледи.

Арсен Саманчин өз-өзине булар жөнинде тәселле берер екен, тап бир Мәңги қалыңлық алдында ақланып, оны жубатып атырғандай болды. Ол оған усыныс қылар екен, өзи емес, тек те өзиниң хаўазы —екинши бир нусқасы, қыялый сөйлеп, сыбырлап атырған сыяқлы сезилди, тап қалыңлық қыз көзге көринбейтуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

есик артында турып, оның Хрущёв дәўиринен қалған жети қабатлы жайындағы лифттиң сықырлысын еситип атырғанға мегзеди. Ол қалыңлық қызға еситилер-еситилмес даўыс пенен сыбырлап, кеширим сорар еди: асықпа, тағы бираз күт. Қуда қәлесе, әлбетте, буның бир шарасын көремиз. Сонда мен сени, Айдананы, классикалық ырғақлар менен суўғарылған уллы музыка менен байланыстыраман! Айдана сахнаға шығады, ал сен оннан алысырақта, пердениң артында турасаң, хәммесин өзиң көресең хәм еситесең. Тек те азырақ сабыр ет. Оннан кейин өзиң ойлап көр, айып Айданада ма? Өз ықтыяры менен бизди таслап кетпегенин түсин, бир пайытларда сени урлағандай, оны да урлап кетти, лекин енди бул басқа урлаў, хәзир мине усылай етип урлайды, жолдан урады, алдайды, бузады, сатып алады. Илгери заманларда сулыў хаялды атқа мингизип алып қашса, ендиликте оны доллар толтырылған қап үстине отырғызады, кейин хаялдың өзи жортып кете береди. Тезликти асырып, доллар үйирлерине өзин урады, үйирлерди миллионерлер-миллиардерлер басқарады, хәр бири өзиниң бөлек үйирин бағады, көбейттиреди, бас санын асырады. Тиришилик сондай. Басқа жол жоқ, хәммемиз базарда араласып жүремиз. Бунда хеш кимниң айыбы жоқ, бәрин жолға салып атырған базар экономикасы. Егер былайынша ойлап қарасаңыз, айыбымыз жоқ емес, бар. Бизди бүйтип жасаўға қәйтип мәжбүр етип атырған болса, солай бойсынып, күн кеширип атырғанымыз ушын айыпдармыз. Ох, мен және сиясат пенен социология тоғайларына кирип кеттим. Тек те сен буларды жүрегиңе жақын алма, бул тәшўишлер саған артықмаш. Рети келип қалғаны ушын бир кеўлимди аштым дә. Мени кешир хәм маған исен, күт, қуда қәлесе, тағы да көрискеймиз. Як, асықпа, бир заман тур. Және бир нәрсе мудамы тула-бедениМди кемирип жатады. Хәр тәреплеме ойланып қарасам, Айдана ол бетлерде өзин қалай сезип атырған екен, бәрше рекламаларда көрсетилгениндей, әжайып сахналарда көрингениндей, хақыйқаттан, бахытлы ма екен, яки жүрегиниң бир мүйешинде шоқ бар ма екен, тәўбе қылар ма екен, үзликсиз көз жас төгип жатар ма екен? Тилекке қарсы, меннен қашып жүргенине қарамастан, оған бәри-бир аңсат болмаса керек, дүнья көзимизге басқаша болып, таўланып көринген сол Хейдельберг бағындағы ушырасыўларымызды хеш қашан умыта алмаса керек. Сен өзиң оны көрдиң ғой, хей, Мәңги қалыңлық, бахытлы мәўритлер ўақтында үстимизден шықтың ғой, мине еки жаққа айрылып та кеттик...

Ол усылай сес шығармай, сессиз моқанларға қарай сыбырлар, хәмде тағы ақыл-хушымды жыйыстырар деп, өзине тәселле



берер еди. «Есиңди жый, есиңди жый, тыншымаған басың сени қаякларға баслап кетип баратыр? Неге мурныңды хәр нәрсеге тығып атырсаң? Ким менен бәллеспекши болып атырсаң. Тыр жалаңаш өзиңди отқа, шоққа урасаң, нелерди жазып атырсаң, болмағыр сөзлерди сатасаң, олигархларды езбекши боласаң, заманымыздың долларбайлары болса, әжағаң Ардақ айтқандай, дүнья базарында айланып-бирлесип жүрипти, сен бул қызық гәпти бир мақалаңда ислетип те жибердиң, лекин хеш ким буған итибар бермеди. Олар сени түкке де алмайды, базарда орны болмаған адам олар ушын бир тийин, диўана, ийт сыяқлы қәдири жоқ. Гейде адамға сондай болып түйиледи, қудайдың өзи сол долларбайлардың хызметинде шығар, деп ойлайсаң, өйткени ол олардан көзин алмайды, абайлайды, ардақлайды. Не, дурыс емес пе? Буннан шықты енди Қудай — бүгин дүньяның банкири. Тоқта, тоқта, не деп былшылдап атырсаң, о, Қудай, қудай бендеси, — мендей гүнәкар адамды өзиң кешир!».

Жазала хәм кешир! Эх, бундай ақ ғарғаны, «өлшемге сыймайтуғын» пәскешти бул дүньяда изи қалмаўы ушын, кейин ол жасады ма, жасамады ма, болжап отырғанша, океанға атып жиберген мақул. Бирақ мине сол бир адамзат қәўиминиң тили менен түсиндирип болмайтуғын илләс, таслаңдылар әлемди хәм өзлерин натаслап атыр. Демек, усыннан «социологиялық жуўмақ» келип шығады: хасла тыншымас, ярым жилли-сүрей, дәўирдиң келбети, себеби бүгинги күнде, әзел-әзелден киятырған жағдай сыяқлы, бир нәрселер үйлеспейди, аспан хәм жер арасындағы жаратылыста үзилиске түседи, келиспеўшилик хүким сүреди, жер жүзинде хақыйқатлық хеш қашан орнамайды... О, қуда, мен тағы шеңнен шығып кеттим... Өзимниң үйдеги ислерим басымнан асып атыр еди, ал мен болсам...

Ол үй-ишин жыйнастырыўға киристи. Бектур аға искер адам, жумысқа жуўапкершилик пенен қарайды, бир нәрсе жақпаса туўры бетине айтады. Сонын ушын хожалығында мудамы тәртип-интизам сақланады. Жалқаў, ис қошжақпасларды қасына жақынлатпайды, майда-шүйде нәрселерге де итибар береди: хей неге қыйлы жолдың шетине тоқтың? Тез жыйнастырып ал! Неге сениң гүлиң бир жаққа қыйсайып тур, мәс пе, сениң өзиң қусап? Дәрхал туўрыла! Хей, неге атызындағы салманы шошқаханадан бетер сасытып жибердиң, тазалап қойыўға қолың тиймейдиме, нәкас! Аўылласларын мудамы тәртип-нызамға шақырып жүрген, туўры ислейди.

Соларды еслеп, Арсен Саманчин үй-ишин асығыслық пенен тазалаўға киристи. Оқылған-оқылмаған газеталар, жылтырақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

журналлар хәмме жақта жылтырап жатар еди, оларды жыйнастырып, бир жерге таклады. Айнаның шаң-тозаңын артты, айрықша, қоңыр түсли пианиноны жарқыратып тазалады. Пианино жүдә шырайлы нәрсе, оның үйиндеги ең қымбат баха буйымның өзи сол, оның үстине бул әжайып музыка әсбабына Айдананың қолы тийген, яқшы күнлерде онда жағымлы намаларды шерткен. Бир емес, еки мәртебе. Пүткил түн бойы, ярым ақшамға шекем, гөззал ырғақларды ойнаған.

Арсенниң өзи хәўескер, ядында қалғанын шертеди. Айдана болса шебер атқарыўшы. Адам ол шерткен намаларды еситип тоймайды — оннан мудамы узақ Европаның жаңғырық сазы келеди. Арсенди Айдананың нәзик қоллары таңландырар, олардан өз-өзинен бийиктыяр сыйқырлы музыка шығып атырғанға, көзлери болса, нур шашып турғанға мегзер еди. Арсен Саманчин бастырып келген ойларға төтепки бере алмады, сағыныш әбден қыйнады, пианино алдына отырып, Айдананың сол пайытларда шалған намаларын еслеўге урынды. Және хосиретке батты. Енди ол хеш қашан бул жерге келмейди, пианиноның алдына отырмайды... Оның кишкене ғана үйинде пианинодан төсекке шекем — бар-жоғы үш адым хәм ол жердиң музыкасы пүткиллей басқаша... Арсенниң көлби Айдананы сатқын, деп айта алмас еди, лекин әмелде болса тап усындай аўхал еди, соларға қарамастан ол Айдана Самарованы хеш кимниң күши жетпейтуғын тәғдирдиң қурбаны, деп ойлаўды қәлер еди.

Телефон қоңыраўы шырылдады. Бектур әмекиниң айдаўшысы Ийтбай екен. Ол биз жолға шықтық, деп хабар етти...

Күтип алыўы керек еди. Арсен Саманчин бир неше минуттан кейин, кийиниң, мойнына галстугин тағып, хүрметли ақсақалын қарсы алыў ушын хәўлиге шықты. Бурынғы ўақытлары үйге бундай бәлент мәртебели мийман келсе, оны хүрмет-иззет пенен күтип алар, атының жылаўынан тутып, кәрияны қолтығынан сүйеп, еринен түсирер, айыл-қайысларын босатып, атына дем берип, арпа салар еди...

Хәзир мийман автомобильде келсе, бензининен хабардар болып турады...

Хош, биз қыялымызға келтирген ат, арпасын жеп турсын, арадан бес минутқа шамалас ўақыт өтти, хүрметли Бектур аға жалт-жулт еткен Японияның күлиреtли қара жипинде жетип келди, двигатели алты жүз ат күшине ийе, шырақлары жарқыраған заманагөй машина хәўлини кесип өтип, есик алдына келип тоқтады. Мине сондай, хәр қандай тосқынлықтан биймәлел өтип кете беретуғын күшли жиплер таўларымызда көбирек болсын.



Лекин хәзирше Араб Әмирликлеринен сатып алынған Бектур ағаның бул машинасы пүткил Туйық-Жар ўәлаятында жалғыз еди, улыўма кәдимги «Жигули» хәм «Москвич»лер де аўылларда бармақ бүгип санарлық болып, бул тәбийий бир хал еди, себеби халықтың жағдайы төмен, хәттеки колхоз ўақтындағы аз-маз тоқшылықлардан да жүда болып қалған еди.

Ол ўақытта халық аўыр дизгинленген, лекин солай болса да... Ал хәзирги пайытта болса хәр ким қолынан келгенше урынып-талпынып атырыпты. Кимниң басы қара мийнеттен шықпайды, ким кәерден несийбесин шөплейди, қулласы, алдында жылт еткен жарық жоқ. Исбилерменлик қыл, дейди, ал кәне усы исбилерменлик, — картошка қапла, пишен ор, тағы не бар? Еркинлик бар, дейди. Лекин жетиспеўшилик бар жердеги еркинлик неге жарайды, болмағыр қуры гәплер. Хәзирше аўылдың барлық қыйыншылықлардан өтиў дәўири, деп сылап-сыйпап келеди, әне, базарға өтип алсақ, ол жағы май жаққандай зырылдап кетеди! Күте тур! Бир тентектиң тапқан гәпине қарап: базарға сай балаларды туўдырсақ, кейин жақсы болып кететуғын қусайды! Бир қылмаған исимиз болып усы қалған еди! Аўылда жасаўшылардың машинасын айтпай тура қояйық, бабамның заманларындағыға усап ешекте жүк тасып жүрипти. Ырас, кишкене автобуслардың шыққаны жақсы ис болды. Жаслар болса, бири қалмай қалаға кетти, ол жерлерде цыганлардай жумыссыз шожып жүрипти...

Лекин исбилерменлик заманының сақаўатынан пайдаланып атырғанлар да табылып турады. Хәттеки таў асырымларынан жабайы палды жыйып, базарға шығарып атырғанлар да аз емес, бурынлары бундай хасла болмаған еди. Палды бурынлары саўға ретинде беретуғын еди, саўда-сатыққа хеш қашан алып шықпас еди, ақыры пал үлкен-кишиниң тәбиятына жараса желинетуғын шийринлик... Бул да бир рети келгенде айтылатуғын гәп тә...

Соның арасында Бектур ағаның өзи жипта келип қалды. Мине ондағы саўлат, мине оны хақыйқый үлкен адам десе болады. Бектур Саманчин хеш кимниң қыялына келмеген исти иследи — аңшылық бизнесин жолға қойды, жыл даўамында жумыслар қызғын жүрисе баслады. Мәўсимге қарап түрли жабайы хайўанлар аўланды, булар ишинде нетедур хәзир «Марко Поло» деп аталатуғын таў арқарлары да, кийиклер де, айыўлар да, бүркитлер де бар, мине енди айрықша аў дизимине қар қапланлары, жолбарыс аўы да кирди, ең дәраматы зор аў... Жарайды, Бектур аға, қайылмыз, жолын тапқанына қара, ақыллы адам дә...

Машина тоқтады, Арсен асыға-үсиге жиптиң салмақлы есигин ашты. Бектур аға жылмыйып күлиўи менен пәске түсти де,

www.ziyouz.com kutubxonasi

колын созды, олар кәдирданларша кушакласып көристи. Аўа, көзге көринген, саўлатлы киси, келбети, кәлли-кәўмети, айрыкша сулыў сакалы өзине оғыры жараскан. Олардың урыўында бәрше еркеклер усындай айбатлы, азамат адамлар болған, сол есаптан Арсен, тек те Арсен, баска Саманчинлерден парк кылып, сакал-мурт коймайды.

Олар узак кушакласып, жакын каналасларға тән дәстүр бойынша төрт коллап көрисип турды, бир-бириниң желкесинен кағып, еринлеринен күлки кетпей, йилип хүрмет көрсетти. Бираздан кейин Бектур аға колын көксине койып сөйледи:

— Кудаға шүкир, саў-саламат дийдар көристик! Канша болды көриспегенимизге, Арсен, еки айдай болған кусайды, яки оннан да көп пе?

— Аўа, ағажан, шамамда үш айдай болып калды.

— Әне, көрдиң бе! — деди койыў касларын керип Бектур аға. — Мен ўакты-ўакты калаға келип турыппан, лекин сени тутыў жүдә кыйын, иним. Мәйли, енди бизиң менен көбирек бирге боласаң. Өзиң түсинесең бул жағын.

— Аўа, ағажан, түсинемен бәрин. Көриспегенимиздиң себеби, түрли ислер менен бәнт болып калдым, олардан кашып кутылып болмайды. Ўакыт болса, айтып беремен. Мине ушырасканымыз жаксы болды.

Әлбетте, ол Айдана менен араларында болып өткен ўакыяларды, сол себепли ким менен катты бәсекилесиўге туўры келгенлигин, оны пүткиллей бир шетке сүрип таслап, сүйиклисин тартып алып хәм улыўма жәмийет турмысынан шетлетиўге урынғанлығын айтып отырмакшы емес еди, соның менен бирге, кеўлине түйип жүрген максетлерин де баян етиў нийети жок еди. Әлбетте, бул сирә туўры келмейди, себеби бунда гәп пүткиллей баска нәрсе үстинде баралы, исленежак жумысларды келисип алады. Бектур аға Түйык-Жар таўларынан сол жумысты питкерейин, деп калаға келген. Консы-кобалар оның апак-шапак көрисип турғанларына карап, таң калысар еди. Жыртык калталы шалбар, үстине майка кийип жүрген еки шаккан бала, биреўи ийт жетеклеген халда аўзын арандай ашып, Бектур ағаның жипин тамаша ете баслады. Набада бул хәўлиде хәр кыйлы рендеги машиналар туратуғынына карамай, олар бул жипке хәўес пенен тигилип калды. Олар бир-биреўиниң бүйирлерин түртисип, бир нәрселерди айтып жуғырласты: кишкентайлар мине усындай зор машинаға минип, кала көшелеринен өтиўди, хәммениң хәўесин келтириўди кәлер еди.

Буның барлығын Арсен жипке бир карағанда көрди хәм буннан кеўли көтерилип, бойы жеңил тартты.



Өзинди корشаған өмирде куўаныш хәм хак кеўилликтиң бар екенлигин сезсең, кәлбиңди хошпейл кейпият бийлеп алады. Сондай жағдайда: сизге жаксы болса, бизиң хәммемизге де жаксы, деп айткың келеди. Сол бир жаз таңында хаўа соңындай ләззетли хәм тынык еди, еле жокарыға толык көтерилмеген куяш әтирапты өзиниң шуғлалы нуры менен жактыртып, аспаныў-зәмийнде жасаўшы бәрше маклуклар өмирине сол заматта бахыт инәм етип, соның менен пүткил инсан шадлығына шерик болып атырғандай еди.

Кәне енди жарык дүньяда хәмийше усындай уйғынлыкта жасасаң. Бирак айтыўларға карағанда, кандайда аспандағы бултлар арасынан бизге мудамы әлле кандай бир көз тигилип туратуғын кусайды. Мейли, тигилсе тигиле берсин...

Олар жумысларының пүткил майда-шүйделерине шекем айтысып кеткенде де, мине усы кеўиллилик хәм өзине исениў туйғысы бир минут та Арсен Саманчинди тәрк етпеди. Бектур аға өзине исеним менен сөйлер, акыллы усыныслар биллирер, оның тәбияты, ис-хәрекетлеринде хожалык ислерин жаксы билетуғыны анык көзге тасланып турар еди, оның келтирген дәлиллери, билдирип атырған пикирлерине косылмаўға иләж жок еди.

Ол бәрин ойлап, шамалап, тийкарлап, режелестирип койған, аў кылыўға руксат бериўши рәсмий хүжжетлер лицензияланған, онда кар каплаңлары, жолбарысларды аўлаў айрыкша атап өтилген, канша атыў мүмкинлиги белгилеп койылған, хотткеи дәраматынан алынатуғын салык муғдары да умытылып калынбаған еди. Араб мийманларға да усы бир шәртлер мәлим етилген еди. Арсен Саманчиниң өзи өткен бәхәрде олар менен инглис тилинде дүзилген шәртнаманы рәсмийлестириўге жәрдем берген еди. Сәл болмаса, бул ядынан да шығайын деген екен, лекин мине енди әмелде ис баслаўға туўры келеди. Бул жерлерде инглис тили үйренилмеген, бул хеш кимниң кыялына да келмеген, Бектур Саманчин бул тилден пүткиллей бийхабар болғаны ушын араб мийманлар менен инглис тилинде сөйлесиў, дилмашлык етиў толығы менен Арсен Саманчиниң мойнына жүкленген еди...

Әлеп-икрамлылык бойынша да, Бектур Саманчиниң өз өмир тәжирийбесинен келип шығатуғын жуўмағы да сол еди, араб мийманлар менен өзи ортасында дәлдалшылык етиўдей аңсат болмаған нәзик иске, гуманланатуғыны жок, баска биреў — әлдеким емес, тек те Арсен ғана жарар еди. Себеби бундай жокары дәрежелеги мийманларға әпиўайы дилмаш емес, айрыкша билимдан, кызыклы әңгиме беретуғын адам керек болар еди.

— Соның ушын, иним Арсен, саған бул исте ата-бабалардың руўхы мәдәткар болсын, сен мархум ағамның улысаң, оны куда



www.ziyouz.com kutubxonasi

рәхмат кылсын, абырой-итибарлы дилмашсаң, бизге жәрдем бериўиң керек, бунын қаншама зәрүр екенлигин өзиң де түсинип турыпсаң, иним,— деп уктырды Бектур аға. — Еки хәпте биз бенен бирге болсаң, не болты? Сен хеш кимге есап бермейтуғын бийғәрез журналистсең,— басын аўған тәрепке өтип кете бересең, солай емес пе? Итибарында турсын, араб мийманларынын дәслепки ўәкиллери бес күннен кейин келеди, булар таярлаўшы топар, бизинше айтканда — даярдаши, олар үш киси. Мийманлардын өзлери болса шахсий самолётта Әўлиеата айропортына қонады.

— Айропорт емес, ағажан, аэропорт,— деп туўрылады оны Арсен. Лекин ол буған қысынбады.

— Мен бәрибир айропорт деймен, бизде солай айтады. Бизге ең жақыны Әўлиеата айропорты. Буннан өзиң хабардарсаң, шартнама дүзгенде өзиң жәрдем берген едиң. Мине ўақты келди, ислеўимиз керек. Араб қонакларды айропортта бирге күтип аламыз хәм бирге таўға алып кетемиз. Ол жерде барлық нәрсе таяр, оннан тәшўишленбе. Мен бурынғы колхоздын кеңсесин сатып алдым, мийман күтетуғын еки бөлмени дүзетип қойдым, қаладағыдай болмаса ла, хәр халда турыўға болады... Аўға Узеңгилеш асырымына алып барамыз, керек болса асырымнан да асып өтемиз, сол Қытай тәрепке. Бәрше соқпақларды билемиз. Әлбетте, ол тәреплерге тек те альпинистлер барыўы мүмкин, бирақ мейли, бул хәўескер ханзадалар да көрип қойсын, жолбарыс аўласын, ақшасын төлесин. Билесең ғой, барс аўына жақсы ҳақы төленеди. Қудай берсин. Хәмме өз үлесин алады.

Тағы түрли майда-шүйде жумысларды сөйлесип алды. Бектур Саманчин хақыйқаттан да, хәммесин жибинен ийнесине шекем көзде тутып, ислеп шыққан еди, көшпе шатырлар, жүк тасыйтуғын атлардан баслап, атбағарлардын исмине шекем анық белгиленген еди. Мәртебели мийманлардың атларына қарап турыўды тек те өз исин жақсы билген, таныған, сынаўдан өткен адамларды таярлаған еди. Қурал-жарақ, жарылғыш әсбап-үскенелер хәм узақты көрсетиўши дүрмин-телескопларға келгенде, хәммеси протокол бойынша таярланған еди. Арсен Саманчин ишлей әмекисине қайыл қалар, оған хәўеси келип, мақтаныш етер хәм және бир нәрсеге қатты исеним хасыл етер еди: бизнес шөлкемлестириўши уллы күшке ийе, мақсетке қарата ақыл-ерк пенен ис тутыўға үйретеди. Бизнес хәммелен көре қатты ғайрат хәм тырысқақлықты талап етеди.

Туйық-Жар аў бизнес жобасы мине усылай режелестирилген еди. Буны қар басқан таўлардағы қар қапланлары билсе еди... Олардын ишинде еңбек әбигер, ғәрип болып қалған, бийшара,



Узеңгилеш асырымы етегинде тап бир сыйқырланғандай өзин о жақтан бу жаққа урып атырған сорлы Жаабарс сезсе еди...

Арсен Саманчинге келгенде, бул аў режесинин қалай таярланғанлығын ол майда-шүйдесине шекем билер, айрықша, Бектур аға менен көрискенинен кейин оған хәммеси айнадай аян болған, лекин соған қарамастан, өзин бул жолла нелер күтип атырғанын ол да анық билмес еди. Ендиликте сырттан турып қарағанда, бул нәрсе кәраматтай көриниўи мүмкин ғой, ол да болса, жүз берип атырған ўақыялардан сәл алдын ол күнделигине не ушындур бир нәрселерди жазып қойған хәм оған «Көринбес есиклер, яки грипларлық бәлеси» деп тема берген еди.

Онда ол төмендеги сөзлерди әўлие-көзашықлық етип жазған еди: «Тәғдирдин хәр бир жүз бережақ ўақыясынын өз көринбес есиги бар, ол алдын ала таярлап қойылатуғын қусайды, алды бурын ашып қойыларммыш, мине усы есик алдынан өтиў кимнин пешанасына жазылған болса, буны есиктин арғы тәрепине өтип, киреўге қойылғаннан кейин ғана биледи? Туўылған гөдек хеш қашан ана қурсағына қайта алмайтуғыны сыяқлы, тәғдирде өз кәлемин таслаған адамға да артқа қарай жол жоқ. Тәғдир хүкими солай иске асады. Тәғдирдин грипдарлық бәлесинин мазмуны да мине сондай. Кирис бар да, шығыс жоқ».

Егер хәммеси басқаша болғанда еди... Тек те сонда ғана бул битиктин даўамы болыўы, Арсен Саманчиннин кәлеми астында ол трагедиялық эссеге айланыўы мүмкин еди...

Қуяш кем-кем жоқары көтерилип, ерте таңғы салқын орнын ыссылық ийеледи. Үйдин ишинде бул айрықша сезилди. Арсен гәпин бөлип, орнынан турып, кеште ярым ашып қойған терезени жапты хәм жоқарыға орнатылған ықшам кондиционерди иске түсирди. Көп қабатлы жайларда ыссыға шыдаў оғада қыйын, сонын ушын жанынды кондиционер сақлайды. Бирақ Бектур аға терезени ашық қалдырыўын сорады. Таўдын тәбийий хаўасына үйренип қалған. Мийманнын тилеги — қуда хәмири... Айнаның ашып қойылғаны да ақыбетсиз қалмады. Бирақ алдын ала буны ким билипти дейсиз.

Кеминде еки саатқа созылған әңгимени еки туўысқан тағы да даўам етти. Бул ўақыттын ишинде ақ көўил, искер, шофёр жигит Ийтбай шай ишип алды, жиңке май қуйдырды, жуўдырды, базарға да үлгерип барып, мийўе-шийўелерден алып келди. Хәр күни усындай исбилерменлик себепли бир-бирине байланып қалған туўысқанлар енди үлкен аўшылық жобасын талқылар еди. Айтпақшы, бизнестин өзи хаққында. Пүткил дүньяда ушпықтай айланып, ызғып жүретуғын алып сатарлар хәм саўдагер хаяллар



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтатуғын гәплерге таўлықлар оншама исене бермейди, мысалы олар гүлди сатыў хәм сатып алыў мүмкиншилигине оғада таңланып қарайды! Кимниң қыялына келипти дейсиз, гүл сатыў! Ақыры гүллер әтирапымызда, тәбият қушағында өсип, жетилиседи, атта кетип баратырып сүйсинип қарайсаң оған, балалар шад болсын, деп саўға етип бериў мүмкин оны, лекин гүлди сатыў — оғыры күлкили ис. Еки туўысқан Саманчинлердиң гәплери таўларда өзгеше жасаўшы — қар қапланларына тийисли болып, енди буннан кейин бизнестиң қолы бул хайўанларға да жетип барған еди.

Аўды шөлкемлестириў режесин қағазға сызып атырған үлкен әжағасын тыңлап отырып, Арсен Саманчин булардың хәммеси, тап бир театрдағыдай ойластырылып айтырғанына хайран қалар еди, тек те бунда сахналастырыўшы режиссёр-бурынғы колхоз баслығы, ол хақыйқаттан да геллеси ислейтуғын адам еди. Ол усыныс етип атырған аў усыллары хәм жол-жорықлар хақыйқаттан да драматургия ўақыяларын еслетер еди. Мысал ушын, Бектур Саманчин хайўанларды дузаққа айдап келтириўдиң жолын шеберлик пенен ойлап тапқан, сондай еткенде, сырт еллик аңшылар ең бахалы жолбарсларды таңлап атыў имкәниятына ийе болады. Әжайып пикир, таң қаларлық таў аўының режесине қулақ салар екен, ол зорлап болса да, өзиниң мийине буны жайластыра баслады, ақыры тез арада буны араб мийманларға бирме-бир, ункыл-шуңқылына дейин түсиндирип бериўи керек еди, Арсен Саманчин енди бийшара жолбарысларға ашынып, оларға рехими келе баслады, хәзир болажақ трагедиядан бийхабар олар өзиниң Тянь-Шань таўларында биймәлел жүрген шығар, деп ойлады. Оған сондай болып түйилер еди, егер бул хайўанлар, әлле қайларда, адамлар тығылып жасайтуғын үлкен қалада, Хрущёв заманларында қурылған көриксиз жети қабат үйдиң тап-тар бөлмесинде отырып, еки кимсе, тап бир қудайдай, алды бурын болжап, олардың тәғдирин саатпа-саат, хәттеки минут-минутына шекем шешип атырғанларын билсе еди — ўақыт барында әлле қашан Гималай таўларына қарай қашып кеткен болар еди.

Пикир-еркин қус, гейде уяға қарай ушса, гейде космосқа қарай ушады. Мине, және геллесине әлле қаяқтан қонап, лекин әхмийети бойынша адамгершиликли бир пикир бастырып кирип келди: оларды, таў барсларын, бул кәўипten қалай етип, хабарландырса болады? Лекин бул нәрсе қыялына келгени менен, бундай биймәниликке хасла жол қойып болмас еди. Ондай жағдайда бизнес не болады? Хәттеки, қыялда болсын, жаўыз маклукларды сақлайман, деп урынып, бизнестиң басына суў қуйыў керек пе? Егер ырастан да, бундай ўақыя жүз бере



қойғанда, дүнья әлле қашан аўдар-теңкер болып кетпес пе еди? Хәмме нәрсе жоханнемге кетип, адамзат өз-өзин жеп болар еди. Соның ушын хасла бундай етип болмайды, мүмкиншилик хәм хақ жол тек те, тек те бизнеске қаратылады, қалған бәрше ис, соңынан, «оннан кейин» болады. Усыған уқсас бир гәп аўыздан шығып көрсин, аяғын аспаннан кетип, өлгениң жақсы. Ол солай ойламаған болса да, лекин бул пикир мийиниң қараңғы түпкирлеринде туўылды, ким билсин, бәлки, оған пәрўардигардан соңлай бир жаза жиберилди ме, ол барған сайын песиятгөй болып баратырған Бектур ағаның сөзлерин тыңлап, «Мерген» исбилермен аўшылық фирмасы баслығының көрсетпелерин ингилисше қылып, дәптерине жазып ала берди, себеби булар хүрметли мийманлар менен ислескенде, оған бағдарлама болып хызмет етер еди.

Бектур Саманчин болса, сол демлерде Арсенниң жүрегиниң түпкирлеринде нелер жүз берип атырғанын, хәтте, қыялына да келтирмес, оның геллесинде қандай пикирлер қайнаўытлап атырғанын билмес еди.

Адам улыўмалық ис-жумысқа байланыслы нәрселерди саламат ақыл менен талқыдан өткерип атырып, әйне ўақытта ақыл жетпес қам қыялларға берилип отырыўы мүмкинлигин ким геллесине келтире алар еди дейсиз, буны, хәтте, түсиндирип бериўдиң өзи мүшкил еди. Егер таўдың арғы жағында самал есип атырған болса, берги жақтағы тереклердиң шақалары да хәрдайым қыймылдай бермейди.

Бектур Саманчин өзиниң усынысларын, бар дыққатын бир жерге жәмлеп, исеним менен хақыйқый қаналаслардай жүрегине жақын алып, оған баян етип берер еди. Ол қағаз бетинде режелерди сызып көрсетер, таўлар менен далаларда жыртқыш хайўанларға қойылатуғын гезелердиң ең қолай жайларын белгилер еди. Жабайы хайўанларды дузаққа түсириў өтетуғын жайды бир неше жақтан, жақсысы, үш-төрт жақтан бир ўақытта орап алыў керек болар, жыртқыш маклукларды керек тәрепке айдаў ушын бир пайыттың өзинде хүжим етип, хәр қыйлы қорқынышлы даўыслар шығарып, сүрен салыўға туўра келеди. Әлбетте, ислер керисинше айланып кетиўи де мүмкин. Лекин хәр қандай жағдайда да, кеминде бес-алты айдаўшы, жүйрик атларда, хайўанларды ең бир қолай ўақытта, белгиленген орынға қуўып барып, қоршаўға алыўлары керек. Шет елден келген аўшылардың әўмети келсе — бул мийман күтиўшилердиң де ислериниң жүрискени: түсетуғын пул орталан бөлип алынады. Соның ушын аў кеўилдегидей өтсин деп, хәмме бирдей жан күйдиреди.

Бектур Саманчин усындай жуўапкершиликли жумыс исенип тапсырылған, өзи басқарып турған аўылласларының атларын



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтты. Оның айтыуынша, атлы айдаўшылар хәзир таярлық көрип атырған, атларды шынықтырып, қураллар менен барабанларды сазлап атырған екен.

Олар бираз ўақыт шай ишип отырды, олар гә аўдан, гә тиришиликтиң басқа машқалаларынан сөйлесер еди, туўылған үлкеде түрли-жумыс, тәшўишлер жетерли еди. Мине усылай екеўи әңгимелесип отырғанда, адамның ақылын лал етип қоятуғын қызық бир ўақыя болып өтти.

Жаз айлары келгенде, үйлердиң әтирапында, хәўлилерде кептерлер хәм карлығашлар көбейеди, олар көп қабатлы үйлердиң балконлары хәм текшелери астында жасайды. Хеш кимниң олар менен иси болмайды, гейде кептерлер бирли-ярым адамлардың итибарын тартпаса, қарлығашларға хеш ким қызықпайды, олар кәлегенинше ушып-қонып жүре береди. Гейде тода-тода болып, гейде бирли-ярым болып ушады, темир қанат болған палапанларын уяларынан алып шығып, қыйқыў салып, ушыўға үйретеди. Мейли, тири жанлар емин-еркин уша берсин, карлығашлар құслардың ишинде ең бир нәзик хәм сулыў, адамларға тәшўиш келтирмейтуғын құс саналады, олар ашкөз шымшықлардай емес... Буны қараң, мине сол қарлығашлар менен хайран қаларлық бир ўақыя жүз берди, бәлки, таң қаларлық, деў де қыйын шығар...

Аға менен ини өзлери менен өзлери бәнт, бийкәтер әңгимелесип отырғанда, ашық терезеден үй ишине еки қарлығаш кәпелимде ушып кирди. Егер билместен, күтпегенде ушып киргенде, олар дәрхал сол заматта ашық терезеден шығып кеткен болар еди. Лекин олар шығып кетиўди қыялларына да келтирмеди, керисинше, қанатларын кең жазып, бөлме ишинде тынбай шарқ урар, жуғырласар, қышқырысар еди.

— Ой, қарлығашлар ғой бул! — деп хайран болып, хәтте орнынан да турып кетти Бектур аға. — Мудамы үйге усылай етип ушып келе бере ме?

— Яғ-аў, биринши мәртебе. Бурынлары хеш ушып кирмеген еди. Сыртта олар көп, о жақ, бу жаққа ушып жүреди. Жайдың басында уялары болса керек, — деп түсиндирди Арсен Саманчин.

— Бир нәрседен қорыққан ба? Терезени кеңирек ашып қой, шығып кетеди.

Арсен терезени кең ашты, лекин қарлығашлар кишкене қара көзлерин жылтыратып, олардың төбесинде тынбай ушар, тынбай жуғырлар, шығып кетиўди қыялларына да келтирмес еди. Қандайда бир нәрседен кәўетерленип атырғанға усайды. Әлле бир нәрселер оларды адамларға жақынласыўға мәжбүрлеп атырған болса керек, бул үйге бир нәрселерди айтыў ушын ушып киргендей, қандайда бир нәрседен хабарландырмақшы сыяқлы... Арсенге сондай болып



түйилди хәм буннан оны күлки қыстады. Саманчин ағай болса, отырғыш артында асылып турған сүлгини алып, құсларды ашық терезе тәрепке қарай қуўа баслады. Қарлығашлар топарласып терезеден сыртқа шығып кетти...

—Бунысы қызық болды ғой,—деп басын шайқады Бектур аға.— Бизде не ислери бар екен? Мейли, уша берсин, тағы бираз жумыс ислейик, ўақыт жүдә аз қалды. Сениң қашан баратуғыныңды, аўыллас аўшылар менен қашан ушырасатуғыныңды келисип алсақ. Оннан кейин сениң менен шәртнама да дүзиўимиз керек-аў, ақыры!

— Бизге шәртнаманың не кәжети бар? Шәрт емес.

— Жоқ, жоқ, хәзирги ўақытта сондай қылынады. Исбилерменлик шәртнамасыз болмайды.

Арсен Саманчин буны бийкарламақшы болып, оның не кереги бар, ағажан, сиз әкемниң орнына әкемдейсиз, сизге исенбей кимге исенемен, деп турған еди, қарлығашлар жәнс бөлмеге ушып кирип, үйдиң ишинде шарх урып, айлана баслады.

— Хаў, — деп хайран болды Бектур аға, — тағы кирип келди ғой? Бул неси екен?

— Аўа, олар бир нәрсени уқтырмақшы, яки ақырына шекем гәпти еситпекши, оларды қызықтырған әлле бир нәрсени билмекши болғандай, жәнс үйге қайтып киргенине қара, сол ўақытта Арсен Саманчинге бул ўақыя сондай болып түйилди хәм ол бир нәрсениң тәшўишин хайран қаларлық тәризде шегип атырған құсларды түсинип, қылықларын тамаша қылғысы, шуғырлағанларын қайта-қайта еситкиси келди, лекин Бектур аға оларды қуўып шығарып, терезени жаўып қойыўды сорады. Сүлги менен құсларды қуўып, терезе көзлерин илдирип қойыўға туўра келди. Арсен бөлмени суўытыўшы үскенени толық иске түсирди. Бектур аға ыссыда қыйналып қалмасын деди.

Лекин арадан бир минут та өтпестен қарлығашлар терезе артында тағы пайда болды, айналарға тақалып пыр-пыр ушып, тоқтамастан шуғырласты, олар адамларға бир нәрселерди мәлим етпекши болып атырғандай, әжептәўир хәрекетлери менен хабарландырмақшы болғандай, өзлерине итибар бериўди сорап атырғандай еди.

Бектур аға желкесин қысып, гүбирленди:

— Буларға не болды екен? Жақсылыққа ма, яки жаманлыққа ма? Мейли итибар бермейик. Перделерди жаўып қой, бәлки тынышланар.

Терезениң перделерин жаўып қойыўға туўра келди.

Аға-ини өз ислерин тағы да бираз талқы етти, лекин Арсенди сырлы қарлығашлардың хәрекетлери таңландырып, онда өкиниш



www.ziyouz.com kutubxonasi

пайда етти. Илгери хеш қашан куслардың бундай қылықларын көрмеген еди.

Бектур Саманчин иниси менен биймәлел сөйлесип алғанына пүткиллей ырза болды, қаналасларының жалғыз баслы өмир кеширип атырғанына тәшўиште екенлигин де айтпай қоймады, лекин Арсен мудамы қарлығашларды ойлап отырар еди.

— Дурыс, дурыс, ислериң жаман емес Арсен, — деди ол оның көзлерине тик бағып, — бәрекелла. Тек те шайын бойдақ адамдикидә. Ой, қапа болма. Гәп шайда да емес. Лекин қашанға шекем бойдақ жүресең? Атты қамшыла бала. Ебин тапқанлар бес-алты мәртебе үйленип атыр. Және телевидениеге шығып, мақтанып та қояды, сен болсаң бир мәртебе сүрнигип, еле бойыңды тиклей алмай жүрипсең. Ер жигиттиң иси бундай болмайды, Арсен. Сен еле жас жигитсең, ақыл-хушың өзиңе жетерли, хеш кимнен кем жериң жоқ, әкең рәхметли сениң менен мақтанған болар еди, дурыс, асып-тасып атырған жериң жоқ, лекин мойныңды ишиңе тартатуғын да жағдайда емессең. Пүткил туўған-туўысқанлар сениң тойыңды күтип отыр. Мине, мен таярман, бир үйир жылқым бар, саўшыларға қалың мал қылып беремен, қолессең, қалаға айдап әкелип береди. Күлме. Жақсы қатын-қызлар қалада да, аўылда да көп. Биреўин таңла. Ўақыт босқа өтип кетпесин... Өзиң де бул нәрселерди жақсы түсинесең.

Арсен жылмыйып күлер, қоллап-қуўатлап басын шайқар, гәптиң бағытын басқа тәрепке бурыўға урынар еди. Бирден ағайдың қыялына бир пикир келип қалды:

— Маған қара, Арсен, бәлки, анаў қарлығашлар бийкар бул жерде ушып жүрмеген шығар, я? Бәлким, олар да, үйиңде келин болғанын қәлеп турған шығар? Бойдақтың үйи — зимистан! — Ол өз хәзилинен заўықланып, шақалақлап күлди. Лекин Арсен оған былай жуўап берди:

— Келиншеги бар үйге не жетсин.

Ағасын узатып атырып, және қыялға берилди: «Келини бар үйге не жетсин!». Бектур Саманчин болса, бул пайытта әмелий бир пикирди ойлап атырған еди. Арсеннин шаң-тозаң басқан «Нива»сын көрип, ол былай деди: Артып-тазаланған, бүгин шырайы хәр қашанғыдан да өзгеше, жылтылдап турған өзиниң жип машинасының қасында Арсенниң шаң-тозаң басқан «Нива»сын көрип, ол былай деди:

— Қулақ сал, Арсен, егер хәммеси режемиздегидей жақсы өтсе, ақыры, сен де усындай жип сатып алыўың мүмкин. «Нива»да соншa жүрдиң, жетер, әрманың қалмады. Совет заманларының машинасы, хаслында бул да жаман емес. Лекин хәмме нәрсе заманына қарап, енди сен мине бундай жиплерде жүрсең, жарасады, иним.



Арсен Бектур ағаға миннетдаршылық билдирди:

— Рахмет, ағажан, рахмет, кәне көре берейик еле, жип таўларда жақсы жүреди, билемен, лекин, ол бизге буйырса, еле көре берейик. — Ол тағы ишинен «келини бар үйге не жетсин» деп сыбарланды хәм гәпти басқа жаққа бурды: — Ал, Ийтбай, жақсы дем алдың ба? Қайылман, ләрт көрме хеш қашан. Таў жоллары адамды шаршатып қояды, хәр ким буған шыдай алмайды.

— О-хо, бизлер Ийтбай менен не-не жолларды басып өтпедик, есапласа қанша болады, билесең бе? Үш жүз мың шақырым!

— Үш жуз мың косыў қырқ болды! — деди Ийтбай мақтаныш келип.

Кейин олар қушақласып, хошласты. Арсен жиптиң артынан қолын былғап қалды, қыялында бәркулла сол бир сөз гүңиренер еди: «Келини бар үйге не жетсин!».

Арсен Саманчин сырлы қарлығашларды еслеп, хәр тәреплеме жүреги сығылар еди, себеби буның өзгеше бир нозик тәреплери де бар еди. Буны ол хеш кимге айтпақшы емес еди, күлкили болып түйилиўи мүмкин еди, тек те Айдана ғана бул ўақыяны дурыс түсинип, буны сезим менен талқы ете алар еди. Айдана, итимал, бул ўақыяны көркем шығармаға айландырыўды, либретто яки қосық етип жазыўды мәсләхәт берген болар еди. Екеўиниң арасындағы жүректи тербетер пинхамы сәўбетлерде ол усындай күтилмеген темаларды жақтырар еди. Бул сүйискен кеўиллерди бир-бирине және де жақынластырады. Бундай гәплер араларында аз болған ба! Енди болса, телефоннан да оның даўысын есите алмайды. Буның менен иси болмай, уп-узын «Лимузин»де, узақлап кетти де қалды. Өйтпегенде бул оған сырлы елши-қарлығашлар хаққында айтып берген болар еди. Қызық, қандай хабар айтпақшы еди бул қуслар?

Ырас, бир неше күннен кейин булардың бәршеси умытылып кетти. Туйық-Жар таўларындағы аўға таярлық көп ўақытты алып, жумыслар күннен-күнге көбейип бара берди, лекин сәл кейинирек, туўылған аўылына келгеннен соң, бес күн өтип, ол өзиниң күнделик дәптерине: «Көринбес есиклер, яки гриндарлық бәлеси» деп аталған трагедиялық эссесин жазып қойды.

Неге енди бийхазар қарлығашлар мине усыны айтып сергеклендирип, буннан хабардар қылмақшы болған екен? Лекин олар буны қайдан билген? Күлкили. Ахмақшылық. Ялған шығарылған нәрсе. Сондай болып түйиледи. Хәзирше сондай сыяқлы. Бул тек хәзирше ғана... Лекин бул жазыўдың Арсен Саманчинниң күнделик дәптеринде пайда болыўы кележекти болжаў еди. Хәзирше аспан хәм көк жийек тынық, хеш қандай қәўетер, жуўыр-жуўыр жоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

себеби хәммеси исбилерменлик режесинде көрсетип қойғанындай, өз жолы менен баратыр еди.

Ал ол болса, тәғдирдиң өзине атап қойған жазмышларынан бийхабар қайғы-хәсиретке батып жүрер, Айланаңы көре алмаслығы, оған таңқаларлық қарлығашлар хаққындағы хақыйқатлықты гүррин етип айтып бере алмаслығынан хәсирет шегер еди. Сонда не, айтып бере қойғанда, ол дәрҳал жуўырып келер ме еди, көне-көне сол әжайып-кәраматлы қарлығашлар, деп сорар ма еди? Бул ғәрип, сорлы бийшара ес-хушынан айрылып қалмаған ба өзи?

Бунын менен бир қатар, басқа бир ғәрип бас, гезенде жыртқыш Жаабарс Үзеңгилеш таў асырымы етегинде, сол жерге тап бир дуўалап қойылғандай әбигер тартып, езилип жатар еди. Нени күтип атыр ол? Оны алдында не күтип атыр?

## VI

Еки күннен кейин Арсен Саманчин өз «Нива»сына отырып жолға түсти. Араб шахзадалары — Хасан хәм Мысырдың келиўине санаўлы күнлер қалған еди. Ҳаслында олардың толық исмлери бираз узын, оны ядлап алыўдың өзи мүшкил еди. Бирақ хәзирше Хасан хәм Мысыр деўдин өзи жеткиликли еди. Олардың аңшылық қызығыўшылығын қандырыў ушын Арсен Саманчин туўылған журтқа жол алды, оның алдында Тянь-Шан таў дизилмелери, алыс  Туйық-Жар таўлары мүлгип жатқан еди.

Жол узақ — бес саат кеминде жүриў керек. Бирақ бул жол оған жақсы таныс, айрықша машина миниўди үйренип алғалы берли ол күн ара бунын менен дусласып туратуғын еди, лекин соған қарамастан, хәр сапары бул жерден өтиў, өзинше бир имтиханға айланар еди, жол ярымына шекем асфальтланған, оннан арғы жағы тас аралас топырақ болып, тегисленбеген, таў жанбаўырлары үстинен өтер еди.  Кейинги пайытларда қала хәм оның әтирапларында көбейген заманагөй сырт еллик машиналар алдында пүткиллей көрениш болып, ескерип қалса да, «Нива» еле жол танабын қуўырар еди.

Ҳәзир ол қаланың шығыс тәрепинен жүрип барар еди. Жол бойындағы айланба көшелер, қурып, питкериле алмай жатқан жайлар, бағыў-бағшалар, аўыллар ишинен өтип, илгериледи колхоз хәм совхозлардың далаларына алып шығар еди. Ол бетте сахра, таў алды төбешиклери басланады. Олардың артында, алысларда Тянь-Шаньның бәлент қарлы дизилмелери көзге шалынады, ол жерлер жасыл тоғайзарлықлар хәм қорқыныщлы қырларында дүнья турғалы берли жолбарыс хәм қапланлардың урпақлары — жыртқыш барслар жасайды, енди қарай ғой, бүгинги күни олар халық аралық аңшылардың нәзерине түсип, қызықлы аў түрине айланып кеткен.

Арсен Саманчин аспан менен өпискен сол таўларға қарай, туўылған журт қайдасаң, деп «Нива»да зымырап барар еди. Кейинги жыллларда ол жақларға түрли тиришилик баханасы менен жақын туўған-туўысқанларының той-садақалары, жаңа жайларға көшип барыў мерасимлери мүнәсибети менен ўақты-ўақты барып турар еди. Ол өзи менен туўысқан — апасиникине барып қонбақшы. Жездеси темирши уста, лекин темиршилик пенен хәзир күн көрип болмайды, апасы: жийенин Ускан үлкен жигит болып қалды, үйленетуғын пайыты келди, соның ушын қосымша үй салыўымыз керек, деп қашшаннан бери айтып келеди. Егер хәмме ислер жайында болып, аў жақсы өтсе, қуда қәлесе, апасына жаңа үй салыў ушын пул береди. Туўысқанлықтың үрип-әдети сондай...

Бул сапары Арсен Саманчин киши журтқа, не десек екен, айрықша бир ўазыйпа менен баратыр, бурынлары хеш те бундай хәдийсе болмаған еди. Бул жерде хәммеге бес бармақтай жақсы таныс, хүрметли исбилермен әмекисиниң мирәти хәм усынысына ыразы болып жәрдемге киятырғанын Арсенниң аўылласлары да бир аўыздан мақуллаған еди: әмекиси болса, қуда қайырып берсин, аспаннан доллар шашаман, деп турған болса, қайсы ахмақ оннан үлесин алып қалыўды қәлемейди? Сондай тентек бар ма? Бундай қолай ғана дәрамат араб аңшыларынан, дурысырағы, өзимиздиң таў жолбарысларынан келип түспекши, қараң, көз көрип, қулақ еситпеген ис, енди жабайы хайўанлар базар саўда-сатығына кирипти: бизиң қар қапланларымыз-барслар болмаса, мийманлар таўдай пулларды сарыплар ма еди?

Бундай үлкен пуллар ортаға тасланса, ким көўлине нени алғаны менен кимниң неше пуллық иси бар? Ҳәр кимниң тәшўиши өзине жетеди, ал өзгелердиң атызында шөп көгермесе де, мейли. Соның ушын да Арсен Саманчинниң дилмашлық етиўине ыразы болғанлығының тийкарғы себеби менен хәр кимниң иси жоқ еди.

Жолдың, айрықша, кескин бурылысларында үстилерине лыққа толы шийки зат тийеген, Қытайдики, дейтуғын үлкен, айбатлы жүк машиналары бунын жанына келгенде, сондай жаман қыйсаяр еди, Арсен хәр сапары олардан аман-есен өтип алса, Қудайға шүкир айтып, жеңил нәпес алар еди: Арсен рульде отырып, тезликти бақлап, қарсысынан киятырған машиналардан көзин үзбеген халда киятырса да, мине сол жол қыйыншылығы ишинде оның геллесинен бир сораў сирә шықпас еди: енди бул жағында қалай жасайды? Не қылсын енди? Тек те усының өзи болса хеш гәп еди? Оны қайта-қайта кәлбине бастырып кирген қайсар





www.ziyouz.com kutubxonasi

пикир тоқтаўсыз қыйнап, үсти-үстине жүрегин өртер, буннан кейин ол хәр сапары өзин жоғалтып қойғандай болар еди. Арсен Саманчин рульде отырып та, тынышлана алмас, оны «ақырғы жуўап синдромы» қыйнар еди, (ол өзинде мудамы тутанып турған, оты сирә пәсеймеген өш алыў нийетин солай атар еди), мине усы нәрсе оны пүткиллей ишлей кемирип барар еди. Ол өзин жене алмай атқанына, бул аўхалға муўапық келетуғын басқа бир руўхый сезимди табыўға парасаты жетпей, әззилик етип атырғанына, қалайынша бул дәрежеге түсип қалғанына хайран қалды. «Бир пайытлары мехрибан, рехимшил адам деп танылған едим, — деп еслеп қойды ол, — енди билсем, соншама бос, ләтте екенмен. Бурыннан қәлиплесип қалған үрип-әдет ишимди кемирип атыр, базар идеологиясы да маған жат екен, мени сүрип, шығарып таслап атыр... Социалистлик тутымнан қутылып, базар дегенине жолықтық. Базар менен тил табыспасаң, сени өлтиреди. Лекин набада сени өлтирсе, сен де өлтир. Базар дегенимиздиң «ақырғы қатал жуўабы» мине сол. Ол тек сөз бенен өз-өзин жылаўлады, гүналады, қылықларының үстинен мысқыллап күлди, бирақ жүрегиниң төринде хеш бир тәўбеге, кеширимге келмеди. Ол «ақырғы жуўап»қа толық ҳақым бар, деп есаплар еди.

Солай етип, ол «Нива»сында таў аралықларынан ишкериге кирип баратырған екен, хаслында, егер бар болса, Қудай умытып қойған, я өзлери билип турып Қудайды умытқан, өзине усаған қалалы адамлардың топалары кем-кем узақласар, жүрегин хәсиретке салған қәўетерлер хәм дилгирликлер, қайғы хәм хәсиретлерди өзи менен бирге алып барар еди. Эх, қурып кетсин, үш мәртебе бул қала Айдананы буннан айырған, оны массалық мәденият қамақханасына алып кеткен! Көрдиңиз бе, массалық мәдениият темир торлы түрмеге айланады екен, оның үстине бул түрме хақыйқый түрмеден қалыспайды: ол жерде қараўыл жоқарыдан қарап турса, видеокамералар орнатылған болса, ал бул жердеги бизнес — қараўыллар сутка даўамында қасында жүреди, есиктиң артында, перделениң сыртында, лимузин салонларында турады... Ал тәңир қамақханасына тасланған, өмир түўесилгенше таўларда гезип жүретуғын Мәңги қалыңлықты олар қадағалай алмас еди. Қалаларда оның менен хеш кимниң иси жоқ... Оған сахнада көриниўге, адамлардың кәлбине, санасына кириўге руқсат жоқ...

Лекин қала Арсен Саманчинниң өзин хасла еркине жибермес еди, жол-жөнекей оның қолындағы телефонына тынымсыз қоңыраўлар келип турар, оларға қолын рульден шығармай жуўап бериўге туўры келер, гейде пәлекеттен сақланыў ушын жолдың шетине шығып турып сөйлесер еди. Қоңыраўлар бул ўәде берген мақалалар хәм гүррилесиўлерди күтип атырған



редакцияларға тийисли еди. Оларды жазып бериў мүддетлерин аррағыраққа сүрер, айырым хәллерден тысқары қайсар редакторлар хәм телебаслаўшыларға болса, мен дем алысқа шыққанман, буған өзимниң толық ҳақым бар, хәзир үш хәптелик сапар шегип жүрипмен, хәзир де қаладан алыста, жолда кетип баратырман, соның ушын нәўбеттеги көрсетиўди кейинге көшириўиңизди соранаман, деп жуўап берер еди. Улыўма нәўбети күтип турған бул машқалаларды өз ара келисип, кешиктириўге еристи. Лекин еки жанып-күйип турған мәселе бар екен, оларды кейинге қалдырыўдың иләжы болмады.

Қоңыраў етиўшилер телефон арқалы болса да, бәсекиге түсиндириў бериў, мәселеге қатнасыўын талап етти. Себеби оның актуал, жәмийетшилик мәселелер бойынша шығыўларына бир қатар критикалық усыныслар билдирилген, соған байланыслы баспасөз хәм телешолыўларда дәрхал оның жуўабын бериў зәрүрликке айланған еди. Бундай аўхал биринши мәртебе болып атырған жоқ, түрли мәселелер бойынша өзиниң пикирин сыпатлап, бәсекиге кирискен пайытлары көп болған еди, лекин редакцияда отырып, сол жерде мәселе шешиў — бир басқа, узақта турып, телефоннан пикирлерди айдынластырыў — ол пүткиллей басқаша. Бирақ буннан қашып, қутылып болмайды. Ол жол шетинде тоқтаўға, мәселени шешиўге мәжбүр болды. Телефонда өзине жақын адамлардың бири «Жаңа жол» газетасының бас редакторы Кумаш Байсалов оның жуўабын күтпекте еди.

Олар баспасөз ислеринде бир неше жыллардан бери бирге ислесип келер еди.

— Маған қара, Кумаш, — деди ашыўы келип Арсен Саманчин, — тағы қандай асығыс ис шығып қалды? Саған айтып едим ғой, мен хәзир жолдаман. Қайтып барайын, соннан кейин сөйлесермиз.

— Хабарым бар, Арсен. Лекин мен билип қойсын, деген едим, Медиа-форумда шығып сөйлегениң ядыңда бар ма, сол ҳаққында...

— Әлбетте, есимде.

— Билсең егер, бир қанша өзимиздиң жергиликли дин ғайраткерлери — олардың ишинде мусылманлар, христианлар, хәттеки еркин баптистлер де бар — ашық хат жазыпты. Мен саған айтқан едим, қулақты қатты бурама, деп.

— Ал, сол илахиятшыларды не нәрсе бунша тәшўишке салыпты? Олардың өписип қалыўына не нәрсе себепши болыпты? Бурынлары олар бир-бирине қолын созбастан жүретуғын еди...

— Сен хәммениң көз алдында Қудайдың барлығына гүман келтирдиң, хәмме еситти буны. Хатта айтылыўынша, Пәрўардигарлы өзиниң «Қалам»ына бағындырып қойыпсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хаў, хаў, бул калай болды? Бул нени аңлатады? Мениң «Калам»ыма бағыныўшы болса, оның Пәрўардигарлығы кәерде калады? Бул не деген лузы жоқ гәплер.

— Бас тартканды кой, Арсен. Сен каякка баратырғаныңды билетуғын едиң. Олар енди сениң тәўбе етиўиңди, пикир-ойыңды өпиўайы жаңылысыў емес, бәлки хакыйкатлыкты саналы түрде бузыў, деп тән алыўыңды талап етип атыр.

— Токта-токта, кандай пикир-ой?

— Алматыдағы өткен медиа-форумдағы шығып сөйлегениң ядыңда шығар?

— Хәзир ойлап көрейин... Ол кашан болған еди өзи, аўа, май айында.

— Дурыс, жигирма бесинен жигирма жетисине шекем.

— Ал якшы, кейин не?

— Жаксысы өзиң есит, олардың карсы пикирин окып берейин.

— Бопты, окы!

— Телефоның отырып калмайды ма?

— Хеш гәп, және зарядка кояман.

— Онда окыйман: «Солай етип, биз жәхән динлери территориялык орайларының ўәкиллери, биргеликтеги ойласыўлар нәтийжесинде бир пикирге келип, айтамыз, белгили журналист Арсен Саманчин «Евроазия» медиа- форумы конференциясында тарийхтың көшпендилик дәўирине тийисли, жалған философиялык, хаслында әййемги әсирлер текстине сүйенип, оннан мысал келтирип, кудабийзарлык еткенлерин каралаймыз, буған карсы өз наразылығымызды билдиремиз, бул өзиниң мазмуны бойынша атеизмнен де бетер кәўипли. Хей, еситип атырсаң ба сен?»

— Еситип атырман, еситип атырман.

— Кейинги жағында сеннен коширме-мысал келтиреди. Айтпакшы, есиңде ме, конференциядағы бәрше шығып сөйлеўлер телевидение аркалы көрсетип барылған еди? Асыкпай тур, мен саған хәзир сонда айткан сөзлериңди окып беремен. Олар буны өз хатларында келтирген. «Итимал, усының менен бирге менде хәзирги ҒХҚ ларының улыўмажәхән шеңбериндеги әхмийетине өзине сай жантасыў, өзине сай түсиник болыўы мүмкин. Соның ушын мен дәўирдиң кәлиплесин киятырған хабар мәканларының күнделикли актуал әхмийети хәм де жуўапкершилигин еслетип өтиў менен ғана шекленип калмай, Сөзлиң өз-өзинше универсал кымбатын хакыйкый монисте аңлап жетиў ушын бул жерде ески теңеўлерге мүрәжат етиўди лазым көремен хәм бундай түсиниўди узак өтмиш заманларының кошпенди данышпанларынан мийрас аламан. Атап айтканда, номад дәўирине тийисли казак-кырғыз поэзиясының салмаклы бир хикметин мысал етип келтирип өтемен. бул жәхәнлеги хүкимран динлердиң акыйдалары пайда болмастан бираз алдынырак айтылған. Оның аўдармасы сондай: «Сөз — космос кеңисликлеринде Кудайды бағалы. Сөз Әлемниң сүтин саўады хәм сүт менен әўладтан-әўладка, заманлардан-заманларға өтип бизлерди бағалы. Сол себепли де, Сөзден тыскары я Кудай, яки Әлем жок хәм дүньяда Сөз күшинен артык күш жок, дүньяда кызғыны хәм кудирети оннан өтетуғын жалын жок». Усы бир бахасы улыўмалык хикмет сол заманлардағы көшпели данышпанлар, сол заманның дүньяға ат үстинде турып караған баксы-акынлары тәрепинен айтып кетилген.

— Ал бизиң моллаларымыз хәм попларымызға бул жерде не жакпай атыр?

— Олардың бир аўыздан айтып атырған гәпине карағанда, калайынша пүткил масса алдында телевидениеде Кудайды бундай ашыктан-ашык, сүрбетлерше инкар етип шығыў мүмкин?! Түсиндиң бе, буны?

— Аўа, дурысын айтсам, олар буншалыкка барар, деп ойламаған едим. Хәр халда кеңирек пикирлер деген едим, лекин мен исенимим менен өз пикиримде тураман.

— Якшы, онда айт, бизлер не кылайык?

— Нени макул көрсеңиз, кыла бериң.

— Макул, Арсен, сен жолда болыўыңа карамай, коңыраў еткенимниң себеби сол, биз диндарларымызды коллап-куўатлаймыз хәм дәрхал олардың хатларын биринши бетте шығарамыз. Сен де буны туўры түсин, сениң менен кайта курыў дәўиринен бери колды колға берип ислеп киятырмыз, бирак биз егер хәзир сол исти ислемесек, газетамыз финанслык көмектен махрум болады. Бизге буны ашыктан-ашык айтады. Дөңгелегимизди болса, ким тесип коятуғынан өзиң жаксы билесен.

— Билгенде кандай. Ол жалғыз сизди «теспейди», күн өтпей пүткил ийне-мәдениятты «тесетуғын» болады. Пүткил дарамат оның колына өтеди, хәмме оннан жасаўға мүмкиншилик сорайды.

— Демек сен бизден капа болмайсаң ба?

— Як, хеш кандайда. Баса бер. Мен өз ой-пикирлеримди дәлиллеп, жаклап шығаман. Хакыйкат мудамы жүзеге шығады.

— Якшы, о'кей! Арсен, мен асып-тасып атырғаным жок, түсин, соның ушын... Есиңде ме сениң алдыңғы макалаң, ол да «тесетуғынларға» жакпаған еди.

— Кайсы макала?

— Россияда шыккан еди ғой.

— Э, хә-хә!





www.ziyouz.com kutubxonasi

— Темасының өзи өткир еди. — «Байлық хәм хәкимиятқа телбелерше умтылыў!» Әне мақала! Тас дәўиринен бизиң күнлеримизге шекем...

— Аўа, шыққан еди сондай мақала, — деп қысқа жуўап берди Арсен Саманчин гәпти көпке созбай, бирақ өзи сол мақаланың өз ўазыйпасын бежергени, белгили бир тайпадағы адамларда наразылық туўдырғаны ҳаққында ойлады. Мине, олар дин гайраткерлерин иске салды, олардың ғәзеби келип бас көтерди. Булардың бәрининң артында және усы Ерташ Курчал деген кимсе турыпты. Арсен буған хасла гүман келтирмес еди. — Бопты, Қумаш, — деп қосып қойды ол қол телефонын ийеги менен қысып атырып, — ойлап көремен тағы. Енди жолға түсиўим керек. Көрискенше, Қумаш!

— О'кей! Арсен, мен саған ақыл үйрете алмайман, лекин әтирапыңда сен ҳаққында қозғалып атырған гәплерден сергек бол. Хатты шығарамыз. Басқа илажы жоқ. Диндарлар бизди тыныш қоймайды.

— Қайсысы олардың диндар? Хәммеси жүзеки кимселер!

— Айттым, қойдым. Өзиң таўда туўылып өскенсең, кәерде көтериледи, кәерде қыя, кәерде жар екенин билесең. Хақ жол!...

— Рахмет. Мен кеттим, — деп жуўап берди Арсен Саманчин дослының бул тилеги нени аңлататуғынын ойлап, жолда ықтыят бол демекши ме, я болмаса басқа әхмийетлирек турмыслық гәп пе?

Кейин редакциялардан тағы да еки мәртебе қоңыраў болды, лекин олар бас қатырарлық емес еди...

Машинасына май қуйдырып алыў ушын, Арсен тоғайзар, айланба жолға кирди. Жолда гә көтерилип, гә қыялап, пәске түсиўдиң өзине жараса заўқы бар, еки тәрепинде гөззал көринислер ашылады, лекин рульде отырғанда, айрықша сергек болыў керек, машина да қыйналады. Пүткил дыққатты машинаны айдаўға сарплап, Арсен Саманчин соның менен бирге өзиниң медиа-форумдағы шығыўы баспасөзде бир жақлама, ғәрезли талқы қылынып атырғаны ҳаққында ренжиген халатта ойлар еди: ол түрли әнжуманларда бир неше мәртебе машқалалы мәселелерди көтерип шығып сөйледим, лекин мине, бундай уйыстырылған қарсылықлардың биринши мәртебе ушырасыўы. Хәмде бул хәммеге билдирип, көрсетип, тыншландырып қойыў мақсетинде иселенбекте. Ал Арсен Саманчин болса, хеш ким билмейтуғын, көўлине түйип қойған, сол қорқынышлы нийетти әмелге асырыўды кешиктирип, жумыс пенен жолда кетип баратырса, басқа бир кимселер есап-сансыз байлықлары менен әтирапындағы барлық нәрселерди езип-жаншып, басқалардың басына түскен қайғылардан



шайқаўшылық етип, пайдаланып, буны аңлыганын қоймайды, изинен қуўып жетип, идеялық күшли соққы береди. Олай болса, буған да қарап қалыўдың не кереги бар, араб миймандарының аўы тамамланғаннан соң, қолынан келгенин аямаўы керек...

Бундай аўыр ойлардан қутылыў аңсат емес еди. Жолға түскенине төрт сааттай болып қалды, барған сайын көз алдында балалықтан таныс, қәдирдан көринислер көзге тасланар еди, илгериде ўәлаятта ең ири колхоз хожалығы хәм үлкен аўыл болған, өзи туўылып өскен Туйық-Жарға бир саатлық жол қалған еди. Арсениң басынан болса, хәмийше сол бир азаплы ойлар шықпас еди. Қызық, ол туўған мәкан ишине қанша енисип бармасын, өзин хәр тәрептен қоршап алған, ерки бөккем, ақыл-хушы жайында турған үп-үлкен адамға жараспайтуғын, тап бир жас балаға тән әрман оны тоқтаўсыз тәризде бийлеп алар еди: ол хәзир-ақ, мине усы жердиң өзинде, бир минут та кешиктирмей Айдана менен көрисип, сөйлесиўди қәлер еди. Қәне енди, бу мүмкин болса! Туўылған аўылға бирге кирип барса, не деген әжайып болар еди, рульде отырып оған барлық нәрсени гүррин етип берсе, бул жақларға не ушын баратырғанын айтса, ох қандай жақсы!... Жолға шығыўдан алдын оған қоңыраў ети түсиндириўге урынды, лекин буның пүткиллей иләжы жоқлығы билсе де, оның «Алло» деген сестин еситкиси келди, тилекк қарсы, жолға шығып баратырман, деп, бир аўыз жыллы сө айта алмады, буған оның енди өзгешерек тәғдири мүмкиншили бермеди, себеби бул тәғдир енди пүткиллей ең ағла тамаш жаратыўшы сол шоуменге тийисли болып қалған еди... Мин сол шынлықтан узақ, тозғыған қыяллар ишинде оған тек Айдананы усы жерде, жанында, деп қыялына келтириў хә оның менен қыялый сәўбет қурыўды әрман етиў имкәният ғана мүмкин болып қалған еди.

Сонда ол Арсенге желкеси тийип турғандай түйилер еди. С дыққат пенен отырар, бунысы оғада шырайлы еди, оның шырайл болыўы да тәбийий, ақыры хәр қандай хаял ушын шырайл болыў — тиришиликтиң бирден-бир шәрти, инсан әўлелери ушы өмирдиң мазмуны сондай болып келген. Артықмаш кемтарлық кәжет барма. Айаға, аўа, ҳақыйқаттан тәбият гөззал хүсн жамал инәм еткен, бой-сыны, кәлди-кәўмети, гүлдей келбет қап-қара кирпиклер астында жайнап турыўшы көзлери, кел етип кестирилген, желкесине түсип туратуғын, гейде арқасы таралатуғын, гейде минсиз жүзлерин сахна перделери сыяқл жаўатуғын шашларын айтсеңиз! Хаўазы ше? Оған сондай тыны өткир, гөззал даўыс берген Алла таалаға шексиз рахметлер жаўсы

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай емес пе, Айа? Ох, кешир мени, буны еслетип отырыўдың сирә кәжети жоқ. Билемен, билемен, айыпдарман, қыйналаман, бас ийемен, азап шегемен. Ақыры сен шаққан-шоуменниң қолына түстиң, сен ол жерде кәлеген ўақытта қосатуғын, кәлеген ўақытта алып таслайтуғын дискке мегзес един. Ал мени болса, жилли етип, сергизден-зар еттиң. Лекин буны кейин айтаман...

— Тоқта, қаяққа? — деп дирилдеп кетти Арс. Бирақ нашар қасынан ғайып болған еди...

Аўылда қаншадан-қанша туўған-туўысқанлар күтип отырыпты. Әжапасы, темирши жездеси, қарындас-инилери, аталас, урыўласлары, басқа да әғайинлери хәм ең баслысы — Бектур ағаның өзи: ўақыт тығыз, араб мийманлар бес күннен кейин жетип келеди, күнлери, сааты анық — он жетинши июль, саат он жетиде Әўлиеата аэропортына қонады. Бәрше мәселелер аэропорт хызметшилери менен бирге Интернет арқалы келисилген, бир тода қағазлар тақланған, тек те ушып кетиў ўақты ашық турыпты. Бул ўақыт ишинде самолёт-экипажы менен бирге аэропортта, Бектур ағаның сөзи менен айтқанда, «айропортта»-болады (айтпақшы, араблар ушын арнаўлы самолёт деген нәрсе, тап сен есигиндеги «Нива»нды мингендей бир гәп), қысқасы, бәршеси бизнес-реже бойынша таярлап қойылған. Арсен болса, мине баратыр өз «Нива»сына минип, ырас па, өтирик пе, Құда биледи... Бирден нашар оның жанында тағы пайда болды...

— Қәрге кетип баратырсаң, жол болсын, Арс? — деп сорады ол

— Ох, кеширересең, Айа, — деди күтилмегенде жолдан шығып баратырған машинаның рулин тез бурып, туўрылап атырып Арс. — Саған қоңыраў етип хош ала алмадым. Сен бүгин Хейдельберг бағына кийип шыққан көйлегиңди кийинсең-ләә, есиңде ме? Ол саған жүдә жарасады.

— Оны сақлап қойғанман. Сен ушын жасандым-дә, Арс.

Сонда Арстың даўысы өзгерди:

— Ол жаққа барамыз, бул жаққа барамыз, лекин кел, анық бир сөйлесип алайық. Бир нәрсе ислеў керек Айа.

— Кәлейсең бе, мейли сөйлесейик.

— Саған күтилмеген бир хәдийсе болыўын кәлемеймен, бирақ билип қой: соңы шатақ болыўы мүмкин. Сениң өмириңе буның байланысы жоқ бирақ...

— Не өзи, не нәрсе. Ал сениң өмириңе байланысы бар ма?

— Тек мениң емес.

— Не болып атыр, Арс?

— Қарап турсам, сен ақыллы, күшли, шырайлы хаялсаң. Иләхий музыка ырғағында айтыўың ушын саған иләхий хаўаз берилген. Лекин сен Құданың сениң күткенлериң ақлайсаң ба? Енди сениң Құдайың басқа, ол бизнес Құдай, оның аты Ерташ Курчал, Курчал-Мычал-нәлет жаўсын оған! Ол әпиўайы, семирип атырған бай болса мейли еди, өзи менен өзи, Ерташ Курчал болып жүре берер еди. Лекин ол шоумен-тамаша кийиминдеги шайтан. Ол өз қолында болмаған хәмме нәрсени жаман көреди. Дәрхал билип алдым буны, оның ким екенлигин байқадым...

— Алдыңа қара, Арс!

— Кәўетерленбе, Айа, барлығы жақсы болады.

— Неле болса жақсы болсын. Бир пайытлары мақтанар едиң-рульде маған тең келетуғын адам жоқ деп.

— Бәлки солай шығар. Лекин гәпим шала қалды, сен қулақ сал, мен дәлиллеп беремен. Ол жыртқыш мақаламның мәнисин аңлаған, бир көриўден: «Байлық хәм хәкимиятқа телбелерше умтылыў» деген темадан-ақ кимди нәзерде тутқанымды сезген, мақала Москвадағы газетада басылған еди.

— Мен еле оқығаным жоқ, Арс. Лекин, айтыўларға қарағанда онда хеш кимниң аты көрсетилмеген екен.

— Хеш бир кимсени тилге алыў нийетим де жоқ еди. Зәрүрлик болмады. Онда гәп заманға улыўма сай болған, бир мәселе — байлық хәм хәкимиятқа умтылыў күшейгенлиги хаққында барады. Билесең бе, бул жерде парқы жоқ, хәкимиятты туўрыдан-туўры ийелейди ме, яки оны пулға сатып алады ма, онысы да, бунысы да бола береди. Нәпес алыў ушын хаўа керек болғанындай, хәкимиятқа да байлық, пул керек, демекши едим. Байлық, пул болса, хәкимиятты талап етеди, нәпестиң-хаўасы талап еткениндей. Өмир сондай етип қурылған. Байлық хәм хәкимият бир-бирисиз жасай алмайды. Байлықтың қураллары арқалы хәкимиятқа талпыныў, яки хәкимиятқа талпыныў арқалы байлыққа ерисиўдиң кәўипли тәрепи сонда, бул жерде мақсетке қалай болмасын, қандай жол менен болса да жетиседи. Бунда хәр кимниң пешанасына жазылғаны болады: кимдур рәхәтке ериседи, басқа бирсўлер ғарғысларға миясар болып гөрге киреди. Ана бир кимсе мақалада оның хақыйқый бет-келбети ашып тасланғанын дәрхал сезген...

— Ой, Арс-ай, сен тек те лекция оқый бериўиң керек ғой. Жақсысы жолдан көзиңди алма, рульди де беккем усла!

— Тәшўишленбе хасла. Мениңше, сен өзиңше, көп узамай исенерсең: байлық хәм хәкимият бул — қарында биригип кеткен, сиям пышықларындай нәрсе.

— Сен не, социализм жақсы демекшимисең. Оның қандай екенлигин бастан өткердик, билемен?

— Гәп онда емес.





www.ziyouz.com kutubxonasi

— Болмаса неде?

— Гәп сонда, сениң менен биз базар кудайларына курбанлыкка берилген бенде болдык. Сен буған не дейсен?

— Өзиң билесен ғой, мени мәжбүрлеме, Арсен...

— Неге үндемей калдын? Капа болып атырсаң ба?

— Маған кара, токтат машинаны. Болмаса секирип түсемен. Болды! Маған аңсат деп ойлайсаң ба? Хәммесин өзиң меннен көре жаксы түсинип турыпсаң. Мәселе былай койылған: я мен жулдыз зәңгисине минип, поп-шоу бизнесиниң кең майданларында ат шабаман, яки романтизмниң идеяларына берилип, күним тиленшиликте өтеди! Жүрегимди нәршелеме, билесең ғой, картайған ата-анам, хәттеки напака да алмайды, кызым болса, олардың колында калған. Оны өзгелердиң колына бериўди көлемеймен, мениң болса, ўақтым жок, жумыс басымнан асыптасып атырыпты. Билемен, мени ойлайсаң, кайғырасаң, билемен, еле Мәңги калынлыктың дәртинде жүрипсең. Лекин сен жалғыз өзиң кыялпаразлык етип жүрсең, мен не ислеўим керек? Як, як, биз екеўимиз, як...

— Як дегениң не? Не деп атырсаң өзи?

— Биз енди баска көриспеймиз.

— Неге?

— Кулак сал, мен саған сыншыл бир хаял болып көриниўим мүмкин, лекин енди айтпай иләжым жок. Сөз баска, ис баска. Сен дүнья дурыс жаратылмаған, деп бир өзиң дәрт шегип жүрипсең, саған усап азап шегип атырғанлар көп. Ал оның болса, бизнес-гареми бар, онда маған усағанлар аз емес. Пул көрсетсе, хәмме оның алдына ийилип, жуўырып барады хәм де кашан шакырар екен, деп күтеди. Дурыс, сен эстрада хәм лимузинлер хүкимдарын жактырмайсаң, оның менен әлпиң алыспайды, ал соннан не бопты? Ийт танымайтуғын адам еди, енди даўрығы дүньяға таралып кетти! Бизнес оны көкке көтерди. Күш қүдирет оның колында. Бар гәп сол!

— Аўа, ырас, Айдана, бар гәп усы! Сен хаксаң. Баска гәптиң кәжети жок. Хәммеси ырас. Лекин мениң бағынғанымды ол көрмейди. Сен де бунын ушлық-пушлығын көрип каларсаң, деп кетип баратырман, алыска. Саған не болды? Өкинбе, күйип-жанба. Айыплы сен емес, сени өзиники етип алған базар экономикасы айыплы! Оның Кудайы — пул. Оның ийелемеген жери жок. Күйинбе. Асыкпа, сен каякка? Токта! Каяктасаң? Кайдасаң?

Лекин хаял көзден ғайып болды. Айдана Самарова өзи менен хәзир ғана бирге отырғандай, ырастан да, машинадан секирип, түсип кететуғындай еди, енди көзди ашып, жумғанша жоғалғандай,



Арсен хеш нәрсени түсинбей, хайран болып карады. Соң есин жыйнап, маңлайына бир урып, аўзын кыйсайттырып күлип, басын арман-берман шайкап, жолын даўам етти, әлеттегидей өзин кыялпаразлыкта айыплады, ядына келген нәреслерге инанарын да, инанбасын да билмеди. Лекин санасында жүз берген бул пикир таласы, орталарында болып өткен бәсекиниң бас айыпдары иске аспаған, буны әбден мәс кылған мухаббат хәм сағынышның өкинишли гәзеби еди. Оның кыялында жүз берген акыл жетпес хәдийселер каншама биймәни хәм күлкили болып түйилмесин, дүньядағы кайсы бир тири жан оның жүрегиндеги түтинди билмес, ол ойлап койған истен пүткиллей бийхабар еди. Хеш ким... Ал билгеннен сол болса... Лекин әхмийетлиси бул емес, бул баска мәселе... О дүньяда, хәтте душпанлар да бир-бирине кол берип көриседи екен хәм бир-бирин кушаклап, баўырына басатуғын кусайды, сондай гәп бар...

Соның арасында Арсен Саманчин таўлардағы туўылған аўылына жакынласар, Туйык-Жарға тикке көтерилген жолдан барар, шифер менен бастырылған таныс тамлар, аўылдың атызлары, дийўалларға телмирип карап, көзи куўанар, хәўлирип, хәзир ғана кыялында тозғыған тәшўишлерди умытар еди, акыры бул жерлерге келмегенине де ярым жыл болған, мине енди жарлы, көрениш болса да, өз кәдирдан аўылына тири хәм саў-саламат кирип киятыр, буннан сәл бурын консы аўылда, жолдың айырмасында машинасына бензин куйып алды, себеби, бул жерлерде толы бак пенен жүриў де әхмийетли еди.

Әлбетте, оны бул жерде күтип отырған еди. Ол машинасында хәўли тәрепке кирип барғанда, әжапасы Катийша хәм жездеси Орман үйдиң ишинен жуўырып шығып, оны кушаклап, бираз шекем баўырынан шығармай турды (темиршиден кызған темирдиң ийси келер еди), әжапасы бир майдан бызып та алды, ийт саўлаатлығынан наразы екенлигин де есинен шығарып, Ардактың хал-аўхалы, бала шағасының аман-есенлигин сорады. Хәмме шад, кеўилли еди. Туўған-туўысканлары оның араб мийманларына дилмаш болып келгенин билер еди. Бес минуттан кейин Бектур ағаның да карасы көринди, буны күте-күте оның көзлери төрт болған еди, оны да түсиниў мүмкин, себеби Арсен Саманчинсиз ол өзиниң кол-аяғын жоғалткандай сезер еди. Бектур аға атта отырар, желкесинде жабыныш, аяғында етик, басында үшлик ак тумак, ат пенен жол жүриўге таяр еди.

— Арсен, сени күтип отырған едим, өз ўақтында жетип келгениң жаксы болды,— деди ол кырылдаған даўысы менен. — Жумыс барып атыр, хәмме таяр. Көптен күткен хүрметли



www.ziyouz.com kutubxonasi

миймапларымыз факс жиберген екеп, көрсин, деп өзим менен алып келдим. Ертен оқып, аўдарарсаң. Бүгин биймәлел аяқ-қолыңды жаз, демиңди ал. Жумыс дегениң толып жатырыпты.

Олар тағы бир майдан әңгимелесип отырды, шай ишилди, әжапасы хәммесин таярлап қойған екен, соның арасында оны көрмекши болып қонсылар келди. Көше, хәўлиден келген балалар «Нива»ны айланып тамаша етер еди. Айрықша, бир класста бирге оқыған балалықтан дости — Таштанафған менен көрисип қалғаны оның ушын күтилмеген жаңалық болды. Оның ҳақыйқый исми Таштанбек болып, афган урысында өткерген үш жыллық әбигерликтен соң оны аўылда Таштанафған, деп шақырар еди, үйинде болса, оннан да қысқарақ етип, Ташафған дер еди, урыстан ол бир неше жеринен жеңил жарадар болып келип, кеўсине нышан тағып, аман-есен қайтқан еди. Оның атын аўдаратуғын болсақ, «тастай қатты афган» деген мәни шығады. Таштан-«денеси тастан қатты» дегени. Тас естелик, деп айтады: тастан жасалған естелик мәнисинде. Таўлы қырғызларда көп тарқалған исмлердиң мәнислери де усыған уқсас: Темирбек, Темирхан, Темиркул... Темирдей беккем, жеңилмес болсын, деп әрман еткен, әлбетте. Жер хәм аспан атамаларына тийкарлап, ата-анасы тәрепинен жақсы нийет етип берилген бул исм оның өзине хәмийше жарасқан еди (ол ҳақыйқаттан да, тастай беккем, азамат жигит еди, жас өспирим дәўиринен ақ аўылдың палўанлары менен гүрес тутып, беллесип жүрер еди), мине енди аўылласлары оның хүрметин орнына қойып, Аўғанстанның бийик таўларында өткен саўашларда, небир сынақларды басынан кеширип, ҳақыйқаттан шыныққан жаўынгер жигитти Таштанафған, деп шақырар еди. Арсен Саманчин менен екеўи балалықтан әғайин, мектеплес, сабақлас, урыўлас еди. Кейин жоллар айрылды. Арсен жаслық, студентлик жылларын Москвада, Ленинградта оқып өткерди. Таштанды әскерий хызметке шақырып, пияда бөлим менен бирге Аўғанстанға жиберген еди, ол ўалаят аўылхожалық техникумының агрономия бөлимин питкерип атырған еди. Қудайға шүкир Ўатанға аман-есен қайтып, өз колхозында қалып иследи, арада қайта қурыў дәўириниң өзгерислери болып өтти. Аўыллық орынларда жерлерди меншиклестириў басланды. Таштанафған бәрше журтласлары киби майда аўылхожалық жумыслары менен шуғылланып, дурысын айтқанда, күн өткизип, тиришилик етип жүрди, сол гезлери хәмме жақта аўхал сондай еди, алыс аўылларда болса баз-баяғы. Әжапасы, аўылласлары оны кәйтип сағынып күткенлерин айтып бергенде Арсен Саманчин мине усылардың бәрин бирме-бир еследи.



— Бәрше жақын қарындас-урыўласлар сени күтип отыр. Таштанафған үш мәртебе келип кетти. Сени сорады.

Арсен хәмме менен көрисип, хал-аўхал сорасыўға зорға үлгерди. Қонсылар хәм Бектур ағаны есапқа алмағанда, бәрше аўылласлары оған, әдеттегидей, бай аға, деп емес, заманагөй етип, «шеф» деп хүрмет пенен қатнас жасар еди. Көп өтпей, Таштанафған да кирип келди. Олар қушақласып, көристи. Сәлемлести. Көриспегенине еки жыл болғанын еследи.

— Қалалылардың хәр бириниң қолында телефон, кәлегенинше сөйлеседи, — деп кеўлиндегисин айтты Таштанафған. — Бизлердиң болса телефонларымыз жоқ. Қашан болатуғыны да нәмәлим... Бул қурақым аўылға электр келген, шоралар заманынан естелик. Қол телефоны болса, тек те хожайында, оның еки жәрдемшиси — Бәрибий менен Жаңарбек те бар, сен оларды таныйсаң, олар менен бирге мектепке қатнар едик.

— Аўа, билемен оларды, — деп жылмыйды Арсен хәм ески достын қоллап-қуўатлағандай болды: — Қол телефон ҳаққында гәп еттиң, араб ханзадалары менен аўды өткерип алайық, сен де, әлбетте, дараматтан қуры қалмасаң керек. Шефимиз Бектур аға қалаға келгенде сени барсларды белгиленген жерге айдап барыўшылардың жетекшиси, деп айтты. Төбешиклерден тырмасып жүриў, асырымлардан өтиў, бар даўысың менен қышқырып, шаўқым-сүрен салыў аңсат ис емес, Бектур аға сизди жүдә қәдирлейди, Аўғанда тәжирийбе арттырғансаң. Үлесиң де соған жараса төмен болмаса керек. Қол телефонға да, басқа нәрселерге де, табысың жетеди. Барслар дузаққа түссе болғаны.

Таштанафған бир түрли етип ийнин қысты:

— Көрейик, не болар екен, тағы да гәплесемиз. Арсен, гәпиме күлме, лекин қар барслары таўларымызда оғада аз қалған, жүдә сийрек гезлеседи, балалығымызда бизге қанша ертеклер айтқан бул қапланлар ҳаққында, қол телефонлары болса, қалаларда картошкалар сыяқлы, қап-қабы менен жатыр. Хәр кимниң дәрти хәр қыйлы.

— Гәпиң шынында туўры ғой, — деп оның пикирин мақуллады Арсен Саманчин, — лекин поезд өз изи менен бара береди. Еле өзиң көресең, бул енди ертекке усамайды, барсларды араб аңшыларының алдына өзиң айдап әкелесең. Хәзир бул жүдә үлкен бизнес.

— Аўа, әлбетте, зор бизнес. Гәп жоқ.

— Ақсақал Бектур аға хайўанларды бес адам айлайды, деди. Сен олардың бригадири екенсең. Хәмме өзиниң көлигинде болады, көлик атқа бөлек ҳақы төленеди.





www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўа, биз бес адамбыз, — деп тастыйықлады Таштанафған. Атларымыз да шыдамлы. Жырткышлар инсан аяғы тиймеген таў-таслар, үргинли карлардан айдап барылады, зәнги хақысын да бөлек төлесе болар еди, бизнес болганнан кейин бизнес-тә. Мәйли, ертең көрисемиз.

— Болады, ертең кел.

Бирақ Таштанафған хәўлиден шыға беристе бир нәрсени айтыў есинен шыққандай, ойланып, тоқтады. Кейин артына қайтты.

— Арсен, асықпа, бир гәп қалып кетипти.

— Яқшы, яқшы, айта бер, қулағым сенде.

— Шетке шығайық. Билесең бе, сен бизиң өз адамымызсаң, биз хәммемиз усы жерденбиз, Туйықлықлармыз. Арабларға не, таўларымызда аў қылып, кейин жөнеп кетеди, биз не қылыўымыз керек, соны ойласайық. Биз бесеў ара айдаўшылар сениң менен бирге отырып, шын жүректен бир гәплеспекши едик. Тағы қашан бундай жыйналысатуғын пайыт келеди? Айтпақшы, ақсақал саған ат таярлап қойыўымызды буйырды, сен де араб мийманлар менен бирге ат шабасаң ғой. Аттың саған зорын таңладық, көресең өзиң, жабыўы да өзине жарасқан — хәммеси зор. Ақсақалдың гәпин жерде қалдырмаймыз! Әне сол атыңды да саған көрсетемиз, өзиң минип, сынаўдан өткизесең, арасында шай-пай да ишемиз...

— Жүдә мақул. Ташафған, мен де сизлерди сағынғанман. Қашан дейсең? Ўақыт жүдә тығыз екен. Ақсақалға да, айтып қойыўымыз керек.

— Әне, көрдиң бе? Ертеңге ўақтың қалай? Араблар он жетинши сәнеде келеди, бүгин он екиси, күн жақынлап киятыр. Ертең көриспесек мақул, болмаса, үлгермеймиз. Таўға шығып кетемиз. Мурын сүңгиретуғын ўақыт болмайды. Эх, бар-жоғы еки араб келеди дә, биз пүткил аўыл болып аўере болып жүриппиз... Бүгин күтемиз, сени шопан жигитлер козлери торт болып күтип отырыпты.

—Яқшы, мен ақсақалға да айтып қояман.

—Айтып қоя бер. Лекин тек те сондай, бир класста оқыған жорам менен корисемен, деп айт. Бирақ дастурхан жаймаймыз, бул кейин, жигитлер солай деп атыр, ишип-жеўди кейинге қалдырдық, хәзир әхмийетлирек жумыслар көп.

—Тәшўишленбе. Ташафған, мен де ишкиликке ышқыбаз емеспен! Жақында «Евроазия» ресторанында бир стакан толтырып арақ ишкенин айтып мақтанбақшы болды да, және бунын артында ким турғанын селен, ғәзептен тилин тисследи. Бизлер хәммемиз тенлеслермиз, бир мектепте оқығанбыз, отырып сөйлесеск арзыйды.

— Ырас айтасаң, Арсен, жигитлеримиздиң биреўи — бурынғы оқытыўшы, сен оны билесең, бирге оқыған едик — аты Саксон. Есиңде ме, оны Сақсаған — дуўдар шаш деп шақырар едик. Ол билим журтын питкерип, физикалық тәрбия муғаллими болып жүрген еди.

— Хе-е, әлбетте, есимде.

— Әне усы Саксон — Сақсағай жылқы бағып жүрипти, оқытыўшының пулына күн көрип болмайды.

Арсен не дейди билмеди, үндемей қоя қалды. Ташафғанның тығыны ашылды:

— Саксон жүдә жақсы инсан, лекин турмыс оны ырастан қыйнады. Гезенде, шайқаўшы болып еки жыл жүрди. Ишинде дәрти көп. Кел, бир майдан отырайық, мына бир орынлықта. Еки аўыз Саксон хаққында гәп айтып берейин, асықпай есит.

— Турмыс оны ырастан қыйнады.

Мәйли, отырайық. Айта бер.

— Саксон бир ўақыяны мудамы айтып жүреди. Исенбесең ант ишиўден де таймайды.

— Не ўақыя екен?

Ташафған бираз үнсиз қалып жуўап берди.

— Бул шайқаўшылардың бармаған жайы, кирмеген тесиги жоқ. Саксон да көп бәлелерди еситкен сыяқлы, өзинен де қосып-шатып гәп айтып жүреди. Араб мәмлекетлеринен жүдә наразы болып сөйлейди, бул әмирликлер қара майдың арқасында жүдә байып кеткен, жәннетте жасағандай өмир кеширеди дейди. Тегин қара майдың үстинде отырып, дүньяда оның наркын күн сайын көтерип атыр. Жердиң қанын сорып, мийнет етип, машақат көрмей, қурыдан-қуры байып бармақта, дейди.

— Хе-е, буны хәмме биледи, хәзир пүткил дүньяда сол гәп, — деп қойды Арсен Саманчин. — Нефть, долларлар хәммеден үстин шығып атыр.

— Ол айтқаның дурыс. Сол араб байлары басқалардың түсине де кирмейтуғын хәр қыйлы ислерди қылып атыр-дә. Билесең бе, олар ең қымбат баха автомашиналардың жарысын өткерер екен. Оны көрде десең-ши? Сахара қумлықларында.

— Сахара қумлықларында дейин бе?!-деп таңланып сорады Арсен. — Э-хе! Бундайын еситпеген екенмен! Таўларда, қумларда, қыйын шараятларда жарыс уйымластырады, бунын өз ышқыпазлары бар, деп, еситер едим, бул олардан да асып түскен сыяқлы.

— Кәпексй, тек усы ғана болса! Арсен, көрген адамлардың гәплери бойынша, Сақсағай бизге айтып берди, телевидениеде де көрсетти, — исенесиз бе, жоқ па, жилли болып қала жазладық! Көзимиз уясынан шығып кетти. Бул жарысыўшылар жипке хасла минбейди екен! Және қандай жиплер десең-ши, бундайлары



www.ziyouz.com kutubxonasi

еле бизде жоқ, хәтте ақсақалымыздың жипи де әмирликтен бе, Кувейттен бе, алып келинген болса да, лекин олардикиндей емес. Әне сол жарысыўшылар өзлеринин суперживлерине отырып алып, машинаның бас-аяғына қарамай, төбешиктен-төбешикке асады, — бизде оларды «шоққы» дейди, гейде тикке пәсликке ушып түседи, гейде тағы қум шоққысына көтерилип шығады, тап ана тахта үстинде, теңиз толқынларында жүрген адамдай. Не деп аталар еди сол толқын үстиндеги тахта ойыны?

— Сёрфинг, шығар деймен. Ал, кейин ше?

— Солай десең, финишке ең ақырында жетип келетуғын жип олардың нәзеринде әўметсиз саналып, оны жазалайды екен. Олар әўметсиз жиптиң үстине бензин қуйып, шақалақлап, күлип, ермекке жағып жиберер екен. Өзлери секирип, ойынға түсип, шарап ишип, кеўилхошлық етер екен. Бул соншамалық ахмақлық қылық екенлигин геллелерине де келтирмес екен. Хеш нәрсе болмағандай, ертенине-ақ жаңа жип сатып алады, бул оларға хеш нәрсе емес, ойын-күлки етекени ғана қалады. Соның менен ғана биз илгеридеги сахрада аш-жупыны, түйе минип гезген, Қудайдан түйесин аман-есен сақлаўды жалынып-жалбарынып сораған, сахрада өлип кетпеслигин өтиниш еткен бедуинлер емеспиз деп, өзлерин өзлери исендирмекши болады. Хәмме гәп, Арсен, олардың қара май қудықларынан тоқтамай атылып турған миллионлар хәм миллиардларда. Неге дүньяда бундай болып атыр? Хеш ким буған жуўап бергиси келмейди. Биреўлер ермек ушын жипларды жағады, басқалар, мине мысал ушын бизлер, балаларымыз мектепке қатнаўы ушын аяқ кийим алып бере алмаймыз.

— Түсинемен, — деди даўысы семип кеткен Арсен Саманчин.

Ташафғанның ақырғы сөзи оның жүрегин тырнап өтти, ол өзин қолайсыз сезди. Ол бундай гәп болыўын күтпеген еди. Ол жақ, бул жақтан гәплесип отырсақ керек, деп ойлаған еди. Қызып кеткен Ташафғанның хәўирин басыў нийетинде ол былай деди:

— Өзиңди бас, достым, қызба. Мен түсинемен, лекин бундай етиў шәрт емес... Бир күн келип ысырап еткенлер жазасын тартады, турмыстың сабағы көп.

— Маған не! Мен өзимди басып алғанман. Сен Сақсағайдың буларды қайтип гәп еткенин көргенинде еди, шашлары тикке турып кетеди. Жер жүзиндеги бундай әдалатсызлықты сирә ақылына сыйдыра алмайды. Әмеллеп жубатамыз, өзине келтиремиз, жасыратуғын жери жоқ, жүз грамм қуйып та беремиз.

— Аўа, әлбетте, бунысыз болмас. Лекин кел, артықша шаўқым да көтермейик, — Арсен оның желкесинен қағып қойды. — Мениңше бул мәмлекетлердеги адамлар қанша бай-дәўлетли болмасын, хәммесиниң ақыл-хушы өзине жетерли. Ана тойып секирип не ислерин билмей жүргенлери болса, күтпегенде бир жерге жыйылып қалып, шоқлық еткен шығар дә. Тоқлыққа шоқлық дейди ғой ақыры. Қудайдың есап китабы бар. Лекин өзиң ойлап көр: олардың мәмлекетинен бизге де тийетуғын бир нәрсе бар шығар: барс аўы жүриссе, хеш ким қуры алақан қалмас.

— Аўа, ақсақалымыз истин көзин биледи, хәммениң басын бизнес артельге бирлестирди, жаман болмас ақыры. Көремиз. Аўшының әўмети самалдай бир келип кетеди.

Арсен Саманчин оның пикирин хәзил менен қуўатлады:

— Биз хәммеден бурын қар қапланларымызға рахмет айтып, бас ийиўимиз керек. Таўда жолбарыс болмаса, бизге бул аў қайда. Бектур ағаның питимлери қайда!

— Гәпиң дуўры, — деп жуўап берди Ташафған. — Буннан шықты, биз барсларды пуллап атырмыз до... Илаж қанша? Барслар менен питим дүзип болмайды ғой.

— Пай қатырдың ла, сен де! — деп күлип жиберди Арсен Саманчин. — Барслар менен питим дүзиў деген гәпти сирә еситпеген едим. Қайылман! Рахмет саған. Енди демимизди алайық. О'кей?

— О'кей! Бираз ўақтыңды алдым. Күн батып баратыр. Демиңди ал, текте бир өтинишим, ертең, әлбетте, көрисемиз. Есиңде тут. Сениң минетуғын атыңды алып келемиз.

— Мақул, Ташафған. Қалада бундай пайытта таныстырамыз, дейди.

— Әне, әне, соның өзи таныстырыў... Ақсақалға сондай деймиз, таныстырыў өткиземиз. — Кейин кетиўге мейиллесип сорады: — Атта жүриў ушын етигиң бар ма? Болмаса-табамыз.

— Тәшўишленбе. Кәерге киятырғанымды билип, ески етигимди ала келгенмен. Кийилместен жатырған еди.

* * *

Арсен күндизги жумысларынан шаршап, кешқурын туўысқанлары үйиниң төрине салынған төсекке жатпақшы болып турғанда, ақсақал Бектур аға қол телефонынан қоңыраў етип қалды. Ол мен хәзир таў алдындағы Дасторқан деген жердемен, араб мийманлар биринши күни усы жерге түседи, деди. Бунда хүрметли мийманлар ушын дала мәнзилинде жай таярлаў аңсат болмайды. Ертең түстен соң ушырасып, күнделик жумысларды бежеремиз, деп олар келисип алды. Әўлиеатада үш күннен кейин саяхатшы аңшыларды қандай етип күтип алыўды мәсләхәтлесиў керек еди. Мийманлар жетип келиўден, Арсен күн бойы олар менен болыўы





www.ziyouz.com kutubxonasi

тийис. Бул да аңсат ис емес. Аў енди өз жолы менен, лекин шет еллик бул мырзалар нелерге кызығады, минез-кулыклары кандай, өзи кандай адам олар, буларды кәйтип билип алса болады?

Бул ўакытта Арсен Саманчин өзине жүкленген ўазыйпаны шын кеўли менен бежериўди қыялына келтирип койған еди, коңыраўдан соң пикири оның бурынғыдан да беккемлене баслады, арада Таштанафған менен болған сөйлесиўди де қыялынан бир қатар өткизип, көзи жумылып, уйкыға кетти. Неге Таштанафған буншама күйип-писип жүр? Оғада таң каларлык жағдай...

Жаздың сол күни, сол саатта таўлар ишинде, карлы шоккылар хәм узынына созылған дизилмелерди аралап жанбаўырларға қойыў зимистан түн қараңғылығы түсти хәм тап кыстағы сыяклы суўык турды. Бул мәканларда күн көриўши бәрше жанзатлар сол кештен тап тан атканша жым болып калды.

Тынышлык талап етилетуғын ўакыт. Бул жерлер тәбиятында хәмме нәрсе усылай кәлиплескен, олар тынышлыкка шакырар еди: аспанда ири, жакты жулдызлар парлап, шоккылар үстинде турды, бултлар да бир-бири менен биригип, бөлекленип жүзиўден токтап, бәлент дизилмелер бойлап созылар еди, жамғырдан дерек жок, таў дәрьяларының сүренли шаўкымы басылғандай болды. Узенгилеш асырымының жанбаўырында болса, ызғырык жел есер, бийшара Жаабарс жанын тынышландырыў максетинде кыйыршык таслар арасынан жүрип, түнги жатак ушын қолайлы орын излер еди. Бийшара акыр соңында асырымнан өтип кете алмады, жаз пасли да өзиниң екинши дәўирине кирди, ал ол болса, бул жерлерге шапкылап келер, басының аўған жағына карай жүрер, гә жок болып кетип, тағы да пайда болар еди. Мине усы рет те ол бунда түнемекши еди. Бул кеште тоғайзарлыкта куслардың жуғырлысы тынбас, олар үн косып сайрасар еди, бул Жаабарска жакпады. Түнги байыўлы-тункукук оларға қосылып, ғулдырап-ғулдырап сес шығарар, кусылар болса оны итибарға алғысы келмес еди... Лекин алыслардан елес-елес еситилип атырған адам сеслери маклукты булардан бетерирек кәўстерге салар еди. Кәерден шығып атыр бул хаўазлар? Бул таўларда сергиздан-сәбил болып гезиўши Мәңги калыңлык усы дөгерек-әтирапта пайда болғанлығын Жаабарс егер билсе еди, аўа, бул сол Мәңги калыңлык. «Кайдасаң? Кайдасаң? Жуўап бер! Бул мен-Мәңги калыңлыкпан. Бул мен сени шакырып атырған, сен тәрепке жуўыраман, кайдасаң, кайдасаң?» Бул сапары жылап атырған еди Мәңги калыңлык, ыңырсынып, нала шегер еди: «Ўай, ўай, енди не болады? Не болады?» Неден ол буншама коркып кетти? Кеўли сезди ме бир нәрсени?



Жаабарс Мәңги калыңлыктың хәсирет-кайғысына шыдай алмады, орнынан турды да, басы аўған жакка кетти... Оған не? Жалғыз Кудайға ғана аян бул ис...

## VII

Буны карап-ай, туўрыдан-туўры болмаса да, баска бир жол менен ак, бул Кудайдан өзгелерге де мәлим екен. Мәңги калыңлыктың мәканларынан алыс-алысларда турып, бул жерлерде бир нәрселерди әмелге асырмакшы болып атырған кимселер бар еди, олар Туйык Жар таўларында кар капланларын аўламакшы еди.

Сол күни ертелеп Арсен Саманчин тик аяғында еди. Буннан жүз жыл илгери тарқалған әпиўайы бет-кол жуўатуғын үскенеге қолын тутып, жуўынды, сакалын кырды. Ол өзине кеўли толып, бираз сергек сезип, таза сүлгиге сүртинип, сыртка шығып, куяш нурларынан илхам алыўды ойлап турар екен, сол заматта колындағы телефоны шырылдап калды. Ол терезеден сыртка карады. Хаўа таза, гөззал еди, айбатлы, бәлент таў дизилмелери тап бир уллы сүўретшиниң колы менен сызылғандай көклерге бой көтергенин көрип бир майдан лал болып турды. Ол аксакал Бектур аға шакырып атырған шығар, деп ойлады, бәлки тезлик пенен иселенетуғын бир жумыс бар шығар, лекин телефоннан сап инглис тилинде сөйлеп атырған хаўаз еситилди. Арсен хайран болып калды: бәлент таўлар арасында бунлай болыўын қыялға келтириў кыйын.

Даўыс шаккан хәм бәлент шығып, сөйлесиўге шакырар еди:

— Сәлем! Кайырлы таң! Сизлер бетте хәзир таң атқан шығар? Кеширерсиз, сиз мистер Арсен Саманчин боласыз ба?

— Аўа, аўа, мен өзимен! Ким бул?

— Сизиң кәсиплесиңиз боламан. Мен мырза Хасанның халык аралык байланыслар бойынша баспасөз хаткеримен, мениң исмим Роберт, әпиўайырағы— Боб Лукас. Танысып алайык. Сиз инглисшени, шамасы, жүдә жаксы билер екенсиз. Жергиликли адамлар менен мүнәсибетлеримизге жәрдем берсеңиз, сизиң үлкенизге ушыў ушын таярлык көрип атырмыз. Сөзлеримди еситип атырсыз ба?

— Жаксы еситип атырман. Әлбетте жәрдем беремен. Сиз хәзир кәерден коңыраў етип атырсыз, хүрметли Боб?

— Кәерден болар еди, кәдирдан Арсен! Әмирликлерден коңыраў етип атырман. Хабарыңыз бар, хүрметли мырзалар бир топар хызметшилери менен — врачлардан тартып аспазларға шекем бирге алып жүреди. Соған таярлык көрип атырмыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тийис. Бул да аңсат ис емес. Аў енди өз жолы менен, лекин шет еллик бул мырзалар нелерге қызығады, минез-қулықлары қандай, өзи қандай адам олар, буларды қәйтип билип алса болады?

Бул ўақытта Арсен Саманчин өзине жүкленген ўазыйпаны шын кеўли менен бежериўди қыялына келтирип қойған еди, қоңыраўдан соң пикири оның бурынғыдан да беккемлене баслады, арада Таштанафған менен болған сөйлесиўди де қыялынан бир қатар өткизип, көзи жумылып, уйқыға кетти. Неге Таштанафған буншама күйип-писип жүр? Оғада таң қаларлық жағдай...

Жазлың сол күни, сол саатта таўлар ишинде, қарлы шоққылар хәм узынына созылған дизилмелерди аралап жанбаўырларға қойыў зимистан түн қараңғылығы түсти хәм таң қыстағы сыяқлы суўық турды. Бул мәканларда күн көриўши бәрше жанзатлар сол кештен таң таң атқанша жым болып қалды.

Тынышлық талап етилетуғын ўақыт. Бул жерлер тәбиятында хәмме нәрсе усылай қәлиплескен, олар тынышлыққа шақырар еди: аспанда ири, жақты жулдызлар парлап, шоққылар үстинде турды, бултлар да бир-бири менен биригип, бөлекленип жүзиўден тоқтап, бәлент дизилмелер бойлап созылар еди, жамғырдан дерек жоқ, таў дәрьяларының сүренли шаўқымы басылғандай болды. Үзеңгилеш асырымының жанбаўырында болса, ызғырық жел еспер, бийшара Жаабарс жанын тынышландырыў мақсетинде қыйыршық таслар арасынан жүрип, түнги жатақ ушын қолайлы орын излер еди. Бийшара ақыр соңында асырымнан өтип кете алмады, жаз пасылы да өзиниң екинши дәўирине кирди, ал ол болса, бул жерлерге шапқылап келер, басының аўған жағына қарай жүрер, гә жоқ болып кетип, тағы да пайда болар еди. Мине усы рет те ол бунда түнемекши еди. Бул кеште тоғайзарлықта куслардың жуғырлысы тынбас, олар үн қосып сайрасар еди, бул Жаабарсқа жақпады. Түнги байыўлы-тунқукук оларға қосылып, ғулдырап-ғулдырап сес шығарар, куслар болса оны итибарға алғысы келмес еди... Лекин алыслардан елес-елес еситилип атырған адам сеслери мақлуқты булардан бетерирек кәўетерге салар еди. Қаерден шығып атыр бул хаўазлар? Бул таўларда сергизден-себил болып гезиўши Мәңги қалыңлық усы дөгерек-әтирапта пайда болғанлығын Жаабарс егер билсе еди, аўа, бул сол Мәңги қалыңлық. «Қайдасаң? Қайдасаң? Жуўап бер! Бул мен-Мәңги қалыңлықпан. Бул мен сени шақырып атырған, сен тәрепке жуўырамаң, қайдасаң, қайдасаң?» Бул сапары жылап атырған еди Мәңги қалыңлық, ыңырсынып, нала шегер еди: «Ўай, ўай, енди не болады? Не болады?» Неден ол буншама қорқып кетти? Кеўли сезди ме бир нәрсени?



Жаабарс Мәңги қалыңлықтың хәсирет-қайғысына шыдай алмады, орнынан турды да, басы аўған жаққа кетти... Оған не? Жалғыз Қудайға ғана аян бул ис...

## VII

Буны қараң-әй, туўрыдан-туўры болмаса да, басқа бир жол менен ак, бул Қудайдан өзгелерге де мәлим екен. Мәңги қалыңлықтың мәканларынан алыс-алысларда турып, бул жерлерде бир нәрселерди әмелге асырмақшы болып атырған кимселер бар еди, олар Түйық Жар таўларында қар қапланларын аўламақшы еди.

Сол күни ертелеп Арсен Саманчин тик аяғында еди. Буннан жүз жыл илгери тарқалған әпиўайы бет-қол жуўатуғын үскенеге қолын тутып, жуўынды, сақалын қырды. Ол өзине кеўли толып, бираз сергек сезип, таза сүлгиге сүртинип, сыртқа шығып, қуяш нурларынан илхам алыўды ойлап турар екен, сол заматта қолындағы телефоны шырылдап қалды. Ол терезеден сыртқа қарады. Хаўа таза, гөззал еди, айбатлы, бәлент таў дизилмелери таң бир уллы сүўретшиниң қолы менен сызылғандай көклерге бой көтергенин көрип бир майдан лал болып турды. Ол ақсақал Бектур аға шақырып атырған шығар, деп ойлады, бәлки тезлик пенен исленетуғын бир жумыс бар шығар, лекин телефоннан сап инглис тилинде сөйлеп атырған хаўаз еситилди. Арсен хайран болып қалды: бәлент таўлар арасында бундай болыўын қыялға келтириў қыйын.

Даўыс шаққан хәм бәлент шығып, сөйлесиўге шақырар еди:

— Сәлем! Қайырлы таң! Сизлер бетте хәзир таң атқан шығар? Кеширерсиз, сиз мистер Арсен Саманчин боласыз ба?

— Аўа, аўа, мен өзимен! Ким бул?

— Сизиң кәсиплесиңиз боламан. Мен мырза Хасанның халық аралық байланыслар бойынша баспасөз хаткеримен, мениң исмим Роберт, әпиўайырағы— Боб Лукас. Танысып алайық. Сиз инглисшени, шамасы, жүдә жақсы билер екенсиз. Жергиликли адамлар менен мүнәсибетлеримизге жәрдем берсеңиз, сизиң үлкеңизге ушыў ушын таярлық көрип атырмыз. Сөзлеримди еситип атырсыз ба?

— Жақсы еситип атырман. Әлбетте жәрдем беремен. Сиз хәзир қаерден қоңыраў етип атырсыз, хүрметли Боб?

— Қаерден болар еди, қәдирдан Арсен! Әмирликлерден қоңыраў етип атырман. Хабарыңыз бар, хүрметли мырзалар бир топар хызметшилери менен — врачлардан тартып аспазларға шекем бирге алып жүреди. Соған таярлық көрип атырмыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жудә макул, бизлер де таярлык көрип атырмыз. Лекин бизиң таў тәреплерге телефон кылғаныңыз, биз ушын күтилмеген жағдай болды. Бул жактан да коңыраў ете бересиз бе? Бунын жолы кандай, кеширерсиз, Боб?

— Бул оншамалык кыйын ис емес, кәдирли Арсен! Жер жолдасы аркалы байланыс. Биз орбитадағы жер жолдасымыз аркалы хәр кандай узактағы жерден дүньяның кәлеген жерине коңыраў етиўимиз мүмкин. Кәлеген жерден, кәлеген жерге. Мине, хәзир сизин менен сөйлесип атырмыз, узак Азия таўларынан бизге жуўап кайтарып атырсыз. Таўлардағы капланларыңыз жолдаслы байланыс оларға да хызмет ететуғынын, аў пайытында көриўге жәрдем беретуғынын кыялларына да келтирмейди. Якшы, бул хәзил. Кешириң.

— Хош гәп, хүрметли Боб, күлисип турған зәлел етпейди. Лекин жолбарысларға дус келгенде, алдын ала не болатуғынын билиў кыйын.

— О, әлбетте! Аўда ең әхмийетлиси — көбирек олжаның болыўы. Капланлар, тап бир жолбарыслар киби — биримлеп саналады. Саны канша көп болса, дараматы да соған жараса үлкен болады. Араб аншылары ушын болса, бул спорт пенен барабар. Сиз де, биз де аўдың жаксы болыўынан мәпдармыз. Көбирек барс болсын, тери болсын! Бизге жаксы болса, «Мерген» аў фирмасына жаксы болады. Онын абыройы дәрхал көтериледи.

— Әлбетте, Боб.

Буны караң-ә, деп ойланып калды Арсен, хабар технологиялары енди жабайы хайўанлар өмирине жетип барыпты, олардың жасаў мәканларын аспаны пәлектен турып баклайды. Таўлардағы жыртқыш маклуқлар жолдаслы байланыс оларға да хызмет етип атырғанын билсе еди, текте тилекке карсы, бул жаксылыкка каратылған емес-тә.

Узактан-ак сөйлемшеклиги сезилип турған баспасөз хаткери Роберт Лукас ашық кеўил адам болып шыкты. Хәмме гәп орталарында жумыс жөнинде барды. Аўшылардың өз әсбап-үскенелери, курал-жараклары менен байланыслы ўазыйпаларды сөйлесип алды. Мийманлар өз жокары мәртебесине жараса «Боинг-737» самолёты менен ушып келеди, экипаж да соған минәсип болады.

Ортада болып өткен сөйлесик тийкарында базы бир мағлыўматларды Арсен Саманчин аксакал Бектур ағаға жеткизиў ушын дәптерине жазып алды. Аксакал Дасторкан мәнзилинен кайтып келиўи менен сол күни ушырасатуғын еди. Аксакал келиўи менен хабар етемен, деген.



Соған шекем Ташафған басшылык ететуғын айдаўшы жигитлер менен көриседи, өзине аталған атты көрди, соң бираз сөйлесип отырады. Арсен бул ушырасыўды өзи ушын әхмийетли, деп есаплар еди. Бир есаптан хәммелери теңлес болса, баска бир жактан, үшеўи де — Арсен, Ташафған хәм дуўдар бас Саксағай бир класста бирге окыған, баскалары олардан еки-үш жас киширек еди. Бирак ең әхмийетлиси — хәммеси әке-үкедей болып кеткен, акыры бир пайытлары бир мектептиң партасында отырған еди. Айтпакшы, жакында усы жерден өтип кетип баратырып, мектептиң шиферы отырып, кыйсайып калғанлығын көрди, ишине негедур зил кирди, хәр кандай жағдай болмасын, кәдирдан мектеби мудамы көзине баскаша-ысык көринер еди. Лекин бул енди баска бир гәплер.

Ташафған хәм Саксағай дуўдар бас оны алып кетиўге келгенде, Арсен ертелеп мине усыларды кыялынан өткизер еди, лекин мәлим болды, бирадарлар мектеплес туйғылары йош урып ғана емес, баска бир максетлерди де гөзлеп келген, әлбетте. Арсен бунан пүткиллей бийхабар еди. Жол-жонекей Ташафған хәзил-шыны аралас былай деди:

— Арсен, жора, хәзир биз — хәмме теңлеслериң бойдакпыз.

Арсен буған аң-таң болды:

— Хаў, бул не дегениң? Неге енди бойдак болады екенсизлер?

— Токтама, жүре бер. Хайран калатуғын жери жок. Хәзир айтып беремен.

Саксағай дуўдар бас бул гәптиң мәнисин билетуғындай ыржыйып койды хәм басын шайкады:

— Хәзир бойдақ екенимизди пүткил аўыл биледи, болмаса сени мектепке емес, үйге мийманға шакырған болар едик.

— Койынлар сол хәзилди!

— Саған хәзил етемиз бе, Арсен? Сен үлкен адамсаң, ишимизден шыккан,— деп сөзин даўам етти Ташафған. — Мектепте хәзир хеш ким жок, хәмме дем алыста, караўылдан бүгин бизге кеспей етпеўин сорадык, арак пулын бердик. Ол үйине кетти. Соннан пайдаланып, биз мектепте ушырасыўды карар еттик. Атларымыз хәўлиде турыпты. Бойдак болып жүриўимиздиң себеби сол, хаял-бала-шағаларымыздың барлығы таўла, жазғы мәнзилимизге көширгенбиз. Аксай дәрьяның жағалаўларын еслесең керек, хәзир жаз айларын усы жерде өткиземиз. Әўелги ўакытларда пүткил аўыл сол жакка жазда көшип барар еди, мал-халды жайлаўларда бағар еди. Биз усы ўакытларды кумсап, жазды таўда өткермекши болып, шаңарак-шатырларымызды сол жерлерге орнаттык.

— Жаксы ғой бул жудә,— деп оның сөзин тастыйыклады Саксағай дуўдар бас. — Еркинлик! Каякты кәлесем, сол жакка бараман. Колхоздан кутылғанбыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

арасында тәртип-интизамның жақсы жолға қойылғаны көринип турар еди. Таштанафған тап бир әскерге сәркардалық қылғандай буйрық береди, о жаққа бар, бул жаққа кел, сол жерде тур, алып кел, алып кет, ашып қой, жап, олар булардың барлығын кеўилдегидей бежереди. Арсенге бул да мақул көринди, әлетте, аўыл жигит-желеңлери мине усындай топланысса, басларын шийшеден ала алмай қалады, булар болса хәр тәреплеме сергек хәм шаққан. Булардың барлығы исеним хәм дослық кейпиятын пайда етер еди, Арсен Саманчин өзине аталған атты минип, мектеп дөгерегин айланып шықты. Көк ат жүдә күшли, ери бєккем тартылған еди. Ташафғанның өзи бул атты үлкен хүрмет-иззет пенен жетелеп келди:

— Әзиз бирадарымыз Арсен, мине бул сениң жорға атың, кеше айтқаныңдай оны саған инәм етемиз. Аяғына етик кийип алғаның жақсы болыпты. Мине жылаўын тут, отыр, оны минип араблар менен бирге жүресең, биз болсақ керегинше жолбарысларды айдап келемиз.

Хәммеси күлисти.

— Рахмет, — деп миннетдаршылық билдирди Арсен аўылласларына. Мен де араб мийманлар мәс болып кетиўи ушын хызмет етемен. Сонда бизге де жақсы болады.

— Енди жүр, класымызды барып көрейик. Қандай ўақытлар еди я, оқытыўшыларымызды айтпайсаң ба! Хәзир ше? Муғаллимлер тарқасып кетти. Биз болса, барсларды нышанаға алыў менен әўеремиз. Қудайдан соны сораймыз... Бирсүлер самолётларда аңшылық етиўге келеди, биз болса, жанымызды жаббарға берип, солардың хызметинде жүремиз.

Хәмме буны басын ийзеп мақуллады. Арсен әтирапқа қарады, хәўли жым-жырт, мектеп бос-бос, ертленген атлар байлап қойылған, аспанда қуслар ушып жүр, адамлардың жүрегинде болса, шамасы, тынышлық жоқ еди, буған таңланатуғын жери жоқ, кеше Таштанафған жол-жөнекей тис жарып айтқан гәплерди басқа көп адамлар және де аңшырақ етип, наразылық билдирип айтып жүреди, былайынша қарасаңыз, олар хақ, аўхал ырастан да өзи сондай... Қәерге қарама, машқала...

Дәлизден ашық қалған класларға көз таслап отырар екен, Арсен көптен бери оңлаў жумыслары бунда исленбегенине итибар берди, мектеп иши қараўсыз халға келген, бирден-бир исленген ис-парталар жаңаланған, ески ашылып-жабылатуғын тахта парталар орнына, енди сүйенип отыратуғын стуллар хәм столлар қойылған еди. Класс тахталары да жаңаланған еди, көриниси соны айтып тур...

Ташафған саатына қарады.



— Ал енди ағайинлер саат он бир болыпты. Ўақыт өтип баратыр. Арсен, өзимиз оқыған класста отырып, бир гәплесип алайық.

— Сол шәрт пе? Жақсысы бизиң апамның үйине барайық, биймәлел отырып сол жерде гәплесемиз, орын хәммеге жетеди.

— Жоқ-жоқ, Арсен, хәзир мына бул жерге, өзимиз оқыған класска кирейик, мениң саған айтатуғын гәпим бар.

— Онда мәйли, сен не десең, сол. Мен мийманыңызбан.

— Кир ишкериге. Жүзбе-жүз отырып сөйлескенимиз мақул.

Олар ашық терезе алдына отырды. Узақтан таўлар көринер еди. Бир майдан үндемей қалды. Арсен Саманчин аўылласлары жумбақлы етип, өзин неге хүўилдеген ески мектепке шақырып келгенин биле алмай хайран еди. Сонда Ташафған хәммеге дыққат пенен айрықша көз жуўыртып, терең гүрсинген халда, бир жөтелип қойып, шамасы, алдын таярлап қойған сөзин баслады:

— Арсен, саған бир гәпти айтпақшыман. Есит.

— Тыңлап турман, әғайиним. Не болып қалды өзи? Жақын туўысқаның өлди ме? Мениңше, хәмме ислер жайында болса керек. Хәммемиз усы мектепте оқығанбыз я?...

— Жоқ, Арсен! Гәп қәерде оқығанымыз, қайсы аўылда жасағанымызда емес... Гәп пүткиллей басқа нәрсе хаққында. Сен бизиң әғайинимизсең, мийمансаң, бирақ бүгин бизиң қолымыздасаң, биз саған неге бул жерге алып келгенимизди айтамыз. Бул жағында не болатуғынын саған мәлим етип қоямыз.

— Тоқта, тоқта! «Бизиң қолымыздасаң» дегениң не? Жүйрик ат әкелипсиз, рахмет. Мен қалаға кетемен, ат усы жерде қалады. Мен өз машинамда жөнеймен...

— Кетесең бе, қаласаң ба, Қуда биледи.

— Қандай? Түсиникли етип айт...

— Соған жыйналып отырыппыз. Гәп мойынға тирелген пышақтай өткир болады.

— Ўхў! Буны қарап-ә! Сизлерге не болған өзи, песўе, мени жилли қылмақшымысыз, я Таштанафған сен жилли болып қалдың ба?

— Қызба, кешир, гәпим басқашарақ шыққан болса... — Жүзи қызарып-бөртип Таштанафған орнынан қозғалды, оның жигитлери де, гүбирлесип, сыбырласып қалысты. Сол пайытта мектеп хәўлисин қорықлайтуғын күшик әўпилдеп үрди, әдетте мүлгип жататуғын ийт тынбай қаба баслады.

— Дорхал барып, қарап кел! — деп буйырды Таштанафған шетте отырған жигитке. — Хеш кимди жибермe, бул әтирапта хеш ким болмасын. Күшикти қуўып жибер. Еситтиң бе? Жақын әтирапқа хеш ким жоламасын.

Аң-таң болып қалған Арсен Саманчин орнынан турып кетпекши болған еди. Ташафған алдынырақ қолын оның желкесине таслады



www.ziyouz.com kutubxonasi

ла, бир нәрсе айтпақшы болып аўзын жыбырлатты. Арсен бир силкинип оның қолын желкесинен алып тасламақшы болды да, кетиўге бейимлести. Лекин тап мине усы заматта ийт тыныусыз үрип, ашық терезеден классқа еки жуп қарлығаш атылып ушып кирди де, кәўетерге түсип, жуўырлап, шырылдады да, шарқ урып айлана баслады, бир неше күн илгери Арсенниң үйинде жүз берген ҳәдийсе бул жерде де тап соныңдай болып тәкирарланды, демек қарлығашлар бир нәрсени айтпақшы, хабарландырмақшы болар еди. Арсен ар-сар болып қалды. Сонда шахмақтай жылт етип бир пикир қыялынан өтти, бәлки бул тәғдирдиң бир нышаны шығар, негеки бул сол баяғы қарлығашлар тағы пайда болып, оған елшилик қылмақшы, қандайда бир кәўип-қәтерлен хабар бермекши? Оның жүрегине ғулғула түсти.

Куслардың тынбай жуўырлаўы, шарқ урып төбеле айланыўы емин-еркин сөйлесип алыўға мүмкиншилик бермеди. Сонлықтан ләслебинде қарлығашларды қуўды, лекин олар бәри-бир қайтып келе берди. Және қуўып, терезени жаўып таслады, лекин қарлығашлар ҳәммени лал қалдырып, жуўырлысын әбден ҳәўижге шығарып, өзлерин терезе айнасына пытырлап ура берди, оның үстине ийт те қанша қуўмасын, қатты бапылдап, ҳәўлиге тоқтаўсыз кирип келе берди. Сонда пүткиллей шыдамы таўсылған Саксан луўдар бас шыламай былай деди:

— Жүриңлер, арғы тәрепке өтейик, ол жердеги бөлме, киширек болса да тыныпырақ. Болмаса бул тентек қарлығашлар тыныш қоймайды. Олар усы тәрепке уя салған, соның ушын тынышсызланып жүрипти. Кеттик.

Олар келеси бөлмеге өтти. Бирақ енди Арсен Саманчин басқа адамға айланған еди. Оның кейпияты көтерилип кетти, бирақ өзин жыйнастырып алды. Ол айдаўшылар ҳәм Таштанафғанның өзине қарсылық көрсетпекши емес еди. Ырасын айтқанда, ой-қыялы басқа жақта еди. Жүрегин бир сезги тилкимлеп өтти, тап оның өмиринде әлле бир нәрсе жүз бергендей, тәғдирин өзгертип жиберетуғын, айрықша, бәлки жүдә кәўетерли бир жағдай болатуғындай еди. Лекин не? Ҳеш ким бундай сезгиниң мәнисин шаға алар ма екен бул дүньяда?

Басқа класс бөлмесине өтип, қарлығашлардың жуўырлысынан қутылған соң Ташафған, шамасы, Арсен менен жеккеме-жекке сөйлесиўди қарар еткен еди. Ол өз жигитлерине былай деп әмир етти:

— Маған қараңлар, бундай етемиз: биз Арсен менен гәпимизди усы жерде даўам еттиремиз, сизлер ҳәммеңиз келисилген жайға барып турасыз, ҳеш ким бул жерге бас суқпасын, ҳеш кимди



жолатпаңлар. Қултай, сен атларды нәўбет пенен суўғарып кел. Үлкен жар жанында салма бар, билесең.

Оның буйрықлары дәрҳал орынланар еди, тап бир әскерлердикиндей. Аўған тәжирийбеси өзин көрсетип турар еди.

— Әне, енди Арсен, гәпимизди ҳеш ким еситпейди, соның ушын биз сени усы жерге алып келгенбиз. Саған не ушын бундай иске қол урғанымызды айтып беремен. — Ол Арсен бир нәрсе деп сораўын күтип жымыйды, лекин Арсен үндемей басын қымырлатып қоя қойды. Соннан кейин Ташафған гәпин даўам еттирди: — Глобализация не екенлигин, ҳәр биримиз тири қалыў ушын оның музыкасына қалай ойнаўымыз керeклигин саған түсиндирип отырыўдың ҳасла кәжети жоқ.

— Жүдә жоқарылап баратырсаң,— деди Арсен Саманчин. — Глобализация — пүткил дүнья шеңбериндеги жағдай. Жақсысы, жумысты сөйлесейик.

— Мен қәйтип түсингенимди айтып атырман, өзиң де билесең ғой, дүньяда аса кеткен байлар бар, жасыратуғыны жоқ, оларды олигархлар, деп атайды. Тап бир аспаннан түскенге усайды олар. Мейли, әўметин берсин. Лекин Қудай — бизнес Қудайына айланып кеткенин қандай түсиниў керек? Ал енди дөгерек әтирaптағы миллионлап адамлар оларда бар нәрселердиң мыңнан бирине де ийе емес! Буның менен қалайынша келисиўге болады? Қаның қайнап кетеди.

— Буннан қутылыўдың жолы бәсеки, лейди,— деп жуўап берди Арсен.

— Бәсеки деген де ҳәр қыйлы. Егер әлле ким қүдиретли, асып-тасып баратырған дәўлетли болса, биз қолымызды қаўыстырып отыра беремиз бе? Не ушын бизге киятырған ана бир араб аңшылары кәлесе, бизиң таўларымыз бенен қоса өзлеримизди де сатып алыўға қурбылары жетеди-дә, бизлер оларға жанымызды жаббарға берип, қар қапланларын айдап келиўимиз керек?

— Сен басқа жаққа өтип кеттиң, Таштанбек, бәсеки — ислеп шығарыўдан басланады. Бунда технологиялар ҳәм иcшi күшлер де жүдә әхмийетли. Олар раўажланыўды төмийинлей алады ма, артта қалмаслық ушын...

Лекин Таштанбек оның гәпин бөлди:

— Басқа жаққа дегениң не? Мен туўры кетип баратырман, сен де биз бенен барасаң. Тамам! Егер жасаўды қалесең, бүгиннен баслап бизиң менен бирге боласаң. Биз ҳасла артқа қайтпаймыз. Арабларды гиреўге аламыз. Неге бақырайып қалдың? Мәзи гәп деп ойлап атырсаң ба? Ҳеш те ондай емес! Олар өзлериниң шийрин жанлары ушын қанша сорасақ, соншасын береди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Токта, токта, есиң жайында ма?! Не деп сандыраклап атырсаң?

— Неўе акыллы сениң бир өзиң бе? Акыл деген де хәр түрли болады. Биз хәммесин ойлап, анық есаплап шыкканбыз. Сен, Арсен, кулағыңа куйып ал: өмир саған канша мүддетке берилген болса, сен бир өмир бизиң менен бирге каласаң, баска сениң хеш кандай иләжың жок. Тап бир телевидениедегидей биз бенен гиреўге алынғанлар ортасында байланысшы боласаң. Бизиң хәрекетлеримизди баскарып барасаң.

— Неўе? Неўе? Як, пүткиллей акылыңды жеп койыпсаң. Неге маған бул келиспеген исти орынла, деп атырсаң? Соның ушын мени усы жерге сүйреп келдиң бе?

— Корыкпа, бул жерде бизди хеш ким еситпейди. Және бир мәртебе айтаман: сен арада байланысшы боласаң. Кейин сени бир өмир мактаның етип жүремиз.

— Гәпине кара буның! Сениң әлебиңди берип койыў керек екен. Неге маған келиспейтуғын бир нәрселерди усыныс етип атырсаң? Аўғанстанда тилиң шыкканға усайды, маған бундай былшыллы гәплерди айтканды кой. Еле де кеш емес, аўзыңды жум, бул ахмаклыкты умыт. Гелленс бул пикир каяктан келип калды? Халық аралык жәнжел шығармакшымысыз? Калаларымызда еркинлик хәм демократияны корғап, демонстрацияға шығып атырғанлығын өзи саған аз ба? Баскалардың халы не кешетуғынын ойламайсаң ба? «Мерген» фирмасын туңғыйыкка ийтерип жибермекшимисең? Гиреўге алыў бизиң үрип-әдетимизге жат нәрсе. Ойланып ис тутыў керек, акыры.

— Аўа, ойланыў керек. Халық аралык жәнжел шыкпасын. «Мерген» фирмасы жардан куламасын. Жәхән миллиардерлериниң гегирдегине пышак тирелмесин. Демек, буннан кейин бизди жокшылыкка гириндар етиў мүмкин екен дә? Балаларымыз саўатсыз болып калса, мәйли ме? Өмирде сондай болып атыр өзи: байлардың байлығы океанға сыймайды, жарлылардың жоклылығын оксан көтермейди. Үрип-әдетлеримизге келгенде сен жаңлысып атырсаң, Арсен. Халык рәўиятларында гиреўге услап турылғанларға барымта алынғаны айтылады, есиңнен шыкты ма? Жылкы, кой-ешки налаларын айдап алып келип, араны ашык кылған, байлык ортада бөлистирилген.

— Буны тағы да узак даўам еттириў мүмкин, Ташафған. Кеше сениң пикирлериң маған ерси болып түйилген еди, лекин мен сен ойлаған иске шерик болмайман.

— Калай ойласаң, бул сениң исиң, Арсен. Мен буған әжеплеңбеймен. Лекин гиреўге алғанымыздан соң, олар менен сен ис алып барасаң, оларға мениң айтканларымды жеткизип турасаң, себеби хеш кайсымыз инглис тилин билмеймиз. Бул бизиң айыбымыз емес. Биз әтирапта курал-жарағымызды таярлап турамыз, калғанын сен бежересең, Арсен. Биз бахтымызға келген бул ышкыбаз аншыларды үңгирге айдап киремиз, сен болса, оларға барымта хәр бир адам басына он миллион доллар, улыўмалык есапта болса, жигирма миллион доллар екенлигин хабар етесең. Биз бес адамбыз, сениң менен алтаў, хәр биримизге тийетуғыны — үш миллион үш жүз мың доллар. Бул бизге үш мәртебе жасаўға да жетеди. Саған енди билмедим. Бәлки, үйленип аларсаң хәм бәрше еркеклер катары өз жуптың менен жасарсаң? Кудай саған да ул-кызлар инәм етер.

— Болды, келиспейтуғын гәплерди айта берме. Ташафған өзиңди бас, хәр тәреплеме ойлап көр. Сен тап бир мениң ыразылығымды алғандай, сөйлеп атырсаң, мени сениң буйрыкларыңды бежериўге таяр, деп ойлап атырсаң. Хеш кашан, хеш кандай пулға мен бундай жумысты ислемеймен. Мен террорлшы емеспен.

— Биз де террорлшы емеспиз. Жигирма миллион колымызға тийиўи менен (олар ушын бул пул еки тийинға барабар) арабларды босатып жиберемиз. Сен де кутыласаң. Лекин кейин кай жерге барасаң? Бирак бул кейин...

— Хәзир де ыктыярым өзимде. Мен сениң тодаңа кирмеймен. Алтыншы болмайман. Болды, гәп тамам. Бийкарға былшыллаўдың кәжети жок...

— Жок, сен жаңылысып атырсаң. Енди ыктыяр өзиңде емес. Усы пайыттан баслап сен бизиң алтыншымызсаң.

— Мен буны кәлемесем ше?

— Егер кәлемесең бул жерден шыкпайсаң. Сениң гөриң усы жерлиң өзинде, хәўлиде, улыўмалык хәжетхананың артында болады. Ләм, бел, гүреклер тайын. Афғанда мени бийкарға майырған емес, мен де бираз адамларды майып кеткенмен. Даўысы шыкпайтуғын тапаншамыз да бар. Бәрше шериклерим түрли куралларды ислете биледи, гранатомёттан да ата алады. Артыкша кемтарлык кылып турмай, айтып коя коялын — мен өзим бул ислерде көп пискенмен, колымнан хәммеси келеди. Улыўма бул жерден калай келген болсаң, солай кетпейсең. Бул биз сени жаман көргенимиз ушын емес, өзиң түсинип турыпсаң, баска иләжымыз жок. Сен бизге бир аркан менен байланғансаң. Биз террорлшылардан емеспиз, дүнья байлыкларының өзимизге тийисли бөлегин аламыз, болғаны, баскасы менен исимиз жок.

— Болды, жанға тийип кетти. Мен кетемен.

— Отыр! Өз класслассыма кол көтериўге мени мәжбүр етпе.







www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўа, мен де хәзир соны ойлап турған едим. Бул жерде сабақта отырғанымызда, тәнепис пайытларында қуўысып ойнағанымызда, көп заманлар өтип усындай болатуғынымызды қыялымызға келтирген бе едик? —Арсен Саманчин орнынан турып терезеге барды, оның көзлерин ашып жиберди.

— Неўе, хаўа жетпей атыр ма, — деп сорады Таштанафған.

— Аўа, буўылып кетип баратырман, — деп жуўап берди Арсен. Лекин айнаны таза хаўа кирсин, деп ашқан жоқ, қарлығашлар және ушып келер, деген нийетте ашты, тап бир олар ушып келип оны қутқаратуғындай. Бирақ ўақыт өтип барар, лекин олардың қарасы көринбес еди. Демек тәғдирдин жолы басқаша болып тур...

Ташафған болса, өзинин өжетлигинде тағы да хәўижге минди, бул оның кем-кем қаталланып баратырған жүзинен көринип турар, ол гәпти тик қанжарға мегзетип урар еди:

— Қулақ сал, биз сен ойлағандай мийин жеген ахмақлар емеспиз. Сенин ыразы болмаслығыңды, өлсен де бундай ис қылмаслығыңды билер едик. Ақыры, сен буны жынаят деп билесең.

— Өзи де солай ғой! — деп кесип айтты Арсен Саманчин. — Сондай деп ойлаўдың өзи де жынаят!

— Болса бола берсин. Не деп ойлайсаң, өзиң билесең. Лекин биз бәри-бир сол исти қыламыз. Сен бәри-бир биз бенен бирге боласаң, я бир сапта, я болмаса мойнына мойынтырық салынған халда — бул жағы сениң өзиңе байланыслы!

Арсен Саманчин столды бир урды, әдетте, мектеп балалары тилинде айтылатуғын «ыштаның басына шықсын!» деген мақалды айтып қышқырмақшы болды, лекин өзин иркти.

— Егер мен ыразы болсам ше?

— Столды урма. Қандай ақыллы болсаң да, бизди жолдан қайтара алмайсаң. Хәзир бул жерге Қудай келгенде де биз шегинбеймиз. Гәпти айландырма! Үлесимиз аспаннан түсип турғанда, оны қоллан шығарып алыў барып турған тентеклик. Жигирма миллион жолда түсип жатпайды!

— Дурыс, жерде жатпайды. Лекин сени балалығыңда жақсы көрип, хәмме Таштанбек, деп шақырар еди. Енди ше? Бир жақтағы үлестиң басын аўыртасаң, қалайынша бул сениң үлесиң болсын? Бул туўрыдан-туўры талаўшылық хәм басқыншылықтың дәл өзи ғой! Мәселе қаякка шығысып кететуғынын ойла!

— Ўәй, саўатлы бирәдарым-әй! Қаякка болатуғын еди, ақыры. Жигирма биринши әсирдин барлық ақылгөйлери кетип баратырған жаққа-дә! Үйирдиң алдында биринши болып сен барасаң! Ол мәканның аты — глобализация. Ол жерде хәр кимге пүткил дүнья байлығынан өз үлеси тийисли.



— Ақылыңды жеп қойыпсаң. Глобализацияға бул жерде бәле бар ма? Ол пүткиллей басқа нәрсе. Түсиндирип отырыўға ўақыт жоқ. Лекин сенин «глобализацияң» қорқынышлы бир нәрсе!

— Тәшўишленбей қоя ғой. Бизиң өз билгенимиз бар.

— Не екен ол? Кәлеген банк ийесин желкесинен услап силкиў ме, неге мениң башмағым жыртық, деп?

— Ох сен, ўақ сен! Банк ийелерин кәўендерликке ала жақсаң ба?

— Э, маған салса екеўиңизди бир кемеге отырғызып, глобализацияның қутырған долларына дуўшакер етер едим, сонда оның не екенлигин билер едиңиз.

— Қой-ә, не деп атырсаң! Банк ийеси хеш қашан мениң менен бирге бир кемеге отырмайды. Оңда оған зәрүрлик жоқ. Өзиниң еки мың жолаўшы сыятуғын үлкен кемеси бар. Байлардың өз глобализациясы бар — бәрше байлықларды қалдырмастан өзлестиреди: бизиң глобализациямыз басқаша — байлықларды бөлип алыў хәм қаерден болмасын өз үлесине ийе болыў. Таўда арабаларды тутып алып, олардан өз барымтамызды тартып алыў — бул бизиң хақымыз.

— Маған қара, Таштанбек афған, сен ахмақ бала емессең, мен билемен, лекин бундай гәплерди айтыўға қалай тилиң барды? Хуқық дейсең? Қандай хуқық? Талаў хуқықы ма? Түсинбеймен.

— Түсинбегениң мақул! — деп шарта жуўап берди Таштанафған терезеге қарап турған Арсен Саманчинниң артынан, Арсен болса желкесин көтерип, тоңқылдады:

— Бул гәплериң мениң ушын артық. Басқа еситиўди қәлемеймен.

— Кәлейсең бе, кәлемейсең бе, бирақ асықпастан ойлап көр. Онысыз сирә иләж жоқ. Сен қақпанға түстиң. Лекин бир өзиң емес, хәммемиз қақпандамыз. Енди артқа жол жоқ. Бизди талаўшы, дедиң я? Өтмишти есле: егер қоңсыларымыз жайлаўға жайғанының, дәрьядан суў ишкениниң ҳақысын төлемесе, олардан бизиң әждатларымыз барымта талап қылған, адамларды гиреўге услап турған хәм соның ушын үйир-үйир атлар, қарамал, қой-ешки палаларын алған. Хәзир жағдай басқаша. Бизди талаўшы, басқыншы дейсең бе, уры-қарақшы дейсең бе, өзиң билесең, буған әхмийет берип отырмаймыз. Биз сениң менен бир-биримизди хүрмет етиўимиз, яки етпеўимиз мүмкин, биз буған да итибар бермеймиз. Сеннен тек те бир нәрсе талап етиледи — байлықларын қаерге қоярын билмей атырған миллионер өзин хақ деп билип, аўыр жынаятлы иске бел байлағанына қатты өкинеди. Ол басқа ис пенен машғул болыўы керек шығар, лекин барлығы енди кеш, шамасы поезд әлле қашан кетип қалған. Жигирма



www.ziyouz.com kutubxonasi

миллион доллардың дәрти мыңлаған шаманлар толасының тәңриге сыйынып, ойынға түсип дуўа оқыўынан күшлирек еди.

Таштанафған оның пикирлерин оқығандай, ортадағы тынышлықты бузды:

— Маған қара, Арсен, сақалың ағарып кеткенше ойлай бересең. Лекин қанша ойлама, сениң аўҳалың өзгерип қалмайды. Сен босағадан атлап болдың, енди жаныңды сақла.

— Биреўдиң жасаў-жасамаслығын неге сен шешип атырсаң? Ким саған бундай ҳуқық берди?

— Ҳәмме гәп сонда, енди алдымызда еки жол бар: я сен биз бенен бирге боласаң ҳәм биз ҳәммемиз, соның ишинде сен де, өз үлесимизди аламыз — я сен бизди мәжгүн етип, исти ўайран қыласаң. Онда ашығын айтып қоя қояйын: сеннен өш аламыз, жаныңнан ўаз кешесең. Биз жаныңның аман болыўын қәлеймиз. Лекин буны өзиң шеш.

— Буншама «үлес-үлес» деп ах урасаң! Бул ҳеш қандай үлес емес. Бул талаўшылық ҳәм барып турған жынаят.

— Болды, жетер! Урыста ҳәрекет қылып қалған утады. Мен Аўғанда болдым ҳәм базы нәрселерди үйрендим. Бизиң режемизди жақсылап еситип ал. Ҳүрметли аңшы қонақлардың ушып келиўи, оларды күтип алыў, ҳүрмет-итибарын орнына қойыўдың биз, бес кисиге байланысы жоқ. Биз отын тасып келгенлерге усаймыз: отты жағып беремиз, басқасы менен исимиз жоқ. Бирақ биз атлы адамлармыз, ат мингенде, өзимизге хан, өзимизге бекпиз. Арсен, сен қонақлар менен күни-түни бирге боласаң. Жумысыңды ҳадал өтей бер, бизди ойлама, биз өзимизди еслететуғын пайыт келгенде, ҳәммениң қусы төбесинен ушады. Ҳеш иләжы жоқ. Басқаша етип болмайды. Лекин ҳүжимге өтиў буйрығы берилгенде, буйрықты тек те мен беремен, сен хызметке таяр болып тур, биз бир саптамыз. Ҳүрметли қонақлар жетип келгеннен кейин, әмекиң Бектур ағаникинде дем алады, ертеңине Қоламтаў деген мәнзилге барады, бул бәлент таўлар ишиндеги жай. Жолдың ярымын Бектур ағаның жипи менен басқа машиналарда басып өтеди. Оннан арғы жағы атларда жүриледи. Ҳәммеси бастан-аяқ ойласылған, барлығы таяр, атлар ертленген, миниўге таяр болып турады. Арсен, жақсылап түсинип ал, булардың бәрин жағдайды биз бенен бирге, бир қыйлы түсиниўиң ушын айтып атырман. Сен дилмашлық қылмасаң қолымыздан ҳеш нәрсе келмейди, лекин бизсиз ислер жүриспейди. Биз қонақларды қашан, қәерде, қәйтип қолға аламыз? Қандай усыл менен оларға табан кирей төлетемиз? Сен буны билгиң келеди, дурыс па? Неге үндемейсең?

— Билмеймен. Кейин айтаман.



— Бопты, дәслеп саған қолымызда бар нәрселерди айтып қояйын. Аңыў ушын ең жақсы қуралларға ийемиз. Бул анық. Барсты қуры қол менен аўлап болмайды. Бәлент таўлардағы қар қапланы ҳәр қандай жолбарыс, арысланлардан көре қорқынышлырақ. Өзиң билесең, кәлеген циркта жолбарыслар, арысланлар, бөрилер ҳәм басқа да жырткыш хайўанларды сырнай шертип ойнаталы, секиртеди, лекин үйретилген таў қапланларын бир де циркте көрмейсең. Лекин қаплан териси жүдә қымбат турады, соның ушын оның саўда-сатлығын жолға қойып атыр, қағазларда оны «бәлент таўлардағы айрықша сортлы» деп атап өтеди. Жолбарыслардың барлығына рахмет! Неге сөйлемейсең? Мейли, сөйлемесең сөйлеме, мени көп былшылдап атыр, деп ойлап атырған шығарсаң. Бәлки сондай шығар. Лекин жумысты сондай билиў керек, кейин ҳеш жерде бапланбайсаң. Гейде қумырсқаға сүрнигип кетесең, пил болса қашып қутылып қалады. Күлкиң келип атырған жоқ па, Арсен?

— Ҳәзирше, жоқ.

— Енди қәерде ҳәм қашан оларды қолға түсириўимиз ҳаққында айтсам. Бул жерде және бир нәрсе бар, итибарға алып қой: таўдағы аўға Кувейттен бир қанша бәлент хаўаз шығаратуғын үскенелер жөнетилген, узақ аралықтан турып сөйлесиў ушын, бул жерде телефон емес, сол жәрдем береди, ол таўдан бул таўға қарап гәплесип турамыз. Телевизорларда көрсетеди: демонстрация пайытында сондай қышқырады. Мине сол даўысты күшейттириўши әсбапларды тағы не деп айтатуғын еди. Есиңизде жоқ па?

— Рупор ма?

— Як, және басқаша.

— Мегафон.

— Әне, туўры. Сениң өз рупор мегафоның болады. Бизде жигитлердиң ҳәр биринде бар, атта шаўып баратырып бир хаўаз бенен бақырысамыз. Аў пайытында ҳәмме гәп-сөзлер ҳәм буйрықларды дәрҳал инглис тилине ҳәм инглис тилинен бизге аўдарып бересең. Жолбарыслар қашыўға орын таба алмай қалады. Герең болады. Мен соны айтпақшыман, барлығы саған байланыслы. Ана бир сөз бар ғой, не еди, соны айтасаң: олай ет, былай ет, егер қылмасаң, буўып өлтиремен, ипләс. Таштанафған маңлайын жыйырды. Арсен Саманчиң ол ультиматум ҳаққында сорап атырғанын билер еди, лекин айтқысы келмеди. Лекин бәри бир айтыўға туўры келди:

— Ультиматумды айтып атырсаң ба?

— Аўа, әлбетте. Тилимниң ушында турған еди, ҳеш еслей алмадым. Ҳәзир ҳәзил-мазақтың ўақты емес, лекин бул жерде бизиң жас ақынымыз былай қосық айтады: «Мениң атым



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ультиматум, желлей ушып бараман, дус келгенлер жолымда, куллык етсин маған». Ахмакларша айтылған гәп, лекин «Мениң атым Ультиматум» дегени маған жағады. Лекин бул мәзи айтылған бир гәп. Тийкарғысы — мине сол ультиматум. Гиреўге алыўшылар ап-тап болып калады. Оларды үңгирге айдап келемиз, куралларын тартып аламыз, шешиндиремиз, кәне жалаң аяк таўларда адым атып бир көрсин... Және тәкирарлап айтаман. Арсен, сениң түсинип алыўыңды кәлеймен: я биз жигирма миллион өндиремиз, я мен үңгирге көмилген шиядаларға карсы минаны партлатып жиберемен. Ол әлле кашан орнатылып койылған.

— Сен еле үңгирге мина көмип койған ба едиң?! — деп хайран калып сорады Арсен Саманчин.

— Аўа, мен бул ис пенен Аўғанда шуғылланғанман. Мениң ультиматумым әне сол! Жигирма миллион жонетсең-кутыласаң, болмаса-партланып шил-пәрше болып кетесең! Сен неге бүйтип карайсаң? Өзиң билесең ғой, мен акыл-хушым жайында адамман, лекин бизиң таўларда бундай имканият бир мәртебе ғана болыўы мүмкин, басқа хеш кашан кайтарылмайды. Жолбарыслар асырымның ол жағына кашып кетеди. Мейли, гәптиң постеллесине келейик. Неге мен хәммеси тек те саған байланыслы деп атырман? Себеби барлык буйрык хәм көрсетпелерди сен мегафон аркалы инглис тилинде, бизиң тилимизде хәм үлкен-киши бирдей түсинетуғын рус тилинде жеткизип турыўың керек. Анығы аўды тек те еки алам — еки мийман кылады, сен мудамы олардың жанында боласаң, бизиң атлы бес жигит догерек-әтирапты орап турады, басқа хызметшилер арка тәрепте жайласады. Сениң әмекиң Кудайдан әўмет сорап жалбарынады. Мейли, дуўа кыла берсин. Биз болсак бул арада сениң менен биргеликте, Арсен, мениң буйрығым менен конакларды үңгирге айдап киремиз, куралсызландырып, ең әхмийетли гәпти ортаға коямыз: туткынларды азат етиў акыбетинде алатуғын барымтамыз жигирма төрт саат ишинде нак пул есабында колымызға тийиўи тийис. Ультиматумды бежериў ушын бир күн-бир түн ўакыт бериледи. Шәрт сол: ўакыт буннан артык созылмайды. Я пул нак келеди, я бас нак кетеди. Арсен, мине, жым турыпсаң, булардың бәрин түсинемен, саған жакпайды, лекин билгиң келип турған болса керек, саған тағы түсиндирип өтейин. — Таштанафган хакыйкаттан да көп нәрселерди парасат пенен ойластырып алар еди. — Сен буларды әмелде кандай кылынады, деп ойлап атырсаң. Гәп бундай. Олардың Жакын Шығыстағы банклеринде кысы-жазы, кеше-күндиз миллиардлап нак пуллар сакланады. Олар ушын жигирма миллион доллар-шырт етип түпиргендей гәп. Пулларды бес минут



ишинде, бес миллионнан кылып, алпыска-сексен кутышаларына жайластырып береди. Хәр бир кутының аўырлығы жигирма кило болады, хәммеси болып, сексен кило. Кәйтип алып келинеди? Самолётта тоғыз саат ушылады. Олар буйрык берсе, хәммеси сол заматта таяр болады. Таўлардағы үңгирден бул мағлыўмат оларға калай жеткизиледи? Өзиң билесең ғой, олардың касында жолдас аркалы байланыс жасайтуғын телефонлары бар, мудамы касында жүреди хәм кәлеген жерге коңыраў етеди, хәттеки космоска да. Олардың коңыраўларын өзиң тексерип тур, мудамы касында бол, бир минутта узаклап кетпе. Сен хеш аўыз ашпай атырсаң. Арсен, бул жәнжелли, жынаятлы иске бас коскың келмей атырған сыяклы. Лекин көрип турыпсаң ғой, мен хәммесин ойлап, есаплап шыкканман. Не деп ойласаң ойла, лекин мениң буйрыкларымды сөзсиз орынлаўыңа туўра келеди. Буның ушын акырында өз үлесиңди аласаң. Егер буннан жийиркенсең, бизге бериўиң мүмкин, биз жок демеймиз. Бул сениң өз ыктыярыңда. Неге мыңк етпей турыпсаң? Якшы, максетке жетиўге сенде хеш кандай гүман калмаслығы ушын және бир нәрсени айтайын: конакларды тутып, үңгирге айдап кириўимиз де, бастан-аяк есаплап койылған. Олар дәслеп Қоломтаў жанында, шоккыға жакын, үңгир ишинде жайласады, әтирапта хәмме нәрсе көринип турады, бес жигит бул арада бир кар каплаңын жакынырақка айдап келеди, ойлаўымша, бул колымыздан келеди, бирсўиш көптен берли көз астына алып койғанбыз, оған өзимизше «үлкен бас-куйрыклы» деп ат бергенбиз. Жүдә үлкен каплаң, геллеси тап толыскан айдай, куйрығы аркандай созылып жатады... Жазы бойы Үзеңгилеш асырымы етегинде тентиреп жүрипти, жәниўар, тап бир нәрсени күтип атырған сыяклы. Биринши нәўбетте оны айдап келемиз, пайытын тапсак, шамалы жарадар етип коямыз, кашып, бизден узакласып кетпесин Кейин Жакын Шығыстағы ең ири пул ийесин үңгирге айдап кириўге өтемиз, бул үңгирде, әдетте, шопанлар падаларын таў жайлаўларына алып өткенде гейде түнеп калады. Мәйли, бай жигитлер бул жерде отырып бираз дем алсын. Тап мине сол ўакытта, Арсен, кәлейсең бе, жок па, ең кыйын исти бежериўиң керек. Мийманларға бизиң ультиматумымызды сен жеткересең. Биз болсак, колымызда автоматымыз бенен үңгирди корыклап турамыз. Жигитлерди жаксылап окытканман, үйреткенмен, сен болса, ханзадаларға хәр бири он миллионнан табан кирей төлеўди, буны жигирма төрт саат ишинде орынлаў кереклигин айтасаң, тек те усы шәрт пенен тири каласызлар, дейсең. Кейин үңгирден дәрхал шығып, дәслеп инглис тилинде, кейин өзимиздиң тилде бар



www.ziyouz.com kutubxonasi

күшиң менен мегафонға кышкырасаң, араб мийманлар гиреўге алынды, оларға табан кирей төлеў шәртлери баян етиледи, дейсең. Табан кирейдиң каншалығын айтпайсаң, тек те айрыкша жағдай дағаза кылынғанын билдиресең. Я конаклар, яки бизиң адамлар орнынан кылт етпейди, үңгирге жакын келиўге урынғанлар рехимсиз түрде атып тасланады. Егер жигирма төрт саат ишинде шәртимиз орынланбаса...

Арсен Саманчинге бурынғы классласының надурыс нийетлерин еситип отырыў оғада аўыр еди. Лекин ис басланып кеткен, хеш нәрсени токтатып калыўдың иләжы жок. Ол ишинен Таштанбекти катты айыплар еди, соның менен бирге, кызык, сондай гиреўге алыстай оғада мүшкил исти бастан-аяк жүдә пухта ойлап, шөлкемлестирип атырғанына бир тәрептен лал калар еди. Ол бурынғы классласының ғайратлы хәрекетлери, гәзеп пенен жанып турған көзлерине карап, бундай күш-куўат хәм кағал карар жаксылык тәрепке бағдарланбағанына кыйланар еди. Соның менен бирге Арсенниң кыялынан баска, коркынышлы хәм әжайып-караматлы пикирлер дизилисип өтер еди. Ол курып кеткир Ерташ Курчалдың да усы үңгирге түсиўин, гиреўге усланғанлар катарында отырыўын, бул да жетпегенлей, оны Арсен аркасына теўип-теўип киргизиўин кәлер еди. Булай етип ойлаў уят, аянышлы хәм баскыншылык еди, лекин не кылсын, бир ойлап койды дә. Усы келбети курғыр тамаша бизнесмени коркып, датласа еди, сонда Мәңги калыңлык хәм Айдана Самарованың жолын тосыўдың кандай болатуғынын билер еди, оннан хәтте бир тийин да табан кирей алып отырмас еди, пешанасына ок тийиўин күтип отырсын, нәмәрт... Және жол-жөнекей кыялынан усы әжептәўир пикир лып етип өтти, демек карлығашлар бийкарға буншалык жан күйдирип жуғырламаған, сергеклендирмекши болған екен-дә. Мине, хәммеси дурыс шыкты... Күлкили де, кайғылы да... Енди кайдасыз, карлығашлар?

Күн песинге жакынлап калған, лекин Таштанафған тынбай сөйлер, шамасы, сөзлери менен өзин өзи және бир мәртебе исендирмекши, исенимин беккемлемекши болар, енди ол гиреўге алыўдың нәтийжелери кандай болатуғынын айтар еди.

— Сен Арсен, бизди тек те олжа алыўға нийетленген адамлар, деп ойлап атырсаң, кейни не болады, төрт куты долларды көтерип каякка барады, не кылады, буның менен ислери жок дерсең, солай ма? Акыры гиреўге алынғанлар босатып жиберилгеннен кейин, таяр турған арнаўлы бөлимлер хәммеси бизге карап тасланады, түсиникли нәрсе. Арсен, буннан тәшўишленбе, буны да ойлап койғанбыз. Бизиң жети саат аўысык ўактымыз болады. Аўысык



ўакыт не екенлиги хәм оның бизге не беретуғынын билиўди кәлейсең бе?

— Кәне түсиндир-ши. Себеби бул гәплер мен ушын бүйректе топланып калған тастай. Мен Сениң менен пүткиллей баска нәрселер хаккында гәплессем деген едим. Сен болса, өзиң казған урағa түсип алып, хеш нәрсени көзиң көрместен хәр жакка талпынып атырсаң.

— Сенинше биз урада жаткан болсак, онда сен де биз бенен бирге сол урада жатырыпсаң. Биргеликте өзимизди корғаймыз. Аўысык ўакыт хаккында саған болса мыналарды айтайын. Биз өз максетимизге ерискеннен кейин, араб мийманлары ушын төленетуғын табанкирейди Коломтаў жырасына, үңгирге жакын бир жерге алып келгеннен кейин, биз хәммеси жайында екенлигине исеним пайда етип, сен сонда мегафоның менен таў төбесине шығасаң-да, инглис хәм бизиң тилимизде даўысыңның барынша биз ортада аўысык ўакыт дағаза етемиз, деп айтсаң, аўысык ўакыт жети саат екенлигин билдиресең. Гиреўге алынған адамлар саў-саламат үңгирде калады, оларға суў хәм аўкат бериледи, биз болсак өз жолымызға түсип кетемиз. Сен және соны мәлим етесең, тап мине усы минуттан баслап жети саат ишинде үңгирге кириў хәм шығыў кадаған етиледи, ол саат орнатылған шешен миналары менен жайластырылады, олар тек те жети саат өтемен дегенше зәрерсизленеди. Бул гәпти сен үш мәртебе тәкирарлайсаң. Бул бизиң акырғы сөзимиз болады.

Акырына шекем күтсин. Бул ўакытта биз брезент калталарға (оларды таярлап койғанбыз) кутыларды екеўден салып, еки атка жүклеймиз де, көзден ғайып боламыз. Атлар таяр. Бектур ағаның атлары зор. Булар араб мийманлардан тартып алынған атлар. Биз Үзеңгилеш асырымы тәрепке карап, жүк тийелген атларды жетелеп, көзди ашып жумғанша кетип боламыз. Жолларды жаксы билемиз. Коркынышлы хеш нәрсе жок. Асырым алдында бизди жазғы жайлаўдан келген бала-шағаларымыз жәм болып күтип турады. Келисип койғанбыз. Кәўетерленбе, бирәдар.

Арсен Саманчин мыңк етпеди. Усы бир коркынышлы конарыўшылык режеси каншалык пухта шөлкемлестирилгенлигин тереңирек түсинген сайын өзиниң неге дуўшакер болғанын сезе баслады. Ташафған толасынан, олардың питнесинен мен оған катнаспайман, деп аңсатлык пенен кутылып болмайды, себеби буны өз режелерине шерик етип, соның өзи менен ак оның кол-аяғын байлап таслаған еди. Енди жәхәннем есигине бирге кириў ғана калған еди.

— Э, сен бунша корка берме, — деп буны жубаткандай болды Таштанафған. — Бул иске тәўекел кылса арзыйды. Оған сени



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашык-айдын, алдам-калламсыз, дурысын айтып, тартып атырман. Таўларда кар көшкенде, сондай болады. Хәмме нәрсе көшки менен пәске кулайды, тек те бир неше куслар ғана ушыўға үлгерип, кутылып калады. Бәлки, биз сол куслар шығармыз?

Арсен Саманчин желкесин кысты:

— Маған бунын кызығы жок. Өзин билесен. Мен баскаша ойлайман.

Сол пайытта күтилмегенде, онын кол телефоны шырылдап калды. Екеўи де шоршып түсти. Арсеннин инглисшелеп жуўап бере баслағаны Таштанафғанды және де сергеклендирип жиберди, ол тап бир нәрсени түсингендей, онын касына жакынлады. Арсеннин жүзине дыккат пенен тигилди. Арсеннин жүзи болса, бул пайыт жанланып, және бурынғы халына кайтты. Сөйлесиў бес минуттай даўам етти. Ол сөйлесиўден тек те «Хе, Боб, якшы, Боб!» деген сөзлерди ғана анлаған Таштанафғанға араб Хасаннын баспасөз хаткери Роберт Лукас коныраў еткенин, 15 июльда үш адамлык таярлаў топары ушын келетуғынын, олар бәлент карлы таўларда кийилетуғын альпинистлердин жана шыккан әнжамлары хәм баска аў әсбап-үскенелерин жиберетуғынын түсиндирди. Буны «Мерген» фирмасы кенсесине факс аркалы да мәлим етер екен. Және үш адам менен бирге аў хаккында фильм жаратыў ушын еки кинооператор да келеди екен. Лукас оларды күтип алыўды өтинип, сорапты.

— Әне, көрдиң бе, ис басланып кетти, — деди хәрекетшең халатта Арсен. — Ертен Әўлиеатаға, аэропортка, жетип барыўға туўра келеди, лекин буны хожайын менен келисип аламыз. — Ол Таштанафған менен сөйлесикти жуўмаклаў ушын орнынан турып, класс ишинде ол жактан бул жакка жүрди, терезеге нәзерин таслап, ойланыңкырап былай деди: — Болар енди, Таштан, мен хожайын менен тезирек көрисиўим керек.

— Ол Дасторканға кеткен ғой, еле жетип келмеген шығар.

— Тез арада келип калыўы керек, — деп гүмилжи етип айтты Арсен Саманчин. — Улыўма, менинше, бираз гәплесип алдык. Енди жумыс калып кетпесин...

— Әлбетте, әлбетте. Лекин сен зәрүр исти ислеў керек. Сенде хеш кандай гүман калмаслығы ушын, Арсен, тағы бир мәртебе айтайын: хәмме ис бизиң режемиз бойынша барыўы керек, баскаша гәп болмаўы тийис. Кыялында не гәп, буны өзиң билесен, лекин менин айтканымды ислеўге мәжбүрсен, бул — өлим алдындағы соңғы мәўритке усайды. Мени алжасып атыр, деп ойлама! Мен жилли де, емеспен! Тәним саў, акыл-хушым жайында. Сен бизин менен бирге байланғансаң. Сени



кемситип атырғаным жок, керисинше, сен инсан сыпатында меннен жокарыраксан, хүрметлирексен, лекин аўхал сондай болып калды — менин буйрыкларым дәрхал бежерилиўи зәрүр. Наразы болыўдын ўакты өтти. Биз сени бул жерге шакырып әкелмедик, аўылға өзин кирип келдиң. Есиңде тут: биз баскыншы емеспиз, лекин ертең бизди сондай, деп айтысады. Биз өз үлесимизди алып атырмыз, болғаны. Баска жол жок.

— Якшы, — деп онын сөзин бөлди Арсен Саманчин, — көрип атырыпсан ғой, сени дыккат пенен еситтим. Сен мени мәжбүр кылып атырыпсан, не екенлигин өзим шешемен.

— Әлбетте, сенин орнында болсам, мен де солай етер едим. Лекин тәкирарлап айтаман: биз кайтпаймыз. Хәр биримиз өз үлесимизди аламыз, сонын ишинде сен де, лекин биз кеткеннен кейин, арадан бир хәпте өтеди, онда биз Памирдиң Аўған тәрепинде боламыз. Ол жакка алып өтиў менин мойнымда, ол жерлерди билемен. Хәзир жаз. Әлбетте, өтип кетемиз. Сонын ушын бала-шағаларымызды бирге алып жүремиз. Оларды калдырып болмайды. Бизин орнымызға оларды жазалайды. Саған ансат бойдаксан, еле бәри алдында. Гирсеўге алыў жағдайында бала-шағамыз Үзеңгилеш асырымын жағалап өтип, бизин жолымызға шығып турады. Лекин шанарак ағзаларымыздан бир де киси Коломтаўда не болатуғынын билмейди. Бунын оларға байланысы жок. Биз шегара асып кетемиз, өгиз бағыўшы аўған кырғызлары арасынан жай табамыз. Кейиншелик балаларымызды Кытай, Хиндистан яки Пакистанда окытамыз, жокары мағлыўматлы кыламыз. Буған енди пулымыз жетеди.

Және телефон шырылдады. Бектур аға екен.

— Сен кәердесен? Жаналыклар бар ма?

— Хәзир мектептемен. Бул жерге Таштанафған менен келген едик. Окыўшылык пайытларымызды еследик. Маған ат алып келди. Жаксы ат екен, рахмет, бай аға. Жаналык сол, баспасөз хаткери Роберт Лукас коныраў етти. Ертеңге таярлаў топары келеди екен. Үш адам. Еки кинооператор, конаклардын өзлери бир күн кейин ушатуғын кусайды. Аўа, мен тез кеңседе боламан, хәммесин ислеймиз, тәшўишленбен, бәри орнында, хәммеси айтканыңыздай болып баратыр.

Арсен әмекиси Бектур аға менен сөйлесип турып, өзи бул жерде түсип калған аўхал туўралы аўыз ашпағаны Таштанафғанды бираз тыныкшландырды. Арсен Саманчин де хеш нәрсе билмегендей, былай деди:

— Хожайын, жетип кел, деп атыр, билесең ғой, жумыстын көп екенлигин. Болты, тамамлайык енди сол гәплерди. Мен кетейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Макул. Бир белгимиз сол, мен сол күни өзимниң совет дәўиринен калған сержант шәпкимди кийсмен, каснаклы, кызыл жийекли. Соны кийген болсам, демек, бәрше мениң буйрығым бойынша жумыс ислейди. Түсиникли ме? Жәнс бир гәп. Анық кулағында тут! Бизин исимизди ўайран етиўге урынба. Жаман болады, хеш нәрсеге карап отырмаймыз. Я кирей төлетемиз, я конаклар аў пайытында, яки үңгирде өлтириледи. Оннан жуўмақ шығара бер. Сен әмекиңе мыңк етип аўыз ашатуғын болсаң, бетериңе жаман болады, хеш ким калмайды, хәммесин атып таслаймыз. Егер кашып кетемен, десең, жолда-ак куўып жетемиз, болмаса, каладан да сени таўып аламыз... Сеннен катты өтиниш, бул гәплерди түсин, тағы кайталап отырыўға мәжбүр етпе. Баска иләжы жоқ. Тамам! Гәп питти. Хәзир онша асыкпа, бул жерге жигитлер келеди. — Ол терезеден сыртка кышкырды:

— Хәй, Култай, кәне, шакыр балаларды! Бул жерге кириңлер.

— Не кереги бар? — деп хайран болды Арсен.

— Хәзир билесең.

Мектеп пенен хәўлини корыклап турған жигитлер төртеўи бирден ишкериге кирди. Олар класс ишинде биркатарға дизилгеннен кейин Таштанафған Арсенди көрсетип, сәркардалык кылды:

— Гәп бундай: сөйлесип алдык, хәммеси шешилди. Енди хәр бириңиз келип, оған тийисли өз сөзиңизди айтың.

Арсенниң алдында дәслеп дуўдар бас пайда болды:

— Тек те сондай, айтылғандай болады! — деп өзин шетке алды ол, кейин алдына баскалар келди.

— Тек те сондай, айтылғандай болады!

— Тек те сондай, айтылғандай болады!

— Тек те сондай, айтылғандай болады!

Ең сонында Таштанафған сорады:

— Ал, Арсен? Түсиникли ме?

— Тап сондай. Әскершесиге сондай: буйрық Кудадан бәлент.

— Буны Аўғанстанда баскашарак айтар еди. Буйрыксыз күн көрме, кыздың алдына да жуўырма. Енди бизлер алтаў болдык. Иске кирисейик. Арсенниң өз ислери бар. Саксан мениң менен байланыста болып турады. Култай, Жылкыш, Жандос — үшеўиңиз кеште разведкаға барасыз, ертең түске жетип келиңлер. Караңлар, жолбарысларды кәерлерден табыў аңсатырак. Анаў үлкен бас, узын куйрык капланды асырым бетте көрсеңлер, кытығына тиймеңлер. Лекин оны Коломтаў жырасына, койтип, кайсы тәрептен жакынырак айлап келиў жолын кыдырыңлар. Куралларыңыз колыңызда болсын, атларды ыктыят тутыңлар. Аў басланғанда, хәр биримиз дурбин менен кәерде туратуғынымызды анык белгилеп



алайык. Кәне, атланыңлар. Гилтти караўылға бериў есиңизден шыкпасын, ол бир жерде ишип жатырған шығар, табыңлар.

Олар сол заматта мектеп хәўлисинен таркасты. Арсенниң атын да алып кетти. Арсенниң өзи «Мерген» фирмасының кеңсеси жайласкан бурынғы колхоз клубына жол алды. Ол жерде буны Бектур аға күтпекте еди. Арсен Саманчин еле жүз алым да атыўға үлгермей атырып Таштанафған артынан атта жетип келди де, ерден секирип түсип, аттың жылаўын тутыўы менен, касына жакын барды. Ол тағы сол сөзлерди тәкирарлады. Тағы дөк урды: өзгеше ис кылсаң, пешанаңнан ок жейсең. Пул жетип келген жағдайда, хеш бир зиян көрмейсең.

## VIII

Сол песин пайытында олар екеўи таў алдындағы Туйык Жар аўылының кыялап кеткен бас көшесинен барар еди, бойы теппе-тең, жасы да бир-бири менен бара-бар еки бурынғы класслас араларында болып өткен аўыр сөйлесиклерден кейин хеш кандай келисимге келе алмай, бир купыя гөзленген истиң нәтийжесине өзлерин-өзлери байлап, аўшылык кеңсеси тәрепке барар еди, олардың биреўи жалланыўды кәлемеген Арсен Саманчин, екиншиси оны жалланыўға көндирдим, деп кыял сүрип киятырған Таштанафған еди.

Алдыларынан биреў ат жуўыртып шыкпағанда олар еле де сол коркынышлы гәпти даўам еттирген болар еди. Атлы адамды Бектур аға Таштанафғанды таўып келиў ушын жөнеткен екен, шамасы бир жумысы шығып калған. Атлының аты Оразкул екен, ол атынан жерге түсти. Арсен Саманчиндей үлкен адам, буның үстине Бектурған ағаның әмекиси көшеде жаяў баратырған бир пайытта өзине ат үстинде отырыўды ылайык көрмеди, бәлким. Енди олар үш пияда болып, еки жылаўы жетекленген ат ортасында Арсен барар еди. Бул бир тәғдирдиң хүкимине уксар еди. Ол кейин ала буған исеним пайда етти. Еки ат ортасында Туйык Жар аўылы көшесинен пияда өтиў сол заматта оның шегине түскен еди.

Олар о як, бу яктан сөйлесемен дегенше жаяў, я ешек миниң өтип баратырған аўылласлары менен сәлемлесип, биймәлел кәдем таслар, көпшилик аўылласлары хәўлилеринен бойын шығарып карасар, оны шакырар, хал-аўхал сорасар еди. Олар ушын Арсен Саманчин оғада белгили адам еди, көпшилик оның Туйык Жарлык екенин мактаныш етер еди. Бир хәўлиниң дәрўазасы жанында отырған кемпир сорасыў ушын орнынан турды. Жигитлер де иркилди. Тап сол ўакытта тап буйрығын койылғандай колына



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир фотоаппарат услаған шаққан бир нашар қосрдендур тап болды. Бул жүдә келискен, жүзи ысық-карапәрен, шақалақлап күлетуғын, көзлеринде нур парлаған бир хаял болып, шашының түрмеклепгени, жинси шалбар кийгени, үтине жағасы ашық, жеңил, келте спорт көйлегин кийгенлигине қарағанда, шамасы бул жерге басқа жақтан келгенге усар еди.

— Сәлем. Ўәй, бунша шырайлы жүрип киятырсыз-әй! Арсен ағамыз ортада, сизлер ат жетеклеп еки жағында! Үш азамат! Мәйли ме, сизлерди сүўретке алсам, зор сүўрет шығар еди. Мине, көресиз! Жоқ, тоқтап турманлар, жүрип келе бериңлер, мен үлгерип түсирип аламан! Бул санлы фотоаппарат!

— Санлы? — деп хайран қалды Арсен Саманчин. — Жетискенлик! Қайылман!

— Мен қалада саўдада жүремен. Атым Елес, қоңсы районның аўылынанман, бул жерде апам турады, кесел болып қалыпты. Әне, әне! Жақын турыңлар, жылаўды келте тутыңлар. Әне сондай! Қайылман! Мен де «Мерген»ге баратырман.

Нашар қолларын силкип алып, шаққан хәрекетлер менен оларды сүўретке алар екен. Арсен Саманчин бирден күтилмегенде өзин жеңил сезе баслады, гейде нашар узақтан турып, қолын узатып, оның жараланған көўлин лаўалап атырғандай еди. Таштанафған менен орталарында болып өткен гәптен соң жүрегине азар берип атырған кеширмелер, енди жеңиллескендей еди. Сонда бир мәўрит ишинде мийи жарқ етип ашылғандай болды, адам өзине исеним менен жасаўы ушын «дүнья өз орнында турыўы» қаншама зәрүр екенин сезди. Соның ушын ол хаял тынбай, тоқтамай жәнe, жәнe сүўретке алыўды кәлер еди, соның ушын хаяллын атын да ләрхал еслеп қалды. Елес-елеў ме екен, еске алыў ма екен, ядгарлық па екен, ол соған жақын мәниске тоқтады. Оның атының өзи ақ жарқын хәм дәллиги менен адамға жаңалық бағышлар еди.

Елес сол ўақытта булардан, бир майланға асықпай турыўларын сорады-да, санлы фотоаппаратының кишкене экранындағы таяр сүўретлерди көрсете баслады. «Қараңлар, жүдә әжайып — үш бахадыр!». Хәмме миннетдар болды. Ташафған: «Бул заманның техникасын қараң-ә!» — деп қойды. Арсен Саманчин хаяллын атын айтып, оған өтиниш қылды:

— Рахмет, Елес! Келиңлер, хәммемиз бирге түсемиз. Бирақ ким сүўретке алады?

— Ўәй, не деген зор! Сизиң менен сүўретке түсиў арманым, — деп кеўилленип, қуўаныш пенен сөйледи нашар, жолдан өтип баратырған жигитти көрип қалып, оннан өтиниш етип атырып.

— Хәй, Балабаш. Кел, бизди сүўретке алып қой. Мына бир түймесин басасаң.



Жигит жақ, деп ыразы болды. Хәммеси бир қатарға дизилисти. Арсен менен Елес ортаға турды, ана екеўи аттың жылаўын услаўы менен шетке жайласты. Арсен нашар менен жанба-жан турар екен, оның жумсақ, жипектей хоширей денесин хәўес етти. Елеске тағы да жақынырақ жантасты, қыз өзин алып қашпады, бир майдан ол да мәз-майрам болып турар еди. Жигит түймени басып, шыртылдаған хаўаз шыққан соң, Арсен асығыслық пенен былай деди:

— Рахмет, Балабаш. Лекин, кел, тағы бир мәртебе ал. — Сонда олар жәнe бир-бирине жипектей жабысып қалған еди.

Кейин олар қойтип түскенин тамаша етти. Елес шеннен тыс қуўанышта еди:

— Ўәй, бунша жақсы екен, Арсен аға, зор түсипсиз. Тап бир арман еткендей.

Кишкене экрандағы сүўретлерди көзден кеширер екен, Арсен сорады:

— Елес, бул сүўретлерди алса болады ма? Қашан?

— Әлбетте, Арсен аға, тез арада оларды шығараман. Сиз еле усы жердесиз ғой?

— Хәзирше усы жердемен. Мергеншилик бизнеси менен шуғылланып атырмыз.

— Мен де бүгин-ертен усы жерде боламан. «Мерген» өзлери хәм қонақлар ушын сүўретке түсириўимди сорады. Хожайын жәнe бир нәрсени өтиниш қылған. Қонақлар үлкен аўлан қайтқаннан кейин, олар ушын аўылда қосық байрамын өткизиўим керек. Қызлар қосық айтады. Төмен аўылынан Баялы ақын келеди. Мен де қобыз ырғағында бир қосық айтпақшыман.

— Ырастан ба? Демек, концерт болар екен-дә? Имкан болса биз де көремиз.

Олар бирге кетти. Арсен жол-жөнекей сорады:

— Елес, неўе, сиз сүўретшилик қыласыз ба?

— Ой, яқ, бундай емес. Илгериде китапханада ислейтуғын едим. Пелинститута бир пайытта оқыганман. Өз автобусымыз бар еди, онда ўәлаятқа китап тасыр едик, автобусты библиобус дер едик. Кейин хәммеси тамам болды. Библиобусты өзлестирип жиберди. Айлықтың жағдайы өзиңизге мәлим. Айына он бес долларға жасаўдың сирә илажы жоқ, соның ушын басқа ислерге урыныўға туўры келди.

— Түсиникли, — деп гүбирленди Арсен, сонда Ташафған оған жүдә гүман мене қарар еди, көрип атырсаң ба, аўхал қандай екенлигин, демекши, шамасы. Аламлар айына он бес доллар алады, мине бул жақта болса жигирма миллион наклай турыпты, сен болса мурныңды жыйырасаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оразкул кетти. Таштанафған болса, Бектур ағаның хызметине тезирек барайын, деп атына минийди ойламас еди. Арсен Саманчин хайран болды. Мәйли, өзи биледи, асықпаса, асықпасын, деп ойлады Арсен. Жақында ғана араларында болып өткен гәплерди еслегиси келмес, буны не деп атаўға сөз таба алмас еди. Егер қудыққа еки адам түсип кетсе, бири пәске, екиншиси жоқарыға тартса, олар қандай қылып қутылып шыға алады?

Хайран қаларлық жағдай, Елес көрегенлик пенен, кәпелимде, бир нәрсени сезип қалды ма екен? Ол тосаттан қалай пайда болды? Таслап кетилген, жалғызлықта қалған, өз ықтыярынан тысқары машақатлы жағдайға түскен бийшара бир жигиттиң хәсирет-қайғысын өзи билмеген халда жеңиллестириўди қәледи ме екен? Тәғдирдиң пешанаңа жазған сызығынан қалай қашып қутыласаң? Ол жүрегин өртеген кеширмелеринен азат болыўы ушын «Бул жерден тезирек, узағырақ кет, ойлама» деп үмитсиз тәризде өзин-өзи исендирмекши болар еди, нәзеринде жанында тосаттан пайда болған, хеш нәрседен хабары жоқ Елес оны қутқарыў ушын, бул түпсиз тұңғыйықтан алып шығыўға келген сыяқлы, бир исеним онда кем-кем беккемленип барар еди...

Жолда Елес түрли қалаларға қатнап, көтере саўда-сатық ислери менен шуғылланғанын бастан-аяқ баян етип берди. Поездға минип, Әўлиеатадан Саратовқа шекем, кейин самолёт пенен Москваға барады, ол жердеги базарлардан түрли товарларды арзан нарқта сатып алып, қымбатырақ пуллайды, он-онбес пайыз пайда көреди-соған жасайды. Хәзирше саламатлығы буны көтереди. Елес айтып берип атырған хәмме гәплер негедур оны тынышландырар, көўлине шадлық бағышлар еди. Неге бундай, бирден неге усындай аўхалға түсип қалды, буны Арсен Саманчин өзине түсиндирип бере алмас еди. Күтилмеген тәризде хәзир ғана дус келген бул мийрим шәпәәтли, бийхазар хаял неге оны өзине мәргиядай тартады? Арсен қызды еле дурыслы билмес еди, лекин соған қарамастан Елестен муҳаббат ҳәм ышқы сезимлери тарқалып атырғандай еди, өзи өзлигинше қалыўы зәрүр болған, қорқыныш хәм хәлсизликтен өзин өзи жоғалтып қоймаслығы керек болған бир пайытта тәғдир инәм еткен айрықша саўға еди бул. Ол хәзир екеўи «Нива»ға отырып, қайдасаң қала, деп, жөнеп кетиўди қәлер еди, қалайда мәнзилине түн жарпында жетип барар еди. Ол жерде болса жарқыраған шыраклар, жаңлаған музыка...

Бирақ хәзир аўыл көшесинен өтип баратырған оларға хәмме ашық көўил менен қарасар, ийт-күшиклер алдыларына шаңқылап шығар, асхана морыларынан түтин бүўдақлап, адамлар дәрўазаларынан шығып қарар хәм аманлық-есенлик сорасар еди. Олар бурынғы колхоз кенсесине жетип келемен дегенше, Арсенниң хаялға айтқан бирден-бир гәпи сол болды: мени «сен» деп айт, деп өтиниш қылды, жасымыздың парқы да онша үлкен емес, соның ушын бир-биримизди «сенлесек» қолай болады, деди. Кенсениң алдына жеткенде болса, оннан бул жерде еле көп ўақыт боласаң ба, деп сорады.

— Мен сени қанша керек болса, сонша ўақыт күтемен, Арсен, — деп жуўап берди Елес.

— Сениң болғаныңа шүкир, — деди ол.

Кенседе де, көшеде де, хәўли ишинде де адамлар көп еди. Пүткил аўыл шет еллик аңшылардың келиўин күтип атырған еди. Хәмме апыр-топыр болып атыр. Балалар кенсе әтирапында шаўқымласып, ойнар еди. Тәңришилик дининиң тәрепдары өзине жақын адамларды Үзеңгилеш таўларына қарата дуўа оқытып, ибадат қылыўға шақырып атырғаны хаққында бир-бирлерине әңгиме етер еди: иләйым, таў самаллары аңшыларға мәдат берсин, таў жолбарысларын қараңғы инлеринен айдап, сыртқа шығарсын, дер еди. Аўылдың молласы тәңри тәрепдарына наразылық билдириўден тартынбады: оны тыңласаң — Пәрўардигарға, Алла таалаға сыйыныў керек екен, самалларға емес. Лекин булардың барлығы бири-бириникине жақын, улыўмалық гәплер еди. «Мерген» фирмасында болса, хожайын Бектур аға басшылығында аўға таярлық көриў менен бирге хүрметли мийманлар хәм олардың қасындағы хызметшилерди жайластырыў хәм хызмет көрсетиў бойынша кеңес өтип атыр еди. Бәрше еркеклер, хаял-қызлар барабар қатнасатуғын, лекин ендиликте ески дүзим социализм менен бирге өтмишке кетип, жоқ болған колхоз мәжилислеринен кейин биринши мәртебе усындай жыйналыс өтип атыр, деп жоқары жуўапкершилик пенен сөйлер еди ғарры-картаңлар. Бул жыйналыс уллы таў қапланларының «көрсетпеси» менен өткерилмекте, деп хәзил-дәлкек етер еди, олар.

Кимдур жумыс пенен бәнт, кимдур тамаша етип араласып жүрер-бәлки мени бир жумысқа шақырып қалар, деген нийеттегилер де жоқ емес еди. Бундай жағдай Арсен Саманчинге жақпады. Көп аўылласларын талай ўақыттан бери көрмеген, олар менен, мине енди ушыраспақта еди. Тек те бир нәрсе оны тақатсызландырар хәм ишлей езер еди: ол да болса, аўылласларының Таштанафғанға мүнәсибети, аўылласлары оны ашық көўил менен күтип алысар, хүрметин жайына қояр, айрықша итибар менен қарасар еди. Ол да өзин соған жараса тутар еди: былай қарағанда, тез арада бәрше аўыл халқын таң қалдырып қойыўға ылайық хеш бир қупыя онда жоққа усар еди. Аўыл хаяллары Таштанафған хаққында шығарған қосықты айтып бергенде, Арсен оғада қыйын жағдайға түсти:







www.ziyouz.com kutubxonasi

*Хәй, ҳәй Аўған, ҳәй Аўған,*
*Инәм ет сен маған кәрўан,*
*Кәрўан менен бараман,*
*Сеннен бала туўаман.*
*Бир тийин да алмайман,*
*Карным тойса, болғаны,*
*Хәй, ҳәй қәрўан, ҳәй қәрўан,*
*Хәй, ҳәй Аўған, ҳәй Аўған...*

Арсен Саманчин бираз ойланып калды, неде болса аўылдың бийхазар хәзил-күлкилери булар ушын коркынышлы косыкларға айланып кетпегей дә... Хәзирше, тыныш, лекин түп-тийкарында көз көрип, кулак еситпеген кәўип-кәтер жасырынып жаткан бир жағдайда Елестиң «кәрамат» (буны ол өзинше услай ойлады) сыяклы тосаттан пайда болыўы, канншама тәбийий көринбесин, оған бир караўдан-ак, ашыгыў-бийкарар болып калыўы Арсен Саманчин тәрепинен тәкдирдиң бир инәмы сыяклы кабыл етилип, бунын көпке созылған жалғызлығы жүректи пүткиллей күйдирип, өмирдиң тәсири калмаған сахраға айландырған бир пайытта жүз бергени баскаша әхмийетке ийе еди. Хакыйкаттан да усы күни болып өткен ўакыяларда куткарыўшы хызметин аткарған бул ушырасыўды Арсен Саманчин өзинше сондай бахалады. Оның аўылласлары ушын бул ўакыяда көзге тасланатуғын, әдеттен тыскары бир нәрсе жок еди, әлбетте. Соның ушын олар буған көзиниң кыйығын салып та, итибар бермеди, ол хасла дыккатты өзине тартпады. Елес хәрдайым бул жерге апасын көриў ушын келип турар, консы Төмен аўылының кызы болған ол буларға өзлериникиндей кәдирлан болып кеткен еди. (Шынында Төмен аўыл, Пәски аўыл дегенди билдирип, Сибирьдеги Тюмень үлкесиниң аты усыннан келип шыкпаған ба екен, деп ойлап та койды).

Әмекиси аксакал Бектур аға менен аўға байланыслы ислерди көзден кеширип шығып атырып, Арсенниң кыялына сол мәхәл баскаша пикирлер келер еди: хәзир дәрхал орнымнан турып, шығып кетсем бе екен, Елести шакырсам ба екен, қолынан услап, жетелеп апамның есигиниң алдына апарсам ба екен, «Нива»ға отырып, таўлар хәм сахралардан өтип, машинаны калаға карай айдасам ба екен, деп ойлар еди, кала өзимиздики, бизге үйреншикли болып кеткен дүнья, шамасы, кызға да бул дүнья сирә бийгана емес шығар. Ол өзи хайран калып және бир нәрсени сезди. Айлана да, оның жаўыз басшысы Курчал да, негедур бир майданда умытылып кетти, ядынан көтерилди, оны еслеўдиң кызығы калмады... Хаслында жулдызлар да сөнеди, душпанлар да туңғыйыкка кетеди...



Хакыйкаттан, коне еди Елес пенен бир калаға жөнеп кетсе, тап бир океанлар ортасында кишкене кайыкта жүргендей музыкалар, рәнбәрән шуғлалар толкынында шайкалса, әне сизге бахыт! Токта! Э, онда әмекисине берген ўәдеси не болады, туўысканлык бурышы кайда калады, бул жерлерге, акыры, соның ушын келмеди ме? Жок-жок, кетиўге болмайды. Бул жакта еле Таштанафған хәм гиреўге алыныўшы шет елликлер, оларға таярланған үңгир де бар. Бул кәўетердиң басы, ертең бир күн ол неге айланады? Усындай аўхалда не ислеў керек? Хеш бир адамның иси жок... Егерде билсе еди...

* * *

Бирак бул жерде жалғызлык хәм коркыныштан әбигер тартып, азаплар искенжесине көнлигиўши маклук та жок емес еди. Ол да болса, Үзеңгилеш асырымы жанбаўырларында сергизданлыкта гезген Жаабарс еди. Кейинги күнлери бул жерлерде әлле кандай атлы адамлар көрине баслады, олар көзлерине дүрбиш тағып, бир нәрселерди кыдырар, колларындағы трубаларын сүрен салып, кыйғыртар, таўларды ләрзеге келтирер еди. Мине және үш киси келип, атта гезип жүр. Және бир нәрселерди тексерип көреди, кыйғырып, шаўкым салады. Жаабарс болса, бир панаға жасырыныў орнына кашпай тура береди, үлкен геллесин бәлент көтерип, куйрығын желкесине дейин жеткизеди. Жаабарс атлылар өзин нәзерине алғанлығын, оны өз ара «үлкен баслы узын куйрык» деп атайтуғынын не билсин. Әне-әне, тағы сол жерлерде гезип жүрипти...

Сонда Жаабарс буўылып, ыңранып, ырылдады: «Неге, неге келдиңиз? Сизге не бар бул жерде? Кесент бермең, тез арада таўлар кулайды, сиз де оның астында каласыз...»

* * *

Кешке жакын Арсен Саманчинниң шыдамы таўсылды. Елес пенен жалғыз ушырасып, көрискиси келди. Хожайынының гәплеринен мәлим болды, кешки пайыт оның ўакты бос еди, үзликсиз дийдмашлык иси ертең басланады. Ертелеп Әўлиеата аэропортына жетип барып, таярлаў топары менен кинооператорларды күтип алыўы керек еди. Оннан кейинги күни болса хүрметли аңшылар келеди. Оларды бастан-аяк сөйлесип, Арсен бәрин жан дәптерине жазып алды. Ол шығып кетип баратырғанда артынан Таштанафған жетип келди.

— Маған кара, Арсен, хәзир кетип баратырған болсаң ядыңда тут, ертеңге атыңды алып келеди, ол мудамы апаңыздикинде турады. Бәркулла ертлеўли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мәйли, алып келсин. Мен атты минип кордим.

— Куралды кашан алып келсин? Мылтығып болады. Тапанша деген един. Ол да болады. Автомат беремиз. Жәнс ана репродуктор...

— Жаксысы бүгин емес, ертең әкелсин. Кешкурын саат алтыларға, биз хожайын менен Әўлисаталан кайтып келемиз. Куралларды мениң өз колыма тапсырсын.

— Әлбетте, өз колыңызға тийсди. Хожайынның буйрығы сондай, тилхат берессн. Сен не деп ойлап един? Айтпакшы, Арсен, тағы бир әхмийетли гәп бар. Жүр, сәл шетке өтейик.

Олар кенсениң арғы адамсыз бөлимине өтип, о як бу якка барып, келе баслады.

— Енди мине ең баслы нәрсе, — деп баслады Таштанафған гәпин, — хәзир хәммемиз өз жолымызға кетемиз, кейин, шамасы, таўларда көрисемиз, Молатаста. Ол жерге сен конаклар менен бирге барасаң, оған шекем биз ол жерге жайласып боламыз. Гә пияда, гә атта жай кыдырамыз. Мен Аўғанстаннан калған кызыл каснаклы шапкимди басыма кийиўим менен хәммесин саған кандай айткан болсам, сондай етип бежер. Есинде болсын: баска кийилген шәпки бул — буйрык.

Арсен Саманчинниң кулағы шыңыллап кетти, мийине кан урды.

— Тыңла хей сен бала! Не кылмакшысаң өзи? Иркил, кейин кеш болады.

— Не деп атырсаң? Дүнья паразитлериниң жигирма миллионына жаныңашып атыр ма? Шопанларымызды ойламайсаң ба?

— Байлыкты бөлистириў бундай болмайды.

— Э-ха, революция аркалы, реформалар аркалы демекшисең, және сол, омырғанлар омыра береди. Биз күтип отыра берер екенбиз-дә!

— Сениң кылып атырған исиң — баскыншылык! Түсинсеңши, акыры!

— Мейли, бола берсин! Биз кәйтсек те, өз үлесимизди аламыз.

— Хәзир тартысып отырмайык. Сен гөзлеген нәрсе хәммемизди гөрге тығады. Олардың өз корыкшылары бар. Кан төгиледи.

— Буған тәшўишленбе. Егер айтканларымызды инглис тилине аўдарып турсаң, сени жин де урмайды.

— Мен өзимди айтып атырғаным жок. Айтсам ба екен, айтпасам ба екен. Кулак сал! Неўе сени жекпе-жек урысыўға шакырыўым керек пе?

— Жекпе-жек болса, жекпе-жек! Сен бизиң глобализмнен келетуғын үлесимизден айырмакшымысаң?

— Хе, тағы сол ма? Глобализмди тыныш кой, каншама хак болсаң-да!



— Мәйли, ондай болса, Арсен, сен өз билдигиңди исле, мен өз билдигимди кыламан. Еле ўакыт бар. Үш күн. Шәпким таяр. Хәзирше, хош! Кейин, кетип баратырып, Ташафған артына кайрылып, енсесин касып былай деди:

— Хәзир мен өзиңди кандай сезип атырғаныңды билемен. Егер усы пайытта бир-биримимз бенен жети журт еситетуғын етип сөгискенимизде, бәлки, бираз жеңил тартар ма едик. Лекин мени де ойлап көр, аңсат па маған. Сууға шүмип кеткиң келеди, бирак жасаў керек. Жасасаң төгин-шашын жаса. Шайтанлар бизиң үстимизден күлиседи, жетер енди! Балалардың мектепке барыўы ушын үсти кийимлери жок, жарлымыз, каладағы гезенделерден паркымыз калмады. Жыртык шапан кийген шопанлармыз. Сизлер газеталарда сол ипләслардың гәпин сөйлейсиз, мине енди олар жаксы билип койсын: биз енди ол бай кимселердиң гегирдегинен аламыз!

— Сен не, басыма шәпки кийсем тамам, хәммесин тутып, бир жаклы етемен, деп ойлайсаң ба? Оннан машкала артса артады да, кемимейди... Дүньяға баска көз бенен карап атырсаң.

— Э, курып кетпейди ме, сол көз-пөз, өзиниң машкалалары менен... Мениң басымда шәпки болады.

— Оны киймесten бурын ойлап көр.

— Өзиң ойлап көр. Якшы, хәзирше.

Тәшўишлери және де артып, бир-биреўин хасла түсинбей хәм келисимге келмей, таркалды олар. Деген менен Тянь-Шань таўлары баўрайында жүз бережак ўакыяның акыбети не болатуғынын ишлей сезиниң, кыялына келтирер еди. Ол жерлердеги асырымлар, шоккылар, таў үңгирлеринде, караңғы инлерде жасайтуғын кар капланлары да, бул жағдайларда, өзлерине байланысы болмаған халда, гиресүге алыў ўакыясына шерик болып калыўлары мүмкин еди. Лекин кар капланлары пикирлей хәм жуўмак шығара алмағанлыктан бул нәрселерди каяктан билер еди, акыры.

Тап мине усы заматта Арсен Саманчин де хеш нәрсени ойлағысы келмеди. Хәр калай ол жалғыз өзи калып, бир майдан кыял ағысында ғарк болып, ишлей жеңил тартып гүрсинди, жүдә терең кәўстерли хәсирет азабынан бир мәўритке басын көтерип, кутылып шыккандай, жаңа әрманлар әлемине сүңгиди. Лекин, мухаббат мине сондай, күтилмегенде, алдынан пүткиллей таярлык көрмей атырып, көзди ашып жумғанша бастырып кирип келиўи мүмкин бе?

Яки бул баскыншылыкка шерик болғанындай, жабайы кәўипкәтер астында калған оның бийшара кеўлине тәғдирдиң инаяты, инамы еди ме бул?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елес болса, оның жүрегинен не кешип атырғанын, тап бир билгендей күтип турар, өзи терезеден басын шығарып, шақырар еди:

— Мен бул жерлемен, Арсен!

Мәлим болды, жигит тап усыны күтип турған екен. Олар дебизлеринен бир ауыз сөз шығар-шықпастан, шын кеўилден бир-бирин түсинегойды, қыз хәзир апасының үйине өтетуғын, Арсен болса, «Нива»ға отырып, хәўлиге қарап айдайтуғын, соң екеўи баслары аўған жаққа, узақ-узақларға сейил етиўге кететуғын болды. Ең қуўанышлысы сол, қыз оның нийетлерин қоллап-қуўатлар еди. Арсен хәўлиге жетип келгенде, Елес таяр болып, оны күтип турған еди. Ол желкесинде кишкене ғана сумкасы, қолында гитара хәм мақпал одеялоны ийнине салып, жүзи гүл-гүл жайнап шығып келди.

Олар бир-бирине тығылысып отырып, жөнеп кетти, бир-бирлерине тоймай қарасар, өзлерин бахытлы сезер еди. Опалар «Нива» оларды қутлы дөңгелеклеринде, бахытлы жоллардан алып өтер еди. Барлығы тап бурынғыдай, әлем өзгермеген сыяқлы көрингени менен, ол аңлап болмас дәрежеде басқаша еди. Ал олар болса, буған сүйсинип, таңланысып қарасар еди. Мине усы бирден өзгерип қалған әлемде хәмме нәрселер шуғлаға мегзер, сүўреттеги гөззал көринислер сыяқлы жән-жағынан жақты берип қойғанға уқсар еди.

Олар жапырылып келген бахытқа мәс болып, әтирап-әлемине үлкен адамлардай емес, тап бир нәрестелердей нәзер таслар еди. Қыздың жасы жигирма бестен асқан, жигит болса отыздан өткен, көп жақсылық хәм жаманлықларды көрген, басларынан тойлар, жәнжеллер хәм ажырасыўларды өткерген, енди ликте өтмишлерин артта қалдырып, жаңа өмир ушын қайта туўылған еди. Олар бул жолда өзлерин жаўлап алған мухаббат туйғыларынан өзге нәрселерди көрмес еди. Бул қыял, ямаса өз-өзин алдаў емес еди, бәлки, тәғдир тәрепинен бир мәртебе берилетуғын жан хәм руўхтың ашылысыўы еди. Жақын хәм узақ көринген бәрше нәрселер, таў дизилмелери хәм далалар, қуяш хәм дәрья, дөңгелек астына төселген топырақ биргеликте баслары ылаққан жаққа кетип баратырғанлығы ушын да, оларға уллы хәм пәрәўан болып көринер еди. Елес жанында мехир таратып отырғанлығы ушын Арсен Саманчин егер мухаббат еки жан ортасында өз ара пайда болса, инсан тәғдирлерин қорғаўшы өмирдиң жоқары хақыйқаты тап мине усында, деп ойлар еди.

Романтизм трагедиясыз сада хәм алдамшы бир нәрсе деп есапланар еди. Ондай емес хасла, романтизмди уғыныў жолы басқаша, оның қуяшы басқаша, аспаны басқаша. Лекин, бул



басқаша әлемди тек те мухаббат бағыш етилген инсан ғана биледи. Бийкарға айтылмаған ғой, мухаббат — бул жүректиң нурланыўы.

Арсенниң желкесинен аўыр жүк түскендей болды, бунын қалай жүз бергенине өзи хайран қалар еди. Айдана себепли ана бир шайтан Ерташ Курчалды буншама жаман көриў, буншалар азап шегиў, буншалар өз етин өзи жеў... Буның барлығы енди басқаша көринер еди. Буның үстине Ташафғанның мәккар хәм жаўыз мақсетине қосымша болып отырыўы... Енди бирден, өмиринде илгериде болып өткен бәрше нәрселерди хәп заматта умытыў, Елеске кеўил бериў, кәпелимде оның өмириниң ажыралмас бөлегине айланыў. Бәлки, қыз хақыйқаттан оны азат етиў, түпсиз түпсизликтан қутқарыў ушын жиберилген сыяқлы еди.

Арсенди руўхландырған поэтикалық сезимлерге қосылып, бахыт қуўанышларына толып тасқан хәм буны жасырып отырғысы келмеген Елес былай деди:

— Арсен, қара, бул таўлар мениң мухаббатымды күткен еди, соның ушын да мен тез-тез бул жерге келер едим. Усындай болыўына ақылым жетпесе де, мен де интизар болып күтер едим... Бизиң бул таўларда рәўият айтып жүреди, Мәңги қалыңлық сергиздан-себил болып гезип жүр, деп.

— Оны айтпа, Елес, хәзир жылап жиберемен!

— Ўаи, рульди беккем усла! — деп күлди қыз. — Бирге кетип баратырғанымыз қандай жақсы!

— Егер сүйискенлер бахытлы болса, олардың өмиринде бурынлары басынан нелер өткен болмасын, бул пүткиллей әхмийетли болмай қалады. Хәммеси бийкар етиледи хәм жабылған ислер архивлерге жөнетиледи, өйткени өмир жаңадан басланады, есап жаңадан ашылады. Арсен солай ойлар еди. Тек те буларға көз тиймесин!

Бирақ ол қаншалар бундай қыялпаразлыққа берилмесин, кеўлинен бәри-бир басқа пикир де өтер еди, бахыттың изинен қайғы мудамы ерисип жүреди. Демек, тәшўишсиз бахыт хеш қашан болмас екен-дә. Мине, хәзир де ис қайтып соған келе береди, қандайда бир кәўетер жүрегине тәшўиш салады: араб мийманларының аўхалы не кешеди? Оларды Ташафған хақыйқаттан да гиреўге алса-ше? Тағы бир мәртебе оны бул жолдан қайтарыўға урынып көремен, көнбесе ше, онда не болады? Автомат оқлапып, қонақларды қорғаўға алады ма? (Бектур аға өткен сапар буған да автомат бериўди ўәде етти). Басқыншыларды атып таслап, кейин өзи де оққа ушсын ба? Хәмме заманларда да миллионлаған жарлылар бәркулла байларды көре алмаған, олардан жийиркенген. Енди мына таң қаларлық пикирге қараң, сондай болып турып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзлери миллиардер болыўды қәлейди. Қулласы, не деп ойласаң, ойлай бересен, лекин не ислеў керек, қандай жол тутса дурыс болады? Биз бир арқанға байланып болдық. Таштанафғанның жигитлери хәр нәрсеге таяр, басқыншылықтан қайтпайды. Үлкен пулдың жолында хәмме нәрсеге барады, маклуққа айланады. Лекин жыртқышлар олжаны тәбияттың өзинен алады. Булар болса, жынаят көшесинен үлкен пул излейди. Таштанафғанның гәпине қара: аўзыңды ашып отырма, иркилместен алға бас! Мине, тилекке қарсы, бурынғы достым, классласым Аўған урысын көрип жаўыз болып кетти, енди глобализацияны көре алмайды, кимниң болса да, жанын алыўға таяр. Түпирдим саған, ахмақ! Умыт булардың бәрин, түпир хәммесине!... Күтилмегенде, басқа бир өмир турмысына кирип киятыр, оны жаңа мақсетлерге талпындыражақ.

Олар дәслеп аўыл шетинде жайласқан бензоколонкаға келди, бул жақын арада Елестиң басқа апасы жасар, саўда-сатық ислери менен Елес бул жерге тез-тезден қатнап турар еди. «Нива»ға жанар май алғаннан кейин олар және жолға түсти. Жолға түсерде Арсен машинаны сондай етип бурды, тап бир таўлар арасында қаланың үлкен жолына шығып алатуғындай көринди. Машинаны бир майдан тоқтатып, ойға шүмип отырды.

— Не болды, Арсен?— деп қызығып сорады Елес. — Биз сол тәрепке барамыз ба?

Арсен үндемеди, басын шайқады, жылмыйып қойды, қыздың көзине тик қарап, хәзил ме, шын ба билип болмайтуғын тәризде, былай деди:

— Елес, егер қарсы болмасаң, сени қалаға алып кетпекши едим!

— Ырастан ба?

— Аўа, сени алып қашпақшыман, ески заманлардағыдай. Не дейсен?

— Неўеге?

— Сениң менен бирге болыўды қәлеймен.

— Журналист-урлықшы! Демек мени гитарам менен бирге әлле қашан алып қашқан екенсиз-дә?— деп шақалақлап күлди Елес. — Қайылман! Әрманым еди! Мәйли, жол басла! Машинаның өзи қаяққа барыўды билмейди!

— Бопты, келистик онда, солай ма? Лекин, хәзирше таўларда болайық. — Арсен Саманчин бул сөзлерди айтып, машинаның рулин дәрья бойындағы тоғай тәрепке кескин бурды.

Ол жағы тап бир кино калрларындағылай, тез-тез, зымырап өтти. Олар пайызлы мәканға тез арада жетип келди. Гитараны қолға алыўды естен шығармай, дәрхал жайласып алды. Қуяш көп узамай бата баслады, таўлардың арасына дәслепки салқын түсти, жаз пасылы өзиниң соңғы дәўирине кирген еди. Таў дәрьясы сыйқақ таслар арасынан атылып ағып атыр. Олар путалардың қурғақ шақаларын жыйып, от жақты. Елес хайран қаларлық шаққан қыз екен. Хәмме нәрсени тез хәм сыпатлы таярлап қойды. Дәрья бойындағы путалардың салқын саясына жумсақ одеялды төсели хәм бир заматта үсти-басларын шешип, шетке ылақтырып, олар бир-бириниң баўырына енисип ғарқ болды, қушақласып, буларға мехрибан көк аспанға қарай қанат қомлап ушты, аспан оларға хәўес пенен қарады. Олар жер үстинде емес, геллени айландырып жиберетуғын түпсиз космосқа көтерилди, кейин және бир майданда жерге қайтты, бул жерде тәбият қушағында хәр нәрсе, хәр бир гия хәм хәр бир жапырақ оларға үнлес хәрекетте еди: төбесиндеги путалар гә пәс тамаңға түсер, гә көтерилер, дөгеректеги гүл-шешеклер елпип ескен самаллар менен ырғалып, гә жерге қарай бой созып, булардың жүзлерин сыйпап өтер, силкинер, титирер, қушағына тартып, қуўанышын бөлискендей болар еди. Тәбият олардың мухаббатына қызғын қатнаста болды. Әсиресе, таўлардан күшли екин менен тасланып, ағып атырған асаў дәрья олардың ышқы—сезимлерине үн қосып, ырғақ шалар еди. Дәрья бурқасынлап тасар, өкирер, ах урар, ыңранар, кейин бир майдан тынып алар, кейин тағы ышқы халатына түсер, жағыс пенен аймаласар еди. Қуяш болса, бәлент көк аспанда сүзип, таў шоққыларын, оның өркешлерин өзиниң қызғыш нурлары менен жақтыландырар еди. Қуслар ушып кетип баратырып, лал болып турып қалар, әтирапта жуўырып жүрген тышқанлар, бир заман тоқтап, басларын айландырар, қулақларын тик көтерип, қарамықтай көзлери менен жалт-жулт қарасар еди. Сүйискенлер болса, жәннетте оларға бағыш етилетуғын мәўритлерден ләззет алып, ўақты-ўақты қушақларын босатып, қол усласыўы менен дәрьяға түсер, оның бурқасынлаған ағымына сүңгип рәхәтленер, бир-бирине суў сеўип ойнар, олардың тәнлери оғада гөззал, жүзлери шексиз қуўанышлы еди. Кейин және бир-бирлерине хасла тоймай, путалар саясындағы жәннетий төсеклерине бойын таслар, қуяш та өз жолынан қалмай, таў өркешлериниң артына жасырынар еди.

Мәңги қалыңлық болса, олардың бахыт-ығбалын жүректен сезинип, таўдан-таўға өтип оларды дөгереклеп жуўырар. Елес гитарасын алып қосық айта баслағанда, бәлент шоққы үстинде отырып, қосыққа қулақ түрип, жылап жиберер еди, ишинен гүбирленген саза шығар еди: «Мен де соны әрман еткен едим... Қайда, қайдасаң аншы жигитим? Қашан, қашан табаман мен сени?»





www.ziyouz.com kutubxonasi

Әбден шаршап, кушакласып отырып, олар жүдә көп нәрселер хаккында сөйлесип алды, лекин өтмиштеги өмир хаккында иллә, деп аўзын ашпады. Енди ўакыт олар ушын әйне минс усы саттан, әйне минс усы күннен басланар еди. Арсен ҳозил қылды:

— Билесен бе,— деди ол, — мен бул таўлы сай енди «Елес сайы» деп аталыўын кәлер едим! Сен буған не дейсең? Мен география жәмийетине сонлай усыныс киргиземен.

— Мәйли, бир урынып көр, Арсен. Көремиз, кимниң усынысы өтер екен. Мен бул сайды Арсен сайы, деп атаўды усыныс етпекшимен! Бүгин екеўимиз тап бир жас балалардай болып калдык. Кел, кел мен сени Арсенбек, деп шакырайын, сен болса мени Елесгүл, деп айт, балалығымда мени солай айтып шакырар еди.

Олар көп нәрселерди сөйлесип алды, бундай ышкы халатында канщама орынсыз болып түйилмесин, хәттеки, сиясат та токтайды. Бирак хәмме жерде сиясат бар хәм хеш ким оны шетлеп өте алмайды, өз-өзинен гәп айланып лийханшылык хәм шарўашылык өнимлерине талап кемейип кеткени, бунын акыбетинде аўылларда жарлылык хәм жумыссызлык күшейгени, бийталаншылыктын нәтийжесинде урлык, мәскүнемлик сыяклы жарамас әдетлер хәўиж алып атырғаны, хәттеки нәшебентлик раўажланып баратырғанына күйинли. Адамлар иләжсызлыктан «Мерген» аўшылык фирмасынын бизнесине жабысып, оннан үмит етип атыр, бул жерде хәзирше жумыс бар, хакы төленеди. Көпшиликке бул кол келип атыр. Аўылдағылар шет елден бай аншылар келип атырғанына куўанышлы. Бул жаксы емес, десеңиз, аўылдағылар кана болады, дели Елес. Өзин бозшынын мәкисиндей төрт тәрепке жуўырып саўдагершилик етесен, аз ба, көп пе дарамат табасан, не енди биз азырык пул ислеп тапсак жаман ба? Арсен, әмекин үлкен адам, халыкка не деген жаксылык ислеп атыр. Лекин бунын ертени не болады?

— Өзим де шакырғанын еситип, аяғымды колыма алып жуўырып келдим, лекин жаным ашыйды, Арсен,— деп даўам еттирди сөзин Елес. — Мә, гитараны услап тур, сени еситсин, деп бир өмир косык айткым келеди,— деди және Туйык Жарға кайтыў ушын орынларынан козғалған ўакытта. — Биз экология хаккында гәп еткенди жаксы көремиз, ал өзимиз болса...

— Гәплериң дурыс, Елес, буларды түсинемен, өзим де кыйналып жүрипшен,— деп кызға косылды Арсен. Бул хаккында токтамастан былшылдаймыз. Гәпти достан етемиз. Сәл пулдын ийси шыкса, есимизди жойтып коямыз, экология бир шетте калып кетеди. Сен бул себепли бийкарға өзинди езип отырма, буған сен айыпдар емессен. Аў кылмайсан гой, тек те ойын-күлкини шөлкемлестирип



берессен, болғаны. Мен енди аўшылар ишинде боламан. Бектур ағаға сөз бергенмен, ўәдемнен шығыўым керек.

— Түсинемен сени, Арсен, жаным. Мени кушакла, не деген әжайып! — Олар және бир-бирин посаларға көмип таслады. — Лекин сен бул истен бас тартканында, бул жерге, таўларға келмегенинде де, бәри-бир... Кара казан сенсиз де бүлкиллеп кайнай береди.

— Асыкпа-асыкпа! «Мерген»ди бир шетке коя тур-шы, лекин мениң кеўлим сезген еди, байкадым, билген едим, сени ушырататуғынымды! Хаслында тек те сени деп келген екенмен бул жерге, Елес.

— Ох, сол гәпти айтыўынды каншалар күткен едим! Мен де, сени деп, бул жерге келип калдым, Арсен! Барлығы дурыс шыкты.

— Жаксылыксыз жаманлык жок, деген гәп ырас екен. Ол жағын айтсан, бунын ушын таў капланларына рахмет айтыўымыз керек. Бул жерге бизди олар шакырып келди,— деп күлип жиберди Арсен.

— Ырастан да барсларға рахмет! — Олар және кушакласып, бир-бирлерин ышкына сүйе баслады.

— Кулак сал, Арсен, акыры, сен Барссан, ал мен болса — Барсайымман!

Ырастан ба? Шынында, өзи солай.

Сонда күтилмеген бир пикир мийине октай урылды хәм бир минуттай кәўстерден катып калды: «Егер бизлер де барс болсак, онда халымыз ертен не кешеди?»

Елестин хәзил менен айтылған гәпи жүдә әхмийетли бир нәрсени козғады. Кейинги күнлер ишинде бираз тәшўишке түсип калған, бирак бул хаккында хеш кимге аўыз ашпаған болса да, таў аўылында аўшылык тиришиликтин тийкарғы дерегине айланып атырғанлығы оны кәўстерге салар еди. Халык ушын аўылхожалык өнимлерин жетистириўдин әхмийети жоғалған, пүткил итибар жабайы хайўанларды аўлаўға каратылған еди. Егер усындай аўхал даўам еттириле берсе, аўшылык бизнеси бир неше жыл ишинде таўлардағы бәрше жәниўарларды, акырғы шымшыкка шекем кырып таслайды. Хәммесин хәм биринши гезекте таў капланларын кырып таслағаннан кейин нени аўлайды олар? Жана базар экономикасы шараятында жергиликли товарлар ислеп шығарыўды жолға коймай турып, жарлылыктан кутылып болар ма еди?

— Соларды ойласам, жүдә кыйналып кетемен, Арсен, лекин биреўге айтыўға жүрегим шыдамайды. Билесен бе, хәтте араб аншыларынын келиўине плакатлар көтерип шыксамба екен, деген кыялда едим: «Капланларымыздан колынды тарт! Барсларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыныш қойың! Жабайы хайўанларымызға тиймен, оларды сақлаң!» Лекин буны қыялға келтирип те болмайды, өз адамларымыз бизди тасборан етип өлтирип жибереди, бизнести тоқтатыўға сирә жол коймайды! Шет еллик байларға аў уйыстырыўдан басқа хештеңе қалмады! Жоқ, олар түсинбейди хәм аяп та отырмайды. Дурыс па, Арсен?

— Аўа, хәзир сондай, айтқаныңа қосыламан. Лекин тағы бир рет қайталанса, бул иске бас көтерсе болады. Бул бизнес аўдың тәрезисин туўрылап қойыў да керек ғой, я? Хәттеки, Аўғанстанда да ғиябентлик өсимликлер далаларының көлемин қысқартыў ушын басқа егинлерди көбейтиў хәрекетине кирисип атыр. Хәзир бул хаққында баспасөзде көп жәрияланбақта.

— Арсен, сен маған бахыт есигин аштың. Кәлблеримиз бир-бирине жақынласты. Сондай бир пайытта орынсыз темада гәп тапқаным ушын мени кешир. Лекин, билесең бе, мен өзимниң саўда-сатық ислерим менен түрли жерлерде боламан, хәмме қандайда бир тәризде базар экономикасына бейимлесип атырғанын көремен, лекин бизиң таўларда болып атырғандай турпайы тәризде емес. Яқшы, бүгин шет еллик байлардың жәрдеминде қаржы топладық, дейик, кейин ертеңге не болады? Тек те аўға берилип кетип, мийнет етпей қойсақ, тез арада тап-тақыр болған, өлген тәбият ишинде еки қолымызды мурнымызға тығып қала беремиз. Кешир мени... Тилиме тас байлап қойсам болар ма еди. Мен сени жақсы көремен. Сен буған исенесең бе?

— Исенемен! Кеширим сорап отырма, оның кәжети жоқ, Елес. Сөйлесиўге арзыйтуғын тема, мен де көп нәрселерди қосымша етиўим мүмкин еди, бирақ кейинирек сөйлесермиз жәнe... Кеттик. Қараңғы түсип киятыр. Еле сөйлесетуғын сөзлеримиз жүдә көп. Бир-биримизге жақын болып қалдық, нәзеримде өмиримиздиң жаңа музыкасы шертилип атырғандай.

— Арсен, мен артқа отыра қояйын, машина айдаўыңа кесент бермейин, гитарада жаңаша хәм ескише намалардан әсте шертип бараман. Мәйли ме?

— Әжайып усыныс! Бул жалғыз мен ушын бағышланған концерт бола қойсын. Жан-тәним менен еситемен. Сени жеткизгени ушын тәғдирге шүкирлик етемен.

— Не ушын?

— Сен ушын, Елес!...

Ох, бул жер сахна емес екенлигин қыз билгенде еди. Арсен Саманчиниң сыр бермей, өзин тутып отырыўы қаншама қыйын болып атырғанын аңлағанда еди, жолбарыс айдаўшылардың нийетлериниң бузылғанын, глобализмниң хақыйқый душпаны, қызба, надан



Ташғанафған өзиниң әскрий шәпкисин кийип таярланып турғанын, бул машақатлы гиреўге алыўдың басланыўы екенин, буның ақыбети не болатуғыны, не менен тамамланатуғының болжай алғанда еди... Өзиниң қандай беккем қақпанға түскенин қыз балаға ағызбай-тамызбай айтып болар ма еди... Бул қақпаннан қутылыўдың иләжы бар ма екен? Нәлет жаўсын усы аў бизнесине! Хәммени — адамларды да, хайўанларды бәнт етип байлады, өлим халына келтирди қойды. Лекин ышқы тилине зибан енген жағдайда да, бул нәрселерди ол қызға хасла айта алмас еди, буған батылы бармас еди.

Күн батып барар еди. Тәбият ашық-машықларды қоллайды, деген гәп ырас болса, олар буны өзлери басынан кеширип көрди. Кейинге қайтып баратырғанда, мухаббаттың хүрметине пүткил дөгерек-әтирап оларды қоллап-қуўатлады.

Таўлар ақшам көринислериң тыныш хәм уллылық пенен қарсы алар, олар билинер-билинбес таң шуғлаларына мылышар, таў шоққыларының өткир хәм ушлы қырлары рәңбәрәң реңлерге шомылар еди. Тынық көк аспан баўрында таў дизилмелери өз араназлы еркелеп, аппақ ақ булытлар менен уласып, тиллесер еди.

Сол күни я самал еспеди, я жамғыр жаўмады, жазийрама жаз хүким сүрер еди. Булардың бахтына әжайып-кәраматлы, тәкирарланбас, есте қаларлық күн болды.

Пәске түсип «Нива» асықпай, әсте-ақырын жүрип барар еди, асығатуғын пайыт емес еди, бир-биреўлерине шын сүйискенлер сейилдиң тағы да даўам ете бериўин кәлер еди, бул зериккеннен, ўақытты солай бир өткериў емес, көклерден инам етилген иләхий демлер еди, олар ушын, бул мәўритлерди олардың екеўи де зар-интизар болып күткен, өмириниң ең қымбатлы демлери киби қарсы алған, соның ушын не нәрсе өткен болса, бәри бирдей умытылған, себеби хәзирги күн жаңа өмир дерегин келтирген еди. Жақсылыққа болсын, қалайда. Алдында, ертеңнен баслап оларды нелер күтер еди? Бул хаққында олар еле ойлап көрмеген еди, ышқы сезимлерге берилип, алдында турған айралық алдында олар хеш нәрсени ойлаўды кәлемес, толы бир бахыт олардың барлық дүньяларын ийелеп алған еди.

Елес арткы орынлықта отырып, гитараны әсте-ақырын шертер, Арсен таныс, йошлы ырғақларды кәлбине жайлап, «Нива»ны бурын үстинен көп өткен жоллардан айлап барар, жол енди оған басқаша, таныс емес болып түйилер еди. Себеби бул жолдан ол пүткиллей жанарған адам сыпатында, сүйикли яры менен бирге өтер, сонлықтан да ол басқа нәрселерге дыққат аўдарыўды, әйтеўир бир затлар үстинде бас қатырыўды кеўлине сыйдыра алмас еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўакты-ўакты олар бир-бирлерине шок хәзил-ләлкек кылып, кеўлин котерер, бир-биринин еле ауызларынан сөзи шыкпай турып түсинисер еди.

— Машинаны бирден кала тәрепке бурып жиберсем, кейин не болады? Сен не дейсен?— деп сорады Арсен дәрхал артына бурылып.

Елес оған карай жакынлап, жылысты да, еситилер-еситилмес етип сыбырлады:

— Не десең де, мен таярман!

Сол бир куўанышлы демлерде Арсен Саманчин бир нәрсеге жүдә хайран калды: оны тынымсыз кыйнаған өш алыў хаккындағы жаўыз кыяллар әсте-әсте кейин шегинди, ол гүнадан узағырак турыўды, оны пүткиллей умытыўды көлеп калды.

«Курып кетсин сол жарамас Курчал! Жулдыз болып кеткен болса да, онысыз, Айданасыз жасаў колымнан келеди, аўа, колымнан келеди. Сондай арзымас бир адам деп, жиллиге айланып отырыппан я?! Болды! Барлығы тамам болды! Өмирдин баска куўанышлары да баршылык!» — деп ойланар еди ол. Және бир нәрсе кыялынан өтти: «Мәнги калыңлык болса хеш кашан умытылмайды. Енди мен жаңа күш жыйнап иске кириссем болады...»

Арсен Саманчин Елеске үйлениў хаккында хакыйкый хәм тийкарлы пикир жүргизер еди. Олардың минез-кулыклары да, өмирге болған көзкараслары да бир-бирине сай еди, бул нәрсе бир караганнан көзге тасланып турар еди. Елес бираз окыған, әдеп-икрамлы, жүзи ыссык хаял, күш-куўаты ишине сыймас, сонын ушын өзин саўда-сатыкка урған еди: барына шүкир етип, маза кылып шай ишип, тек саўдасына катнап жүриўди кыялына да келтирмес еди. Егер Елеске үйленсе, туўған-туўысканларынын гәплеринен де кутылар еди. Айрыкша «Черчилль әмеки» — Бектур аға, Ардак хәм баска жакын аға-ини, туўысканларынын баслары аспанға жетер еди. Әлбетте, буннан баска тағы бир мәселе бар — Елестин өзи бундай тәғдир өзгерислерине каншама таяр хәм каншама ыразы болар екен? Акыры, оның өз машкалалары болыўы мүмкин ғой. Ер адам сыпатында, әлбетте, биринши болып өзи оған сөз салады. Кыздын ыразылығын алыўы керек.

Әлбетте, бурынғыдай хәзил етип емес, анык етип, мине тап хәзирдин өзинде, еки бастан «Мерген» фирмасынын ислери менен бул жерде жүрер екен, усыныс етиў мүмкин, деп пикир етер еди ол. Елестин жағымлы сазларына кулак түрип отырып. Бирак бахыт ушын мудамы төлем төлеўди талап ететуғын өмир, оның нийетлери жолында тоскынлык етиўден токтамас еди. Арсен Саманчин Таштанафған хәм оның жигитлери тәрепинен таярланып атырған жаўызлык хаккында ойламаслыкка өзин каншама мәжбүр етпесин, лекин бәри-бир бул нәрседен сирә кашып, кутылып болмас еди: ол мудамы Таштаннын еси кирип калар, алдында миллион-миллион доллар пуллар жилўа кылып, ым кағып турған болса да, көз көрип, кулак еситпеген бундай питнеге жол коймас, сум нийетинен кайтар, деп өзин исендириўге урынар еди. Акыры, туўылған аўылына канша аўыр кайғы, хәсиретлер келтирстуғыны, мәмлекеттин абырой-салтанатына халык аралык шенберде өшпес дак түсиретуғынын терең түсинип жетер, бир мәрте келетуғын имканияттан пайдаланып калыў пикиринен ўаз кешер, инсапка келер, деген нийет кәлбинин бир мүшын хасла тәрк етпес еди.

Сыйкак бир гәп болып еситиледи-лә, лекин хәр сапар курамалы, жеке машкалаларды шешиўге туўры келгенде, сол нәрсеге исеним етпесен киси, хәр халда биз жасайтуғын дүнья тан каларлык етип дүзилген. Жаратылыстан карама-карсылыклар да, жөргекленген халында, мудамы олардын ишинде араласып жүреди.

Таштан өзин глобализмнин душпаны етип көрсетеди. Лекин бул душпанлык-террордын бир түри. Каран, оның өзине кандай бәхәне тапканын.

Марксшилер оны коллаған болар еди. Бийкарға емес, бир сапары оның: таўлардын өз Че Геварасы болыўы керек, деген сөзлери. Лекин Че Гевара каякта, бул каякта! Доллардын сел таскыны өз жолында хәр кандай идеялар хәм көзкарасларды ағызып, сүрип кетиўге таяр турғанда, кәне оны жолынан кайтарып, исендирип көриң-ши!

Адасып-ылағып кетти, бул маңлайы сорлар. Түсиникли, жарлылык батпағына батып жатыўды ким көлейди дейсиз!

Болды, жетер! Түпир, булардын бәрине хәм кетер жерине барып кал! Каякка барасан? Сен жанынды куткарып кетерсен-дә, баскалардын халы не кешеди? Оның геллесине сирә акылға сыймас пикирлер келер еди. Ол Елести күлдириў ушын, машина тормозын басты да, жүзине жасалма айрыкша түс берип, сорады:

-Набада кандайда бир себеплер менен мен таўларда жасап калсам, үңгирлерде гәрип болып жүрсем, сен буған не дейсен?

Елес бул сөзлерден өзин жоғалтып коймады, оның арткы бетинен, желкесин кушаклап, баўрына беккем басып, жуўап берди:

— Егер бирге болсак, мен таярман!

— Бул жүдә жуўапкершиликли, Елес! Менин касыма от. Он шакырымдай жол калды, сөйлесип барамыз.

Ол «Нива»ны токтатты. Елес машинадан секирип түсип, алдынғы орынлыкка отырды, сол заматта оның кеўли және де таскынлап кетти.





www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неўе, сен ырастан да үңгирде жасаўды қәлейсең бе?
— Ким билсин! Жақсысы сен айт-шы, сен қандай қылып дәрхал менин менен бирге ол жерде жасаўға жүрек еттиң? Әййемгише жасаўдан қорықпайсаң ба?
— Ақыры, Арсен, сен сезбей атырсаң ба, саған жүдә-жүдә унаўды қәлеймен.
— Мен де саған сондай.
— Ондай болса не қылыпты, таўларда жасай беремиз, бир-биримизди сүйемиз... Лекин бәри-бир сен маған айт-шы, үңгирде күн кеширетуғын болсақ, сен не ис пенен шуғылланасаң?
— Өз үстимде ислеймен. Саған лекциялар оқыйман. Тәңиршилик деген тәлиймат бар. Оның тәрепдарлары көк аспанға табынады.
— Буны бул жердиң моллалары билип қойса, келип үңгириңниң аўзына тас қалап кетеди. Сонда не болады? Лекин үңгирде бир өзиң болмайсаң, мен жанында қаламан.
— Онда қәўетерленетуғын жери жоқ. Моллалардың басқа ислери көп, өзлерине жетип атыр. Бир дәрўиш пенен не жумысы бар? Дүньяның тәшўишин шешсин.
— Мениң дәрдиў-қыялым тек те сен. Пүткил әлем дегенде тек те сени түсинемен!
— Дәрдиў-қыялым дегенде нелерди нәзерде тутып атырсаң?
— Мен перзентли болыўды жүдә қәлеймен. Баланды жетеклеп жүрсем деймен. Ол да балалықтан сениң үңгирдеги лекцияларыңды еситип жигит болсын.
Мен таярман. Сондай болыўын көктен тилеймен. Елес сен мени кешир, егер орынсыз сорап атырған болсам, айтшы, перзентли болғанбысаң?
Елес тилин тислеп қалмады, дәрхал қысқа жуўап берди:
— Жоқ, ықтыят болғанман.
— Енди ықтыят болып жүрме.
— Ондай болмайды. Керисинше, мен де көк аспаннан сорайман, бизге ширайлы бир бала инам етсин.
— Қыз болса да, маған бир дүнья сүйениш.
— Маған да! Қызлар балалықтан ақыллы-хушлы болады.
— Турған гәп! Әне, хәмме гәплерди келисип алдық, нийетимизди қағазға түсирип, қол қойыўымыз қалды, — деп хәзиллести Арсен.
— Әжайып нийетлер! — деп тастыйықлады Елес.
— Онда хүжжет таярлаймыз.
Алыстан аўылдың қарасы көринди. Қараңғы түскеннен кейин хәмме жақта шыраклар жана баслаған еди. Сол заматта бирден телефон шыңғырлады.



— Ўай, мени шақырып атыр! — деп шоршынып, силкинди Елес хәм арткы орынлыққа қарай еңкейип, ол жерде жатқан курткасының қалтасынан кишкене телефонын алды.
— Ғыңлайман? Сенбисең, Зейнеп? Аўа, мен таўда жүрген едим, ол жақта телефон байланыспайды, хәзир Туйық Жарға жетип келдик. Аўа, еситип атырман. Болады-болады, мен өзимниң факсимнен жуўап күтип атырған едим, не болды? Он тоғызыншы сәнеде ме? Оншама тез? Яқшы, ойлап көремен, қоңыраў етемен. Яқшы-яқшы, әлбетте, еки саатлардан кейин. Хәзирше, Зейнеп.
Елес қол телефонын тағы да қалтасына салып қойды. Әўлиеатаға жақын Чулған қаласшасынан бирге саўдаға баратуғын достысы қоңыраў қылыпты. Олар төрт шерик, Елес оларға басшы екен. Тап бир пионер вожатыйдайман, деди Елес. Саратовта майда көтере саўда орайы бар, сол жерге барып келиўим керек. Түрли түстеги товарларды алыўға шәртнама дүзгенбиз, оларды алып келип, бул жердеги дүканларға, базарларға тарқатамыз.
— Неўе, кетесең бе?— деп сорады Арсен қәўетерленип. — Қәлесең, сени өзим апарып қояман.
— Яқ-ә, әўере болман. Әўлиеатадан поездда барамыз. Тек те мен, бизди Саратовка бир хәптеден кейин шақырады, деп ойлаған едим, енди ертең кетиўиме туўры келеди.
Олар жым болып қалды. Арсен машинаны тоқтатты. Ертек киби қысқа, жәннетий өмир мәўритлерине бирден күтилмегенде күнделикли турмыстың тәшўишлери кирип келди. Былай қарағанда таңланатуғын жери де жоқ, хәр кимниң өзине жараса машқалалары. Лекин олар өзлерин бийик аспаннан қатты жерге қулап түскендей сезер еди. Буның барлығы бес минуттай даўам етти. Сонда Елес исшен кейипте былай деди:
— Арсен, мен шериклериме телефон қыламан. Бул рет Саратовқа менсиз барып келсин.
Лекин Арсен оған артықмаш машқала туўдырыўды қәлемеди.
— Мен билмеслигим мүмкин, Елес. Лекин, мениңше, ортадағы шәртнаманы бузыўдың кәжети жоқ.
— Арсен, – деди Елес оның желкесине қолын қойып,— екеўимиз ушын хәр нәрсеге таярман.
Олар хәзир бир-бирин, тап бир теңиз үстиндеги еки шағала сыяқлы, сестинен, қанатларының жеңил, билинер-билинбес хәрекетиниўлеринен түсинер еди. Солай болса да, Арсен Елести оның апасының үйиниң алдында түсирип кетиўден бурын, мен буннан буяғында өмиримди сенсиз көз алдыма келтире алмайман, деп айтыўды, дурысырағы, соны билдирип қойыўды зәрүр, деп тапты. Лекин маторды өшириўи менен-ақ тағы телефон шыңғырлады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул рет Арсенниң телефоны шақырмақта еди. Хожайын екен. Қәердесең, деп сорады. Туйық Жарға хәким Жонишбаев келди, деди. Рәсмийлик бойынша, хүрметли шет еллик мийманларды хәким де күтип алыўы, қутлықлаўы керек екен. Кешикпей тез кеңсеге жетип кел, деп талап етти хожайын. Хәким менен ертең Әўлиеата аэропортына барыў, жол илажларын келисип алыў керек екен.

Күнделикли жумыслар мине усы тәризде олардың сырлы дүньясына тағы бир мәртебе есик қағып кирди. Асығыўға туўра келди. Мудамы телефон арқалы байланысып турыўға келисти. Арсен сынаў ушын сол жердиң өзинде Елестиң телефон номерин терди, сол заматта телефон даўыс берди.

— Хүрметли Елес Батыровна,— деп хүрмет пенен шақырды Арсен, тәшўишке салғаным ушын кешириң. Бул Арсен Саманчин деген адам. Ол сизге қоңыраў етпей тура алмайды, сизсиз жасаў мүмкиншилигине ийе емес. Буған не дейсиз, Елес Батыровна?

Елес Батыровна жуўап ретинде мыйық тартып қойды:

— Аўа, хүрметли Арсен Саманчин, мен өзим сизге телефон қылып тураман. Қоңыраў етпегенше тыныш таппайман. Рахмет сизге Мухаббат Мухаббатович!

Олар телефонларын өширип, тап бир мәңгиге айрылысып атырған адамлардай бир-бирлериниң жүзлерине телмирисип қарап қалды.

— Мен күтемен! — деп хошласты Арсен Саманчин.

— Мен де күтемен! — деп жуўап берди Елес.

Арсен пәске түсип, жуўырып, айланып өтти де, Елеске есикти ашып үлгерди, хәўли алдында тас қараңғыда олар және жүзбе-жүз турып қалды. Сол пайытта Арсен енди Елессиз сирә да жасай алмайтуғынын аңлады.

— Мениң хеш кетким келмей атырыпты,— деди Елес. — Қызларды көндириўге хәрекет етемен.

— Мейли, өзиң билесең, Елес. Илажын тапсаң жүдә жақсы. Болмаса үш-төрт күн хеш гәп емес, өтеди-кетеди. Сенсиз мен бул жерден кетпеймен.

— Бәлки Саратовтан туўры Бишкекке келсем бе екен?

— Вокзалда күтип аламан. Тек те қоңыраў ет. Егер аў тез тамамланса, жүдә мақул, егер созылса-шыдармыз.

— Аўа, түсинемен.

Олар бир-бирин сүйип, беккем қушақласып, хошласты.

Арсен Саманчинниң «Нива»сы көзден ғайып болып кеткенше Елес қолын былғап турды. Арсен болса, Елестиң кәўмети киширейип, тап көринбей қалғанша айнадан көзин алмады.



Арсен бираз узақлап кеткеннен кейин, кәнелимде оның ядына бир нәрсе түсти, ол бирден жардан қулағанға мегзеп қалды: хеш нәрсеге қарамастан хүрметли мийманлар гиреўге алынса, онда аўхал не кешеди? Буны ақыры хеш кимге аўыз жарып айтып болмайды ғой, хәтте Елеске де... Айтсаң, ғаў көшкиси хәмме жақты ўайран қылып таслайды, «Мерген» фирмасынан нәмиў-нышан да қалмайды. Айтпасаң, оннан да бетер... Не қылса болады?

Арсен Саманчин аўшылық кеңсесине келип, хожайынның кабинетине кирип баратырғанда, қабыллаўханада жәрдемшилер арасында Таштанафғанның да турғанын көрди. Ол биринши болып сәлемлести:

— Сәлем, Арсен, жетип келдиң бе? Жүр, хожайын күтип қалды. — Ол хеш нәрсе болмағандай, Арсенди қолтықлап алды. Есиктиң алдында оннан сорады:

— Хәкимниң исми-шәрипин билесең бе?

— Жоқ, жақсы таныс емеспиз.

— Қурчибек Алтаевич. Жонишбаев Курчибек Алтаевич. Еслеп қалдың ба? Және бир гәпти билип қой: хәким өз кеңсеси атынан мийманларға саўға таярлап атырған: еки бүркит.

— Түсиникли. Сен бул жерде не қылып жүрипсең?

— Не қылар едим? Мен әпиўайы айдаўшы емеспен, әхмийетли ислер шығып қалғанда хожайын мудамы мени шақырады.

— Түсиникли.

— Елес пенен жақсы қыдырып келдиң бе?

— Сениң не жумысың бар?

— Қойсаң-шы! Ол жақсы қыз, саған мас келеди.

Олар сөйлесиўи менен кеңсеге кире берди. Әдетке көре Арсен Саманчин дәслеп хәким менен көристи. Ол салтанатлы, толықтан келген, жасы қырықлардан асып қалған, костюм кийип, мойнына галстук таққан киси екен. Қандайда бир әңжуманларда бир-еки мәртебе көрискенин еследи. Кейин әмекиси Бектур аға менен сәлемлести. Гәпти хәким баслады:

— Сени бул жерде күтип турған едик, Арсен. Базы бир нәрселерди сөйлесип алыўымыз керек.

— Мен таярман, Курчибек Алтаевич. Мениң тийкарғы жумысым — дилмашлық етиўден ибарат. Сөзбе-сөз аўдарып беремен.

— Билемен-билемен. Дилмашсыз бул жерде ис питпейди. Бирақ биз ушын тек те дилмаш емессең, Арсен. Әмекиң Бектурған аға сондай хүрмет-итибарлы адам. «Черчилль аға!» Мақтаныш етсек арзыйды! Бай ағамыз бурынлары колхоз жумысларын да жақсы алып барған, енди бүгин аўшылық оның қолында. Архарлар, барслар бар. Сен болса баспасөздиң жетекши хызметкерлеринесең! Баспа сөз патшасы десе де болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул хәзилге хәмме күлди. Кейин оғада әхмийетли гәп басланды. Көбирек хәким пикир билдирди.

Дәслеп ол бүркитлерди мийманларға сауға етиў мересимин қандай шөлкемлестириў керекливи хаққында мәсләхәтлести (араб байлары тау бүркитлери хәм лашынларды хәддеп тыс жақсы көреди екен. Узенгилеш аўшы қусларын өз журтларына жаным менен, деп алып кетеди). Қуслар салтанатлы жағдайда сауға етиледи: басына калта кийдирилген бүркит мийманның телетин қолғап кийген қолына қолма-қол узатылады, қус өткир пәнжелери менен мийманның қолын жаралап коймаўы керек. Мәселе бүркитлерди қалай етип сауға етиўге барып тақалды. Буны олар Туйық Жарға келгенинде өткизгени мақул ма, яки аўдан кейин, журтына қайтқан пайытларда бергени жақсы ма?

Таштанафған асығыслық пенен өз пикирин билдирди: мийманларды олар ушын ең әхмийетли истен, яғный аўдан шетлетпейик, сауғаны болса, хәммеси тамам болғаннан соң, жөнеп кетеринин алдында, рәсмий түрде тапсырса орынлы болады. Оны Бектур аға хәм басқалар да қоллады. Хәким Жонишбаев та бул пикирге қосылды. Буннан руўхланған Таштанафғанның тили қышыды, сауға тапсырыў мересимин ески үрип-әдетимиз бойынша өткизейик.

Мересимде шаманлар қатнассын. Аўшылардың үрип-әдет дәстүрлерин көрсетсин.

— Бизиң сондай шаманларымыз бар. Аўшылықтың үрип-әдет дәстүрлерин келистирип, орны-орнына қояды, қосықларды айтып, аласлайды. Оларда нелер хаққында баянланып атырғанын мийманлар билгиси келсе, әне сонда сен, Арсен, инглисшеге аўдарып турасаң. Бәлки, алдынан шаманлардың айтымларын еситип көрерсең, олардың алжы-гүлжи сөзлерин аўдарыў аңсат емес.

— Мейли, ойлап көремен,-деп ашыўы келип жуўап берди Арсен Саманчин, Таштанафғанға не болғанлығын аңламай. «Қәне енди пикиринен қайтқан болса? Қандай зор болар еди, я? Лекин лақыллатып атырған болса ше?»

Таштанафған болса оның тәшўишке түскенин көрип, бетерирек былшылдыны көбейтти. — Шамалбаш лақаплы бир шаман хаққында әңгиме етиўге кирисип кетти.

— Бизиң Туйық Жар тамандарда, бир шаман бар, Курчибек Алтаевич. Бундайы хеш жерден табылмайды. Бектурған аға, сиз билесиз ғой, Шамалбашты. — Аға күлип басын ийзеди. Арсен, сен де еситкен шығарсаң? Аўылда үлкеннен-кишкенеге шекем аттың қасқасындай мәлим. Егер бир ашылысып кетсе, оны тоқтатыў



қыйын! Әне оның аласлаўын көриң! Дикир-дикир ойынға түседи, аспанға шапшыйды, ғур-ғур қышқырады:

*Көрмейсиз бе, әй, сизлер,*
*Таўлардың қулағанын?*
*Көрмейсиз бе, әй, сизлер,*
*Тереклер жылағанын?*
*Көрмейсиз бе әй, сизлер,*
*Дәрья кейинге, ағар,*
*Бул ис, кеўлиме жағар.*
*Пада қылып хәммеңди*
*Қораларға айдарман!*
*Булар мениң қолымда,*
*Қарсы турмаң жолымда!*
*Жығылың аяғыма,*
*Бас ийиң таяғыма!*
*Мен — Шамалбаш, бәрин билемен!*
*Мен — Шамалбаш, зор боп жүремен!*

Хәмме күлип жиберди. Район хәкими Жонишбаев кеўилли түрде сорады:

— Сениңше сол Шамалбашты мийманларға көрсетсек бола ма?

Лекин Бектур аға аяғын тиреп турып алды:

— Хеш кереги жоқ! Қасына жақынлатыўға болмайды! Шамалбаш хәр қыйлы қылықлар көрсетеди, қорқытады, оның сандырақ сөзлерин аўдарыў керек. Не дейсең, Арсен, бундай биймәни ислерге қол урыўдың кәжети бар ма?

— Аўдарыў қыйын емес. Лекин бүркит сауға етиў — салтанатлы мересим, басқасына дыққат аўдарып отырмайық.

Бүркитлер— қуслардың зоры, олар тоты қус емес ғой...

Хәмме шақалақлап күлди. Кейин тийкарғы мақсетке өтти. Сыртқа қараңғы түсти. Бектур аға сигарасын «Черчилльге» мегзес тутандырып, район хәкимине енди негедур «Жаабарс режеси» деп аталған илажды баян етип берди. Хәмме өзинин ис дәптерине сондай етип жазды: «Жаабарс режеси». Онда төмендегилер тийкарынан белгилеп берилди: аэропортта мийманларды күтип алыў, оларды Туйық Жарға алып келиў, жайластырыў; қорықшыларға хәзир жыйылып отырған бөлмени бериў, азанғы шай-хаўқас хәм таўларға шығыўға таярлық. Таўларда конак жай орны таярлап қойылған, мийманлар ушын арнаўлы шатыр орнатылған. бәрше қолайлықлар көзде тутылған. Асырымларға жеткизетуғын автомашиналар таярланған. Қатар қаласынан жүк самолётының бортында Америкада исленген «Хаммер» машинасы



www.ziyouz.com kutubxonasi

да келеди хәм миймашларға хызмет етеди. Кейин автомашиналар өте алмайтуғын таў ишкерисине хәмме атқа минип барады, атлардың барлығы жолға таяр, аяғына тағa қағылған. Ең соңында пияда жүриледи, шоққылар, төбешиклерден жаяў өтиледи, лекин енди бул аңшылардың өзине байланыслы. Район хәкими менен ушырасыўда «Жаабарс режеси» бойынша төленетуғын миннет ҳақы ҳаққында мағлыўмат хәммени қызықтырды. Онда бәрше кәрежетлер, соның ишинде, отын, атлар, ер-турманлардың пайдаланыўға алыныўы, хәттеки ошаққа жағылатуғын отын-шөп те нәзерде тутылған, бул хақыйқый мәнистеги бизнес-реже еди. Ол Туйық Жарлықларға қатты тәсир қылды. Олар да енди базар экономикасының не екенлигин аңлады. Хәр бир кәлемиң пул.

Адамлардың кейпияты көтерилди. Район хәкими қызығып, Бектур ағадан сорады:

— Беке, ақсақал, реже жақсы ойланып дүзилипти, лекин «Жаабарс» деген атты қәерден алдыңыз?

Сигарасын буркытып, Бектур аға жылмыйды:

— Жаабарс хаққында бизде сондай қосық айтылып жүреди, бул жерде оны хәмме биледи. Арсен, сен бир мақалаңда буны жазған един, солай ма?

— Сондай, Беке, халық дөрестиўшилиги хаққында жазған едим.

— Әзиз Курчибек Алтаевич, сол қосықтың барлық сөзлери есимде қалған, рухсат етсеңиз айтып берейин:

*Секиреди Жаабарс таўдан-таўға,*
*Қолға түскен олжасы оған саўға,*
*Тәбият оған күш берген таўсылмастай,*
*Кеўили тоқ, хәр күни шығып аўға.*
*Сизлерге де сондай ғайрат тилеймен,*
*Адам улы уллы мәртликти уқсын-*
*Араңыздан батыр Жаабарс шықсын!..*

Район хәкими шапалақ урды:

— Әне соннан шыққан екен ғой! Жүдә қызық! Буннан шықты, ақсақал Беке, хақыйқый Жаабарс өзиниз екенсиз, саў болың!

Бектур аға ийнин қысты.

— Онша емес. Бизнеске келгенде, бәлки журтымызда бир нәрсе қылып атырған шығармыз. Лекин хақыйқый Жаабарс батырлар, булар — жасларымыз. Мына бизиң Таштанафғанды алың, егер қар қапланларын таўып, айдап келсе, нағыз батыр Жаабарс сол! Батыр жигит!

— Рахмет, рахмет! — деп мәс болып гүбирленди Таштанафған.



— Тағы бир Жаабарс батырымыз, бул бизиң Арсенбай, тил билгиш жигитлеримизден, мениң иним!

— Мениң қай жерим Жаабарс? Мен бир неше күнге жалланған дилмашпан, болғаны. Дилмашлар батыр бола алмайды,— деп хәзиллесип, басын алып қашпақшы болды Арсен Саманчин.

Бираз күлисип алды. Қуўаныш хәм өз ара дослық мүнәсибет жолбарыс аўы қарсаңында адамлардың кейпияты бираз көтерилгенинен дерек берди. Сахнаға гийкарғы қатнасыўшылардың шығыўы ғана күтилер еди. Оларға әўмет күлип бағады ма, яки жоқ па, бул кейин мәлим болады, ақыры тәғдир не нәрсени рәўа көреди, өзи биледи, хәр қалай бул аўшыларға ғана емес, аў қылыныўшыларға да толық тийисли. Хәзирше бәршеислер жайында еди.

Район хәкими Жонишбаев жақсы кейпиятта қайтты. Ол хүрметли мийманларды күтип алыў ушын туўры аэропортқа баратуғын болды. Ол жерде жергиликли хәкимият атынан оларды қутлықлайды, бүркитлерди қәйтип хәм қашан тапсырыўды жол-жөнекей шешеди, ақыры, аўдың неше күн даўам ететуғыны еле мәлим емес, оның пикири сондай.

— Буған араб мийманлары қандай миннетдаршылық билдиреди, буны қәйтип қарсы алады бул — олардың иси, мийман өзиниң аты менен мийман дә, — деп әдеплилик пенен түсиндирди Бектур аға.

Хәмме хәкимди узатып салыўға сыртқа шықты.

— Рахмет,— деди ол хошласып турып. — Шай иштик, сөйлестик, саат тоғыз болып қалды. Мен барайын енди, — деп ол саатына қарады. — Ўақыт тез өтип кетти. Қызық гүррин болды. Жүдә пайдалы мәсләхәтлеринизди еситтим. «Жаабарс режеси» жаман емес. Узақты гөзлеп исленген. Яқшы, саў болың, Бектур ақсақал, аэропортта көрискенше. Әўметиңизди берсин!

Олар қушақласып, қол алысып, хошласты. Аўылласларының ашық кеўли Арсен Саманчинди таң қалдырды. Бунда бизнестиң де өз орны бар, деп ойлады ол. Ақыры, басқасын бир шетке қойған жағдайда да, нефть магнатлары болған бай адамлардың сақыйлығынан үмит етип, хәкимнен баслап хәр бир адам өзин бул иске қандай да бир тәризде байланыслы етип көрсетиўге урынар еди.

Лекин бул дәстүрий өмирдиң әпиўайы бир көриниси дә. Бирақ Таштанафғанның өзин тутыўы адамларды таңландырар еди. Ол өзин соншама мөпдар, белсенди хәм қәдирдан етип көрсетер еди, қандай жаўыз питнени (бул да мәлим мәнисте базарға байланыслы) әмелге асырыў нийетинде жүргени хеш кимниң қыялына да келмес еди. Оның хүжланы оянбады ма



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен? «Иләйым жақсылық тәрепке өзгерген болсын» — деген үмит пенен ойға шумды Арсен Саманчин. Бирақ оның жүрегин кәўетер тәрк етпес, жақсы өзгерис жүз бергенин тастыйықлаўшы қандайда бир ўақыяны күтер, туўрыдан-туўры сораў бериўди қәлер, лекин хәзирше бунын илажын таба алмас еди. Оның үстине Елестен тәшўишленер, оған қоңыраў етиўди режелестирип, буннан бурын бәри-бир Таштанафған менен сөйлесип алыў зәрүр, деп билер еди. Таштанафған болса, хәким хәмде Бектур аға менен хошласып, аты байлаўлы турған атхана жаққа қарай жүрди. Ол атты қазықтан босатып, енди ерге отыраман, деп турғанда, Арсен Саманчин қасына келди.

— Қулақ сал,— деп тоқтатты ол бурынғы классласын,— ана бир әскерий шәпкинди кийиў мәселеси не болды? Оны кийсең бе?

— Кәўетерленбе. Хәммеси жайында болады.

— Жайында болады, дегениң не өзи?

— Айттым ғой, кәўетерленбе! Болды! Асығып турыппан.

Таштанафған бурынғы классласын сондай етип әжеплендирип, жөнеп кетти. Буны қәйтип түсинсе болады? Хәзир ғана ол тағдирди тән алып, көк аспанға диз шөккендей болып, сонындай сүйкимли хәм мүләйым көринген еди: қаран, енди оның сөйлескиси де келмейди. Бир тәрептен оны түсиниў мүмкин, оған бастан-аяқ ислеп шыққан режесинен тайыныў аңсат емес, бул оннан жүдә үлкен шыдамды талап етеди, соның ушын бунлай болыўы тәбийий. Қуда исин оңғарсын! Есине келип қалса, әжеп емес. Аўда, жақсысы өзин Жаабарс батырдай көрсетсин.

Арсен Саманчинниң өзине де бул жағдайлар аңсат емес еди, әтирапта болып атырған аўхал менен санасаман, деп өзин пүткиллей қолайсыз сезер еди. Ақыры, бундай аўшылық исбилерменлиги тәбиятқа қаншама аўыр зиян жеткизетуғыны хаққында хеш бир адам иллә, деп аўыз ашпас еди. Не болса, о болсын, дер еди хәмме. Сонындай әжайып, ислери жүрисип турған исбилерменниң әмекиси болғаны ушын Арсенниң өзи хәм тили байланған, мыңқ етпей кемтар болып отырар еди. Базар экономикасы өзиниң кең жайылған түрлерине адамлардың өзин ғана емес, олардың жүреклерин де жәмлеп алады. Бурынырақта Бектур аға бир ўақыяны әңгиме етип берди. Күндиз күни қандай жумыслар барлығы менен қызығып қалған аўылласлары арасында усы жерлик бир қызықшы да болып, ол жүдә хайран қаларлық пикирди айтқан екен. Оның пикиринше, жолбарыс аўы майда, арзымаған бир ис қусайды. Басқа бир, буннан пайдалырақ нәрсени ойлап көрейик, депти ол. Неге таўлардағы карларды сатыў мүмкин емес? Не деп сандалап атырсаң, есинди



жый, деп сонда оған тәселле берген екен, Бектур аға. Сонда ол адам гәпин дәлиллеп бериўге кирисип кеткен қусайды: хәзирги дүньяда хәмме нәрсе сатылады хәм сатып алынады. Таўларымыздағы карлар — бул дәрьяларымыздағы суўлар. Пүткил Орайлық Азия бизиң таўларымыздағы мәңги карларға мүтәж. Ақыры көкке тирелип турған таўлар бизлердики, карлар, музлықлар да бизлердики. Жазықлықларды суўғарыў, пүткил зүрәәт жетистириў, халықтың суў ишиўи қаяқтан шығады! Бәри бизден! Солай екен, берип атырған суўымыз ушын ҳақы, пул талап етейик. Неге нефть, газ хәм басқа түрли энергия ресурслары жүдә қымбат бахаларда сатылады хәм бул мәселеде хеш кимге рехим көрсетилмейди, биз болса өзимиздиң бийбаха суўларымызды тегин берип атырмыз, суўсыз жазықлық далаларда өмир тоқтайды, буны билсе де, хеш ким бизлерге рахмет айтып атырған жоқ! Ана пәстегилер бизлерди адам есабына алмайды. Солай екен, жолбарыслардың изинен не ушын қуўып жүремиз? «Мерген» фирмасы аўшылық пенен шуғылланбай, суўымызды да сатып, пулласын, хәммемизге пайда болады. Сол бир қызықшы киси усындай таң қаларлық идеяларды жанып-күйип, айтыпты. Мине бул да базар экономикасының тәсири. Хәй, бала, өкпеңди бас, деп зорға тыныштандырыпты оны. Ақыры, суў Қуданың ийнамы, бәршеге теңдей жеткизген несийбеси...

Бул ўақыя анекдотқа усайды, лекин оның тийкарында хәзирги заман ўақыясының базар өлшемлери жатырған жоқ па...

Усыларды қыялынан өткизип, Арсен Саманчин рульге отырды, лекин моторды иске қоспай, Елестиң телефон номерин тере баслады. Оның телефоны бәнт еди, шамасы, барлық дослары менен саўда-сатық ислерин сөйлесип атырған болса керек. Арсен оның хаўазын еситкиси келди. «Жаабарс режеси» хаққында ойлар екен, сол күни өзи сөйлескен адамлардың ишинде жалғыз Елес ғана барсларды жаўызларша аўлаўға қарсы шыққанын еследи. Дурыс, тән нобай пул ислеў үстинде баратырғаны ушын аўылласлары оны сиро жақламайтуғынын Елестиң өзи жақсы аңлар еди.

Солай болса да, хәр қалай бундай ислерге бийпарқ қарамайтуғын бир ғана инсан барлығынан Арсенниң тәни жеңил тартқандай болар еди. Арсен қыздың даўысын еситиўди, өзиниң сестиниң де оған жетип барыўын қәледи. Қайта-қайта қоңыраў етер, бирақ жуўап ала алмас еди.

Апасының үйине қайтатуғын ўақыт болған, оны ол жерде күтип атырған еди. Ертең азан менен Бектурған аға менен бирге аэропортқа барыўы керек, мийманларды күтип алыўы, кейин таўларға қарап жолға түсиўи, автомобильлерде, атларда



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүриў, сон, пайыў-пияда, асырымлардан, таў шоккыларынан өтиў, бәлентликлерге шығыў, барслардың мәканларына жетип барыў, колда мылтық услап, жырткыш хайўанлардың изине түсиў, яғный аўды баслап жибериўи тийис — жумыслар сондай, бир-бири менен кабатласып атырған еди. Бектур аксакал буларды жүдә жақсы түсинер, соның ушын да, Арсенниң бул иске косылып атырғанына куўанышлы еди. «Хәр кандай дилмаш таўларға өрмелеп жүре алмайды, сен болсаң буның әлисин алғансаң, Урыўлас жигитлеримиздиң бәри мыклы болып келген. Кудай яр болсын...». Оның гәпинде жан бар. Арсен араб миймානларға теңлес еди. Олар болса, әлбетте, шыныккан альпинистлер, мейли, хеш гәп, аман болсак көремиз...

«Улыўма, хәрекет басланды» — деп күлки менен хәўлиге жакынлаған пайытта Горбачёвтың гәшин ялына түсирди Арсен Саманчин. Ал мухаббат болса- бул да хәрекет. Тезлик пенен басланып, ол Елестиң кәўетерли тәшўишлеринде өз даўамын тапты.

Саўда-сатык пенен шуғылланатуғын досларын Елес өз айтканына көндире алмады. Саратовка сапарды да токтатыў мүмкин болмады. Елес хәсирет шегер, телефонын колынан түсирмес, оны тынбай токка кояр, керек пайытта хаўазы өшип, сүйгеним менен сөйлесе алмай каламан, деп кәўетерленер еди, акыры ертең кайдасаң Саратов, деп жолға шығады.

Канша гезди ол дүньяны! Каншадан-канша аўыр жүклерди колында, желкесинде ол жактан-бул жакка көтерип жүрди! Жолларда өлип калмаслык ушын не-не кыйыншылыкларды басынан кеширди. Поездлар өтиўге руксат етилген жерлерде бажы өндириўшилер, ментлер тапкан күрттай дараматын колларынан тартып алар еди! Соған карамастан жолға шыға беретуғын буның кейинги, усы сапарға аяғы тартпады. Геллесине хеш акылға уғрас келмейтуғын пикирлер жыйналып — таўларға барслар мәканына шыксам, аўшылар арасынан ериңди тапсам, оған тик карап турып — сени сонша күттим, сениң менен дүньяның түпкирине барыўға да таярман, мени алып кет, демекши еди! Бирак кәўелимде жүз берген ўакыя оны дослары алдындағы бурышын өтеўге мәжбүр етер еди. Олар хәммеси, мудамы төрт адам болып жүриўге үйренген — Зейнеп хәм коңсы аўылдан еки хаял, өзге журтларға бирге катнайтуғын еди. Тек те усылай, бир-бирин коллап-куўатлап ғана олар талаўшылардың зулымынан аман калар еди, жалғыз жүрген көп саўдагерлер болса, түп дерексиз жоғалып кетер еди. Буның үстине баклаў жерлеринен өтиў ушын рәсмий руксатнама тек те Елесте болып, дослары оның жәрдемшилери болып есапланар еди. Соның ушын Елеске бармаўдың хасла илажы жок еди.



Сол кеште Елес муңайып, жылады хәм Кудадан өз бахтын көп кәрмесликти сорап жалбарынды.

Көптен берли күтилген коңыраў еситилгенше, олар және өз шийрин туйғылары әлемине сүңгиген еди. Арсен өз ислери хаккында айтып, Елес те хәзир нелер менен машкул екенлигин әңгиме етип бергенинде хәм бир-бирлери менен тез арада көрисиўге ўәделескенде кеўиллери бир канша карар тапкандай еди.

***

Сол кеште таўларда толык ай жакты шашар еди. Дәрўиш Жаабарс көгилдир тынык аспанда санмың жылтылдаған жулдызлар коршаған, үлкен толык айға карап бәлент даўыс шығарып, ыңранып өкирер еди. Айға өз кайғы-ғамынан айтып жалбарынар, лекин аспан мәликасы буған жуўап бермес еди. Ол кайларғадур баска барслар жанына, олардың тоңасы таман кетсе болар еди, лекин ол Үзеңгилеш асырымы әтирапына оны тап бир сыйкырлап, дуўалап койғандай баска жакларға бет бурып кете алмады. Хәттеки, әтирап-дөгереклерде мине еки күннен бери тағы сол үш атлы адамның гезип жүргени де. Жаабарстың ашыўын келтирмес еди. Мейли жүре берсин, буның олар менен не иси бар. Лекин, тилекке карсы, олар оны «Үлкен баслы узын куйрык» кар капланын дурбинлеринен көрип, тынымсыз гүзетип жүрер еди.

## IX

Бектур ағаның «Жаабарс режеси» жумыслардың өз ўақтында бежерилиўин мүлтиксиз тәмийин ететуғын еди. Шөлкемлестириўшилерге тән бериў керек, реже хакыйкаттан да хәр тәрепleme ойланылып исленген, барлығы есапланған, соның ушын да ортада хеш кандай үзилис хәм аңламаўшылык жок еди. Туйык Жар аўылында жасаўшылардың хәммеси аўды таярлаў хәм өткизиў ислерине жәмленген еди. Сол күнлерде аўыллағылардың бәршеси кар капланларына болатуғын аўдың табыслы өтиўи хәм де ертеклердегидей нобай дараматтың келиўин ынтығып күтер еди. Аўыл тәшўишлер менен жасады. Хәммеси хүрметли миймانларға аўда әўмет болыўын тиледи. Тек те барслардың өзлери ғана басларына жакын арада кандай саўда түсетуғынын билмейтуғын еди.

«Мерген» фирмасының болса, бәрше жумыслары айрыкша дәрежеде өтиўин даўам етти, күни-түни миймանлар менен сәўбетлесиўлер Арсен Саманчинниң катнасыўында алып барылар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Онысы бундай нәтийжели байланыс, тәреплер ортасында өз ара түсиниспеўлерге ерисип болмаслығына Бектур аға исеним арттырды хәм хәр еки сөздиң бириңде, әмекисине миннетдаршылық билдирип турды. «Саған тағы бир мәртебе айтып қояйын, қәдирдан иним, Арсен, сен шет елликлер менен сөйлескенде, олар тап бир жамғырдан кейинги гүллер сыяқлы жайнап-жаснап кетеди. Мен буны сөзлериңди түсинбесем де, олардың көзлеринен билемен».

Ҳақыйқатында да бул сондай еди. Дәслепки қутлықлаўлардан-ақ, соң және аэропортқа шығып, жолда кетип баратырғанда да, хәр түрли турмыслық хәм басқа мәселелерде сөйлесип баратырып, араб мийманлар хәм олардың жәрдемшилери сораўларға ақ көкиреклик пенен жуўап берер еди. Өз нәўбетинде Арсен Саманчин де күни-түни гә арабша, гә инглисше, гә қырғызша аўдарма етиўге туўры келип атырса да, бул бираз аўыр жүк екенлигине қарамастан, ислеп атырған жумысынан өзине жараса рәхәтленер еди. Дәслеп, таярлаў топарының, оннан кейин хүрметли мийманлардың келиўлери, оларды күтип алыў, Арсенниң хызметлерине бола жақсы шөлкемлескенлик хәм мәдений дәрежеде, артықша дәбдебе көтерилместен өтти.

Мийманлардың екеўи де, бийәдеп, заманагөй пикирлеўши, теңлес, спорт пенен шуғылланатуғын, пешанасынан әдеп-икрамлылық нышанлары сезилип турған жас жигитлер болып, олардың бири — Кембридж, екиншиси — Оксфорд университетин тамамлаған екен. Хасан қойыў мурт қойған, Мысыр болса, сақалын тап-тақыр етип қырдырған еди. Көринип турғанындай, жыртқыш хайўанлар аўы олар ушын қахарманлық көрсетиўге бахана ғана емес, бәлки спорттың қәўипли бир түри сыпатында еди.

Басламасына сол мағлыўматларды бақлаўдың өзи жетерли еди. Арсен өз нәўбетинде мийманларға бул мәмлекет таўлар журты, бәлент таўлардың ең шыңы екенлигин, халқы хәм оның әдетлери, дәстүрлери хаққында айтып берди.

Туйық Жарға олар узын керўан болып келди. Алдында өз жипында Бектурған ақсақал, оннан кейин «Хаммер»де мийманлар хәм олар менен бирге дилмаш хәм жәрдем бериўши, мәсләхәтши сыпатында Арсен Саманчин, сондай-ақ қорықшылар, хызметшилер хәм телерепортажшылар барар еди.

Барлық Туйық Жаршылар мийманларды күтип алыў ушын көшеге шубырысып шықты. «Хаммер»диң көринисинен лал болып қалған бала-шағалар көше бойлап жуўырды, қапталында түрли көринистеги ийтлер шапқыласып жүрер еди. Бундай машинаны бурынлары олар хеш көрмеген, усындай бир қарамат аўыл көшесинен өтип баратырғанына исенгиси келмес еди. Тек бала-



шағалар емес, айырым үлкен жастағылар да хайран болып қалды, олар миллионерлерди көремиз, деп ойлаған, ал киятырғанлар болса, үстине спорт кийимин кийген әпиўайы жигитлер еди.

Күн кешиншен аўды. Мийманлар жетип келиўи менен арнаўлы таярланған үйлерге жайластырылды. Бираз дем алғаннан кейин, кешке зияпат берилди, мийманларға арақ инам етилди, лекин олар ишпейтуғынлықларын айтып, бул мерасимлерди аў тамамланғаннан кейинге қалдырыўды сорап өтиниш етти. Шығыста бийбаха деп қәдирленетуғын қар қапланларының терилери қолымызға олжа болып түссе, кейпият оннан кейин жарасымлы болады деди.

Орны келип қалғанда, Арсен Саманчин араб аўшыларына Мәңги қалыңлық әпсанасын әңгиме етип берди. Оны гүррин етип берер екен, ол бийықтыяр толқынланып кетти, мийманларды да әблен қызықтырып жиберди, адамзат қәўимлери арасында әзел-әзелден жоғалмай киятырған қызғаныш хәм көре алмаўшылық нәтийжесинде бахытсызлыққа ушыраған күйеў хәм оның қалыңлығының басына түскен қайғы-хәсиретке мийманлар қосылып қыйналды. Күйеў жигиттиң атақлы аңшы болғанынан тәсирленди, қалыңлығының ата-анасына қар қапланларының бахалы терисин саўға етип әкелгенине қатты таңланды, мылтық болмаған заманларда жыртқыш хайўанларды аўлаў аңсат емеслигин айтысты. Қар қапланларының терисин саўға етиў хәзирги күнлерде де бар ма, деп сорады. Қар қапланларының териси жолбарыслар хәм әпиўайы қапланлар терисине қарағанда бахалырақ есапланады ма, деп қызықсынды. Арсен Саманчинға олардың тек қызығыўшылығы емес, әдеп-икрам менен сәўбетлесиўлери де жақты. Жол-жөнекей, мийманлар Арсен Саманчиннен араб мәмлекетлеринде болған-болмағанлары хаққында да сорап, қызықсынды, оның Мысырдан басқа елге бармағанын еситип, өз мәмлекетине мирәт етип, оған өз мирәтнамаларын усыныс етти, сизди хүрмет-иззет пенен күтип аламыз, үлкемизди көрсетемиз, бедуин аўылларына алып барамыз, дослығымызды беккемлеймиз, деп дыққат-итибар қаратты. Арсен шын жүректен миннетдаршылық билдирди. Заман журналисти сыпатында ол мийманлардың дүньяның оғада әхмийетли мәселелери бойынша пикир-ойларын, көз-қарасларын еситкиси келип турса да, хожайын сөйлесиўлерде жәмийетлик, сиясий темадағы гәплерди оларға айтып жүрме, деп қойғаны ушын бул мәселелерге тоқтамады, мийманларды көбирек аўшылыққа уқсас нәрселерге қызықтырыўды нәзерде тутты. Әлбетте, бул дәрежедеги хүрметли мийманлардың дүньяны түсиниў, билиўде өз пикир-ойлары болыўы тәбийий еди. Бирақ жәмийетлик хәм сиясий көзқарасларға тийисли болмаған улыўма



www.ziyouz.com kutubxonasi

жәҳән машкалалары да бар. Мысал ушын, тәбиятты қорғаў, кәстерлеў. Гейде тәбият пенен байланыслы ҳәдийселер мәлим бир мәкан шеңбериңде шегаралаңған болып көринеди, лекин оның тийкарында қандай да бир экологиялық машқала жатады, бул ақыр-ақыбетте пүткил жер жүзиниң тәбиятына өз тәсирин тийгизеди. Арсен шет еллик мийманлар менен усындай көп нәрселер үстинде сөйлесиўди оғада қәлер еди, лекин Бектурған аға оны ескертип, деди: «биз ушын әхмийетлиси бизнес ҳәм миймандослық, дәслеп жақсы мүнәсибет ҳәм әдеп икрамлық». Ҳәр ҳалда әдеп-икрамлық шеңберинен шықпаған мақул. Мийманның кеўли шад болсын, өзин биймәлел сезсин, күлип жүрсин.

Арсен де соны қәледи. Лекин Ташафған деген зәҳәрли тикенек жүрегине шаншылып, тынбай озин еслетер ҳәм азап берер еди. Бир Қудa инсап бергендей, жаман нийетинен қайтып, тынышланғандай болып көринеди... Өзин итимал, жалған, солай көрсететуғын шығар, бирақ...

Уйқыға жатарлан алдын мийманлар сырттан айланыўға шықты. Оларды таўлардың түнги көринислери таң қалдырып қойды — ай толысқан, жулдызлар жылт-жылт жымыңлайды, аспан тынық, ал олардың астында узақ-узақларға созылып кеткен өркешли таўлар.

Хасан оларды қолы менен көрсетип сорады:

— Арсен мырза, хо анаў таўларда аңшы күйеў жигит аў қылған болса керек, я?

— Аўа, сол жақларда жасап, аў қылып жүрген,— деп жуўап берди Арсен Саманчин.

Мысыр да өз нәўбетинде сорады:

— Мәңги қалыңлығыңыз да сол жақларда жылап, тентиреп жүрген бе?

— Аўа, ол ҳәзирге шекем өз жигитин излеп, шақырып, күтиўден шаршамайды.

— Сорлы!— деп қапа болып гүрсинди Хасан. Мысыр болса қызық бир гәпти айтты:

— Бәлки, ол дүньяға қандай келген болса, сондай сыпатта керек шығар? Егер таў шоққысынан турып телекамераға бәлент шыңлар үстинен жуўырып баратырған сол қызды сүўретке алса, бул пүткил дүнья алдында символикалық фигура болып қалар еди.

— Әжайып идея!— деп мақуллады Хасан. — Мәңги қалыңлықты опаларлық ҳәм муҳаббаттың өлмес тымсалы етип көрсетиў керек. Ол ҳәр бир инсанға жақын болып қалады. Ақыры, муҳаббат трагедиясы мудамы қасымызда. Сиз буған не дейсиз, Арсен мырза?

— Мен көптен бери «Мәңги қалыңлық» операсын қойыўды әрман етемен. Егер илажы болғанда еди... Сизиң пикириңиз



мени және де илҳамландырып жиберди. Ойларымыз бир жерден шыққанына оғада қуўанышлыман.

Күтилмегенде «Мәңги қалыңлық» идеясы мине усылайынша және жүзеге шықты. Буны аўлан соң асықпай талқылайтуғын болды.

Кейин хошласты.

— Қайырлы түн!

— Ертең көрискенше!

Арсен қыз апасының үйине қайтып, ҳәўлини және бираз айланды. Мийманлардың гәплери Арсен Саманчинге қатты тәсир етти. Бундай болады, деп хаслa күтпеген еди. Европаша тәлим өз нәтийжесин берди. Соның менен бирге ҳайран қалып ойланды: олар қалайынша ийгиликли ислер менен аўшылық нийетлерин бирге сана-сезимине сиңдиреди екен?

Бирақ уйқылайтуғын пайыт болған еди.

* * *

Сол түнде, сол саатларда бир неше жәниўарлар таў-тасларда тыныш түн қойнында уйқыға жатты. Тек те Жаабарс ғана Үзеңгилеш асырымында өзин қоярға жер таба алмас, айға телмирип өкирер, пәнжелерин тислер, өзи аңламаған ҳалда қәўетерли бир нәрселерди сезип, қәўипленер еди... Және алыслардан сол бир хаўаз келе берди. Уйқысы қашқан, Мәңги қалыңлықтың көзи илинбес еди...

* * *

Әлле ким сол бир кеште өзиниң жердеги малийкасын сағынар еди. Елестиң ҳалы не кешти? Дослары менен Саратов поездына жетип барды ма екен? Жете алмаған болса және бир күн күтели. Ҳәзир поездлардың қатнаўы сийреклескен. Ҳәмме самолётта ушсам дейди. Елес таңда қоңыраў етти, соннан кейин сөйлеспеди. Бир минут та бос ўақыт болмады. Және сайда, дәрья бойында бирге өткерген пайытларды еследи, ышқы демлери соныңдай ләззетли еди, сол бир бахытлы, шадлы мәўритлер қайта-қайта тәкирарланыўын, қайтып келиўин жүреги қумсар еди...

Түн өтти. Таңда хаўа өзгерип, аспанды булт басты. Таў дизимлери үстинде әлле қайлардан пайда болып, бултлар топлана баслады. Самал айланып, гә о тамаңнан, гә бу тамаңнан есер еди. Соңғы күнлери ҳаўа райы соншама қуяшлы болып, жаз салтанаты ҳүким сүрер еди, бир қарағанда ол мудамы усындай болып қалатуғындай сезилер еди. Ҳәзир де, таң сондай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қаўетерлениўге кәжет жоқ еди. Женил, ушып жүрген бултлар бир заманда пайда болып, және көзди ашып жумғанша ғайып болып кетиўлери хеш гәп емес еди. Хаўа райындағы бул өзгерислерди жамғырдан дерек береди, деп болмас, шақмақ, гүлдирмаманы күтпесе де болар еди.

Таң ертеден жумыс қайнады. Тек те үлгериў керек еди. «Мерген» фирмасының қағазларында көрсетилгениндей, «әхмийетли аўшылық» илажларына байланыслы адамларды алып шығыў шарасы көриле баслады.

Мийманлар оқ өтпейтуғын «Хаммер»ге отырыўдан алдын хеш нәрсе умытылып қалмадымекен, деп және бир рет тексерип шықты: мергенлер мылтықлары, автомат қураллар, дурбинлер, бәлент хаўаз шығаратуғын мегафонлар, жоқары бәлентликте хаўа жетпей қалса, қолланылатуғын әсбаплар, хәммеси орнында таяр еди...

Атта жүретуғын мәнзилге шекем қыйналмай жетип барды, саатына 40—50 шақырым тезликте отыз шақырымдай жолды басып өтти. Барса, атлар таяр турған екен. Бәрше атлар пуқта тағаланған, ертленген еди.

Жүклерди атларға артты. Бектурған ағаның өзи жумысларды тексерип турды.

Араблар бир қанша пуқта шабандозлар екен. Таўларда ат пенен жүриў — тегис ипподромда ат шабыў емес. Таўда атта баратырған шабандоз мудамы ерде теңсалмақлылықты саклайды, тик қыялықларда гә оңнан, гә солдан топырақ төгилип, қыйыршық таслар қулайды, сонда атлар адымларын абайлап атыўлары керек болады.

Олар биринен соң бири дизилисип киятыр. Усы жерлик шопан алдында жол баслап, адым атар еди, оның артында Бектур аға, кейин, мийманлар хәм олар менен избе-из Арсен Саманчин киятыр. Хәзирше олар биймәлел сөйлесип баратыр, лекин хәр бир адамның араларында аралық узақласқанда байланысты жоғалтпай сөйлесиў ушын мегафонлар да бар еди. Қорықшылар менен хызметшилер бираз артта келе берди.

Таўлар кем-кем бийиклеп барар, айбатлы шоққылар өткир қырлары менен қорқынышлы асылып турар, жанбаўырларының қыялықлары майда, шағал таслар менен қапланған, ат туяғы тийиўи менен сыпырылып төгилер, жүриў қыйынласар, лекин атлар бәри-бир жоқарыға көтериле берер еди.

Енди бәлент таўлардың жәниўарлары о яқ, бу яқта көзге таслана баслады, дөгерек әтираптан бир неше мәртебе теке хәм арқарлардың үркек топалары жуўырып өтти. Жыртқыш



ҳайўанлардың әзелий қурбанлары болған усы қос туяқлы жәниўарлар өз ықтыяжлары менен қайларғадур жол тартар еди. Оларды дурбиннен баклар екен, шаққан, өткир хәрекетлерине қайыл қалар еди. Хасан атын тоқтатып, қасындағыларға қарай сөйледи:

Досларым, сизлерге қандай екенин билмедим-дә, лекин маған сондай түйилип атыр, егерде мына гөззал жәниўарлар бир жерге жыйылысып, барлығы басқа үлкелерге кетип қалса, жолбарыслар аш қалып, бир-бирин шайнап таслар еди, солай емес пе?

— Оған ақыллары жетпейди! — деди күлип Мысыр. — Буны билгенде олар қашып кетер еди.

— Бәлки, керисинше, тәбияттың өзи сондай ақыл менен жаратылған болса ше? — деп гәп қосты Арсен Саманчин.

Мийман аңшылар мыйық тартып күлип қойды.

— Ырас! Тәбияттың данышпанлығына қайыл қалыў керек!

— Барслардың әўмети — бизиң де әўметимиз! Солай емес пе?

Олардың сондай бир-бирине хәзил-дәлкек мәнисинде усыныс етип, сөйлесип барыўлары, орталарында бийиктыяр дослық мүнәсибетлер орнатылыўына хызмет етер, бул болса оғада зәрүр еди. Арсен Саманчин мийманлардың өзлерин илажы болса, еркин сезиўлерин қәлер, олар бул жақларға тек те аў, деп келмеген ғой, ақыры, деп ойлар еди. Бундай жағдайларда адамлардың өз ара мүнәсибетлери жүдә әхмийетли орын тутады.

— Хүрметли мийманлар,— деп усыныс етти Арсен аңшыларға, — аўшылық фирмасының баслығы Бектурған аға өзиниң сөзлерин сизлерге еситтириўимди сорап атыр. Хоў, анаў шоққының артында дем аламыз. Ол жерде шатырлар қурылған. Кейин сол жерде атларды қалдырып, арғы жағына пияда кетемиз.

— Биз таярмыз.

— Шикар өз аты менен шикар-дә...

Қуяш тас төбеге келген еди. Рахмет Бектур ақсақалға, шаршағанды шығарыўға жақсы шараят туўдырды, шатырларда отырып қымыз ишилди. Таўлардың бәлентлиги өз тәсирин көрсете баслады — дем алыў қыйынласып бара берди. Рюкзакларды ашып, қурал-жарақларды желкелерине асты, мегафонлар хәм басқа да әсбап-үскенелерди қолға алды.

Мийманлар аўыр жолды басып өтип, шатырларға дем алыўға жайластырылғаннан кейин, Арсен қолай ўақыттан пайдаланып, жалғыз қалды. Бектур ақсақал еки жәрдемшисиниң көмеги менен атынан түсти, ол сақалын тутымлап, терең демин алар хәм мийманлар менен олардың жәрдемшилерин ескертти: бираз күтиўге туўра келеди, аўды дәрхал баслап жибериўдиң илажы жоқ, себеби еле жыртқыш ҳайўанларды айдап келиўшилерден дерек болмады. Мийманлар бул хабарды жай парахат қабыл етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Альпинистлер хәм геологлардың айтыўларынша, мине усындай таўлы орынларда адамның «қәлбинде, оның руўхый дүньясында» бираз өзгерислер жүз береди, адам жаңадан күшке енгендей болады, кейпият басқаша түс алады, әтирап-дүнья басқаша тәсир етеди. Таўларда адам жақсырақ, тынығырақ пикирлейди, көп ибадатханалардың бәлент таўларда жайласыўы ешейин емес, түрли динлерге тийисли бул муқаддес орынларда болғанлар буған гүўа. Айтыўларға қарағанда, жазықлықлар, пәс тегисликлерге қарағанда таўларда адам кең, еркин, дурысла пикир жүргизеди екен. Бәлент таўлар айрықша хаўаға ийе. Онда басын тап аспанның өзине тийип турғанға мегзейди, қулашыңды жазып, қолыңды узатсаң, бултларға жеткендей болады, бәлент шоққылар тереңе тамыр урып, жер менен аспанға тутасып, тып-тынық музлықлар, аппақ қарлар — қол астында, мөлдир суў-жылғалар пайда етип, әптап нурларында жарқырайды, өзинше жылўаланады, хаўа да таза, пайызлы, оны симирип тоймайсаң, көксиңе қәйтип кирип, қәйтип шыққанын анық сезип турасаң, тап хәзир ғана штанганы ап-ансат көтерген адамға мегзейсең.

Бәлки тәбияттың өзи солай жаратылған ба, бәлки бәлент таўлар қойнында, инсан руўхыятында өзгеше бир жағдай жүз береди ме, бунда ой-қыяллар да, туйғылар менен пикирлер де, бәри қарлы бәлент шоққыларға хәм де таўлардың салқын самалларынан тәсир алады. Сол бир пайытларда Арсен Саманчин мине усындай жағдайларды басынан кеширди. Басқа бәрше тәшўишлерден жырақ болып, өз дәрти дүньясына өзи шүмип кетип, тап бир басқа әлемде жүргендей сезди өзин. Сол пайытларда оның қыялы бул жерде шатырда емес, әлле қайларды, алыс шөллерди гезер еди. Негедур ол сол пайытта қулақты питкизип таслайтуғын узыннан узақ паравоз шыңғырығы, жолаўшы поездының бир епкинде дүрсилдеген даўысларын еситер, вагонлар менен теңлесип жуўырып жүрер, қасынан жылтылдап өтип атырған айналарға аланлар хәм «Елес, хәй, хәй Елес, бул мен ғой, мен сени сүйемен! Сен мениң гөззалымсаң! Сен болсаң Саратовқа баратырсаң, мен болсам таўлардаман, лекин мудамы сениң менен биргемен! Сенсиз маған өмир жоқ!» деп тынбай қышқырар еди. Студентлик жылларында усы жоллардан бәрқулла Саратовқа өтер, кейин Москваға қатнар еди, ол Волга бойындағы Саратовты жақсы көрер еди! Қазақлар Сары-таў, дейди. Хәзир Елес сол жаққа кетип баратыр, ол қыялында қыздан: исине араласып кетип, сени жолдан қалдырғаным ушын мени кешир, деп атыр. Бирақ енди ол сол қызсыз жасай алмайды. Соның ушын делбе болып, муҳаббаттың қысқа дәстанын қайта-қайта қыялында



жанландырар, ядына келтирген ўақыяларға соңындай сүңгип кетер еди, арзыў-әрманлар тап ҳақыйқат сыяқлы көз алдында сәўлеленер еди.

Арсенниң қасындағылардан хеш ким оның қәлбинде не болып атырғанын билмейди, қыялына да келтире алмайды. Тек те Елес ғана оны тыңлар хәм еситер еди, ол тамбурда вагонның ашық есигине асылып турар, бир қолы менен устағышқа беккем жабысып, екинши қолын кең жазып, Арсен тәрепке узатар еди.

— Арсен! Арсен! Сени еситип турман, көрип турыппан, сүйемен сени! Жетип ал, секир, мен сени қақшып аламан!

Қыялларды еркин самалларында нелер жүз бермейди дейсиз! Ол зымырап баратырған поездға илесиў ушын өзин атты. Оған не дейсиз, мине жетип те алды. Неге десеңиз, сүйискен еки жан буны шын кеўилден қәлер еди, себеби муҳаббат ықласы илаҳий күшке ийе, оған мәңгилик хәм өлмеслик жазылған, өйткени ол-әўлиелы даўам еттириўге шақырық.

Қуўаныш кәлеўи менен ол вагонға жетип келди. Елес оның қолынан тутты хәм ол басқалдаққа бир секирип шықты. Олар хәмме нәрсени умытып қушақласты.

— Жүр, кеттик, сөйлесемиз,— деди Арсен үсти-үстине нәпес алып. — Саған айтар сөзлерим соншама көп...

— Ўай, неге асығасаң... Өкпеңди бас, дем ал.

— Ўақыт аз. Аўта шығыўымыз керек. Мынаў мениң қолжазбам...

— Қолжазба? Не деп атырсаң, Арсен? Ўай, усы қолжазба, деп поездың изинен жуўырып жүрсең бе, еле?

— Саған айтатуғын гәпим бар. Жүр.

Олар купеде бир-бирине қарасып отырды. Арсен Саманчин Елеске мыналарды айтып берди:

— Бул қолжазба, Елес, мениң Саратовта жазған гүррińим. Жолда оқырсаң. Екинши жәхән урысы дәўиринде болып өткен ўақыялардан. Ол заманларда сениң менен биз еле дүньяға келмеген едик. Ата-аналарымыз да жалаңаяқ, хәккелек атып жүрген жас өспиримлер еди. Қаншама жыллар өтти. Жаңа әсир кирди. Бул ўақыяны сол өткен жыллардың сағынышы десе де болады. Ол бизге хеш қашан умытылмаўы керек нәрселерди еслетип турады. Бәрше урыслар бул — өз ара қырғынлар, адамлардың бир-биреўлерин өлтириўинен басқа нәрсе емес. Мәңги тынышлық дүньясына жол алар екен, хәр бир өлтирилген тири жан ким болмасын, генерал ма, яки әпиўайы әскер ме — пушайман болыўы турған гәп. Мен усы ашынарлы жыллар хаққында «Өлтир-өлтирме» деген хәсиретли бир гүррин жазғанман. Хәзирги күнлери адам өлтириў темекини шегип, ылақтырыўдай, ап-ансат болып қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оң жақтан да атады, шеп жақтан да, мен өзим де сол бөлеге грипдар болайын деп қалдым. Бул гүррин қуры бир ойын емес, жынайы ис ушын керекли ўақыя да болып есапланбайды. Өзимди, усы гүрринди қолымда көтерип, океанның астынан шыққандай сеземен, кейин миллион-миллион өлгенлер хәм өлтиргенлер көмилген қәбирстанға барып, оны оларға хәм өзиме оқып бергендеймен. Елес, сени өзимниң тоғайзарларыма ертип келгеним ушын мени кешир, лекин сен кәнигели китапханашысаң, нениң не екенлигин жүдә жақсы түсинесең, мениң шубалыңқы пикир-қыялларымды жақсы аңлайсаң, мен буны айрықша қәдирлеймен. Басыңды ийзеп, гәпимди мақуллап атырғаның ушын рахмет, Елес. Өткен қыста туўры мен Байконурға, космодромға бардым, поездға отырып, маған космоста турып, узақ мүддетли космонавт Салижан қоңыраў етти. Оның менен досласып қалғанбыз. Мен сонда бир инсан ҳаққында шығарма жазбақшы болып жүрер едим. Ол хәр бир адамның космоста жасаўы ушын сай келетуғын шараят жаратыўды қәлейди. Бул хәзирше қам қыял, әлбетте. Лекин бир күн болмаса бир күн адамзат, әлбетте, буған ериседи. Мен тағы да қыялпаразлық қылып атырман. Кешир. Әне сонда, өткен қыста сағыныш мени жолға баслады, темир жолда жүрмегениме де талай ўақытлар болған еди, жолда студентлик жылларымды еслеп кеттим. Байконурдан Саратов арқалы Москваға жөнедим. Терезениң алдынан кетким келмеди. Жылт-жылт еткен көринислерди хәўес пенен тамаша қылар едим. Мен сөйтип жүриўди, тынбай тамаша етиўди жақсы көремен. Не қылайын, сондай кеўли бос адамман. Сонда өтмиш теңизге айланып, оның аяўсыз толқынлары жүрегимниң жағалаўларына келип ура берди. Усы пайытқа шекем булар мени тәрк етпей, ишимде турған хәм өзиниң ўақты-саатын күткен екен, мине енди жүрегиме жапырылып, кирип келди. Бул темир жолларда, сол поездларда нелер болған еди, енди нелер болып атыр, олар усы бир жерлерден өтеди, Қазақстан шөллеринен жүрип, Саратовқа жетеди, оннан Москваға барады,— деп хәсирет пенен ойладым мен. Жол сол, баратуғын, келетуғын поездлар да сол, хәрекет жөнелиси де өзгермеген: Батыс-Шығыс. Лекин бул жерлерде адамларға не болды, инсанның тәғдирлери қалай өзгерди, нелерди басынан кеширип атыр? Тап бир космостан алынған фильмди көргендей, жақын жыллардың ўақыялары көз алдымнан бирме-бир өтти: Арал теңизиниң жоқ етти, жүрек дат әйледи, лекин бул ўақытта Байконурды қайтадан жақсылап қурды... Арада не деген нәрселер жатырыпты! Сонда мен буны жазыўға ант иштим. Бул ўақыяны буннан көп илгериде еситкен едим. Оны маған



Екинши жәхән урысы майыбы Сергей Николаевич жолда гүррин етип берген еди, ол штраф батальонында хызмет еткен бир адам еди. Гүрринде ол жас ғана жигит — Сергей. Мен онда студент едим, меннен жасы үлкен сәўбетлесиме айрықша хүрмет-иззет пенен қарағанман, тап оны бабам сыяқлы көргенмен. Мен тағы гәпти созып жибердим, ўақыт болса тығыз. Сергей Николаевич бизиң вагонға Саратовта отырды, бул жерден Москваға еки күн жол жүрилели. Гүррин де жүдә узаққа созылды. Москвада оны кеселханаға шекем узатып салдым. Лекин «Өлтир-өлтирме»ни арадан он жыл өткеннен кейин жазыўды нийет еттим. Сергей Николаевич, яғный Сергей, бул пайытларда бул әлемнен өткен еди, оны сорастырып билдим. Шын жүректен ашындым. Қағазға түсиргеннен кейин, дурысырағы, Сергей Николаевич маған айтып бергенлерин, басынан баслап жазып, баян етип шығып, бул нәрсени урыс майданларында қалған кәбирстанларда оқыў кереклигин түсиндим. Билесең бе, Елес, сениң де бул ўақыяға қандай да байланысың бар. Хайран болып атырсаң ба? Гәп сонда, сен де, мен де, мына бир тарийх та, бәри Шығыс пенен Батысты байланыстырып турған бир жолда — Саратовтан Москваға өтетуғын жолда жүз береди. Сергей бул жолдан урысқа кетти, мен мудамы Россияның уллы қалалары — Москва хәм Ленинградқа оқыўға қатнағанман, сен болсаң саўда-сатық ислериң менен бул жолда, усы поезда жүресең, енди бизди, хәммемизди бир нәрсе байланыстырып турыпты... Ох, тоқтат, тоқтат, мени, Елес.

Ўақыт қалмады! Лекин саған түсиндирмекши едим, соның ушын изиңнен қуўып жетиўге урындым. Кейинирек айтсам да болар еди, шамасы, басқа ўақытта, сапардан тыс пайытта оғада келисер еди, лекин, тилекке қарсы күте алмайман, бул сениң менен, ушырасып қалғанымыз бенен байланыслы, Елес. Дәслептен айтып қояйын: сен мени қутқардың, Елес! Маған не болып атырғанынан хабардар халда сен мениң жанымды аман сақлап қалдың. Усы жылдың бәхәринде мен «Өлтир-өлтирме» атлы гүрринимди басып шығармақшы едим. Мен урыстың әзелий тәбияты, инсанның әзелий минез-қулқы хаққында өз сезим менен, билгенлеримди баян етип өтпекши едим. Хәр қандай урыс адам баласының иси хәм хәр қандай урыс әпиўайы хақыйқатлықты аңлаған хәр бир адам ушын трагедия... Мен гүрринимде тап усы нәрсени айтпақшы болдым, лекин кейин өмиримде бир ўақыя жүз берди, мениң өзим де тап мине усы күнлерде рехимсиз хәм жаўыз бир жынаятқа қол урмақшы болдым. Бул сан-санақсыз адам өлтириўлердиң гезектегиси болып қалмай, усындай гүррин жазған автор тәрепинен жол қойылмаўы тийис, ақылға уғрас



www.ziyouz.com kutubxonasi

келмейтуғын тәртинсизлик болар еди. жазғанда бир нәрсени айтып, әмелде пүткиллей басқаша ислерди етиў-көргенсизликке жатар еди. Соның ушын хүжлан азабына дуўшар болмайын, деп «Өлтир-өлтирме»ниң қолжазбасын бир шетке жасырып қойған едим. Енди жүзим төмен. Жынаят қылсам, мен өзимниң идеямды бийкарлаған болар едим. Мине енди тәғдирдиң рехими келди маған, Елес, сен мени адам өлтириў ниетинен қайтардың, бизиң мухаббатымыз мен ушын жаңалық болды. Мен енди еркинмен, өзимниң алдымда жүзим жарқын, мине сол жарықлықты маған сен инам еттиң. Кеше өш алыўды әлалатлы, деп есаплаған хәм оған бел байлаған едим. Бүгин бундай ислерге қол урмайтуғынымды жақсы билемен.

Үлгергенимше булардың барлығын саған айтып бермекши едим. Және бир гәп: мендеги үлкен өзгерис сениң менен ушырасқанымнан кейин басланды. Бираз ойланып қалдым: гейде бизге руўхый сәўбет, жүректе жыйылып қалған нәрселерди ашықайдын баян етиўге парасат жетиспейди, мен «Өлтир-өлтирме»де сонындай кәлбимниң қарарын айтыўға умтылғанман. Нәўқыран жигит Сергейдиң жүректен шыққан сөзлери күнделикли ғалмағаллардан парық қылып, оны тыныш хәм жай парахат жағдайда оқыў керек, турмыс тәшўишлеринде билиў хәрдайым мүмкин бола бермейтуғын нәрселерди мархумлардың руўхы билсин, еситсин, исеним пайда етсин. Оннан да артық бир нәрсе, хәр бир адамның өз муқаддес дуўасы болсын. Мен айтатуғын дуўалар — усы гүрриңниң сөзлериниң ишинде. Егер ол саған жақын болып түйилсе, кел бизге қосыл, қайғы-хәсиретти бөлисиң алайық. Бул мухаббатта ең баслы нәрсе... Мен қойын дәптериме жазып қойдым, биринши оқылыўлар Москва әтирапындағы белгили Волокалам кәбирстаны хәм Брест қорғанында, соң басқа усыған мегзес көп жерлерде, соның ишинде Европа зиярatханаларында өтсин... Мен буны жүдә қәлер едим.

Елес мени кешир, көп сөйлеп жибердим, бахыт мәўритлери ғана қысқа болады, ал мухаббат болса — еки инсан ушын мәңгилик шақырығы алдындағы айрықша жаңалық. Мен хәзир таўлар қойнындаман, лекин сондай болса ла, бирге бир купеде жүзбе-жүз отырғандай, сениң менен шын жүректен сөйлесип атырман. Булар қыял ойынлары, әлбетте. Мине, бизиң турған мәнзилимизге атлы шабандоз дүбирлеп жортып киятыр, ол Таштанафғанның жигитлеринен болса керек... Не қылатуғын едик, иске кирисемиз. Көрискенше, Елес, көрискенше, жақсы қал...

Ат минген шабандоз айдаўшылардың бири Дуўдарбас екен. Ол тозанланған дуўлар шашларын желбиретип, мийманлар менен сәлемлести, соң ақсақал Бектур ағаға қарап былай деди: оны Таштанафған жиберипти, қар қапланларының изинен түскенлигин айтыпты, еки жуп қапланды дурбин менен көрсе болады, және бири, ириси — «үлкен баслы узын қуйрық» бақлаў астында гүзетип келинбекте, оны керекли жерге шекем қуўып келтириў мүмкин. Таштанафған тағы бир нәрсени қатты өтиниш етипти: дилмаш Арсен дәслеп оның алдына барыўы керек екен, өзин тоғайға урып жасырынған үлкен барсты керекли орыннан турып қалайынша атыўды түсиндирип берер екен. Буны сөз бенен түсиндириў қыйын қусайды, өзи келип орнын көрсин, кейин аўшы мийманларға төзлеўди көрсетсин. Бектур ақсақал буған ыразы болды.

—Маған қара, Арсен, сен хәзир мийманларға аў басланбастан бурын айдаўшылар менен ушырасаман, деп түсиндирип қой. Хайўан жүдә мәккар, жыртқыш, хүжим қылып, кейин тоғайға қашып кетиўи мүмкин. Мейли, кәсрле, қандай аңлып турыўды саған көрсетсин.

Мийманлар күтип турыўға қайылшылық берди.

Дуўлар бас жол баслады, Арсен Саманчин атқа минип, оның кейнинс ерди. Хәр тәрептен қалың путалар қоршаған үлкен қыйыршық таслар арасынан өтип барыў жүдә мүшкил еди, азап-ақыретлер менен төбешиклер арасындағы ашық жерге шықты. Аспанда әлле қандай куслар тодасы шарқ урды. Әтирап тып-тыныш. Дуўдар бас қолына мегафонды алып қышқырды:

— Таштанафған! Бизлер келдик! Еситип турсаң ба? Хәзир бараман!

Ол мегафоннан жуўап берди:

—Мен де усы жердемен! Хәзир бараман!

Арсен дем алыў ушын аттан түспекши еди, лекин Дуўдар бас оны тоқтатты:

— Отыра тур, түспе! Әне ол, Таштанафған киятырыпты.

Қапталдағы қойыў путалар арасынан ат минген, мойнына мегафон асқан, желкесинде автомат Таштанафған шығып келди, ол басына қызыл жийекли әскерий шәпкисин басып кийген еди! Арсен қатып қалды. Таштанафған болса, шәпкисин бираз көтерип қойып былай деди:

— Қозиңди алартпа! Бизлердиң хәммемиз таярмыз! Бесеўимизде де автомат бар! Қолымызға жигирма миллион нақ береди, я болмаса хәммениң жаны-жәхәннемге кетеди! Хеш ким аман қалмайды! Хеш кимди аяп отырмаймыз! Неге үндемейсең?

— Не дейин? — деген Арсен Саманчинниң даўысы зорға шықты. — Сен уәде еткен едиң ғой, тәшўишленбе, хәммеси жайында болады, деп.





www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жайында болғаны усы. Иске кирисейик. Ана бир жаққа қара — әне сол, мен айтқан Молаташ үңгири. Оған мина қойылған. Сол жерге мийманларды айдап келемиз. Оларға мениң хәр бир сөзимди инглисшелеп айтып турасаң. Глобализация хәммеге теңдей. Байлықлар тек бизге тийисли, деп қам тәме болмасын. Биз өз ҳақымыз — үлесимизди аламыз. Көрдиң бе, мына бир жерден үңгирге кириледи, аттан түс, ишине кир. Отыратуғын орын көп, гиреўге алынғанлар бир күн, бир түн усы жерде болады. Төлем төленбесе мийрим-шәпәәт көрсетилмейди. Неге үндемейсең? Тилиңди жутып жибердиң бе? Мен саған ескерткенмен. Сен не, мениң халўадай ерип кетиўимди қәлеппе едиң? Оны күтпе! Ал, енди неге үндемейсен? Сеннен сорап атырман, мениң буйрығымды дәрҳал бежересең бе, яки жоқ па?!

Арсен Саманчин пәске түспекши болып турып, тағы аяғын зәңгиге тиреди. Таштанафған оны силке баслады:

— Тур орныңда! Гәпимди жақсылап есит — сен дәслеп оларды бул жерге алып келесең, биз олардың қуралларын тартып аламыз хәм үңгирге айдап киргиземиз. Гәп бир, еркеклерше болады. Автоматларды желкелерине тиреп қоямыз. Мениң буйрығым менен оларға жолдас телефонлары арқалы Дубайға ма, Әмирликлерге ме, кәерге болса да, банклерине қоңыраў еттиресең. Тезлик пенен бизге самолётта пул төлемлерин жеткизеди. Ультиматумның хәр сөзи мийиңде мөрленип турсын! Олар не десе де, дәрхал маған аўдарып жеткизесең. Билдиң бе? Кери жағдайда биз сени тутқын етемиз. Оларды да, сени де жоқ етемиз!

— Асықпа, — деди тили зорға гүрмелип Арсен Саманчин, қутырған кимсени инсапқа шақырыўдың бийпайдалығын аңлап. — Сениң қарарың сондай болса, билип қой: егер бир тамшы қан төгилсе, өзиңнен көр, мени кейин хеш нәрсе тоқтата алмайды!

— Қорқытпа бизди! Мен де қан төгилиўин қәлемеймен. Жигирма миллион келеди, кейин булар тири кетеди. Бул мениң сөзим! Болды, орынла! Жигирма минут ўақыт беремен! Бир секунд та артық емес! Оларды айдаўшылардың алдына барамыз, деп бул жерге баслап, алып кел. Сәл шетке адым атсаң, атамыз. Биз хеш тенени жоғалтпаймыз! Есиңде тут: сениң менен бирге сол еки мийман ғана келеди, барс ататуғын болып. Оларға барс усы жерге айдап келинген, деп айт, және бир қаншасын көз астына алып қойғанбыз, олар кейинирек аўланады де. Қалған бәрше адамлар усы жердиң өзинде күтсин. Билдиңиз бе? Тез бар енди!

— Хәзир, — деп түсиниксиз тоңқылдады Арсен Саманчин Таштанафғанның шәпкисине көз қыйығын салып, егер ол бурынғы классласының басында болмаса, хәммеси басқаша болатуғындай,



ол аўыр гүрсинди, үндемей атқа минди де, хәзир ғана өзи келген тәрепке жол алды.

Әтирапқа әли тыныршлық енди. Қолди бүгилип, ерге еңкейип шөккен Арсен Саманчин үңгирге мийман аңшыларды баслап келиў ушын артына қарамастан кетип барар еди. Оларды тутып берели, өзи де қолға түседи. Пәске ағып баратырған жылғалардың шулдырлысы еситилер еди. Қандайда бир қуслар төбесинен жырқылдап, ушып өтти. Шатырлар орнатылған мәнзилге қарап ат ықтыятлық пенен қыйыршық тасларды басып барар еди. Ол жерге жетиўге аз қалғанда, Арсен атты шоққы артындағы путалықта жылаўын тартып тоқтатты, зәңгиге аяқ тиреп, қәддин көтерип, әтирапқа нәзер таслады. Оң ийни бетиндеги мегафонды қолына алды, ердиң үстине «калаш» автоматын қойды, қандай да бир нәрсе иелемекши болып оқталды. Бир неше минуттан соң таўлар бойлап мегафоннан күшейип шыққан Арсен Саманчинниң шыңқылдеген сести еситилди. Ол инглис, рус хәм қырғыз тиллеринде қәхәр хәм ашыўға толы даўысы менен қышқырар еди:

— Еситиңлер, еситиңлер! Буйрық! Шет елден келген аңшылар! Сизлерге мың нәлет! — Мегафон оның хаўазын бир неше мәртебе күшейтип, таўлардың ишине жаңғыртып жаяр еди. — Бизиң қар қапланларымыздан қолыңызды тартың! Дәрхал бул жерден кетиңлер! Хайўанларды атыўға жол қоймаймыз! Өзлериңиздиң Дубай хәм Кувейтиңизге қайтың, бизиң муқаддес таўларымыздан жоғалыңлар! Енди билай сизиң аяқ излериңиз бул жерлерде болмасын! Тез арада көзден ғайып болыңлар, болмаса өлимге дуўшакер боласыз! Барлығыңызды атып таслаймыз! — Ол өз сөзлерин автоматтан аспанға тасур-тусур оқ үзип тастыйықлады. Таўлар гүнирениди. Қандайда бир шоққыдан таслар пәске қулады. Сол заматта бир жақлардан тырылдап оқлар атыла баслады. Тәртипсиз тасыр-тусыр шаўқымлардан Арсенниң аты қатты үркти. Ат күшли жулқынды хәм сол заматта оқ тийип, жерге қулады. Арсен Саманчин ат лашы астынан аяқлары қайрылып, зорға шықты. Атыспа күшейди. Бәршелер — таштанафғаншылар да, қорықшылар да, Бектур ақсақалдың адамлары да тап бир еслерин жойтып қойғандай, қураллардан оқ атты. Мине усы арасат топаланда мийманлар дәрхал атларға минип, тезлик пенен изине қайтты. Лекин Арсен енди буннан бийхабар еди.

Оқ тийген аттың қасында бүгилип жатып, Арсен өзиниң бир неше жеринен жараланғанын сезди. Желкелери, көкиреги, қабырғалары шыдап болмас дәрежеде аўырды. Ол жанының барынша пәске қулап кетпеслиги ушын өзин шетке тартты, сонда ол көз алдында қара қанға боялған үлкен барстың секиргенин



www.ziyouz.com kutubxonasi

анлады. Бул Жаабарс еди. Ол жер бауырлап, алға карай умтылды, катты ырылдады, узаклап кеткиси келди. Арсеннин төбесинде куяш шайкала баслады, таўлар зириллеп козғалды, самал тамакты буўып, дем алдырмас еди. Ол мегафон менен автоматты ылақтырды да, жарадар хайўан ғайып болган тәрепке карай жылысты. Ол әтирапта не болып атырғанын көрмес хәм еситпес еди, кутырынған Таштанафған тынбай бакырар, үсти-үстине сөгинер еди: «Акмақ! Саткын! Харам өлгейсен! Көре алмадын бизлерди!»

Бектурган аксакал болса, өзин жерге атып, сакалын жулып ынранды: «Уят! Шермендeлик! Әжлатлардын ғарғысына ушырағыр, жүўернемек!» Тырракайлап кашып баратырған араб аншылары не деп кышкырып баратыр, оны бул таўлар ишинде хеш ким биле алмады.

Әсте акырын ок атыспа пәсейип, соң тынды, көп өтпей, бақыр-шақырлар да, еситилмей калды.

Хайўанлар хәм адамлардын басына бир майданда не салғанын Арсен Саманчиннин өзи билсе еди... Лекин енди онын бунын менен иси жок. Онын алған жаракатлары аўыр еди, ол буны сезип турыпты. Айрықша көкиреги езилип аўырар, кийимлеринин барлыгы канга малынған еди. Ол буған узак шыдай алмаслығын билер еди, сонда да өзин пана жерге таслаўға урынды. Енкейип, букшийип кәлем таслар, аяғына тура алмай жығылар, орнынан турыўға зор берип урынар, дем жетпей буўылып калар еди. Бул куракым Молаташ үнгиринин каякта екенлиги ядында калган екен, Арсен Саманчин сол үнгирди илажлап таўып барды хәм еңбеклеўи менен ишине кирди.

Әне сонда ол оғыры айбатлы, хеш жерге сыймаған, үлкен таў капланынын сөнип баратырған көзлерин көрди. Бул Жаабарстын өзи еди. Жырткыш хайўан кымырламады. Алдына карай созылған нәнжелерине койған басын көтериўге де шамасы келмеди, бир кәлипте жата берди.

–Сен де усы жердемисен?–деди негедур Арсен, тап бир дәслептен оны таныйтуғын адамдай.

Жаабарстан тынбай кан ағар еди.

Инсан да тап сонындай жағдайға түсти.

Тәғдир таказасы менен инсан хәм жырткыш өмирлери акырғы деминде аспан астындағы усы бир үнгирде табысып калды, олар катара жатып әжелди күтпекте еди... Тап бир бул хәдийселерге хайран калған сыяклы айбатлы таўлар үстинде гүлдирмама жар салды, онын иләхий жанғырығы алыс-алысларға таркалды: не кылып койдыңлар, деп атырғанға мегзес. Тағы усындай халатта бултлар ишинде шакмаклар жылтыралы...



Мийман аўшылар атларынан түсип, машиналарда аўылға жетип келди, хеш ким менен хабарласпай «Хаммер»ге отырып, қорықшылардын қоршаўында Әўлиеата аэропортына жетип барды. Бул жерде оларды ушыўға таяр экипаж күтип турған еди, хәмме нәрсе енди айдынласа баслады.

Усынын менен «Мерген» фирмасынын халык аралык аўшылык бизнеси бир майданда тамам болды. Бизнес-режени жер менен жексен еткен адам аксакал Бектур ағанын әмекиси екенине хеш ким исенгиси келмеди.

Туйык Жарлыклар ғаўырласып, хәўлилеринен шығып, топланып, шаўкым сала баслады:

– Шермендe боллык! Жүзимиз төмен боллы!

– Арсеннин аяғын аспанға көтерип асыў керек! Отка жанып өлсин!

— Зор исти ўайран кылды! Пул ислеп табыўымызға жол коймады!

– Оған адамлар емес, жырткыш хайўанлар кәдирли, илая оны барслар шайнап өлтирсин!

Шаўкым-сүрен кем-кем хәўиж ала баслады. Кутырған аламан Арсен Саманчиннин кыз апасынын үйине карай жапырылып барды, хәўлиде колына не түссе, аяғы неге жетсе, бәрин аўлар-тәңкер етиўге киристи, терезелерди, Арсеннин машинасынын әйналарын, шыракларды шил-пәрше кылып сындырды, жуўып, жипке жайып койған онын көйлеклерин дал-дал етип жыртып, шил-пәрше етти... Инисинин ноутбукин баўырына басып, саклап калыўға урынган апасын өлеси етип сабап таслады, жумысын койып, жуўырып келген, хаялын аламаннан корғамакшы болган темирши жездеси дөнген тепки астында калды...

Бирден күтилмегенде аспаннан шелеклеп куйған жамғыр хәм гүлдирмама тәртипсизликти токтатты, есин жыйған аламан өзине келип, үйли-үйлерине таркасты.

Гүлдирмама сести әтирап-аймакты ләрзеге салды, шакмаклар аспан койнын тилкимлеп кетер еди, жамғыр күшейип таў шоккыларын хәм үнгирлерди жуўып өтер еди.

Елес, тап бир биреў ядына салған сыяклы, кешке жакын Туйык Жарлағы кыз апасиникине вокзалдан коныраў етти. Ол апасына өзинин кол телефонын калдырған, сенин касында турсын, мен досларымнын телефонынан коныраў етемен, деп айтып кеткен еди. Бурынлары хеш кашан бунлай етпеген ол, бул рет негедур байланыста болып турыўды кеўлине алған еди. Поездын жүриўине ярым сааттай ўакыт калғанда, олардан хал-аўхал сорап коныраў етти ол, таўға кеткенлерден хабар бар ма,



www.ziyouz.com kutubxonasi

яки жок па, деп сорады. Ол еле сораўын берип үлгере алмай атырып, апасы коркынышлы шаўкым салып кышкырды:

— Пүткил аўыл бузылған хәрре уясындай гүўилдеп атырыпты. Хәммесин сол Арсен кылды. Таўларда бакырып, мийманларды атаман, деп куўып шығыпты. Барсларға тиймен! Бәршениз журтыңызға кетиң!— деп коркытыпты. Мийманларға карай ок атыпты. Баскалар да оған карай ок атқан кусайды. Бектур аға болса, басын тасларға урып, жарыпты. Хәзир пүткил аўыл Арсеннин апасыникине барып жәнжел-топалаң көтерип атырған кусайды. Арсеннин өзи жок дейди. Оны атқан ба, ямаса, өзи-өзин атқан ба, кулласы сондай. Еситип атырсаң ба, Елес? Неге үндемейсең? Саған не болды? Жуўап берсең-ши, сен кыз?

Солай етип оның апасы ах урып, жылаўға киристи.

— Ўай, не деген бахытсызлык! Елес есинен айрылды! Енди не болады? Ол Арсенди жан-тәни менен жақсы көрип калған еди. Ўай, не кыламан енди? — Ол шашларын жулып, жылай баслады.

— Хей, тилинди тыйсаң-шы!— деп жекиринип сөйледи оның ери. — Кышкырғаның менен не пайда? Елес келсе, оны Молаташка алып бараман. Сен де бирге барасаң. Аўхалын өзи көрсин. Кейин түсинип алады. Сен бүйтип күйине берме.

— Ўай, ўай, не кыламан енди? Кудай инам еткен сүйикли сиңлим, оның аўхалы енди не кешеди? Молаташка барсак, балаларды не кыламыз?

— Хештене болмайды. Олар енди үлкен. Еки күн шыдап турады, өзлерин-өзлери күтеди. Мал-халға карайды. Қоңсылар да көз-кулак болып турар...

Елес тезлик пенен жүк калтасын желкесине артып, хәр бир сөзин дана-дана кылып айтканлыктан, оның шериклери хайран болып калды.

— Сизлер кете бериңлер. Саратовка — мине менин хүжжетлеримди алыңлар. Мен тез аўылға кайтыўым керек.

— Биреў өлген бе?

— Мүмкин.

— Кайтып келгенде көрисемиз бе?

— Мүмкин.

— Биз не деймиз. Сен өз затларынды алып кетиўге келесең бе?

— Мүмкин.

— Саған не болды? Баска гәпиң жок па?

— Мени тыныш койың! Айтар гәпимди айттым! Менсиз бара бериңлер. Болды!

Елес бул сөзлерди айтып, алды-артына карамай, алдынан дус келгенлерди ийтерип, түйип, жуўырып кетти. Жолаўшылар оннан өзлерин шетке ала баслады. Олар бунын халын билсе еди...



* * *

Ким билсин... Ким кыялына келтирсин, усы пайытларда нашар кайғысы бул мәканлардан өтип, шелеклеп куйған жамғырлар менен араласып Үзеңгилеш таўларына жаўатуғынын, ал ол таўлар арасында оның сүйген жигити ғайып болып, енди бул сол асырымлардан асып, Мәңги калыңлык пенен бирге: «Маған жәрдем бер, кәдирданым, сен ол жигитти көрдиң бе» деп жуўырып жүргенлигин...

Сол күни таў түпкирлеринде таң геўгим түскенше жамғыр токтамады, оның жаңғырығы алыс-алысларды ләрзеге салып, сай хәм жазыклыкларды сырлы шуғлалары менен жактыртып турды. Тынбай куйған жамғыр астында әтирапты кем-кем караңғылык каплай баслады. Бул жазда жамғырлар буншама ўакыт хасла созылмаған еди. Молаташ үңгири усының тәсиринде және де караңғырақ, тағы да суўығырак көринер еди.

Лекин тәғдир таказасы менен бул жерге бир кирип калғанлар ушын буның хеш кандай әхмийети калмаған еди. Бул соңғы мәнзилде олар— еки сорлы жан ушыраскан, соңғы нәпесин алып атырған адам хәм акырғы деми таўсылып атырған жырткыш хайўан — катарма-катар жатырған еди. Гөзлеп атылған оклар тийди ме, яки каңғымай окларға дус келди ме, кимлер кимлерди атты, буны ким аныклай алар еди енди? Буған карамастан, хәзир, еки жанның түпсиз тұңғыйыкка кетиўине есаплы ғана минутлар калған бир пайытында, бул нәрсенин хеш бир әхмийети жок еди.

Жаабарс бууўылып, дем ала алмас, жараларынан тынбай сорғалап кан ағар еди. Ол пүткиллей күш-куўатын жоғалткан халда, үлкен басын бийхал созылған пәнжелерине койып жатар, тиллерле дәстан болған оның узын куйрығы таң бир тасланды сыяклы, керексиз нәрседей, жерде созылып атырған еди...

Арсен Саманчин өлип баратырған жырткыш хайўанның касында, денесине-денесин тийгизип жатар еди, бул оған колайрак түйилген болса керек. «Мине енди, акыр соңында, сенин менен көристик...» деп атырғандай.

Арсеннин жамбасынан аккан кан оның кийиминен өтип, үңгирдин тасы топырағына сиңип атырған еди. Ол еле акыл-хушын жойтпаған, өмирдин бул ең соңғы мүмкиншилиги — кыял сүриўди илажы барынша узағырак услап турыўға талпынар еди. Ол болып өткен ўакыяларда өзинин канша дәрежеде айыплы екенлиги үстинде ойлар еди. Бәринен бурын ол Елес пенен көрисиўди кәлер еди. Екеўи канша бахыт хәм мухаббатка миясар болды, мине енди булардын барлығынан айрылып калмакта.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хош бол, Елес. Иске аспай қалған әрманларымыз ушын мени кешир... Ант ишкенмен... Хош бол, хош бол... Үлгере алмадым... Көзиме жас қуйылып келип атыр... Мен айыпдарман...

Хүжданы қыйнап, ол намысына тийген араб мийманларға қарата былай деди:

— Мен әзиз бенде, айыпдарман, мени ғарған, маған қанша сөз айтсаңыз да арзыйды. Сөксеңиз де, мәйли. Лекин басқа илажы жоқ еди: жалғыз усы жол менен сизлерди кәўип-қәтерден аман сақлап қалыўым мүмкин еди. Егер қолыңыздан келсе, кеширимимди қабыл алың...

Әкесиниң иниси, кәширдан әмекисине қарата сөйлегенде ол уят хәм үмитсизликтен от болып өртенер еди:

— Бектур ағажан, бай аға, мени ғарға, силе, не айтыўыңызға да хақыңыз бар. Мениң қатты қапасыз! Урыўымыздың атына дақ келтирдим! Исиңиз ўайран болды. Басқа жол қалмағанын сизге қалай түсиндирейин, ақыры? Бул шерменделикти қалай етип жуўаман? Буған мениң имканым бар ма? Мени кешириң. Лекин жаўыз нийет пенен буған қол урмадым, бул ахмақлық та, көре алмаслық та емес... өмириңиз узақ болсын, ағажан. Ол дүньяда ушырасыў мийасар болса, әкеме бәрин түсиндиремен...

Ол туўған-туўысқанларын, қыз апасы Қатийшаны, оның ерин, темирши жездесин ядқа алды:

— Басыңызға не саўдалар салдым. Мени кешириңлер... Мени әпиў етиңлер...

Қыялында Ардақ хәм оның балалары сәўлеленди:

— Мен уялып атырман, Ардақ. Мени ойлап көп ғам шекпе, басқа дәртлериң де өзиңе жетип атырған шығар. Балаларыңды абайлап өсир. Мен изимде тырнақ қалдырмай өтип кетип баратырман. Қуда бермеди, не шара...

Арсен Саманчин Айдананың алдында да өзин гүнәкар тутты:

— Айдана, кешир, сениң жулдыз болып ушқаныңды кеширe алмадым. Лекин бул сениң жумысың. Мен опера сахнасында сениң Мәңги қалыңлық болып шыққаныңды кәлеген едим. Енди тәғдир сени мениң тентекликлеримнен қутқарды. Ана Ерташ Курчалға хештеңе деме, мен өзим кейин оған айтаман. Ерташ, ақырғы күнлерге шекем сениң алдыңда жүзим қара болып қалды, сени соншама жаман көрер, жийиркенер едим, хәттеки сени өлтириўди кеўлиме алып жүрдим, буның өз себеплери бар еди, әлбетте. Лекин пикиримнен қайттым, тәўбе қылдым. Мен хаққымда жаман ойға барма, кешир мени, бирәдар...

Бирақ Арсен бурынғы класслары Таштанафғанды ойлағанда, жүдә қыйналды, қатты өксиди: Не десин? Жүзине қара жақсын ба? Нәлет айтсын ба?



— Мәйли, сен мени қурбан қылдың. Лекин сениң қандай ауыр жынаятты гөзлегениңди хеш ким билмейди. Итимал, мен қатты турмай, кәте қылған шығарман, сени жолыңнан қайтара алмағаным, бул мениң айыбым. Мен қурбан болып кетип баратырман, сен болсаң қутылдың. Енди не қылыўды бир қуданың өзи биледи.

Сизлер де мени кешириң аўылласларым. Арзымаған болса да, сизлердиң пул ислеп табыўыңызға жол қоймадым. Қуданың кәлеўи сондай болды... Аяқ асты қылмаңлар мениң атымды, намысымды, неге мен бул исти қылдым, бул жағы бир қудаға аян. Хеш ким енди буны билмейди... Хош болың, аўылласларым!...

Үлкен қар қапланының деми үзилди. Кейининен адам баласы да бир терең үхледи, оның да жаны хаўаға ушты...

Ол соңғы демин алып атырып, ақырғы минутларда алыс-алыслардан келген Мәңги қалыңлықтың муңлы сестин еситти: «Қайдасаң, қайдасаң, сен мениң аншы жигитим?» Қулағына шалынған бул лаўысқа ол сыбырлады: «Хош бол, хош бол, биз енди хеш қашан көриспеймиз...»

Ай түнги бултлар арасынан сығалады, самал жулқынып бәлент шоққыларға урар хәм ах урып үңгирлерде жоғалып кетер, буннан басқа хеш бир сес-себир еситилмес еди...

* * *

Ертеңине түске жақын Молаташ үңгири әтирапында, күни кеше қорқынышлы ўақыя болып өткен жерде, үш атлы пайда болды. Бир ер адам алдында, еки хаял оның изинде, артта киятырған еди. Булар Елес, оның қыз апасы менен жездеси еди. Олар Елести өз көзи менен көрсин, исеним пайда етсин, тәғдирдиң исине тән берсин, деп бирге алып киятырған еди, оларды мәңги айралық күтер еди.

Жездеси Жура бул жерлерди бес бармағындай билер еди. Илгериде бурынғы колхоздың қойшылық фермасына басшылық етип жүрген гезлери жоқары отлақларға шығар алдында бул жерлерге келер, Молаташ үңгирин де билер, соның ушын Елес пенен оның қыз апасын дәрхал үңгирге баслап барды. Билинер-билинбес соқпақтан өтер екен, дәслеп оқ тийип өлген боз атты көрди, оның лашы жамғырда бир күннен артық қалып кеткени ушын қарны қампайып, төрт аяғы төрт жаққа созылып, тарбыйып жатар, ер-турманлары пыт-шыт болған, ериниң өзи бир жаққа қыйсайып кеткен еди. Арсенниң мегафоны менен автомат қуралы да усы жерде шашылып атыр. Жура аттан секирип түсип, олардың екеўин де қолына алды. Ылақтырып жиберилген қурал, өлген ат Арсенниң тири екенлигине гүман туўдырар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үңгирдиң ишине ауыр бир нәрсени сезип, кеўилсиз кирди. Елес калт-калт етип дириллер, кыз апасы оның колынан беккем етип услап алған еди. Көзлерине тасланған нәрсе оларды лал кылып қойды: уйысып, қатып калған қан үстинде жансыз адам денеси хәм өли үлкен жарткыш хайўан — кар капланы жатар еди. Арсен Саманчинниң басы Жаабарстың төсине тығылып калыпты.

Елес дизерлеп кулап, Арсенниң суўыған колын сылап-сыйпар хәм тынбай жылар еди.

Хаяллар бираз ға шекем көз жасларын тыя алмады. Кыз апасы Елестиң басына кара орамал жапты. Жура үңгирден гә сыртка шығар, гә ишкериге кирер еди. Ол хаяллардың өксигин басыўын күтер еди.

Елес пыркылдап жылап, касында отырған кыз апасына былай деди:

— Хумар, сен мениң анамның орнындасаң, сеннен жасыратуғын хеш нәрсем жок. Арсенге: «Бизиң барсларымыздан колыңды тарт!» деген плакат көтерип, демонстрацияға шығаман, деп айткан едим. Ауылымызда бундай кылып болмайтуғынына акылым жетпепти. Арсен сонда хеш нәрсе демеди, лекин жүрегине от түскен екен, мине акыбети... Неге сол гәплерди айта койдым, мен ахмак?

— Кой, капа бола берме, Елес, сүйискенлердиң арасында не гәплер болмайды. Тәғдир пешанамызға усыны жазған екен. Сен жаксысы бийшараны кәйтип көмиўди ойла. Акыры туўған-туўысканлары оны көмиў түўе, еситкиси де келмей атыр. Адам өлди. Бул сорлыны жырткыш хайўанның өлигиниң касына таслап кетиўге болмайды ғой, акыры!

— Гәплериң дурыс. Лекин мен Арсенсиз калай жасайман? Бир әсир бирге жасар ма едик, бәлки. Россияда катынлар монастыры бар, деп саўда-сатлыкта жүргенде еситкен едим. Излеп таўып, сол жерге кетемен, күни-түни оның ушын дуўа окыйман, ибадат кыламан. Кудайым мени кешириўин өтиниш етип сорайман. Тек те бир нәрсеге катты ойланаман, набада кудайым маған мийрим-шәпәәт етип, бахтыма бир перзент инам етсе-ше...

— Кудай жеткизсин! Буған исенимиң камил ме?

— Негедур, күтип жүриппен. Түсимде көрдим... Егер болмаса монастырда өлип кеткеймен.

Сол ўақытта таўлардың үстинде гүрилдеп, кем-кем күшейген даўыс еситилди. Олар үңгирден шығып, үшеўи бирден айланып ушып жүрген вертолётка тигилип калды. Ол бәлент шоккыларды аралап, асырымлар үстинен келер еди. Байлаўлы турған атлар үркип, тыпыршалай баслады. Жура оларды тынышландырыў ушын жылаўларынан тутып турды. Вертолёт айланып-айланып көзден ғайып болды. Шаўкым семгеннен кейин, Жура ойлы пишинде былай деди:

— Вертолёт бийкарға келмейди бул жерге. Бул таўларда ушыў кәўипли. Бул жерде жүз берген ўакыя район орайына жетип барған болыўы керек.

— Хаялы оның сөзин тастыйыклады:

— Бул олардың иси. Бизиң тәшўишимиз өзимизге жетеди. Биз Елес пенен ойласып Арсенди кәйтип көмиўге бас катырып атырмыз. Жура, сен не дейсен?

— Не дейтуғын едим? Көмиў керек, илажы барынша тезирек. Лекин туўысканлары менен консылары көмиў хаккында тис жармады. Бакыр-шақыр, сөгис, ғарғаў менен хәмме әўере. Буның менен ис питпейди. Таўлардан ауылдың үлкен кәбирстанына мархумның денесин алып барыў оғада кыйын ис. Көп жерлерден денени зәмберге салып, алып өтиўге туўры келеди, буны бир неше адам ислемесе, баска илаж жок.

Жура канлай кылып болса да, кәўим-карындаслары менен бирликте буны шешиў керек, деген жуўмакка келди. Ырас, Арсен Саманчинниң бул кылған ислеринен журттың бәри наразы, хәмме гәзеп атына минип алған, лекин адамлар жүдә аса кеткен жаўыз жынаятшыларды да жерге көмеди.

— Ойлап көремиз,— деди пикирди даўам еттирип Жура, хәзирше ишкериге кирейик. Мен Арсенниң руўхына дуўа пәтия окымакшыман. Молла болмасам да, колымнан келгенинше көремен...

Олар және үшеўи үңгирдиң ишине кирди. Мархумның касында отырып жым болып калды. Жура арабшалап бир нәрселерди тиловат кылды, өйткени бул жерлик бәрше адамлар киби диний калималардың мәнис-мазмунын хасла түсинбесе де, кеўиллери тыныш мәлхәм болды. Үрип-әдет өз аты менен үрип-әдет тә, акыры...

Мине усы хәўескер адам окыған дуўа-пәтия пайытында Елес ойланып калды: бул куракым жаксы, кыз апасы хәм жездеси дәртин бөлисип, кейнине ерип келди. болмаса әтирапта хеш нәрсе жок, мархум менен хеш кимниң иси болмай, ол дүзде жата берер еди. Оның ашыў-гәзеби менен ойлары сырттан шаўып келген атлар дүбири хәм адамлардың даўыслары менен бөлинди.

Үңгирдиң ишине бес адам бирден кирип келди. Булар Таштанафған хәм оның шериклери еди. Олар дизе бүгип отырмады, тек те пәтияның питиўин күтип, тик аякта кабакларынан кар жаўып турды. Пәтия питиўи менен Таштанафған шөрт кесип, сөз баслады:







www.ziyouz.com kutubxonasi

— Молаташ үңгирине мина көмилген. Сизлер дәрҳал бул жерди таслап шығыўыңыз керек. Себеби ол партланады. Тез болыңлар!

Бирақ Жура қарсылық көрсетти:

— Партлаўдың не кереги бар? Бул жерде оқ тийип өлген Арсен Саманчин жатырыпты. Оны көмиў зәрүр.

— Буның менен бизиң исимиз жоқ. Биз үңгирди партлатыўымыз керек. Өли дене тас топырақлардың астында қалып кетеди. Сол көмилгени жетерли емес пе?

— Бул көмилиў емес!— деп наразы болып қышқырды Ҳумар. Мен қатын басым менен сизлерге айтып қояйын: «Алды бурын адамды көмиўди, кейин партлатыўды ойлаң. Ҳәммемиз өлемиз. Ҳәмме адамлар, соның ишинде сизлер де, ўақыт-сааты келгенде жерге қойыласызлар. Адамлардың бурышы сондай».

— Ақыл үйретпе! Тапсырма бар. Молаташ үңгири партланады. Биз соған келгенбиз. Сизлерге ярым саат ўақыт беремиз.

Сонда жүзин жапқан қара орамалын бираз шетке сүрип Елестиң өзи тилге келди:

— Қолыңызды тартың бул истен! Адамның өлими үстинен күлмең! Бундай қылмыс ушын жуўап бересизлер. Мен буған жол қоймайман! Сизлердиң өлген адамның денесин партлатыўға хеш қандай ҳақыңыз жоқ. Ол мересими исленип, жерге қойылады.

— Хей, сен өзиң ким боласаң? — деп кәҳәри келип бақырды зорға шыдап турған Таштанафған. Оның кеше бул жерде қандай аяўсыз жағдайға дуўшар болғанын Елес қаяқтан билсин? Мине енди ол өз классласының жансыз денеси үстинде жәллладларша қатал өш алыў нийетинде күйип, өртенип атыр.

— Кимлигим менен не исиң бар? Ҳәзир буны айтатуғын пайыт емес! Өлтирилген адам мине аяқ астында жатырыпты. Мен де өлиўге таярман. Мени өлтириң! Кейин партлатасыз. Кәне, тез болың! Мен таярман! Партлат! Партлат кәне! Ҳәзир-ақ партлат! Мен оның менен мәңги усы жерде қалыўды қәлеймен!

Бул қорқынышлы жағдай не менен тамамланатуғынын айтыў қыйын, лекин ортаға Жура ақыл-парасат пенен араласты:

— Таштанафған, қулақ сал, хаяллар менен бүйтип сөйлесиў жақсы емес. Олар жақын адамын жойтып, түтенип турыпты. Өликтиң төбесинде турып жәнжеллесиўге болмайды. Жүр, сыртқа шығайық, сөйлесемиз, не ислеў кереклигин мәсләҳәтлесемиз. Үңгирди партлатаман десең буған биймәлел үлгересең.

Олар сыртқа шығып бираз ўақыт жәнжеллесип турды.

Хаяллар өлгенлердиң денеси үстинде жалғыз қалғаннан кейин Ҳумар, сиңлисиниң басындағы орамалын дурыслап, дүзетип қойып, әсте-ақырынлық пенен былай деди:



— Жылама, Елес. Өлгенлердиң руўхы ҳәммесин еситеди. Өз гәпиңди айттың. Марҳумның руўхы разы болды. Қалған жағын еркеклер шешсин. Ўай не деген ҳәсирет, не деген қайғы...

Елестиң хаўазы қырылдап былай деди:

— Рахмет, апажаным. Сен ҳақыйқаттан маған анамдайсаң. Ҳәзир ойланып отырыппан, неге Арсенниң тәғдири бүйтип кери тамаңға өзгерип кетти? Ақыры ол ең ақыллы, ең әдалатлы, ҳақыйқатшыл адам еди. Мен кишкене қыз пайытымда-ақ оның газеталарда жазғанларын оқыған едим, телевизордан сөйлегенлерин еситтим. Мен оны жанымнан артық сүйетуғын едим. Муҳаббатымыз әпиўстей болып түйилетуғын еди! Соныңдай адам набыт болды! Жыртқыш хайўан менен бирге жатырыпты, бир үңгирдиң ишинде. Жаўыз адамлар оның естелигин де, денеси менен бирге жоқ етип жибермекши. Партлатаман дейди? Оншама не болған өзи? Бул оны қорлаў емес пе? Мен ушын ол муқәддес, әзиз инсан. Тек те нәресте туўылса болғаңы... Ул ма, қыз ба оның исми қалады, перзенти менен бирге жасайды.

Көп өтпей тәшўишке батқан Жура келди. Таштанды көндириўдиң илажы болмады, деди.

Ертеңге шекем ўақыт берипти, ақсақал Бектурған аға менен сөйлеседи екен. Ертең келемен, сонда ҳәммесин шешемиз, депти.

Кеште Елес от алдында отырып, тынбай соны ойлады: еслеў күнлери оның мазарының басына перзентин жетеклеп барыў несип етер ме екен?

Сонда алыс таў аралықларынан Мәңги қалыңлықтың: «Қайдасаң, қайдасаң, жуўап бер ашшы жигитим!» деген муңлы хаўазлары еситилген еди, ол әстен сыбырлап жуўап берди: «Еситип турыппан, еситип атырман сени, Мәңги қалыңлық. Мен де енди сендей болдым. Күйеўге шықпай атырып жесирге айландым, енди Қудайдан жалбарынып сорап атырман, ол мениң кеўлимди қабартпай, қабирстанға перзентим менен баратуғын етсин».

Азанға қарай аўҳал жақсы тәрепке өзгерди. Итимал, тәўбе, пушайманлықтың жолы алыс шығар, өзиндеги жаманлықты жениў қыйын. Буған ўақыт керек, налаң адамның жақсылық шақырығына қулақ түриўи аңсат кешпейди, ҳәмме заманларда бул сондай болып келген.

Таштанафғанның жигитлери марҳумның денесин салыў ушын табыт ҳәм ақ таўар алып келди. Денени асырымның жийегине дейин жеткериў керек еди, ол жерде машинада Бектур күтип турар еди. Молаташ үңгирин партлатыў қалдырылған, яки кейинге сүрилгеңге усады. Бектур ақсақал барстың өлигин сол жақта, таў ишинде көмип таслаўды буйырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шымылдыкта отырмай, жесирге айланған Елес кара кийимде табыттың изине ерди. Оның артынан кыз апасы Хумар менен оның ери Жура атларды жетелеп келер еди.

Таштанафғанның ишинде нелер жүз берип атырғанын хеш ким билмес еди Ол да матам кәрўанына косылып барар еди. Айтыўларынша, сонда оның да көзинде жас болған. Кейин өзине пүткиллей кәдирдан болып кеткен әскерий шопкисин басынан жулып алып, көринбес жарға карай ылақтырыпты.

Елес болса жол-жөнекей тәкирарлар еди: «Еситип атырман, еситип атырман сени, Мәнги калыплык. Мен еле кайтаман. Сени излеп табаман, бирге көз жасларымызды төгип дәрья кыламыз. Мени күт, тез жанына жеткейменн...»

Сол күнлери адамлар арасында мыш-мыш таркалды. Лекин оған исениў кыйын еди. Таштанафғанның еки жигити өлген барстың лашын үңгирден шығарып, таўға көмиў ушын Молаташка барса, «Үлкен баслы узын куйрык» — Жаабарс ол жерден ғайып болыпты. Түп-дереексиз жоғалыпты. Жаабарс. Пүткиллей жок болып кетипти... Кейин болса, айтыўларға карағанда, ол таў-тасларды көленке болып гезер екен. Хеш ким оны көрмеген кусайды. Лекин калың карлыкларда оның үлкен пәнже излери мөрленип жатармыш. Жаабарс бәлент кар үйилмелерин хәмийше жаксы көреди, оларды бойлап тынбай секирип, жортады. Не кылсын, пешанасы сонлай, солай болып туўылған...



## ЭПИЛОГ ОРНЫНА

Арсен Саманчин

*(Елес Жаабарсованың жәриялаўы)*

## ӨЛТИР-ӨЛТИРМЕ...

*Гүррин*

Тек те куяш канға боялмай калар...
хәмде жүйрик тулпар ийесиз шабар...

*(Лолы хаялдың болжаўы)*

Самолётты от ашып турған күшли зәбирек ағыннан шеткериге шығарып атырып, ушыўшы кәўетерден каншама кашыклағанын билмекши болып, пәске карады. Төменде калың тоғай оның самолёты менен бирликте кыялаған сыяклы, жап-жасыл болып, төселип жатар еди, кем-кем тоғай селкиллеп, түпсиз түнғыйыкка кулап кететуғынына мегзеди. Келеси мәўритте ушып баратырған самолёт кәлдин тикледи, сонда тоғай да хәп заматта өзинин туракль орнына кайтты, узактағы думанласкан көк жийек пенен еписип кетти. Әлем өзиниң бурынғы келбетин тикледи. Ушыўшының енди ғана кейпияты көтериле баслаған еди, тап сол заматта самолёттың карсы алдында күтилмеген бир нәрсе пайда болды, ол кәпелимде жүз берди, сонлыктан ушыўшы әл хаўада не менен дүгискенин биле алмады, канлайда бир көринискe ийе емес нәрсе пәт пенен самолётка тири дүғыжым денеси менен келип урылған еди. Машина кескин соккыдан селкиллеп кетти, сол мәўритте ушыўшы алдындағыны пүткиллей көрмей калды...

Булар ушып баратырып шам-шырағынан айрыла жаздаған, кутырынған есап-сансыз куслар толасы еди...

Ушыўшы кара суў-кара тер болды. Штопорға кулап кетпес ушын, штурвалға беккем асылып, ол кабинаның терезелерине жағылған канлы былғамыктан жеркенип, калшылдай баслады.

Куслар гүздиң келиўин күтпестен бул үлкелерди биринщилерден болып таслап кетти. Олар жаздың әйне кызғын пайытында тода болып, және бөлекленип, түнде де, күндиз де ушып барар еди, ушканда да уясындағы басып атырған мәйеклерин шығармастан, азык-аўкат сорап, мойынларын созған, еле гүмисыктан аўкатландырып атырған палапанларын таслап барар еди. Ең соңында, түни менен кыйғырғанын койып, батпаклыктың баяғыўлылары изсиз кетти.

Тоғай хайўанатлары тым-тыракай каша баслады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әтирапта бир неше шақырымға созылған, қара түтин қаплаған тоғайзарлықлар жанып жатты. Әсир бойы бой тиклеп турған тереклер, тилдиман қарағайлар қайнаўытқа шыдамай шатырлап қулады. Изли-изинен жиберилген артилериялық атылыслардан, миналардың жарылыўларынан, аспаннан түскен бомбалардың, танкилердиң шабулларынан, оларға қарсы ашылған отлардан ләрзем алып, жер силкинди... Жарылыўлардан зақымланған дәрьялар кенарынан шығып, әтирап даланы хәм қырларды суўға толтырды. Қандайда бир танк суў толы терең қамбаға түсип кетип, ашық далаңлықта, пушкасының басын аспанға қаратыўы менен қатып қалды...

Мине буның барлығы хәр күни қайталанар, ол бул шегарада, әскерий тил менен айтқанда, фронтлардың бетпе-бет келиўи себепли хасла тоқтай алмас еди. Фронт фронтқа қарсы турыпты. Еки тәреп те қарсыласының шегарасын бузып өтпекши, шешиўши соққы берип, душпан бекинислерин хәм тылын қыйратпақшы, тири күшлерин ныпқырт етпекши. Еки тәреп те биринши болып бекинисти жарып өтиўди, биринши болып хүжим жасаўды алдына мақсет етип қойған...

Бирақ бул ўазыйпаны бежериў хеш кимниң қолынан келмей атыр. Мине сонлықтан күн қуры емес, позициялық урыс хәўиж алып, созылып атыр...

Ал ўақыт болса, өз жөни менен өтип атыр. Тап гүздиң келиўине шекем, әскерий хәрекетлер театры, деп аталған бул кеңисликте қураллардан атылған оқлар күндиз де, кеште де, жамғыр шелеклеп қуйған пайытларында да тынған емес... Қуслар сол жылы өзиниң уяларына келмей ақ қойды, басқыланған шөплер гүллей алмады, дән бериўге шамасы жетпеди.

Бири-бирин қыйратыўды мақсет еткен фронт алды штаблары сол ўақыт ишинде жаңа, тез иске асырылатуғын жобаларды ислеп шықты, жоғалтқан шығынлары хаққында, өлген хәм жарадар болғанлардың саны туўралы қупыя мағлыўматлар берди, сонда еки штаб та, бир тақылетте, соққы көрсетиў күшин көбейтиў зәрүрлигин дәлиллеп, бир аўыз бенен өзлериниң Жоқары бас сәркардаларынан тағы да қосымша тири күшлер менен тәмийинлеўин, техника, қурал-жарақлар жибериўин, биреўи жаңа өмирлик кеңликлерди басып алыў идеясын әмелге асырыў ушын, екиншиси — сол кеңисликлерди душпаннан қорғап қалыў ушын, сорар еди. Бирақ олардың мазмуны не мәписте болмасын, биринши хәм екинши жағдайлар итибарға алынып, қосымша күшлер келер еди, олар саўашларда азайып, тағы орынлары толықтырылар еди...



Урыс ақыбетинде ўайран болған жайлары жаз мәўсими тамамлана баслады хәм урысып атырған еки тәреп ушын да, соңғы таярлық мүддети келип жетти, ең соңғы шек, буннан кейин топылыс басланып, жер үстинен тоқтатып болмас күш хәрекетке киреди — хүжимге тақ турған қорған жылжый баслайды...

Тек те қуяш жүзи қанға боялмай қалатуғын бул уллы атланыста қуслар мәканын таслап кеткен бул үлкелерге тәғдир сол дәўирде, бәлким, усы кәўстерли ўақыя ушын жаратылған, есап-сансыз адамларды айдап қойды.

Олардың бири бул жерге әптаблы Азияға тутасып турған Волга бойындағы Саратов қаласынан жиберилди. Эшелондағылардың барлығы да, фронтқа баратырғанын билер еди дә, бирақ қайсы фронтқа, қайсы жерге баратырғанын билмес еди, ол жоқары дәрежедеги басшыларға ғана аян еди, солдаттың буның менен не иси бар — қайда жиберсе, сол жаққа бара береди... Бирақта, буларды Москваға алып баратыр, дегенди айтты, оның аржағы белгили — фронт еди... Ырастан да, солай болып шықты. Бул атланысты алдын ала болжаў онша қыйын емес еди.

Саратовтан күнниң ақырында шықты, дем жетиспейтуғын тымық түнги жолдан соң, жаз даўамында Волга бойы сахрасының әптабында күйреп, сыйдамланып қалған жазықлық басланды, әтирапқа қарасаң, гә жақынырақта, гә темир жолдан бираз арырақта жасыл майсалы тоғайзарлықлар көринеди, қыл қәлем ийеси дөреткен көринислерге мегзес, қарап көзиңди ала алмайсаң. Хәттеки, солдатлар хәм қурал-жарақлар менен толтырылған бөлмелердиң ашық есиклеринен жағымлы, салқын самал есе баслады. Соң тоғайлық жолға әбден жақынласып қалды.

— Қараң, не деген шет-шебирсиз тоғайзарлар басланды! Русь жери, ана Россия — деп гүбирленди, тап бир өзлери Россиядан емес, басқа бир елатлардан киятырған сыяқлы.

Олардың ишинде қатарларына қарағанда оғыры жас, сылбырлаў, үстиндеги солдат кийими әкесиники сыяқлы ғолпылдап турған — Сергей Воронцов исмли жас өспирим жигит бар еди, взводта оны, — дәрўиш Сергей, ямаса Сергей ата, деп шақырар еди. Олай деўиниң себеби, бул жигит Қудай хаққында еслеп, Қудай бул сүўрет емес, ал барлық, хәдийсе, деген еди, ал ол қандай хәдийсе екенлиги хаққында сөз болғанда, оның шын мәнисин хеш ким түсинбеди, лекин, тек соның өзи мазақ қылыўшыларға, оның үстинен күлип, ширкеў тили менен оны — дәрўиш Сергей, деп атаўға жеткиликли еди. Олар жүдә мәс болып қалды-Воронцовтың жасы жаңа ғана он тоғызға келген еди, соның ушын бундай ақыллы баланың үстинен күлмей не қылсын. Ал ол болса, буған қапа болмады. Сергей вагон есиклериниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

ортасындағы бирикпеде саатлап турар, хәммеден көбирек сол жерде ўақытын өткерер еди. Биреўлер карта ойнап, ал басқалары кешеги вокзалда буларды узатып салыў мересиминен қалған азы-кем инимликлерди туўесиўге мейиллескен, бийкаршылық нәтийжесинде қоғалыстың шаўқым-сүрени менен араласып, хәр қыйлы өсек гәплерге берилмекте, тағы биреўлери – жолда ўақтын босқа өткермейин деп, зериккенисен қосық айтып атыр, ал Сергейли болса, есик тәреп көбирек қызықтырмақта — ол тусынан зырлап өтип турған көриниске айрықша итибар бермекте. Хәммеден көбирек, балаға тән қызығыўшылық пенен нәзер таслап турғанының мәниси-жаслығында, мектепти питкергеннен кейин, Москваға оқыўға түсиўди көлегени менен, хақыйқый Россия жазықлықларынан ол түнғыш мәртебе өтип киятырған еди, енди бунын барлығы өтмиш, поезд оны урыс майданына алып баратыр. Эшелондағы өмир өз алдына, ол қозғалыста, жез шәйнеклерди алып, станцияларда қайнар суўға жуўырыўы менен, солдат азық-аўқатларын жеп, Волга бойындағы әскерий лагерьде өткерген үш айлық азаплы күнлерди еске түсириў менен өтпекте. Сонда хәр сапары өзине таныс емес, бурын көрмеген, ал басқалар ушын тан емес нәрселерге дус келгенде, ол қасында турғанларды түртип, анаған қарай-ғой, деп таңланар еди. Сондағы көргени: темир жолға жақын етип салынған, кесилген теректен тикленген аўыл, пишенлик өскен айдынлы көл, қандайда бир өжет адам сыйырды минип баратыр, әне нағыз шабандоз, заводқа жақын жердеги ашық майданда бөлент трубадан атлығып жанған нефть жалыны. Сергей бунын барлығын түсиндирип, жалын артықмаш газлы сыртқа шығарып таслаў ушын жағылады, мениң әкем жумыс ислейтуғын кәрханада да усындай труба бар, дейди. Қараңғы, қысқы түнде, қар жаўып турған пайытта бул оғада сулыў көринеди: қаңырық қарлар айланып жүреди, ал аспанда болса – жақтылы от. Жаңа жыл кешесинде олар анасы, қарындаслары менен жылынды тамаша етиўге шығар еди, аппақ қарды қытырлатып, қол усласып жүреди. Үйине қайтып келип, жыллы, жап-жақты үйде тахмақлар айтады, анасы бөрек берип сыйлайды, қатал бухгалтер әкеси де бул түнде қуўанышқа бөленеди. Өй, жилли ләрўиш-әй, енди хәмме күлисип атырғанда, тахмақ хаққында, бөрек туўралы ойлады... Фронтқа кетип баратырған болса да!

Кишкене бир станцияға келгенде поезд бурынғыдан көре әсте қозғалды, гейўгим түсе баслаған еди Сергей хәмменин дыққатын бомба жарылған, сонлықтан қосымша жолға шығарылып қойылған жарақатланған паровоз хәм вагонларға қаратты. Оған хеш ким жуўап бермеди, лекин хәммеге бир ой келди: бомба астында поезд



қалай жанған екен, фашист самолётлары қалай хүжим жасаған, бул вагонның ишлеринде нелер болған екен? Нешшесине оқ тийген, нешшеси вагоннан секирген, нешшеси жанып кеткен? Бул олардың нәзерине дус болған урыстың дәслепки көринислери еди. Қәбирстандағы сыяқлы тым-тырыс ушырасты хәм тып-тыныш тарқасты. Махорка салынған темекилерин ойлы пиншинде түтетип, көпшилик үнсиз қалды.

Бирақ жолда баратырғанда, Сергей кимниндур қолынан тартып сөйлегенинде қызықлы ўақыялар да болды:

– Анаған қара! Қудықлар, көрдиң бе, дым қызық? Қудықтың үстинде қалпағы бар, қағазға сызып, бир нәрседен кесип ислегендей! Не деген сулыў!

Бул хәрекетине бола ол үстинен мазақлаған гәплерди еситти:

– Ал сен қудыққа қарама, оның қандай екенин не қыласаң! Сен ана қудықтан суў алып атырған қызға қара. Оның денесиниң күнге күйгенин, бөксесиниң қандай екенин айтпайсаң ба! Ал сен қудықты гәп етип турсаң! Эх, ләрўиш, мен сениң орнында болғанымда эшелоннан секирер едим, бирақ қашқынға шығарып қояды дә!

Оғыры күлиспек болды!

Соны да айтыў керек, адамлар демнин арасында оның тап сондай аңқаў, салпаң қулақ ләрўиш, еле аўзынан сарысы кетпеген бала екенлигин билип алды, қарайтуғын жаққа қарамайды, лекин Қудай тала бойды берген, жаўырынлары да қақпақтай, ой-пикири де жаман емес, бирақта, хақыйқатына келгенде Сергей еле жас өспирим, уялшақ хәм таңқаларлық инсан еди. Сергейдиң өзи де тейде бул мәселеге келгенде уялшақлықты әллe қашан артта қалдырған, басқаларын айтпағанда, хаяллар менен емин-еркин қатнас жасай алатуғын досларына қарап, күйинип, ойланып қояр еди. Ал ол ше! Мухаббатқа мегзес қандай да бир тарийх басынан кешти, лекин ол да қолайсыз, күлкили болып тамамланды.

Мине кеше тағы да, вокзалда поездға минерде, оғада таңқаларлық, мүмкин, қызықлы, бәлким, әйтеўир-ақ шығар, бир ўақыя жүз берди... Кейин пүткил жол бойы ядынан шықпады. Адамлар бир көргеннен оның ким екенлигин, сумлығы жоқ ләрўиш екенлигин билип алды. Бунын барлығы соннан...

Күтпегенде мынандай ўақыя жүз берди, булардың бөлимлерин асығыс жөнелтетуғын болып, таң азанда сүрен көтерди. Неге булай еткенин айтыў қыйын, лекин буйрық сондай еди. Урыс болып атыр, барлығы усының менен түсиндирилетуғын еди. Буйрықтың аты буйрық. Хәммени тезлик пенен жыйнаў керек. Көп узамай олар қала әтирапындағы лагерьден жаяў әскерлер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

рота изинен рота дизилип, Саратовтын шетки көшелерин бойлап, станция тәрепке карай бағыт алды... Бул колоннанын көпшилиги әскерликке алынған саратовлылар еди. Көшелерден өткен олар өзлеринин турак жайлары хәм үйлеринин тусынан, жумыс ислеген фабрикаларынын касынан өтип баратырған еди. Бул жерлерден калай тыныш өтеди? Барлык тарийх усыннан басланды. Бирақ хеш ким саптан кашыўды кыялына да келтирмеди, бундайды командирлер кеширмес еди, лекин жазғы ашык терезелерге карап, туўысканлары менен хошласпакшы болып кыйғырып даўыслағанлар да табылып калды. Өтип баратырғанларға кол былғап, сәлемнамалар да жолланды. Хәўлилердин түрли тәреплеринен балалар шығып, журттын дыккатын өзлерине каратып: «Солдатлар киятыр! Кызыл әскерлер урыска баратыр!» деп бакырысты. Онын үстине хаяллар, солдат зайыплары, карындаслары, консы-кобалары шыкты! Барлығы араласып кетти, тап усыны күтип турғандай, үстилерине не барын илдирип, ким тәпишкиде, ким жаланаяк, хәккелеклеп секирип, жуўып атырған, еле кеппеген басына сүлги орап, кими көйлегинин тесик екенлигин де умытып, олар жуўырып жүр. Солдат етикли, катарда кетип баратырған әскерлерден калыспай, урыска жөнетилген оларға хак жол тилеп, Куда яр болсын айтып киятыр, олардын барлығы да бул мәўритлерде тууыскан хәм каналаслар болып кеткен еди. Жуўырып киятырып, олар изли-изинен: үйге, Саратовка, Волга бойына аман кайтын, туўылған жерге аман-есен кууысын, деп тилек билдиреди, ал бир хәсиретли бийшара хаял: «Сталинге данк! Сталинге данқ!» деп кышкырып атыр. Ал оннан кейин станцияға жакынлаған ўакытта, айралыкты сезип, хаяллар басларын кос-коллап кысып, айтым айтып, өзлери хаккында, пешанасына жазылған аўыр тәғдир туўралы жылай баслады, себеби фронтка жиберип, олардан мәңгиликке айрылып калатуғынын сезер еди, олардын пүткил өмири енди урыска курбанлыкка бериледи, жесирлик пенен кайғы-хәсиретте өлип кетеди...

— Кәне, хаяллар, кышкырыкты токтатын! Козғалыска кесент келтирмен! Таркалынлар!

Бирак командирлердин айткан өтинишлери хәм катал буйрыклары оларға тәсир етпеди. Олар солай: солдатлар катарда сап дүзеп, ал олардын касында хаяллар менен балалар, Саратовтын кыйсык көшелерин толтырып, гә жокары көтерилип, гә төмен түсип, Волгадан кем-кем алыслап бара берди...

Айралыкты бул дәрежеде кыйын болады, деп Сергей хасла ойламаған еди, ол өмиринде биринши мәртебе көпшилик пенен хошласты. Кеўли алғаў-далғаў болды, сонда да, касында бирге адым атып киятырған көпшилик пенен бирге өзин нык, кеўилли



туткысы келди, ушырасканларға колын былғап: хеш гәп, барлык кыйыншылыкты женемиз, дегиси келди. Енди баска не кылады? Ал бираздан кейин ол өзине келгенде әбден капаланды, себеби туўысканлары менен хошласа алмады, онын ата-аналары оғада картайған адамлар еди, бул олардын ен генжетайы болып туўылған еди. Бир кыз апасы, Казакстанда, Кытай менен шегарада, әскер заставасында туратуғын еди. Екиншиси, Вероника, усы жерде, Саратовта, онын күйеўи фронтта, тирилигинен де, өлигинен де хабар жок. Онын кишкентай баласы бар, өзи жумыста, нәрестесин карап турыўға картайған анасына калдырып кетеди, ал әкеси болса, пүткил өмир бойы Волга бойындағы нефть өндириў кәрханаларында бухгалтер болып ислеген — Воронцов Николай Иванович бул ўакытта емлеўханада көптен бери аўырып жатырған еди. Бул хаккында Вероника күни-түни әскерий иске үйретип атырған кала жанындағы лагерьге, булардын әскерий бөлиминин дала почтасына жазған еди. Туўысканларға барып көриўге руксат жок еди, бул хатларда Вероника кыйналтанларынын барлығын айтты, жумыска, үйге, әкесинин кейнинен емлеўханаға барыў, хәммесине үлгериўдин кыйын екенлигин баян етти. Ол мийирман, барлык туўысканлары ушын жанын пидә етип жүретуғын еди. Ол өзинин әжапасын ашык минезли, хәмме нәрсени жасырмай айтатуғыны ушын да жаксы көретуғын еди. Бирак әжапасынын сонғы хатына Сергей жуўап бермеди, жуўап бериўи кереклигин де билмеди, хат оған колайсыз, катты тәсир еткен еди. Кеўлинде аянышлы сезим калып кетти. Вероника оған Наташа хаккында жазған еди, бунын барлығын ол каяктан еситкен? Онын класслaсы Наташаны мектепте «коминтерка» деп атайтуғын еди, себеби Наташа жетинши класстын өзинде Коминтерн хаккында, Испанияда Коминтерн бригадалары жер жүзинде рабочий хәм дийканлардын бахты ушын гүреси атырғаны туўралы косык жазып, оларды Москваға жиберип, ол жактан буған алғыс айтылған хат келип, бул мектеп ушын үлкен ўакыя болып, оны ол хәммеге окыткан еди. Шаккан хәм зәберлес Наташа — коминтерка сон мектеп белсендиси болып, барлык жыйналысларда шығып сөйлеп жүрди, оны хәмме таный баслады, ол да хәммени билди. Бир мәртебе бәхәрде, урыстын алдында мынандай ўакыя болды. Ол бунын менен мектептеги кешеде танцы ойнады. Онын өзи буны танцы ойнаўға сүйреп алып кетти, ол терезенин алдында вальс ойнап атырғанларға карап турған еди, ол бунын касына келди де, ойнап атырған жигитти калдырып, бунын колынан тартты: «Кеттик, Серёжа, хәммеден көре сенин менен танцы ойнағанды калеймен» деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қыздан кеширим сорады, тап пионер-вожатыйынан кеширим сорағандай етип, сонда қыз буның ийнине ғана келип турған еди. Бул қызға бундай батыллық қаяқтан тап болған? Ал бул болса, тап көптен бери соны күтип турғандай, қызып кетти. Олар танцы ойнап атырған аламанға қосылды. Мине барлығы соннан басланды.

Сергей шылап болмас азап шеге баслады, көплеген танцы ойнаўшылар арасында геллеси айланып кетти, денени ҳәм дем алысты қыздырып, вальс ойнаўшылардан көзге көринбес жалын лаўлап шығар еди, сондайда ынтығып, ләззетли ҳәўеске берилесең. Сол заматта ол көпшиликтен зеригип, шетке шыққысы, аламаннан алыслап, Наташа менен екеўин хеш ким көргенин кәлемей, аспанға ушып кеткиси келди, қызды баўырына басып, пәрўаз етип, уша берсе, уша берсе. Ал Наташа — коминтерка резинка сыяқлы созылғыш ҳәм ийкемге келгиш еди, жигит дәслебинде өзин ирккен қолайсызлық кетип, тез арада айрықша жақынлылық сезими пайда болғанына таңлана баслады, енди жүрек шеңнен тыс қатты соғып, оны иркиў ҳасла мүмкин болмай қалды. Енди оны тартылыў күши кем-кем ийелей баслады, буған әбден жақынлаған оның жүзинен қызғын дем алысы сезилди, албырағанынан не болып атырғанын түсинбеген ол қыздың жүзин дурыслап көре алмады. Тек те кәпелимде қыз: «Мен билемен, Серёжа, сен мени жақсы көресең, сен мени әрман етесең!» дегенинде — ол оның ушқын атып, күлимлеп турған көзлерин ҳәм анайыдан жақынлай баслаған сулыў жүзлерин көрди.

Сергей қатты қысынып кетти, бундайды ол күтпеген, буған таяр емес те еди, сонлықтан танцы епкинин жойтпай, айланыўды даўам етти. Жуўап ретинде таңқаларлық көше сөзлеринен бир нәрсе айтқысы келди, басқаларда бул келисип кете қояды: айтқанына хайран қаласаң, ал бул айтса, гәп басқаша, мәнили болып шығады. Ол қызға өзиниң оны жақсы көретуғыны, айрықша унайтуғыны жөнинде айтыўды ойламағанын билдиргиси келди. Бирақ Наташа оның ойларын алдын ала анық билип, пикирин өзгертип жиберди. «Жуўап бермей-ақ қой, Серёжа, жуўап беремен, деп әўере болма! Мен ойнап айтып едим. — деди ол нама ырғағына қосылып басын шайқап айланыўы менен. — Бирақ билесең бе, мен сениң ишиңдегини билемен, не айтажағыңды түсинемен. — Наташа айтқанлары еситилсин деди ме, залдың шетинде иркилип қалды. — Кимниң қалай ойлайтуғынын мен алдын ала билемен. Райкомда мени алдын болжай билетуғын комсомолка-пропагандист, дейди. Мине мен сени көрип турыппан. Сен мени жақсы көресең, жақын арада буны маған айтасаң! Сен өзи басқаларға ҳасла усамайсаң. Ойлаўларың да, пүткиллей



басқаша! Пикириңди топлап алыўына көп ўақыт кетеди... Мен бәрин билемен. Сен өзи қызлар менен хеш қашан, хеш нәрсеге бармағансаң! Солай емес пе? Әлбетте, бул анық! Оны жасырмай-ақ қой! Мен буны көзлериңнен көрип турман! Жақын арада ҳәмме саған жабысады! Сонда сен умытпа! Мен биринши мен! Сен мениң менен боласаң! — Олар тағы да танцыда айланып кетти. Наташа тыным таппады: — Бәрқулла бирге жүремиз. Мен жыйналысларда шығып сөйлеймен, ал сен — газеталар ушын жазып аласаң, журналист боласаң. Сен жақсы жаза аласаң, мен билемен. Билесең бе, мен шаққанман, мен сөзди келистирип айтаман, ал сен болсаң ақыллысаң, маған өзи усындай адам керек. Түсиндиң бе?»

Мине усындай әңгиме болды, ойын гәп пе, яки ҳақыйқат па? Бул ҳаққында ойланып отырыў керек пе, яки умытса бола ма? Бирақ сол күни түнде Сергей уйқыламады, тап бир электр тоғы урғандай, азанға шекем арман-берман дүнап шықты. Буннан кейин ол қызға хат жазбақшы болды, кейин оны жыртып тасланды. Шын мәнисте хат жазыў орынсыздай сезилди, ал тек те бир ермек ушын, оған жағымпазланып жазыў, Сергей ушын қызық емес еди.

Ол ўақыттың өтиўи менен тынышланды. Кейин, ол мектепти питкерип, пединститутқа түскеннен кейин, сол жылы жазда урыс басланып кетти, олар жол үсти еки мәртебе ушырасты, бирақ муҳаббат ҳаққында гәп етпеди. Ҳәр сапары Сергей бурынғы әңгимеге айланыўды күтер еди, бирақ өзи ол ҳаққында гәп қозғамағанлықтан, қыздан да хештеңе шығара алмады. Бул тарийхты умытқан дурысырақ болар еди, бирақ әскерликке шақырыў қағаз келгенде, барлығы керисинше болып кетти. Сергей шыдап тура алмады, қыз жасайтуғын көп қабатлы жайға жетип барды, ол тамға сүйенип, тәшўишленип, гә кетерин, гә кетпесин билмей турды. Күткени алдынан шықты, қыз үйине қайтып киятыр еди. Барлығы күнделикли ўақыядай кешти. От сөнип атырған пайытта усындай болады. Ол сөнбеўи ушын көбиў шақаларды табыў керек. Сергей оған әскерликке кететуғынын, хошласыў ушын келгенин айтты. Қыз буны әдеттегише, жай парахат қабыл етти, ҳәзир ҳәммени армияға алып атыр, деди ҳәм хат жазып тураман, деп ўәде берип, жумыслары бойынша асығып турғанын айтты. Дала почтасының мәнзилин ол тезирек жеткерсе болды. Сергейди бул қуўандыра баслады, тап соның ушын, хат алысыў мәселесин шешип алыўға келген сыяқлы ашылысты, себеби хатта жүзбе-жүз турғандағыдан көбирек нәрсени айтыў мүмкин, көўлиңнен шығара алмаған нәрселериңди хатқа түсиресең. Деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен катара жазған үш хатына ол қыздан ўәде еткен жуўапларды ала алмады, ол хатты интизарлық пенен күтип еди, ядына хәр қыйлы сөзлерди, итибарлы жуўапларды келтирип жүрип еди. Сөйтип жүрип солдатлық тәшўишлер менен үмит сөне баслаған бир пайытта, кәпелимде қыз апасы Вероника, қаяқтан билип алғаны белгисиз, Наташа-коминтернканың өзинен бираз үлкен адамға турмысқа шығып атырғаны туўралы жазыпты, жүрттың айтыўына қарағанда, ол адамның буннан бир жыл бурын хаялы қайтыс болған, онын қолында фронттан азат етилгени хаққында қағазы бар қусайды. Буннан кейин Вероника былай деп жазыпты: «Серёжа, қәдирдан иним, булар ушын хасла қапа болма. Мен сени билемен ғой, сен түрли романларды оқығансаң, барлығына китаптың бетлериндегидей етип қарайсаң, ашыныи қайғыланасаң. Бирақ сен олайислеме. Билесен бе, сен пүткиллей басқа адамсаң. Сизлердиң жаратылысыңыз хәр қыйлы. Ол қыздың кәлбин қыйнамай-ақ қой, демек турмысқа шығыўды кәлеген екен, бул оның жумысы. Сизлер бир-бириңизге сай емессиз. Маған исене бер. Урыс тамам болып, сен үйге тири хәм саў болып келсең болды, ал сениң менен қандайда бир қыздың бахытлы болатуғынына мениң иманым кәмил, Серёжа! Тек те сен қапа болма, кәдирдан инишегим. Тезирек бизлер таманға жетип кел... Урыс тезирек тамам болса болар еди...» Мине хаттың мазмуны. Бирақ, ҳақыйқатына келгенде Наташа-коминтернка менен олардың арасында хештене болған да жоқ, тап бир қыйналатуғын. Лекин әжапасы бәри-бир оны тынышландырғысы келди. Енди бул Наташа менен өткен, питпеген тарийх, шала умытылған түс сыяқлы, оның он тоғыз жаслық өмириниң бир бөлеги болып өтмиште қалды. Бул ўақыялар менен ол, өзин де дурыс түсинбей, қурамалы сезимлер хәм хәсиретлеринен толық қутыла алмай, тәжирийбесиз кәлби исенгиси келген халда фронтқа атланды. Ол өзиниң балалығы өткен қаланың көшелерин бойлап, шубырысқан хаяллар хәм балалардың қоршаўында, әскерий жүрис пенен урысқа кетти. Баратырып узатып салыўшылар арасында әжапасы Верониканың болмағанына өкинди, егер асығыс түрде буларды жөнететуғынын билгенде ол хештенеге қарамастан соңғы хошласыўға келетуғын еди.

Бирақ дүнья кәраматларға толы дейди. Бәлким, бул соныңдай бир жағдай шығар. Оның әжапасының келе алмай қалыўын тәғдирдиң өзи кәлеген болар. Булар хаққында ол жолда баратырып, вагонларға отырғаннан кейин, тынышлана баслаған соң ойлады.

Олар вокзалға қарай бағыт алған бир ўақытта, аламан арасынан бир цыган хаял шығып қалды. Ол қаяқтан келип қалды, бир кудайға аян шығар, бирақ Саратовта жазғы пайытта цыганлар көп болады. Цыган хаял өзиниң қарапәрен келбети, жуўырғанда шайқатылып, салбыраған жез сырғалары, ашық ийнине жамылған орамалы, жерге сүйретилген кең жийекли көйлеги менен көзге тасланар еди. Енди цыганның аты цыган дә! Көшедеги адамның хәм хәрекеттиң көплигине қызықсынып, ол да колоннаға қосылып келе берди, қышқырып бир нәрселерди айтты, ымлады, сап тартып баратырғанлар ишинен биреўди излей баслады. Солдатлар оған жуўап ретинде түсинбеўшилик пенен ым қағысты, цыган хаял сени излеп жүрген жоқ па, деп бир-бирин ийтеристи. Сонда сапта киятырған биреў сөйледи:

— Хей, цыган, мен мындаман! Еситип турсаң ба? Бул мениң өзим ғой! Сен маған пал ашып бермекшимисең? — Хаял жуўап ретинде: қашан болмасын бир ўақытта пал ашып беремен, ал хәзирше излеп жүрген адамын өзи таўып алмақшы екенлигин айтты. Тап оның айтқанындай болды.

Көп узамай ол жуўырып баратырып, бәлким, оған жоқарыдан берилген сезим менен, бәлким, көзи ашықлығы менен, излеген адамын таўып алды. Таң қаларлығы, қатарда баратырғанлардың ишиндеги бул инсан Сергей болып шықты. Неге енди ол? Неге енди тек те оған, Сергейге қарата сөйледи, қатарласып киятырған бул цыган хаял:

— Хей, тыңла, жигит! Тыңла мени, эй, сен, қара қаслы жигит, шетки қатарға шық, қолыңды маған бер, мен саған келешек жолыңды айтаман, бахтыңды болжап беремен!

Сергей сапта үшинши қатарда киятырған еди. Гәп бунда емес, ол күтилмеген жағдайда не ислеўи кереклигин билмеди. Усы күнге шекем оған хеш ким пал ашпаған, бахтын болжамағын еди, шаңарақтағылардың хәммеси бундай сыйқырлы нәрселерге исенбес еди, әкеси картаға да инанбайды, анасы да ырымға берилген емес, мине енди қандай да бир нәрселер тап болып атыр.

— Керек емес! Мен буны кәлемеймен! — деп бақырып сөйледи ол цыган хаялға ийинлерин қысып, қарсылық билдиргенине қысынып, бәлким бундайда кеширим сораў керек шығар, бирақ неге, не ушын? Соның арасында қатардағылар гиж-гиж бере баслады, цыган хаял кимге пал ашыў кереклигин қалай билген, бизиң дәрўишти қалайынша жақсы көрип қалған? Буннан басқа кимди жақсы көрер еди? Ол, ишимизде тек бир өзи кудайға сыйынады, мине соңлықтан оның әйне ўақты келди!

Ким не десе де цыган хаял оннан алыслап кетпеди:

— Тыңла мени, эй, жигит, қарсылық көрсетпе — бул тәғдир!

Биреў гәпке араласты:

— Оның аты Сергей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сергей? Эй, Сергей, кәлирданым, эй, кара каслы! Мен саған айтып турман, бул тәғдир, карсылык көрсетпе. Сергей, сен еле жассаң, сениң келешек тәғдириңди айтып беремен! Шын кеўилимнен пал ашаман. Пешанаңа не жазылған болса барлығын ашыктан-ашык айтаман!

Сол ўакытта кандай да бир ахмаклар оған карай сөйледи:

— Кәне, кесент етпе, цыган катын! Көрип турсаң ғой каякка баратырғанымызды.

— Ал мен кесент етпеймен, мен тек те кетип баратырып-ак колына караймаң!

— Армаған кет, кесент етпе, саған айтып атырман!

Цыган хаял онша жас емес, жүдә гарры да емес еди. Сергейдиң баклаўы бойынша оның жүзинде ахмаклыктың излери көринбеди, керисинше, әжапасы Верониканикине мегзес — ашык минезлилик, мийримлилик сезилди. Вероника мудамы биреўге жаксылык ислегиси келип жүреди, соның ушын да оған тыньшлык жок. Аўа, ол Вероникаға жүдә уксас еди. Бәлким оның: «Саған әжапаң сыпатында айтаман! Иниме айтып атырған сыяклы сезип атырман өзимди!» деген гәплеринен кейин усындай түйилген шығар.

Цыган хаял аламан ишинде адасып калған ўакытта, Сергей оны әбден аяп кетти, ол өзин гүналай баслады, айтканына көниўи керек еди, неге ол буншама уялшак? Жаксы ис болмады.

Көп узамай олар сап дүзеўи менен станцияға жетип келди, рота рота менен, взвод взвод пенен, әскерлердиң изинде шубырыскан саратовлы аламан ғаўырласып, шаўкым биразға шекем токтамады. Жолларда эшелон есиги ашык вагонларға әскерлерди мингизиўге таяр турған еди, узыннан-узак вагонлар, акыр-аяғы көринбейди.

Кәпелимде тәшўиш басланды. Енди кайсы взвод кайсы вагонға миниўи керек, олар вагонды жағалап киятыр, ал ол жерде хаяллар, балалар аяк астында былғасып жүр, хеш кандай күш оларды кайтара алмайды.

Отырғызыў әлеўир ўакытка созылды. Күн болса ыссы, ал перрон тығылыс еди. Отырыўға гезек күтип турған Сергей цыган хаял хаккында пүткиллей умытып кеткен еди, кәпелимде ол аламан ишинде тағы да пайда болды. Барып турған өжет екен, түбинде буны таўып алды.

— Эй, Сергей! Мен сени излеп жүрмен! Карсылык көрсетпе, жигит, мени, цыган хаялды тыңла. Тәғдир саған жолға жөнер алдында пал аштырыўды талап етип тур. Карсылык көрсетпе, урыска кетип баратырсаң, пешанаңа не жазылғанын билесең.

Сергей буған куўанып кетти:

— Болады. Палыңды аш, егер керек болса. — Ийин калтасын аяғының астына койып, автоматын ийнине илдирип, ол колын хаялға карай созды.



Мине усылай, поезға отырар алдында, взводлас жолдасларының коршаўында пал ашыў басланды. Цыган хаял оның колларындағы сызыкларды дыккат пенен көзден өткерип, бир нәрселерди сыбырлап, ерinлерин жыбырлатып, геллесин шайкады.

— Ой, урыс оғыры үлкен, көз көрмеген, кулак еситпеген дәрежеде жүз береди. Ой, тәғдир, тәғдир! Тек те куяш канға боялмай калады, хәм де жүйрик тулпар ийесиз шабады, — деп гүбирленди ол, белгили бир адамға карамастан, ал кейин, Сергейдиң көзлерине карап косып койды: — Сенде түсиниксиз мухаббат болған екен. Ол саған, тилекке карсы, кайғы әкелипти. Сен пәк екенсең, жазылмаған кағаз сыяклы.

Сол ўакытта дәрхал солдатлардың күлкилери шыкты:

— Түсиникли ис, бизиң дәрўиш бир нәрсени баслаған екен дә-бирак келиспей калыпты!

— Келиспей калған! — деп гәпке араласты буны кемситип биреў. — Сизлер тек те тисиңизди кайраўға жарайсызлар. Бизиң дәрўиш жәбир шеккен, караптан-караң, ал ол урғашы болса, куйрығын былғанлаткан да кеткен, өзи де сондай екен-дә! Ал бул кандай пәк болса, тап сонындай болып кала берген!

— Сен оларды тыңлама, жигит, сен мени тыңла, — деп колын силтеди цыган хаял. — Енди баска колыңды бер хәмде тек те мени тыңла.

Сергейдиң шеп колын нәзеринен өткерип, цыган хаял бир түтам болып калды, бир мәўрит үнсиз турды, кейин салтанат пенен былай деди:

— Сен өлмес адамсаң! Жүрегим соны айтып тур. Мине көрдиң бе, сен өлмес адамсаң! Сениң жулдызың сондай! Мен буны билдим! Соның ушын да сениң кейниңнен калмай жүрдим!

Әтираптағылардың барлығы козғалысты. Не кыларын билмей, Сергей делбелерше мыйык тартты — куўаныўы керек пе, яки күлиўи шәрт пе, ямаса алғысын билдирип ийилсин бе, — енди колын тартып алғысы келип еди, сол жерде бир солдат араласып калды, Кузьмин. Соныңдай бир кәсийетсиз, онбаған адам бар еди, барлык нәрсеге тумсығын тығады, сөйлемей коймайды, акыл айтканды жаксы көреди.

— Токта, токта, цыган хаял, сениң не кылғаның бул, кымбатлым? — деп басын шайкады ол. — Сен өзи баска сахраға карай шаўып кеттиң. Өлмес дегениң нени аңлатады? Кандай да бир адам өлмейтуғын бола ала ма? Коерде буны еситтиңиз? Жер жүзиндеги адамлардың барлығы өлимдар, ал оның бир өзи өлмес? Ал бизлер, кула далаға емес, урыска кетип баратырмыз, буны ким биледи, кимге не жазылған-кимге ок, кимге хештене?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Фронтта хәзир әжел кимге не болжап қойғанына қарамайды, Қатара қулата береди. Бизди ахмаққа шығарыўдың не кереги бар?

— Мен ахмаққа шығарып атырған жоқпан, мен пешанаға жазылған нәрсени айтып атырман. Ал оның болса, өлмес жулдызы бар! Пешанасына солай жазылған, — деп гәпинен қайтпады цыган хаял. Оның үстине көпшиликтиң кеўлинен шыққан, бирақ айырымлар ушын түсиниксиз нәрсени айтты: — Ал тәғдир дегениң өлимнен жоқары. Тәғдирден пешана келип шығады, ал өлимнен хештеңе қалмайды. Бул жигитте өлмес жулдыз тәғдирден шығып келип тур!..

Кузьмин тағы да бир азға шекем бир нәрселерди айтып гүбирленди, митингте турған сыяқлы қолларын сермеп, цыган хаялдың болжаўларының натуўрылығын дәлиллеп сөйледи, бәлким оныки де дурыс шығар, бирақ негедур солдатлар палкердиң айтқанына инанды. Ал вагонларға тарқалыў ўақты келгенде, көпшилик ол хаялдың қолынан услап хошласты, ал ол болса, олар жөнеп кеткенше перроннан алысламады, ал поезд орнынан қозғалған ўақытта басқа хаяллар хәм балалар менен бирге вагонлардың кейнинен жуўырып, Сергейге қарай қолларын былғады...

Оғыры ыссы еди. Түни бойы уйқы келмеди. Қараңғыда дөңгелеклер зырылдады, паровоз үзип-үзип хаўаз шығарды, қайғы хәм қорқыныш жүректи қыса баслады. Тарийх толқынлары епкини менен жер жүзлик урысқа кетип баратырған Сергейдиң қыялына көп нәрселер келди. Солардың ишинде сол бир цыган хаялды ядына түсирди. Оның айтқан сөзлери ядынан шықпады: «Тек те қуяш қанға боялмай қалар... хәмде жүйрик тулпар ийесиз шабар...» Бул өзи нени аңлататуғын еди? Түсиниксиз хәм сырлы. Қан менен тек те қуяш боялмаўы ушын, тек те жүйрик тулпар ийесиз шабыўы ушын не нәрсе болыўы керек? Ал өлмес жулдыз ше? Ол қандай жулдыз екен? Ол қай жерде? Буның барлығы мәзи айтылған қосық шығар? Жулдыз бенен адам арасында қандай байланыс бар? Жулдызлар қайда-адамлар қайда. Ал бирақ тәғдир деген бар ғой. Тәғдир пешана менен байланыслы. Ал тәғдир деген не өзи? Қалайынша пешана тәғдирден келип шығады?

Дөңгелеклер рельслердиң үстинде зырылдады. Солдатлар қыйда-ғыйыс жатып, қурыллап киятыр. Ай нурлары есиктиң саңлағынан сығалап гә пайда болып, гә жойтылып кетер еди, ас төбедеги жулдызлар поезд тезлигинде жылтылдады...

Енди бир таңқаларлық жери – цыган хаял Наташа-коминтерника хаққында, оған буның хат жазғаны, оннан дурыслы хештеңе шықпағаны жөнинде қалайынша билди? Не деп еди сонда цыган хаял? Биймәни қайғырыў деди ме? Демек, қайғырыў деген де биймәни болады екен-аў? Ал, алда енди не болады? Фронтта



не нәрсе жүз береди? Қорқынышлы, әлбетте. Саратовқа фронт майданынан келген жаралардар буны айтып еди. Ал енди оның қандай екенин өз көзин менен көриўине туўра келеди...

Уйқы хасла келмеди. Оған тағы да хәммениң, хәр бир адамның үстинен бақлап турған, тәғдир атлы нәрсениң бар екенлиги хаққында ой келди. Хеш кимниң оны тоқтатыўға күши жетпейди, оны түсиндире де алмайды. Бәлким, урыс та тәғдирге байланыслы, жасаў яки жасамаў да, жеңиў яки жеңилиў де тәғдирге байланыслы. Мине олар хәммеси фронтқа баратыр, тәғдирдиң иеси. Соның ушын да олар хәзир эшелонда, тексшелерде баратыр, поезд зымырап оларды фашистлер менен урыс қайнаўытлап атырған тамаңға апармақта. Ал, ол жерде не болады? Тағы да тәғдир! Өлтиреди яки өлтирмейди? Ким кимди жеңетуғыны да соған байланыслы. Аўа, кимниң кимди өлтиретуғынынан. Тезирек урыстың тамам болып, ашлықтың шегиниўин хәмме күсейди. Бул хаққында көшелер бойлап жүрип киятырып, аламан ишиндеги хаяллар, хәттеки балалар да, қыйғырық шалды. Ал, оның ушын урысыў керек, адам өлтириў керек, жеңиске ерисиў керек. Усындай болыўы шәрт. Үйде әкеси анасы менен бул хаққында бәсекилеседи. Буның атына шақырыў қағаз келгенде олар бул мәселени талқылай баслады, оны саўашқа таярлады, сөйтип атырып анасы стулдың шетине отырып, қолларын көкирегине басып: «Серёженка, сен хеш кимди өлтирме, қан төкпе!» деди.

Неге олай айтты? Тосаттан ба, яки көп ойланып айтты ма? Енди хеш қашан умытылмайды, пүткил өмир бойына ядта қалды, анасының бул сөзлерди оның жүзлерине тигилип айтқаны, ол сонда қандай да бир узақ жақлардан қайтып, табалдырықтан атлай сала, жол бойы ойлағанын айтқан сыяқлы еди. Оның өзи де, өмиринде биринши мәртебе өзиниң анасын көрип атырғанға мегзеди, оның көзлериниң бурынғы алтынға уқсап жарқырап туратуғын сыпатын жойтқанын, жүзлери мың жыйрық болып, үстинде сатин халаты, түбит орамалы ийнинде оғада көрениш көринди. Сонда ол өзи ушын таңқаларлық бир жаңалықты ашты. демек, Волга бойы нефть кәрханаларында гезип жүрген өмиринде, бул жалаңаяқ бала болып жуўырып жүргенде, ал анасы ири денели, сары, томпақ оримли шашларын гүлшенбер сыяқлы төбесине қойып, үйдеги хәр қыйлы жумысларға бәнт болып, бала, мектеп, диабет қүйсүйиниң машқалалары менен жүрип, сол жыллар даўамында сақлаған усы сөзлерди ол армияға кетериниң алдында айтыўға таярланған екен дә. Анасының урыста хеш кимди өлтирме, қан төкпе, деген гәплери сонда оны таңландырып таслады, ол түсиниксиз рәўиште гүбирленип қойды:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен не деп атырсаң, апа? Бул гәплердиң не кереги бар. Мен армияда боламан ғой. — Сонда мен әңгимеден басымды алып қашыў ушын шкафтағы сабақлықларды хәм китапларды тақластыра басладым. — Апа, бул китапларды мен китапханадан алғанман. Мен оларды бөлек шығарып қойдым. Вероника оны апарып тапсырсын, — дедим.

Бирақ бул гәп бунын менен тоқтамады, себеби гәпке әкем араласты. Аўа, Николай Иванович бәркулла туўры хәм кескин сөйлейтуғын еди, ол гейде қызбалыққа да салар еди, ашыўы келгенше бәсекилеседи, бәлким, сонын ушын шығар, басшылары менен урысып қала берер еди хәм баўыры аўырар еди.

— Өлтирме дегени неси? — деп шоршып кетти ол. — Қалайынша өлтирмейди, қалайынша қан төкпейди? Тапқан гәпине қара! Бул өзи қаяққа баратыр? Урысқа емес пе. Сен де бир, анасы, айтасаң-аў, қаяқтағы гәпти. — деп ол бөлме ишин шарлап темекисин излей баслады. Кемпири жасырып қойған, ол тәшўишленген ўақытта мудамы темеки тартқысы келетуғын еди. Усы темеки шегиўиниң нәтийжесинде сен етке шықпай азғын хәм ашыўшақ болып қалғансаң, — деп атыр ол.

— Берекет тап, шеккенди қой, Коля, жаныңды ая, — деп жалбарынды кемпир.

— Аўа, сениң Сергейге айтқан сөзлериңнен кейин қалайынша шекпейсен. Ол болса ертең фронтқа атланады. Ол жерде балаң не қылады?

— Мине, сонын ушын да айтып атырман дә. Бир Қудайдың өзи сақласын. Хәммелики бир гәп — өлтир, өлтир! — дей береди. Душпанларымыз бизге әжел әкиятырған болса — бизлер де оларға өлим жоллаўымыз керек! Соннан кейин бул жердиң жүзинде қалай жасаўға болады? Сениң ойыңша, мен түсинбеймен бе: сен өлтирмесең, сени қалай өлтиреди? Ал, егер өлтирсең — бәри-бир өлимге дуўшакер боласаң. Ал бизиң күйеў баламыз Анатолийге не болған? Ол тири ме, яки өли ме, оны өлтирген, яки ол бирсўлерди өлтирген шығар? Буны мен Вероникаға айтыўға қорқаман. Солай екен, қәлбимдеги бул нәрселерди балама айтайын, — деди де ана ишиндеги хәўирди мәжбүрий басып, оған жуўап таба алмай, өзин буған көнликтириўге күши жетпей, үнсиз жылады.

— Әне, көрдиң бе, — деп мысқыллы сөзин даўам етти әкеси, — Сени бундай үгит-нәсиятың ушын халық душпаны қатарына қосып, Сибирьге айдап жибереди. Бул жерде жер жүзлик урыс кетип атыр. Ким-кимди жеңеди, бизлер ме, олар ма? Ал сен болсаң өлтирме, деп жүрсең! Мени өзиниң жигербенти — перзентин аямайды, деп ойлайсаңба? Я өзимиздиң Анатолийге күйинбеймен бе? Бул нәрселер басқаша қалай болыўы керек? Солдат өзиниң ана топырағын қорғайды, оған буйрық берилген. Ал егер солдат душпанды нышқырт етсе, оны өлтирсе, оны ол буйрық бойынша, миннетине муўапықислейди, оның мәртлиги де сонын менен белгиленеди!

Анасы улының жол қалтасына жамаў жамап атырғанда, енди үндемес әкеси өзиниң жаслық, жигитшилик жылларын еслеп кетти. Онын он тоғыз жасы, Биринши жер жүзлик урыс дәўирине дус келди, ол суў асты кемесинде хызмет мүддетин өтеп атырған еди. Бунын пикиринше, душпанның тири күшлерин жоқ етиў — урыстағы тийкарғы мақсет әне сол еди. Мысалы, олар Балтық теңизинде душпан тәрептиң әскерий-транспорт кемесин суў астында турып, оқ жоллап, шөктирип жиберди. Дәслебинде суў астында бул кемениң изинен бираз бақлап барды. Кейин оны торпедо снаряды менен атты. Еки снаряд да нышанағы тийип, душпан кемесин қақ белинен бөлип таслады. Кемеге от тийип, ол суўға шүме баслады. Олар суў асты кемесинде және де терепирекке түсип, ўақыяны бир сааттай бақлады. Гилдиман кемениң тумсық бөлеги жоқарыға көтерилип, ярымы суўға толық шөккенде, жоқарыға жүзип шығып, тири қалыўға урынып атырған адамларға әтирап толып кетти.

Перископтан душпан дуўшар болған жағдайды бақлап турған командирлер хәм офицерлердиң айтыўы менен Кронштадтағы бас штабқа ўақты-ўақты жаўынгер тапсырма нәтийжели орынланғанлығы, буйрық, ўазыйпа бежерилгенлиги хаққында Морзе әлиппесинде мағлыўмат жөнетип турды, ал тапсырма — бул буйрық. Демек, буйрық — душпанды нышқырт етиў, болғаны!

Дәслеп перископтан адамлардың қалай суўға шүмип баратырғаны бақлап барылды. Кейин, душпан корабли толығы менен суўға шүмип, әтирапта суў асты кемеси ушын хеш қандай қәўип қалмағанда, кеме суў үстинде толық көринди. Сонда хәмме жоқарыға шықсын, деген буйрық берилди хәм экипаж толығы менен палубаға шығып, командирдиң алғыснамасын тыңлаўға таяр турды. Ал әтирапта душпанлар суўға мантығып, азғанасы ғана тири қалған еди. Олардың айырымлары суў асты кемесине жүзип жетпекши еди, лекин жете алмады, ал ерлен илесип келип, қолын созғанларын болса, наганнан атып таслады.

Мине сизге урыс. Урыста ким өлтирсе — сол жеңеди, ал ким жеңсе — сол хақ болады. Мудамы сондай болған хәм буннан кейин де сондай бола береди.

Ана ерегиспеди де, қарсылық та билдирмеди. Тек те басын шайқады. Буннан кейин хошласпақшы болып қоңсы-қобалар келди, қәўим-қарындаслары бас суқты. Вероника жумысынан





www.ziyouz.com kutubxonasi

асығыслық пенен келип, анасының жумысларына жәрдем бере баслады. Кейин түн жарпына шекем әңгимелесип отырды.

Сергейдиң ата-анасына жаны ашыды. Анасы оның хеш кимди өлтирмеўин, ал әкеси баласын басқалар өлтирип қоймаўы ушын душпанды өлтириўин талап етер еди. Бурынлары әдеттегише, бир жөн түйилген нәрселер жолға шығып баратырған буған өз-өзинен қәдирли болып қалды хәм жүрегин жаралап сырқыратты. Өтмиш хәр бир мәўрит сайын узақласып, артта қалды. Саратов төбешигинен пәсте көринетуғын Волга көз алдында сәўлеленди. Жазғы гөззал мәканлар, жап-жасыл атаўлар, жарқыраған сырлы дәрья, көз жетпес кеңисликлер, ағарańлап көринген желкомлар. Лекин Сергейди балалығында хәммесинен де бетер дәрья үстине қурылған үлкен темир жол көпири қызықтырар еди. Көпир соншама бәлент еди, пәсте, дәрья бойында отырып, оннан тоқтамастан өтип атырған поездларды тамаша етип, дөңгелеклердиң гүрсилдисинен қулақ түриў ушын басты бәлент көтерип қараў керек еди. Көпирдиң темир курсаўлары гүўилдеп, зириллер, ол усындай мәўритлерде Волга көпиринен өтип, китапларда сәўлеленген әлле қандай үлкелерге кетип баратырған адамларға хәўеси келер еди...

Тағы да балалығында Жаңа жыл кирип келетуғын кешелерде жумсақ байпақларды кийип, пүткил шаңарақ болып, қалың қар кешип, жалыны парлап жанған, аспанға тирелип турған трубаның қасына барғанларын еследи. Гүриллеген от, ойнақшыған қар, жалында жылтырап ушады, көзге урады. Қар ушқынлары отқа ерип жоқ болып кетеди, лекин қар жаўыўын тоқтатпайды, жаўады, жаўа береди, отты сүйетуғындай өзин оның үстине ата береди, жапырылып төгиле береди... От өшиў дегенди билмейди, қар да тыныўды кәлемейди, хасла таўсылмайтуғын қар...

Жыллар көп нәрселерди өзи менен бирге алып кетти, көп нәрселер өзгерди. Мине енди урыс бет алдында турыпты, я өлтириў, яки өлиў керек. Буның басқа жолы жоқ, мине солай. Сергей анасы, әкеси, әжапасы Вероникаңы еслеп қараңғылықта үнсиз жылады, әскерлер уйқылап жатыр, ал ол көз жасларын тыя алмас еди. Қолды қолға берип, қар қаплаған далалардан өтип, сол бир қараңғы түнде аспанда лаўлаған от тәрепке барыўды қәлер еди.

Ал рельслерде дөңгелеклер сыңғырлап, вагонлар алға қарай қозғалыста шайқалар еди. Шырақлары емески жылтырап қандайда бир киши бөлшиклер тусларынан өтер еди. Әскерлер хәм курал-жарақларға лыққа толы эшелон өлтириў яки өлиўге туўры келетуғын тәреплерге қәдем қойып баратыр. Өлиў сениң еркиңе байланыслы емес, әжелди хеш ким хәўес етип күтпейди, хәм де хеш ким өлетуғын ўақтын алдын ала билмейди. Өлтириў — сениң еркиңе байланыслы ис, ал урыста болса — мәжбүрий, шәртли ис. Лекин өзиңе өзиң қалай етип айтасаң: өлтирейин бе, өлтирмейин бе?

...Дөңгелеклер рельслердиң қосылмаларында тықылдайды: өлтир-өлтирме, өлтир-өлтирме, өлтир-өлтирме...

Кирпиклерине илинген көз жаслар менен мүлгип, Сергей өзинше урысты көз алдына келтиргиси келди: саўаш, урыс, кимди қалай өлтириў керек — оқ атып па, яки қол урысы менен бе, буның ушын оны пүткил жаз бойы Волга дәрьясының жағасында үйреткен еди. Оны өлтириў ушын басқа биреўдиң де усындай хәрекетлерди ислейтуғынын көз алдына келтирди. Сол бир душпан — немис, фашистти көз алдында саўлелендирмекши болды... Буннан хештеңе келип шықпады, әкесиниң әңгимеси бойынша суў кемеси қасында шүмип кеткенлерди көз алдыға келтириў қанша қыйын болса, буны да сәўлелендириў мүшкил еди. Толқынлар жүзлерди жуўып кетип атыр. Оларды анық көрип болмайды. Ал олардың жақынлап келгенлерин суўдың ишинде атып таслады... Ол енди өликке айланып туңғыйықта үнсиз хәм излсиз кетип баратыр.

«Өлтир-өлтирме», — деп тақылдайды дөңгелеклер. Сергей мектепте оқыған гезлеринде буларға үйреткен немис тилиндеги сөзлерди еслемекши болды, лекин немис тилинде олардың қайтып айтылыўына исеними кәмил емес еди: өлтир-өлтирме, өлтир-өлтирме, өлтир-өлтирме...

Поезд қараңғылық қойнында зымырап баратыр...

*P.S.*

*«Өлтир-өлтирме» гүрриңиниң қолжазбасын мен Арсен Саманчинниң қағазларының арасынан таўып алдым. Мен автордың өз шығармасының басылып шыққанын көре алмағанына қатты ашынаман.*

*Лекин автор тири, яки қайтыс болған болсын, китап оқыўшысы мудамы болады. Арсен Саманчинниң қойын дәптеринде көрсетилгенине муўапық, мен «Өлтир-өлтирме»ни урыс қурбанларының қәбирстанларында даўыслап оқып беремен.*

*Сонда мен мархум Арсен Саманчин талай мәртебе айтып берген Мәңги қалыңлықтың шақырық хаўазын еситемен. Мен де соның менен бирге боламан...*

*Елес.*
*Февраль 2006*
*Брюссель.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шыңғыс АЙТМАТОВ

# ТАЎЛАР ҚУЛАҒАН МӘҲӘЛ

(Мәңги қалыңлық)

«Билим» баспасы
Нөкис — 2017

Редактор *Р. Палуанниязова*
Көрк. ред *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *Г. Серимбетова*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 11.09.2017. Қағаз форматы 60х90 1/16. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы «Times KRKP». Көлеми 12,5 б.т. 12,98 есап б.т. Жәми 1000 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша. Буюртпа 17-637.

«Билим» баспасы, 230103, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa@inbox.uz

Өзбекистан Баспасөз ҳәм хабар агентлигиниң
«Ўзбекистон» баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи.
100129, Ташкент, Наўайы көшеси, 30.

www.ziyouz.com kutubxonasi